Қармыс Досанов

# Әмиў ағыслары

Роман

„Қарақалпақстан" баспасы
Нөкис — 1977

КК2
Д88

**Досанов Қ.**
**Әмиў ағыслары (роман).**
**„Қарақалпақстан“ баспасы, Нөкис—1977 жыл, 272-бет.**

Жазыўшы Қармыс Досановтың „Әмиў ағыслары“ атлы романында Қарақалпақстанда Совет властының орнаўы, ишки душпанларға, баспашы шайкаларға қарсы улыўма халықлық гүрес ислери қызықлы эпизодлар арқалы бериледи.

Роман автордың Уллы Октябрь социалистлик революциясының алпыс жыллық мерекесине тартқан бақалы саўғасы.

3703040100
62-77-М

© „Қарақалпақстан“ баспасы, Нөкис — 1977-жыл.

## ПРОЛОГ

Қуралай гә жуўсанға, гә көк шөпке мойын созып, дала гиясына рәҳәтленип отлады. Айналадағы сары саҳра оның туўылған мәканы. Усы сары қумларда, мийдай тақыр далада ол кишкене қулақлары селтеңлеп өрге-ыққа секирди, дүньяның пәкизе күнлерин басынан кеширди. Оның мөлдиреген көзлери қандай қара ҳәм тынық болса, әтираптағы өмир оған сондай гөззал көринди. Ол хош ийисли жуўсанды, селеўди, сулыў сексеўилди шырайлы деп қуўанды. Ал, қумлардың ҳәр бир түйирин сары сап алтындай көрди.

Қуралай оғада сәбий еди. Бәҳәр паслында туўылғанлықтан ба, оның бүгини өткен күннен қызықлы еди. Сәўирдиң жағымталлы самалы оны қумлардың төрине шақырды. Анаў жерде жас жапырақ, мынаў сайда жаңа ашылған гүл қуралайды күтти. Емин-еркин өскен мөмин жас жаныўар мәнзилден-мәнзилге адымлады.

Бир мәҳәли ол өскен саҳраның аспанында қап-қара нәҳән ноқат пайда болды. Ноқат кем-кем үлкейип, аздан кейин аспанда ербең-ербең еткен үлкен қанат көринди. Қанат жайыла берди ҳәм аспанды шаңқ-шаңқ еткен ашшы даўыс жаңлатты. Еле селтеңшилик соқпағынан жүрип көрмеген қуралай бул не дегендей шоқат қум басына көтерилип жан-жағына қарай бергени, оның алдындағы қум баўрайына ебетейсиз қара көлеңке түсти. Жаныўар сәл кейин шегинди де көлеңкениң өзине қарап жылжып киятырғанына таңланып турды. Қара көлеңке тап еки қарыстай жақын келди де шыр гүбелек айналды. Қуралай үркерин де, үркпесин де билмеди. Қулақлары ербеңлеп қарап турғанда оның көзлери аспандағы нәҳән қанатлы қузғынды шалып кетти. Секирип қашқанша болған жоқ, жаңағы қузғын

шаңқ-шаңқ етип төменлеп келип қалды. Қуралайдың үстин бир айналып өтип қанатлары ербеңлеген бәле қайтадан аспан төрине зымырады. Майда ақ бултлардың берги түбинен кейин қарап серпилди. Қуралай сезикленди ҳәм ырғып-ырғып алға қарап секирди. Сол қашқаннан ол қумлардың панасынан сексеўилли тоғайға, сексеўиллер арасынан путалы жыраға қарап шапты. Кишкене туяқлары жерге тийген сайын болар-болмас жуқа шаң изинде қала берди. Усылай, күтилмеген жерде өмир ашығы қуралай менен көзлерине қан толған қузғын арасында қәўетерли тартыс басланды.

Қузғын аш еди ҳәм оның көзлеринен жыртқышлықтың белгилери ушқынлады. Темир тырнақлары тырбыйып өткир пәнжеге айналды. Узын мойны алға созылып, аўыр қанатлары жийи-жийи қағылды. Әл ҳаўадан тезирек жерге жетиўге, қашып баратырған өз жемтигине пәнже салыўға асықты. Қуралайға тыныш өмир керек. Қузғынға қан тамшылаған гөш керек. Усы еки нәрсе ҳәзир бир соқпақта таласып киятыр. Қузғын шаққанлық пенен қуралайды бүрсем деп, қуралай зымырап қашып қәўиптен қутылсам деп умтылды. Әне, усы жан таласта қузғын қуралай үстине шүйликти. Шаңқ-шаңқ етип тезирек қанға тойыўды гөзледи. Жаныўар қуралай пана боларлық алақандай жер излеп бурылып, тайсалып қашты. Путалар арасына өзин урды. Ашыўлы қузғынның жайылған қанатлары путаларға кепленди. Төмендеги жемтикке жете алмай сексеўиллердиң шақаларын шайнап-шайнап таслады. Ол айбарақ урып айналып ушып қуралайды путалар арасынан қуўып шығарғысы келди.

Қузғын ҳийлекер еди. Қуралайды алдаў ушын ол бултлар артына жасырынып бираз ға шекем көринбей кетти. Айналада тағы тынышлық ҳүким сүрди. Қулақлары алға тигилген қуралай жыраны жағалап путалардың арасы менен Әмиў дәрьяға қарап жылжыды. Әмиўдиң жағасы оған дарқаншылық еди. Жағадағы қамыслар, жапырақлар оған жумсақ төсек еди. Ол усы жердеги көк шөплерди сайлап жеп, көсилип уйықлар еди. Усы жағаға жетсе ол дөнип турған әжелден қутылып кетермен деп үмитленди. Шынында да Әмиў дәрьяның ҳағлаған ағыслары қуралайды жағаға шақырып турғандай. Алға оқтай атылған жаныўар өзиниң емиң-еркин жайылған өрисине тез жетпекши. Қузғын қалай

да болмасын қуралайды жағаға жеткермей қағып түскиси келди. Тағы аспан төрине көтерилип жылдырымдай тезлик пенен жерге қарап сарқты. Шаңқылдысы жер жаңғыртып енди тез өз жемтигине пәнже урмақшы болды. Тыпырлаған ылақты өз пәнжесинде көриўди күседи. Дәрья жағасына жетиўге шамалы қалған қуралай азғана ашық майданнан өтсе өз дийдине жетиўи керек еди. Бирақ қузғын оның жолын кескеследи. Жер ғырра кейин айналып, аспан өз шаңырағынан төмен түсип баратырғандай. Енди бир-еки минут өтсе қузғын найзадай тырнақларын қуралайдың тәнине салып, өз жемтиги үстинде шуқшыйып отыражақ.

Бирақ, усы ўақта жақын жерден мылтық сести гүүр-рп ете қалды. Қанат пәрлери тумлы-тусқа уша баслаған қузғын жерге қулады...

# *Биринши бөлим*

## 1.

1917-жыл. Ақырап.

Тан ағарып атып киятырғанда Әмиў дәрьяның арғы жағасынан үсти-үстине мылтық атылды. Саманбай тоғайындағы Үсен сейистиң аўылы шоршып оянды.

Сеңсең сары тонын ийнине шала илдирген Үсен сейис қараүйдиң шыпта есигин серпип ашты да, дәрья жағасына қарай адымлады. Гүзги шықтын муздай тамшыларына ийилген қамыс басларын қолы менен еки жаққа айырып, ол жағаға төтеледи. Аяғындағы саўыр геўишке шала қуўраған ажырық жабысты.

Ол тик жардың ғырра шетине келип тоқтады. Анамыз Әмиў қадимгише ағыслы айдынларына таңның нәзик сәўлелерин үйирип, өз сулыўлығын бузбай жай парахат ағып атыр. Ақтерек жағысының тикке алдындағы торанғыллы тоғай жақтан ушқан бир топар үйрек дәрьяның берги жағына бағыт алды. Үсен сейистиң толқыған ойы дәрьяның бул көринислери менен ушласпады. Ғаррының еки көзи мылтық сести тәкирарланған Тақыятас жақта.

Онын қасына аталас иниси Есжан палўан келди. Онын изин ала қоңсылары Наўрызбай, Ниязбек, Хожанияз бой көрсетти. Олар менен аманлық-есенлик сорасқан сейис өзиниң тынышсызланып турғанын билдирип гүрсинип дем алды, булдырап көринген алыс ағашларға қарады. Хәммениң жүзи, ойы сол жаққа бурылғанда жардан дәрьяға еңкейип турған ғарры торанғыл суўға гү-үр-с егип қулады. Дәрья суўы шайпалды.

— Бүгинги таңның тынышлығын бергей—деди, ешейинде ләм деп аўыз ашпайтуғын Наўрызбай.

Үсен домалақ жүвли, сийрек қара сақаллы қоңсысына бурылды.

— Иним, айтқаның келгей.

Сөз сағасы ашылып, гүрриңлесиў аңғарға түсиўден Есжан палўан да жақсы тилек билдирди.

— Аға, тойыңыздың қызығын бирге көргеймиз.

— Өзлеримиз тақ турып хызмет ислеймиз,— деп Ниязбек те жақсы тилегин ортаға салды.

Үсен сейистиң ийнинен зилдей қара тас жерге домалағандай болды.

Усы ўақытта әлҳаўада еки аққуў берман ушып келе берди. Аққуўлардың қанатлары қағылған сайын айналаны қаплаған қорқыныш думаны ыдырап баратырғандай.

Түстиң әлды. Тандырда нан жабылып атырған усы бир қызғын саатта Бағдагүлдиң еки көзи күншығардағы гүзар жолда. Гейде келин-кепшик, абысынлардан „киятырған атлылар жоқпа?"—деп сорап қояды. Қайтсин пақыр, жалғыз баласын үйлендирейин деп зыр жуўырып жүргенде келетуғын атлылардың егленгенине де қайыл емес.

Ол нан жаўып атырған ҳаялларға бир рәпийданы алып жуўырып киятырғаны, бала-шағалар шуў ете қалды. „Ҳәй, жаратқан әй",деп дүрсилдеген жүрегине түкирген Бағдагүл тек жақсылық хабар күтти. „Шырағым қыз әкелатырған шығар" деген жақсы ой көз алдын жаздай жап-жақты етип жиберди.

— Бағда, ҳә Бағда!—Еки жени салбыраған Нурбийке асығып-үсигип салмадан атлады ҳәм сүрнип кете жаздады.

— Мен бундаман.

Нурбийке келди де абысын қапсыра қушақлады.

— Сүйинши бер, сүйинши!

Жүреги жарылып кете жазлаған Бағдагүл:

— Киятырма?—деп сорады. Даўысы дирилдегендей, ҳәлсирегендей.

— Камалжан қыз әкелатыр!

Бул хабарды еситиўден Бағдагүл бешпентиниң нағыслы үлкен қалтасынан бир жипек орамалды суўырып алды ҳәм оны абысынының басына жапты.

— Кеўили жақын қоңсым, қала берди сырласым един, кел, бирге қуўанайық.

Еки абысын киятырған атлыларға қарап емпеңледи.

Қанша қуўанса да журттан иба сақлап Бағдагүл кейинирек қалды да, Нурбийке оннан онлаған адым озып кетти. Аўылдың қыз-келини, бала-шағасы киятырған атлылардың алдына шығып апақ-шапақ болды.

Үсен де қуўнақ ҳәм кеўилли. Аяғын аннан-саннан басып ол өзиниң қара үй тусынан өтип кеткенин сезбеди.

Нурбийке баслаған онлаған ҳаял ата-бабадан киятырған жол—қызды аттан түсирип алды ҳәм шымылдық тутты. Еки жағындағы қызлар менен келиншеклердиң жәрдеми менен алға атлаған жас келин енди ҳәр бир адымды санап басты. Қамырдан суўырылған қылдай пәкизе жүрип алға жылжыды. Демде аўыл арасы тойдың саўлатына бөленип, балалар өрден ыққа жуўырысты.

Усы қуўаныштың бир жағында тилеклес болып жуўырып жүрген жас жигит Еримбет Үсенниң туўған жийени, Камалдың жан досты. Сол ушын ол аўылдағы жигитлерге бас болып қуўанышты қуўанышқа уластырғысы келди. Достына кеўлин ашып, хызмет ислеўди гөзледи.

Еримбет Назархандағы өзиниң жан жорасы, сөзлерди жуп-жубынан қыйыстырып келтиретуғын Дийханбай менен келген еди.

— Жүр, Камалға көз айдын айтайық деди ол.

Қасийетли босаға көрингенде жас келинниң жүреги тайдай туўлады. Көзлери жаўдырап жуқа жипек шаршының арасынан алыстан арнап келген есигине үмит пенен қарады. Усы босағадан атласа, ол жаңа дәўирдиң есигин ашады. Усы босағадан ишкерилесе онжети жыл ғумша байлап ашылыўға келип турған қыз дәўраны артта қалады. Усы босаға оны өзине шақырғандай ҳәм күтип турғандай. Қыз жүреги бир мәртебе дир етти де, әлле қандай татлы қыялға бөленди.

Жеңгелериниң берген белгисине түсинген жас келин енди олардан ярым адымдай алға өтти. Усы ўақта Бағдагүл:

— Балам, қасийетли босағама келип турсаң. Атабабамның жолын ҳүрметлеп ийилип сәлем бер!—деди.

Келин аяқларын майда басып босағаға дым жақын келди. Жас жанның иба менен ислеген ҳәр бир ҳәрекетине қарап турған адамлар:

— Бахытлы бол!

— Босағаң-алтын болғай!—деп тилеклерди қардай жаўдырды.

Еримбет, Дийханбай қосылып шерткен йошлы саз ҳәўижленди. Адамлардың шадлығына шадлық қосылды. Еримбет тағы ортаға суўырылып шықты.

Бул босаға бағың болғай;
Терезеси таңың болғай.
Жаңа туўылған Шолпандай,
Қуп жарасып келдиң бүгин,
Ҳә-әй, қуп жарасып келдиң бүгин.

Босағаның екинши жағынан жас келинниң тап алдына барып үлгерген хош ҳаўаз Дийханбай қосықтың, даўамын алып кетти:

Босағадан күлип атла,
Гүл болып кеўилди шадла!
Бахтыңның уясын сақла,
Жаңа дәўран көрдиң бүгин,
Ҳә—ә жаңа дәўран көрдиң бүгин

Еримбет:

Бул босаға бостаныңдур
Мол жемис берер бағыңдур,
Қол жеткен алтын тахтыңдур,
Жүп сәлемиң бергил бүгин,
Ҳә—ә жуп сәлемиң бергил бүгин.

Гезек күткен Дийханбай да ҳеш иркилген жоқ:

Қос қанатлы ғаз болып кел,
Саўлаты мол жаз болып кел,
Дуўтардағы саз болып кел,
Кеўлин хошлап елдиң бүгин,
Ҳә—ә кеўлин хошлап елдиң бүгин.

Аш бели тал шыбықтай таўланған жас келин гә оңға, гә солға, ҳәм босағаға қарап бас ийип сәлем берди де, енди ең шешиўши, ең дәркар адымға тәўекел етпекши. „Бул босаға бостаным болғай"—деп ишинен тилек тиледи. Жүреги үсти-үстине туўлады. Дал бойына бир жақсы сезим жуўырып, көзлеринен үмит сәўлеси шашырады.

Шуўласқан бала-шаға жым-жырт болды. Жас келин алдындағы босағаға қарап таўыстай таўланып, гүлдей ырғалды ҳәм әсте алға жүрди.

Ерген атлар шабылады деген хабарды еситип Еримбет дайысы Үсен сейистиң алдына келди.

— Дайы Көкжийренди жаңа шалдыўар қораға көширдим.

— Оны қай ўақта дүзетип үлгердиң?

— Сизбенен мәсләҳатласыўдан жигитлерди жыйнап алдым да, дәрриў дүзетип тасладық.

— Әне, бул жағың маған тартқан—деп Үсен сейис тонын жамылып есиктен шықты.—Қораны көрсет?

Олар еки жайдан өтип арқаға бурылды ҳәм қамыстан исленген бийик қораның қасына келип тоқтады.

— Минекей.

Еримбет шығырталдан исленген есикти ашқанда сейис сәл еңкейип ишкериледи. Жабыўсыз, ноқтасыз, өз еркинше гезип жүрген Көкжийренниң көзлери жаўтаң-жаўтаң етти.

— Атқа жем бермедиңбе?—деп сорады сейис.

— Бергеним жоқ. Өзиңиз айтар деп күттим.

— Әне, буның мақул болыпты.

Сейис қораның еки жеринде асыўлы турған бедени услап көрди. Көк иреңкин еле сақлай билген беде сейистиң кеўлинен шықты.

— Тағы еки-үш жерге боян асып қой. Ат мейли алғанын жесин.

— Жақсы.

— Қораның барлық жерине ақ шеге төк. Шеге аттың аяқларын ызғардан сақлайды ҳәм шынықтырады.

— Әжеп. Суў менен жем жағы қалай болады?

— Суў бермей тур. Аттың шөлленкиреп суў ишкени иштейин ашады. Жем жағын кеширек келип айтарман.

— Онда мен усы жерде қала берейин, дайы?

— Аттың қасында болғаның мақул.

Дайысы кетиўден Еримбет айтылғанларды орынлаўға киристи. Тағы жигитлерди жыйнап қораға сегиз арба ақ шеге төкти. Беде менен боянды араластырып аттың мойны жеткендей жерлерге асып байлап қойды. Кешке шекем ол аттың жал-қуйрығын тарап, сәл ҳөлленген шүберек пенен жүйриктиң беденин сүртип шықты. Көкжийренниң териси қундыздай жылт-жылт етти.

Ўәдели саатқа бир өзи келген Үсен сейис аттын күтимин көрип жийенинин арқасынан қақты. Жерге төгилген шегени қолына алып көрип, оның қурғақлығына кеўли толды.

— Бала, Көкжийренди ҳаўлықтырғандай бир ат келди.

Дайысының мына хабарына бирден тынышсызланған Еримбет:

— Ол кимниң аты?—деп сорады.

— Дәрьяның аржағынан бир қараторы келди, жаныўар төрт аяқлының ҳасылы екен.

— Бурын шаўып жүрген атпа, яки...

— Оның шапқанын көзим менен көрген жоқпан. Ал, сондай шабатуғын ат бар деп еситип едим.

— Барып көрейинбе, дайы?

— Бармай ақ қой. Мен ол аттың ҳал-аўҳалынан хабар алып келдим.

Еримбет дайысының аўзына қарап бираз үнсиз турды. Жас шабандоздың тынышсызланғанын сезген Үсен сейис ҳеш нәрсе айтпастан Көкжийренниң қасына барып онын дойнақларын, қарынын сыйпап көрди. Еримбетгиң еки көзи дайысында. Не айтар екен деп тыпыршып тур.

— Ат шабатуғын адамның салқын қанлы болғаны жөн.—Көкжийренниң тислерине узақ қараған сейис сөзин қайтадан даўам етти.—Шаўып киятырғанында, қапелимде, бир ат алдыңа түсип кетсе, сен астыңдағы жаныўарды орынсыз қамшыласаң келисерме еди? Билмей силтеген қамшы жүйриктиң әжели. Усындайда аттың өзине ерик бериўиң керек. Аяғында жел болса, жүйрик өзи ушын умтылады. Усы жағына сақ болғайсаң, жийеним.

— Ҳаў, озып келиўге талабан адам алдына ат салама? Салағойса қарап қала береме?

Еле ысылмаған жас шабандоздың шын кеўли менен айтып турғанын сейис күтә унатты.

— Сениң атың узаққа шабады. Узаққа шапқан атлар жолдын ярымына шекем артта қалыўы да мүмкин. Жел өкпе атлар дәслеп жақсы шаўып алға суўрылып шығыўы итимал. Араны да ашып кетеди. Ўақытша озған менен, ўақытша кейин қалған менен атты жақсы, жаман деў қыйын. Егер, аттың омыраўы қанша үлкен болса, сол ат сонша алысқа арқайын шабады.

— Көкжийренниң омыраўы қалай?

— Жаңағы Қараторыға қарағанда еле бунық жаслығы бар. Омыраўы анаған қарағанда киширек.

— Онда бас байрақты Қараторы алады да?

— Шынына келсем, атлардың алдын сол баслайды. Дорбаға жети қосуўыс жем салғанын көрдим. Гүгирлетип шайнап моншақтай жүўериниң бир түйирин қалдырмады.

Есжан палўан қорадан ишкериге үңилди.

— Үсен аға, сиз бул жерде екенсиз ғой.

— Аўа, мына дөненди көриўге келип едим.

— Алыстан қонақлар келип атыр.

— Мине, шықтым—деп Үсен сейис қорадан шыға берип жийенине бурылып қарады—сен жылтыр ақ тарыдан бес қосыўыс жем берип, бираздан кейин оған қам жылым суў ишир. Сөйтип түн жарпынан таң алдына шекем атыңды гездир. Қораз шақыра баслағанда атың азғана қалғысын.

Сейис қонақларды көриўге кетти. Ал, Еримбет қолына атының жем дорбасын услап ойланып тур.

— Қараторы жети қосыўыс жем жесе, неге дайым Көкжийренге бес қосыўыс бер деди, ҳә? Мениң атым Қараторының шаңының астында қалса дайымның намысы келмейме? Жети қосуўыс, бес қосуўыс... ҳаў бала, еки қосыўыс парқы бар аў... Қараторының ийеси дайымның бир қыймас адамы мекен? Неге Көкжийренге жемди аз бер деди?—Еримбеттиң басы төмен түсип кетти. Түрли бийдәрек ойлар оның еңсесине минип алды.—Бул қалай болғаны? Мен де дорбаны толтырып жем берсембе екен? Тағы аттың шабыўына зиян келип жүрсе? Жақ, өз бетимше ислегеним келиспес. Сәл жерде сейислеўге туўра келмей жүрер.—Ойдың қара булты тағы қойыўлана баслады.—Ҳаў, Қараторының қанша жем жейтуғынын биле тура неге Көкжийренге жемди оннан аз бердиреди? Яки той өзимиздики, жийеним өкпелемес дегениме? Тек жийен болғаным болмаса мен де қонақпан. Неде болса дайым ғабырысып айтқан шығар? Жети қосыўыс тарыны салып дорбаны аттың мойнына илдирейин де, дайымнан қанша жем бер дегенин тағы сорап қайтайын. Тек бес қосыўыс бер десе артық жемди аттың дорбасынан қайтып аларман...

Усыны мақул көрип ол дорбаға жети қосыўыс тары салды да дөненниң басына илдирди.

* * *

Батқан күнниң қызылы еле семе қойған жоқ. Тойға хабар айтыўшылардың бири—Шәмен саўдагердин баласы Шылымбег шүлжиң астындағы атын қамшылап ала қуйын шаңғытып шаўып келе берди. Неше қаўетерли күнлерди басынан кеширип қорқып қалған журт мына жағдайсыз келиўден сескенейин деди.

Ҳ—әә—әй—деп шаўқым салды Шылымбет—тийимишиж, қа-қа-қамышылықта киятыр, киятый... Мыйтығлары бай...

Дәрьяның аржағынан атылған мылтық сеслерин есине түсирген Үсен сейис:

— Азандағы мылтық сеслери әжеп тәуир еди, - деди.

Есжан менен Ниязбек Шылымбеттиң алдын кескеследи.

— Ҳәй, не ғалаўыг таўып жүрсең, өзиң?

Есжан палўан елереңлеп турған аттың басын силкип жиберди.

Тутлықпа Шылымбет қолындағы қамшысын қамыслыққа қарап шошайтты.

— Анаў жейде, тап анаў жейде киятый... Мылтығы бай...

— Жөнлеп айтсаңа, киммлер киятыр?

Шылымбег оннан бетер тутлығып қалды. Аларып қарап турған Ниязбекке:

— Мен қайдан билейин... көйдим де қаштым.

Ниязбек Шылымбегке жақын барды.

— Шынынды айт, тойды бузбақшымысаң?

Бул сөзлер төркинсиз емес еди. Үсен сейис пенен Шәмен саўдагер арасында көптен киятырған жесир даўы бар еди. Үсен сейис усы жағына тез түсинди де Ниязбекти иркип калды.

— Шәмен саўдагердиң туқымынан жақсылық көрген адам жоқ. Улыстың уллы күни бизге қиянет ислесе ол оңбас

Шылымбет турған адамлардың бетлерине бажырайып қарады.

— Әкең қайда?—деп сорады Наўрызбай.

— Биймеймен.

— Шәмен түнде бир жаққа кетипти. Той болатуғынынан хабардар еди,—деди Есжан палўан бир гүдиктиң барынан сезикленип.

Қамыслық жақтан қараңлаған биреўлер көринди. Бир-бирине сүйенген үш адам жолдың шетине тенселип шығып тоқтады. Шаршаған, жүдеген бийғаныс адамлардың орнынан қозғалыўға шамасы келмеди.

— Жигитлер көмеклесиң!—деди Есжан палўан ҳәм алға жүрди. Изинен Ниязбек, Еримбет алға адымлады.

— Булар кимлер?—деди белгисиз үш адамнан көз алмай турған Хожанияз. Үсен сейис сәл иркилип турды.

— Шамасы кемешилер болса керек.

## 2.

Еки жолаўшы Ниязбектиң үйине апарылып, сары шашлы жигит Есжанның өжиресине жайластырылды. Ошаққа отты лаўлатып жаққан Нурбийке суўық киргендей саңлақ болмасын деп есикти қапсыра жапты.

Ал, сары шашлы жигиттиң тиси тисине тиймеди. Үстиндеги кийимлеринен қалай болса солай суў тамшылап тур. Ийнениң ушындай қурғақ жери жоқ. Ғарсғарс жөтелген жигитти Нурбийке күтә аяп кетти.

— Балам, қаяқтан киятырсыз?

— Мойнақтан.

— Көлигиңиз бар шығар?

— Қайығымыз бар. Төрткүл шәҳәрине баратырмыз.

Жигит от гүрлеп жанған ошақтың аўзына еңтерилип барып қалды. Еки қолын отқа жақын услап, гә шашын, гә геўдесин қыздырды. Суў-суў кийимлерден ийреңлеп пуў шыға баслады.

— Өйбей—деди есикти ашып ишкерилеген Саятхан,—апа, үйде қурғақ кийим жоқпа?

Қызының мына сөзи Нурбийкениң есине аршада жатқан ғаррысының кийимлерин түсирди. Сандықтан гөнелеў тон менен жарғақ етик ҳәм үлкен қара қураш алынды.

— Балам, мына кийимлерди кий! Үстиндеги суў кийимиңди шешип бер!

Қонақ жигит кийинген ўақта Саятхан сыртқа шығып кетти. Нурбийке пештиң түбиндеги төсекти қағып салып, көрпеше үстине көрпеше қабатлап таслады. Қонақты жыллы жатқызыўдың ғамын жеди.

— Саятхан, ҳа Саятхан!—деп шақырды ол. Бул ўақта қонақ жигит кийимлерин аўмастырып пеш артынан орнына келип отырған еди.

— Ишкерилесең бир қушақ жыңғыл ала кел!

Саятхан бир талай шырпы жыңғыл көтерип келди. Ошақтағы от қайтадан лаўлады.

— Балам, қалай жаўрап жүрсиз?

— Қайығымыз қатты ағысқа түсип аўдарылып кетти. Үшеўимиз де суўға түсип кетип зорға шықтық.

— Өйбей, өлмей қалғаныңызға шүкир етиң!

Нурбийкениң де, Саятханның да жүзлеринде аяныш нышанлары.

— Әлле ўақыттан соң мен жағаға жүзип шықтым. Жолдасларыма арқанның ушын ылақтырып, қурғаққа шығардым, сөйтип жүрип әзлап аязлаппан...

Саятхан көз астынан жас жигитке қарады да:

— Өкпеңизди суўық шалғанға усайды—деди.

Сары шашлы жигит жуўап орнына буўлығып жөтелди.

Саятхан пеш артындағы қуўыстан бир гүзени көтерип келди. Жигитке бир кесе сүт усынды.

— Еле жыллы шығар.

Қонақ жигит сүтти рәҳәтленип симирди ҳәм қолы менен көкирегин басып, узақ ҳәм еркин дем алды.

— Рахмет.

* * *

Той бар жерде саз-сәўбет бар. Саз сәўбет бар жерде жаслар. Ат арбаның алтақтасына минген қызлар жарысып шыңқобыз шертти. Гә „Қара жорға" гә „Қуў-жолы" деп аталған шыңқобыз намалары жаңлады. Жаңа жигитлик базарына араласып киятырған бир топар жас өспирим ат шаўып келди де қызлардан орамал сорады. Бир теңге, үш шайы түйилген шаршы қолға илиниўден олар шаўып ала жөнелди.

Кими жупқа жамылған, кими қазнамақпал тақыя кийген қызлардың саўлаты өз алдына әжайып бир жаҳан еди. Бир ўақытта Айпара шертип отырған шыңқобызын қолына алып:

— Қызлар Саятханды алып кетейик,—деди.

Оның үйинде бийтап қонақ бары айтылып еди, қызлар бәри бир Саятханды алып кетемиз деп жабырласты. Қасына еки қыз ерткен Айпара есиктен басын көрсетти де Саятханды сыртқа шақырды. Қурдасларының тилегин айтты.

— Үйде қонақ бар ғой—деп Саятхан баралмайтуғынын айтып еди, Айпара тыңлағысы келмеди.

— Бармасаң Үмиттиң кеўлине келер.

— Не қыламан, қурдасжан? Үйдеги қонақтың наўқас екенин Үмит те биледи—деп Саятхан дəслепки дəлилин тəкирарлады.

— Онда Үмитке барып усы өтинишиңди өзин айт.

Бул ақыл Саятханға мақул түсти.

— Аздан кейин бараман—деди Саятхан қурдасларына.

Ат арба орнынан қозғалыўдан шыңқобыздың намасы қайтадан ҳəўижленди. Шабандоз жигитлердиң ат шапқанын көргиси келседе Саятхан иркилмей үйине кетти.

Үйге кирип келген ол буўлығып жөтелген жигиттиң ошақ басына келип қалғанын көрди.

— Тағы от жағаман—деп Саятхан есикке бурыла бергени оны сары шашлы жигит иркип қалды.

— Мениң жөтелгениме қараманыз, жай жыллы ғой...

Саятханның аўзына сөз түспеди. Еки бетиниң алмалығы қызарған қыз ошақтағы ғыжлаған шоқларға қарады. Көз қыйығы жигиттиң күлимлегенин шалып кетип, көзге көринбейтуғын лəззет дəрьясында жүзди.

Онжети бəҳəрдиң жүзин көрген қыздың шырайы төсекте жатқан бийтаныс жигиттиң қыялын жаслық мəнзилине алып ушты. Сулыў, мүлайым жигит те Саятхан жүрегине татлы бир сезимлер айдап əкелди. Еки жас усындай оңаша ўақытларда керекли сөзге мүтəж болып үнсиз отырды. Ошақта жанған от кем-кем ҳəлсиреп барып қайтадан жоқары өрледи. Жалынға жалын қосылып оттың сəўлеси бөлмениң барлық мүйешине жетти.

Жигит қайтадан буўлығып жөтелгенде Саятхан аяқ ушынан басып есикке бетледи. Қонақтың басына түрли дүркин ойлар келди: орынсыз сөз айтпадымба екен? Яки мени жат көрдиме?

Сары шашлы рус жигитиниң бундай ойлаўы да тийкарсыз емес. Қоңсы кемпирдиң үйинен таза сүт сорап əкелип писирип отырған Саятхан: „Жақсы жигит екен, бирақ, орыс деп апам урысады аў...“ деп ойлады. Солайынша қыздың да жигиттиң де ойлары иште бүгилип қала берди.

Бир мəҳəли Саятханды əлле қандай белгисиз қудиретли күш бийлеп алды. Думан деп думан емес, бир емески, бирақ кеўилге қуп түскен бир сағымның арасында жүргендей. Жүрегине бир əжайып танның сəўлелери сығалағандай. Усы татлы ойлар, жыллы сезим-

лер оны қайтадан қонақ жигиттиң алдына баслап келди.

— Сизге сүт писирип келдим.

— Қыйналдырып қойдым, кеширесиз—деп төсегинен басын көтерген жигит сүтли кесеге қол созды.

— Азғана сары май салайын.

Қыз пештиң артынан бир қасық сарымай әкелип ыссы сүтке араластырды. Бийтаныс қыздың усынша ықласына, усынша ҳүрметине ырза болған қонақ оған рахмет айтты ҳәм тағы бир мәртебе қызға қарап сүйсинди.

„Сүтти ыссылай ишип, азғана уйықлаңыз. Ал, мен сизге сүт бурыш писирип қойярман"—деген сөзди айтажақ болып турды да, және айтпағанды орынлы көрди. Буннан кейин сыртқа шығып кетти. Сүтти ишип, жыллы төсекке жатқан қонақ басын дастыққа қойып, пәтикке көз тикти. Қамысқа жабысқан қурымлар, қарайып кеткен пәтиктиң ағашлары оның шарықлаған ойына кесент болмады. Жигит геўдесин толтырып дем алды да терең гүрсинди:

— Мени рус деп үркеди аў. Болмаса усындай арыўды сүйсем әрмансыз болар едим.

Саятханның гүлдей сымбаты, қуўаныш шашқан ойнақы көзлери, жумсақ мүлайым сөйлеўлери оны муҳаббат бағына қарай ийтермеледи. Бурын жүрип көрмеген муҳаббат соқпағынан үркек қояндай жалт етип бурылып ол кейин қайтқысы келди. „Бундай қыз маған қайда?—деген ой оны алысларға апарып таслады. Бирақ қайдан ҳәм қалай қайтадан муҳаббаттың еле из салмаған соқпағына келип қалғанын жас жигит сезе алмады. Оның жүрегине тунғыш муҳаббат үңилди. Тула-бойы балқыды. Өкпени қысымлаған суўық питегене темир бармақларын жаздырайын деди. Қонақ жигит усындай ойлардың шырмаўында татлы уйқыға кетти.

## 3

Бөктергисинде кишкене қазаны ҳәм қоржыны бар қонақ бала сейистиң изинен туўра күншығарға бетледи. Ҳә дегенше еки атлы терең сайдың берги алдындағы қамыслықты қақ жарып төте соқпаққа түсти.

Сейистиң қарасы көринбей кеткенше жыйналған

халық бул сапар жөнинде түрлише пал ашып, түрлише жорыды. Орталық алаңдағы жасүлкенлер Үсен сейистиң тәрийпин алыстан қозғады.

— Мен Үсен ағаға көп жыл шәкирт болдым,—деп сөз баслады Хожанияз сары.

— Отыз жыл шәкирт болып бир ат оздыра алмаған биреў бар деп еситип едик деп Ниязбек жездесин басқыға қолайлады.

— Себетши сейис болса ақырзаман болады—мыш—деген рәўият бар усайды деп басқыны Наўрызбай жорасының үстине миндирип жиберди. Хожанияздың анда-санда талдан себет тоқыйтуғын өнери бар еди.

— Егер адамлар жарысар болса бас байрақты Хожанияз жездемиз алар да турар!

Бундай басқының талайын көрген Хожанияз ыржыйып күлип тура берди.

— Ҳәй, сөзлериң бар болсын!—деп қалтасынан насыбай шақшасын алды.

— Басқыламасын десең насыбайды берман ал!

Тилиниң астына ашшы насыбайдың бир атымын таслап үлгерген Хожанияз жылтыр мыс шақшасын Наўрызбайға зыңғытты.

— Енди Үсен аға жөнинде айтсаң қулақ қойыўға болады.

— Жезде, баяғы болыстың тойына барғаныңызды айт—деп Ниязбек буннан онлаған жыл бурын болған бир ўақыяны еске салды.

— Болыстың тойынан Үсен аға қапа болып қайтты. Аты бас байрақты алып шалқыған болыс тойдан кейин Үсен ағаны ҳәм өзине тән бес-алты жан ашырларын үйине шақырды. Қол жуўылып, ортаға палаў тартылатуғын болды. Усы Шәмен саўдагердиң қай ўақта жөн сөйлеген жери бар, ол қарап отырмай: болыс аға, сизиң сейисиңиз жақсы аў"—деп қасып сөйледи. Болыс—„неге олай дейсиз?"—деп гилт ете қалды. Шәмен оннан бетер сөзди қазбалады: „Атыңыз бирдей озып келеди, сол сейисиңиздиң жақсы болғаны емеспе?" Болыс үндемей отырды да, әлле ўақыттан кейин: „мениң атымды оздырып жүрген сейис емес, бахтым" деди. Есик аўзында отырған мен қалтырап кеттим. Ал, Үсен аға сондай шыдамлы екен, илла деп аўзын ашпады. Болыс айтарын айтып тынды да, ортадағы табаққа биринши болып қол салды: „Үсен шыныңды айтшы, ме-

ниң атым болмағанда сен сейис боларма един? Оның үстине жақсы аттың сейиси де жақсы атлы болатуғын усайды". Мына сөзлерди еситип сейис те, мен де жуўған қолымызды табаққа созбастан орынларымыздан турып кеттик. Сейистиң сонша хызметин биле тура болыстың ҳәдден асқаны, көтере көкирек болып тасқынлағаны бизлерге ыза болды. Бармағын тислей-тислей Үсен аға үйине келди.

Хожанияз аўзындағы насыбайын жерге түпирди.

— Болыс ийтлик ислеген екен—деди бундай жерде қызып кететуғын Ниязбек—мен болсам болыс болмақтан қудай болса да маңлайын бузар едим.

— Сөйтип сейис пенен болыс кейнинен келисе алдыма?—деп сорады бир жасүлкен.

— Өкпесин қойсын, бизиң еки аўыз сөзимизди аўыр алмасын,—деп болыс еки рет адам жиберди. Келген адамларға Үсен аға: „бахты озып турған болысқа сейис керек емес"—деп шақырғанына бармады.

— Әне, бунысы мақул екен,—деди Ниязбек.

— Келеси гүзде болыстың аўылында тағы той болды. Тумлы-тустан бәйгиге қосылатуғын атлар келди. Мен Үсен ағаның үйине барсам, сейис адамның тойды еситип тақаты болама, есик алдында тик аяқ үстинде бир өзи тур екен. Бала, шабатуғын ат бар жерин еситпедиң бе?—деп сорады ол меннен. Жақ, аға, аўылда шабатуғын аттың түрин гезлестирмедим.

— Аўылда ондай аттың жоқ екенин өзим де билемен. Келген-кеткен қонақтың аты жоқпа дегеним ғой.

Усылай сөйлесип турғанымызда бес ат арбалы базар жол менен аўылдың күнбатарынан өте берди. Сейистиң көзлери арбалыларды көрип жайнап кетти. „Хожанияз, анаў арбаларды берман алып кел"—деп мени жумсады. Мен тура жуўырдым. Аздан кейин арбалылар Үсен ағаның қолынан алды. Аўа, ақсақал, шақырған екенсиз? деди арбакешлердиң басшысы. „Атларыңды бир көрсем налымайсызларма?"—деп сейис неге шақырғанын айтты. „Көриңиз, көриңиз, сейис аға"—деп арбакешлер жабырласып қоя берди. Үсен аға атларды қайта-қайта көрди. Қуйрықларын тартып, жиликлерин қарыслады. Дойнақларына қарады. Ең соңғы атты көрди де, онын қасында иркилмей төртинши арбадағы Төбелторыға қайта келди. Төбелторының ал-

дынғы ҳәм артқы аяқларын қарыслап өлшеп шықты. Баўырының астына кирди.

— Мына ябының шабатуғын түри бар,—деди сейис. Арбакешлер күш көликтиң, күтимсиз дийхан атының шабады дегенине исенгиси келмеди.

— Сейис аға, ол ябы жумыстан жаўыр болған ғой—деди бир арбакеш

— Жигитлер, ябы екенин көрип турман. Той басланыўға алты күн бар. Соған шекем бәриңиз бизиң үйде қонақ болыңлар. Тәўекел, ябыңды бир сейислеп көрейин. Хабарларыңыз жоқ шығар өткен гүзде бизди болыс қапа етип, атым емес бахтым озып жүр дегени бар. Соннан берли биз оның менен хабарласпай киятырмыз. Усы ябыны мақтаўлы атынан оздырып, оны дуйым журттың алдында бир масқара етейин, инилерим—деп сейис шын кеўлин айтты. Арбакешлер көлге қамысқа баратыр екен, соған қарамастан, кел сейис ағаның ықласын жықпайық деп олар қалыўға қайыл болды. Әне, соннан баслап сейис өзи де уйықламады, мени де уйықлатпады. Еки таңды ябының үстинде өткердим. Бир ярым күн ябыға сулы да, беде де, жарылған қам жылым гөже де берилди. Ябының бир өзин бир қораға байлады ҳәм бир мезгил дем берсе, бир мезгил гездире берди. Ябының аяқларында қыршылған жаралардың орынлары толысып жаныўардың жүни жылтырап қоя берди. Қулақлары да далаға питкен қос қамыстай анадай жерден көзге түсетуғын болды. Ийелериниң рухсаты менен ябының қуйрық, жалы гүзелди. Баўры тартылған ябы енди адам көрсе оқыраныш, ат көрсе елеретуғын әдетти шығарды. Не керек, сол ябы болыстың аты жиберилген бәйгиге қосылды. Сейис жетеклеп өткен ябыны көрип болыс бармағын шошайтып: „Үсенди қара, тойға тасбақа әкелипти"—деп ғарқылдап күлди. Ябының дизгинин услаған мениң де намысым келди. Атларға рухсат берилгенде асықпа, бирақ ортаның алды болып шап деп сейис соңғы кеңесин берди. Ердиң басына аттың дизгинин жети рет орап алдым. Узын сөздиң қысқасы, сол тойда болыстың аты ярым жолда өкпеси өшип өлдиде, бизиң арбакеш ябымыз озып келди. Әне, Үсен сейисти билгиң келсе деп Хожанияз устазы ҳаққында шешилип сөйлеп берди.

— Бул сапары сейис аға жийени Еримбеттиң атын оздырады,—деди Ниязбек.

Көкжийрен қанша тырысса да Қараторыға теңлесе алмай киятыр. Шабысында бир түсиниксиз мин бар сыяқлы. Еки бүйири тырсыйып қалай болса солай шығып кеткен жас жүйрик басын былғап, жалын кейин серпип-серпип таслады. Бәри бир Қараторы оған басым келе берди.

— Тоқта,—деп Көкжийрен жақынлағанда сейис қум төбеден жерге жуўырып түсти.

— Дайыжан ирикпесеңа?

— Жақ, түс аттан!—деп сейис енди қаҳәрленди.

— Қараторы маған қарасын көрсетпейди ғой, дайыжан,—деп жалынған Еримбеттиң налыўы тыңланбады. Үсен сейис Көкжийренди бир айналып көрди де шабандозға аларып қарады. Қабағы қатыўлы дайысының бир нәрсеге иренжигенин сезе қойды.

— Неше уўыс жем бердиң?

Еримбет дайысынан бундай сораўды күтпеген еди. Сонлықтан тайсалақлап турды да кел, неде болса шыныңды айтайын деди.

— Дайы, сизиң айтқаныңыздан еки қосыўыс зыят бердим.

— Ҳәй—әй оңбаған сениң,—деп ашыўлы сөйлеген сейистиң түри қап-қара болып кетти,—Атты өлтире жазлапсаң. Саған артық жем бер деп ким айтты?

Еримбег артық берген жемнен атқа бир зақым келгенин енди түсинди. Көкжийренниң ырсылдап шаба алмай киятырғанының сырын аңғарды.

— Дайы, мен айыплы, Қараторыдан неге Көкжийрен жемди аз жеўи керек деп әсилик етиппен.

Сейис жийениниң аўзындағы сөзди жулып алды.

— Ақыры Қараторының омыраўы менен усы дөненниң омыраўы теңбе? Қараторының ишине сыйған жем Көкжийренниң ишине сыймай, мине еки бүйирин исирип жиберген. Буйырылмаған исти ислеўге болама, ақыры?

— Енди Көкжийрен шабалмайма?

Еримбет Көкжийренге минди.

— Көп сөйлеме, атқа мин!

— Қане, Дийханбай қолыңа қамшыңды ал!

Үсен сейис атына мингенше Дийханбай да қамшысын жалаңлатып еки билегин түрип үлгерди.

— Мен таярман, сейис аға.

— Таяр болсаң, атты аямай қамшыла!

Еки атлы еки қамшы менен Көкжийренди әдеўир жерге шекем қуўалап жүрип қамшылады. Жанына қамшы өтип баратырған Көкжийрен олай туўлады, былай туўлады, қуйрығын бурынғыдан бетер жоқары көтерди. Қамшылар шырпылдап аттың тәнине айқуш-уйқуш излер салды. Қамшылардың қуўғанына түскен ат еки букленип барып, тағы бойын жазды. Жылт-жылт етип ҳәр жеринен тер көрине баслады.

— Ур, аяма!—деп сейис аты менен күтә жақын келди. Сол ўақта еки бүкленген Көкжийреннин артынан қатты тезек үш адымдай жерге атлығып түсти. Еки үш атлай берип Көкжийрен тағы еки бөлек тезек таслады.

Буннан кейин дөнен жазылып шаба баслады.

Қапталлап шаўып киятырған Үсен сейис:

— Аттың шылбырын ердиң басына үш рет орап ал. Бир орамын атлардың изинен жеткен ўақта, екинши орамын Қараторының қарасын көргенде, ең соңғы орамын топтың қыйқыўы еситилген мәҳәли жаздыр. Ал, жийеним жолың болсын!—деди.

Рухсат болыўдан ети қызып, көзлери елерип шапқан атлар жақта болып киятырған қаназат бирден тапырақлап ала жөнелди. Төрт аяғы тең жерге тийип баратырған жаныўардың бул ретки шабысы ҳақыйқатында да басқаша еди. Маңлайының терин сыпырып Дийханбайға күлимсиреп қараған сейис:

— Бас байрақ Көкжийрендики,—деди.

* * *

Тер шығып ети қызған сайын Көкжийреннин шабысы саз бола берди. Ешейиндеги қысқа, жиңишке мойны мине бир қулашқа жете жазлап, жас қаназат қустай ушып киятыр. Атлардың туяқ дүбирлиси күшейген сайын ол елерип, еки көзин алға тигеди ҳәм пәтине пәт қосып шабады. Бир кесе чай ишимнен кейин ол шаң арасында киятырған төрт ат пенен күш сынасты. Төрт атта жаман шаўып киятырған жоқ. Тар жерге келгенде бири менен бири зәңгилескен бул жүйриклер де аўызларынан ақ көбиклер шашып суўлыққа таслап киятыр. Оның үстине Еримбеттиң қуп отырысын көрген төрт шабандоз төрт жерден қыйқыў салып, атларға жел берди. Қулақларын қымып алған төрт аттын гейде баслары теңлесип бир аттың басындай болып

көринди. Түйилген төрт қуйрық бир қушақ болып самал менеп ойнады. Алдынан жүйрик гезлескен сайын Көкжийрен сергекленип бираздан кейин төрт атты артқа салды.

Еримбет Көкжийренди өз аўылындағы киши-гирим тойларда сынап көрген еди. Тай байраққа келгенде жас жүйрик бирдей ийесиниң ойынан шығып жүрди. Қайсы тойға барса да жалына еки-үш байрақ орамал байланыўшы еди. Дайысы Үсенниң бул жағынан хабары болмаса да ол жийениниң бундай сайланды атлар менен узақ шабысқа қосылыўын мәртебе деп билди. Атақлы сейистиң қолынан бабында тәрбият көрген, жем жеген жас жүйрик ҳәдемей ақ өзиниң артықмашлығын сездирди.

Бир ўақта алдыңғы атлардың қарасы көринди. Әне, қаназат усындайда белгили емеспе? Жаныўардың төрт аяғы бир есе баўры астына жыйналды, бир есе алға созылды. „Шү—уў, жаныўарым шү—ў!"—деп қыйқыўлаған Еримбет бир мәҳәли атының бир ақ аттың изине жетип қалғанын көрди. Қояндай бултарып тәсил салғыш ақ ат самалдың өрин бергиси келмеди. Өкшесин басып тықсырып киятырған Көкжийренди шаңның астында қалдырғысы келди. Қаназат шаң жутса, алдындағы аттың туяғынан шашылған шаң кирпиклерине қонса кеўилдегидей шаба алама, сирә? Көкжийрен бир бу қып самалдың өрине шықты ҳәм әдеўирге шекем ақ ат пенен табан жолға тарысты.

Ақ ат пенен Көкжийренниң шабысы өз алдына болды. Көкжийрен енди алға суўрылып шықтым аў дегенде қайдан күш қосылғаны белгисиз ақ ат тағы алдын баслады. Төрт аяғы жерге тең түскенде жер солқылдап бир қарыс төмен шөккендей болды. Еки жүйрик қосылса қолтықларына қанат питкендей болады. Гейде аспан төринен түнди қақ жарып қос жулдыз төменге ақпайма? Еки жүйриктиң шабысы тап сол ақкан қос жулдызға усады. Гейде еки жылдырым жалт-жулт етип көзден ғайып болмайма? Еки аттың ҳәзирги зымыраўы тап соған усады: Усылай еки ат көлдиң кеўип қалғанултанына шықты. Жүйриклиги, шабыў өнери бир-бирине тең келген еки ат майда қамыслықта тағы теңлести. Мине, еки ат тең киятыр.

Еки жүйрик шығарлыққа шекем усылай шайдай алысып барды. Бирин-бири жибермеди. Түйе өркешли

еки қыраттан асып атлар тағы тегис тақырлыққа шықты. Тақырлықта топты баслап киятырған Қараторы бурынғы шабыстан айрылып қалса да изинен жеткен атларды көрип тағы алға умтылды. Ор қояндай онлаған адым алға ырғыды. Бирақ, Қараторының шабысында ат сескенгендей пә́т жоқ. Сонда́ да неше жарыста алдына ат салмаған жел туяқлы жылқы көп жерге шекем еки аттың алдында шаўып отырды. Сары шаршылы шабандоз қанша бақырса да, атына қанша хошемет етсе де араны айырып кете алмады. Тең жарысқа көнип киятырған еки жүйрик Қараторының өр жағына өтип алды. Енди үш ат озыўға талабан болып тең шапты. Шабандозларға көлдиң майда қамыслары тебендей, ал соңғы шығарлықтағы сийрек жуўсанлар асықтан зәрре ғаў болып көринди. Жан таласып, талпынып үш ат көл ултанынан мыйдай далаға шығыўдан қасындағы еки шабандоздың шылбырдың бир орамын жаздырғанын Еримбет сезип қалды. Кел, тәўекел деп ол ҳәм атының басын сәл босатты. Жаныўар Көкжийрен усы рет өзинин қаназат екенин дәлилледи. Ярым қарыстай болса да Көкжийренниң басы алға озып шықты. Усының өзи жүйрикке күш береди екен, Көкжийрен соннан баслап кем-кем алға суўырылып шыға берди. Сөйтип киятырғанда бир төбени айнала берип тағы қыялдай алға түсти. Әне озыўдың басы сол болды, жаныўар Көкжийрен жүйриклердиң алдында қыялдай зымырады.

Көл ултанынан берман кең далаға шыққан үш жүйрик гә қатарласты, гә бир-биринен қыялдай алға өтти. Журт мақтаған қараторы Көкжийренге жол бергиси келмей табан жолдың өрине шыға берди. Еле шабыў тәсили аз дөненди шаң астында қалдырғысы келди. Еки жүйрик усылай таласып киятырғанда ақ ат арадан суўрылып шығыўға талапланды. Еки жүйриктиң арасын айырып бир қырынлап шапты. Жоқары көтерилген қуйрығы қараторының көзине тийе жазлады. Қараторы сәл қаймығып қапталға бурылғаны қасындағы еки ат бир қарыстай алға шықты. Күш сынасыў нәўбети тағы ақ ат пенен Көкжийренге жетти. Қараторы қайтып олар менен теңлесе алмай, шаң жутып кейинлей берди. Ал, еки жүйрик кең даладағы тар соқпақта тартысты. Баўырлары барынша жазылып, мойынлары бир аршындай созылды. Еримбет тек усы ўақытта ғана ердин басындағы дизгинниң тағы бир орамын жаздырды. Дойнақ-

ларынан от шашыраған Көкжийрен еки сүйемдей алға озды.

Шү—ў—тулпарым! Шү—ў—ў!—деп қыйқыўлаған Еримбет қамшысын тынбай былғады. Көкжийрен ийесиниң ойынан шығыў ушын жоқ жерден күш тапты. Жаныўар басын бир шулғып алға умтылғанда дала бойлап ағып баратырған жулдызға усады. Ақ ат бираз тырысып көрди де, ақыры өз шамасын түсинип артта қалғанына қайыл болды. Бир кесе шай ишимге жетпей Көкжийрен биротала араны айырып шапты.

Үйде отырып тыншый алмаған Камал усы ўақытта қыйқыў қызған майданға келди. Көпшиликтиң арасынан излеп жүрип ол Ниязбекти таўып алды. Ниязбек Көкжийренниң аяқ алысын көрип сүйсинип тур еди. Усы қуўаныш үстине ол:

— Көкжийрен озды!—деген сөзди еситип қалды:

— Аўзыннан айналайын,—деп қапталына бурылып еди, ол алға мойын созып турған Камалды көрди ҳәм өзиниң мына сөзине шамалы қысынып кетти. Бирақ, шаўып киятырған аттың екпини, туяқларының дүбирлери Ниязбекти тағы өз бийлигине алды. Дегелейин аспанға зыңғытып қуўанған Ниязбек:

— Таўды жаздырма! Таўды жаздырма!—деп жар салды.

Көкжийрен алаңға жақынлағанда Үсен сейис пенен Дийханбай да аламанға келип қосылды. Сейис астындағы атты қайта-қайта қамшылап шаўып киятырған Көкжийренниң алдынан шықты. Дөненниң тегис аяқ таслаўына бир сер салды да:

— Ырзаман, қаназатым, ырзаман!—деп баладай қуўанды.

Аўзынан аққөбик шашыраған Көкжийрен бәйги сызығынан биринши болып өтти. Камал, Ниязбек, Наўрызбай, Хожанияз аты озып келген Еримбетке, оздырған сейиске көз айдын айтыў ушын алға жуўырды.

## 4

Конағына сүт бурыш писирген Саятхан ошақтың шоғын берман тартты ҳәм қалғып кеткен жигитти оянарма екен деп азғана күтип отырды. Муздай дәрьяға түсип кеткели қанша жылынса да терлемеген қонақ ыссы қуўыста мәлҳамдай ериди. Буўынлары босасып,

қатты терлеген жигиттиң еки бети пискен шийедей қызарды. Сары шашы, қыр мурыны әлле қашан қыз кеўлине қуп жарасқан еди. Кең геўде, алып денели қонақтың тулғасы сом алтыннан жаралған сыяқлы. Қыздың үркек жүреги дирилдесе де негедур жигиттен бир түрли сыйқырлы нәҳәр алғандай. Саятхан татлы қыял қайығында жүзди.

Әлбетте, бул еле муҳаббат емес. Тек жаңа оянған муҳаббаттың нышаны. Соның өзи де еле жаңы пәк қызға тәсир етти. Саятхан бийҳуш болып жаслықтың шийрин мәнзилин аралай баслаған еди, қонақ жигит оянып кетти.

— Кеширерсиз, қалғып кетиппен.

Саятханның бул рет күлимлегени таңда ашылған гүлге мегзеди.

— Дем алғаныңыз жақсы болды.

Сөзим жуп түспеди аў деп қысынған Саятхан әтешкир менен алдындағы шоқларды қозғастырды. Қонақ та енди не айтсам деп сөз изледи. Гәптиң жүйесин таппай басын қасыды.

— Аўылда той болып атырғанба?

— Аўа, Камал деген ағамыз қыз әкелди.

Саятхан қыз деген сөзди айтыўға айтса да, өзин бир түрли қолайсыз сезди. „Қыз“ деген сөз еки жастың арасында дәнекердей керекли еди. Қонақ жигит негедур тереҳ гүрсинди.

— Бири-бирин сүйип қосылған шығар?

Саятхан тағы қолайсыз аўҳалға түсти. Аўа деп айтсам жигит бул сөзимди қалай түсинер екен деп ойлады. Деген менен дурысын айтты.

— Еки жастың кеўили бир болмаса келисеме?

Қонақ мына орынлы, мәнили жуўаптан қыздың ойлы ақыллы екенин аңғарды. Жас кеўили излеген әрманын тапқандай болды. Кел, тәўекел жүрегимниң ҳәмирин тартынбай айтайын деген шешимге келди.

— Исмиңиз қандай, замәнлас?

— Саятхан.

Қыз сәл иркилип турды ҳәм рети келгенде жигиттиң аты-жөнин билиўди мақул көрди.—Өзиңиздин исмиңизше?

— Менин исмим Александр—Саша. Адамлар Искендер деп те атайды

— Искендер Зулқарнайын екенсиз ғой...

Қыздың ҳәзили жанына жыллы тийген Саша ыржыйып күлди.

— Қайығы аўдарылып жүрген адамда ондай батырлық не жесин?

Саятхан қарақалпақ тилин сондай таза, минсиз сөйлейтуғын рус жигитин сөйлете бергиси келди.

— Сиз бизиңше жақсы сөйлейсиз ғой.

— Әмиў дәрья жағасында туўылсам, усы жердиң нанын жеп камалға келсем, неге қарақалпақ тилин билмейин?

Сөйлесип отырып Саша тостағандағы сүтбурыштың таўсылғанын сезбеди.

— Сүтбурышыңыз мазалы екен.

— Және ишиңиз!

— Жақ, ишип болдым.—деп Саша тостағанға жабыспақшы болып еди, Саятхан оннан бурын ҳәрекет етти.

— Қыз алмаған шығарсыз?

— Биздей кәмбағалға қыз қайда?

— Онда қыз аларыңызды ишесиз.

Саятхан тағы аўқат әкелди.

— Мейли, мейли...—Саша тостағанды еки қоллап услады.

— Өзиңиз неге ишпейсиз?

— Бар ғой, мине,—деп Саятхан бир шетиректе турған сүтбурышы бар кесени қолына алды. Қасықты оймақтай аўзына апарды.

— Бүгин кеште тойдың бақсы-жыраўы бар. Келиншектиң бетин ашады.

Қыздың мирәтине түсинген Александр:

— Жолдасларым кетсек деп қыстанып атырған усайды,—деди.

Александр да, Саятхан да биразға шекем үндемей отырды

— Сиз тағы қайталап қаласыз ғой?—деди қыз қонақ жигиттиң кетиўге таярланғанын билип.

— Не қылар дейсиз?—Сөйтти де Александр қыздың кеўли хабармасын деп сөзиниң кейнин ҳәзилге айналдырды.—Сизиң меҳир—шапаатыңыз мени қандай суўық болса да тоңдырарма екен?

Жуўап орнына қыз мыйық тартты. Көзлери төңкерилип бир сырдың ушын аңлатқандай белги берди.

— Хызметимиз кем болмаса, келип турыңыз.

Саша сөз айтыўға үлгермей есик ашылды. Ниязбек пенен еки қонақ кирип келди. Қыз ушып турып төseклерди қағып салды ҳәм адамларға жол берип есик жаққа шегинди.

— Төрге шығыңыз.

Адамлар төсекке отырып үлгергенде Еримбет бир табақ палаў әкелди. Ниязбек қолға суў алды. Саятхан сол аралықта дастурханды қайтадан кеңирек жайып уялып үйден шығып кетти. Үстиндеги узын қызыл жипек көйлегиниң хан теңгелери, жарқыраған ҳәйкели қуп жарасып, қызыл мақпал бешпентиниң зер жағасы, басындағы қазнамақпал тақыя, билегиндеги қос билезик, гүмис жүзикли нәзик бармақлары оның сулыўлығын толықтырады. Кийиктиң селтеншил көзлериндей изине қараған еки рәўшанда ҳәм қуўаныш, ҳәм үркиў бар еди. Қыз үй жағына тағы бир қарадыда, келиншек түскен үйге қарай жүрди.

5

Арадан бир саат өткеннен кейин Саятхан адамлар менен хошласып кетип баратырған қонақларды алыстан көрип қалды. Саша жолдасларынан кейинирек қалып Саятхан турған жаққа қайта-қайта қараў менен жайдың мүйешинен айналды. Саятханның жүрегине бир жақсы әрман әсте шөккендей болды.

Кешке қарай аўыл үстин жуқа думан қаплады.

Камал менен Еримбет дәрьяның ғырра жағасында қыдырып жүрди де сийрек қамыслыққа бурылған соқпаққа түсти.

— Үйлениў жақсы болатуғын шығар?—деди Еримбет ийинлерин басып баратырған үнсизликти бузып.

Камал күлимсиреди. Үндемеди.

— Жора, өз кеўлинди жәмлеген соң мендей бойдақты ойлайсаңба?—деп Еримбет айтажақ болып киятырған ойының ушлығын сездирди. Сөздиң не ҳаққында баратырғанын сезген Камал тезирек жүрди ҳәм шығыртал ығында еле жарасықлы гүллеп турған еки сары гүлдиң қасына келип тоқтады.

— Гүл десе кеўил қуўанады деген рас-аў—деп ол гүлге еңкейди ҳәм узын сары гүлди үзип алды.

Еримбет те жерге еңкейди.

— Екиншисин мен үзейин.

— Енди сениң гезегиң, жора.

Еримбет достының мойнынан қушақлады.

— Сонда неге Айпарадан ҳеш дерек айтпайсаң.

— Айтпайтуғын болсам сени усындай оңашаға алып келеменбе?

Еримбет бир тоқтады, бир жүрди.

— Келгели оның менен ушыраспадым,—деп үлгергени қамыс арасынан келип қосылатуғын екинши соқпақтан киятырған қызды көрди. Камал достына жымыйып бир қарады да Көкжийренди дәрьяның жасқасына қарап жетеклеп кетти. Қабақ арқалаған қыз бенен қонақ жигит еки соқпақтың ушласқан түйининде гезлести. Уялғаннан қыз жигиттиң қапталынан өтип кетиўге нийетленди.

— Айпара,—деди Еримбет еки көзин қыздан алмай. Даўысы қалтырап сөздиң кейнин жоғалтып алған Еримбет албырайын деди. Әлле ўақыттан кейин—Сағынып қалдым,—деп еки сөзди зорға таўып айта алды. Айпара қабағын бир ийнинен екинши ийнине аўмастырды.

— Апаңызды сағындыңызба?

Айпараның бундай ашық ҳәзил аралас сөйлейтуғынын биринши мәртебе көрген Еримбет бурынғыдан бетер албырады:

— Аўа.—деп айтқанын аңғармай қалды.

Айпара жигитке көз қыйығын бир таслады да:

— Ақыры аўзының еле сарысы кетпеген балаға апа деген керек ғой—деп сөзди биротала баспалатып жиберди.

Өзиниң қолайсыз жағдайда қалғанын сезген Еримбет зорға сөздиң керекли жүйесин тапты:

— Сонда сиз апа болғаныңыз ба?

— Қайдем. Үндемей жүриўиңизге қарағанда мени апа деп сыйлап жүрген шығар деп ойладым.

— Апа боласызба, я ай боласызба, неде болса кеўлимиз бир жерден шықса болар.

Ҳәзилкеш Айпара жас жигитти тағы илип сөйледи:

— Еле бир шешимге келе алмай жүрсизбе?

Бул рет Еримбет сөзден пайын жибермеди.

— Бундай үлкен истиң түйинин Айпаражан бирге шешермиз деп жүрмен.

Қыз гүлдей жайнады.

— Не қыламыз, бизин көмегимизсиз өзиңиз шеше алмасаңыз,—деп Айпара тойхана жаққа бурылды. Алы-

сырақтағы қуўанған топтың көтере гүўилдиси қулаққа келди.

— Жаным, тойымыздың барлық әнжамын көрип қойыппан. Сениң бир аўыз жақсы деген ләбизиң керек?

Айпара алға атлады. Дәрьяның жасқасына жақынлап қалды.

— Ағамнын алдынан өтиў мақул болар. Апама өзим айтарман.

Айпараның анасы ертеректе өлип қалып, соннан берли ол Нурбийкениң қолында өскен еди.

— Өгпей болама, өтемиз,—Еримбет дәрьяның жасқасынан салмақ пенен төмен түсе баслаған Айпараның оң қолының қарынан услады. Жигит қызды бир сүйсем деп талпынса да, бул татлы үмит өз мақсетиниң аспанына пәрўазлай алмады. Камалына келип толысқан арыў қыз жигиттиң ойын аңғарды да:

— Сабыр ет,—деди.

Усы сөз Еримбеттиң жаслық өмирин пүткиллей жайнатып жиберди. Сүйгениниң жуўабына бийҳуш болған ол ат суўғарыўға кеткен Камалдың қасына қалай барғанын сезген жоқ. Тек қалай болса солай ол достын еки қол үстине көтерип „яр қара көзлериң не тилер меннен“ қосығын айта берди. Бул қуўанышлы саатта Еримбетте бурын болмаған тасқынлаған күш жигер пайда болды. Қосықты қайталаған сайын оның ашық даўысы жоқары өрледи. Әмиў дәрья жағасы оның жүрегине жып-жыллы тийди. Пүткил әлемниң гөззал бостаны оған усы дәрьяның еки жағасы еди.

— Тезирек тағы той тойлагаймыз.

Камал суў ишип болған Көкжийренниң суўлығын аўзына қайта салды.

— Аўмийин, достым, аўмийин,—деп Еримбет баладай бармақларын шыртылдатып аяқ ойынға көшти. Бурын ойнап үйренбеген аяқлар бирликли ҳәрекет ете алмаса да, муҳаббат базарынан кеўилли қайтқан жигиттиң қуўанышы шалқыған Әмиўден кем болмады.

— Ҳә—ә—әй, сийлейди жин уйғанба?—деген жағымсыз даўыс еки достың қуўанышын бөлип жиберди. Қамыслықтан Шылымбет шүлжинниң басы көринди.

— Саған не керек?

Камалдың жақтырмағанын көрип Шылымбет жетегиндеги атын жасқаға қарай тартты.

— Хе, ат суўғайтпайшанба?

Камал менен Еримбет шулжинниң сөзине жуўап бериуди миясар көрмеди. Көкжийренди жетеклеп дәрьяның қурғақ аңғарынан жоқары қарай көтерилди. Онысыз да ызаға буўлығып жүрген Шылымбеттиң көзлери уясынан шығып кете жазлады. Жудырығын жоқары көтерип:

— Көйеймиз, көйеймиз, еле!—деп бақырды.

## 6

Қоңсыдағы қара үйден дуўтардың сести ҳәм жаслардың күлкилери еситилгенде Дийханбай кеседеги шайын таслап есиктен жуўырып шықты. Ғарры ақтал түбине келип қолын көз үстине услап алға қарады. Оған думан менен қамыслардан басқа ҳәзирше ҳеш нәрсе көринбеди.

Дуўтар сести тағы ҳәўиж алды. Жаслардың күлкилери, ҳәзиллери оны тез кел деп шақырып турғандай. Дийханбай дәрья жаққа жүре бергени қулағына Көкжийренниң оқыранғаны келди. „Киятыр" деген ойдың қуўанышында ол алға қарап жуўырғысы келди. Бәлким, жуўырған да болар еди, тек оны үрпек баслы қамыслар арасынан көринген еки тулға иркип қалды. „Сол екеўи" дегенинше болған жоқ, ол Камал менен Еримбеттиң гүбирлеп сөйлесип киятырғанын көрди.

— Бизлерди күтип турсаң ба?—деп сорады Камал Дийханбайдың сабырсызланып турғанын аңғарып.

— Қыз, жигитлердиң отыրыспасы қашшан қызып кетти,—деди Дийханбай.

— Отырыспа биз бармай қызама?—деп Еримбет неге кешиккенин аңлатқысы келип еди, Дийханбай оған жалт бурылды:

— Тағы азғана иркилсең журттың тарқасқанын көретуғын едиң.

Камал Дийханбайдың кеўлин аўлап сөзди жумсартқысы келди.

— Барлығына Еримбет айыплы. Айпараның қабағын суўға толтыраман деп мени де жолдан егледи.

— Қыз десе жалаң аяқланып қуўатуғын достымызды билемен ғой—деп Дийханбай шөп бастырыўлы жатқан бир тилектиң ушлығын сездирди.

Еримбет сөзди илип алды:

— Шайырым, сени де қуўантаман.

— Мени қуўантаман деп айтқаныңа бир жыл толды. Еле тамағымыз исиўи менен жүрмиз.

— Болады, берман кел, қулағыңа айтаман—деп Еримбет достының қулағына еңкейди. Дийханбайға Үмит ҳаққында айтты.

— Солай болсын, жоражан.

Камал еки достың қупыя сөзин еситпейин деп Көкжийренди қораға қарап жетеклеп кете берди.

Еримбет пенен Дийханбай отырыспаға кирип барғанда той-мерекениң гүли Ниязбек ортада шағлап отырды. Ҳәммениң тилегине муўапық еки қонақ Ниязбектиң қасына келип жайғасты.

— Қызлар, жигитлер—деп, ҳәммениң ойын өзине аўдарған Ниязбек,—мына отырған хошҳүрей жигит Еримбетти таныйтуғын шығарсыз. Көп мақтасам жийенимиз жарылып кетер, сондада сонша аттан Көкжийренди оздырған усы жигит екенин айтпасақ болмайды. Екинши қонағымыз анадан туўылған күни ақ сазға ҳаўаз қосқан, усы үлкени қосық пенен абат еткен жигит Дийханбай. Қонақларды таныстырыў мениң ўазыйпам, ал, олардан қонақ қаде алыў сизлердиң исиңиз.

Жигитлер менен қызлардың жүзлеринде шадлық жайнады.

— Қонақ қаде берсин!

— Дуўтарды әкелиң!—деген сөзлер қайта-қайта еситилгенде қайдан пайда болғанын ким билсин, Шылымбет өзиниң дуўтарын Дийханбайға усына қойды. Ол усынылған дуўтарды қолына усламай-ақ:

— Тийеги турмайтуғын екен—деп алғысы келмеди. Шылымбет шымшып сөйлеген сөздиң парқына түсине қоймады. Дуўтарын қайтадан усынды.

— Тийеги мине, кеше ғана шайдым...

Дийханбай оған сыйқырланып бир қарады.

— Дуўтарың шаршаған екен.

Жигитлер дуў күлисти. Шылымбет ашыўланарын да, ашыўланбасында билмей орнына отырды.

— Шайырым, мениң дуўтарымды аласыз—деп Ниязбек сүйектен қас қондырған аламойнақ дуўтарды Дийханбайға услатты. Бундайда иба сақлайтуғын қызлардың атынан Айжан:

— Жақсы жигит, көпшиликтиң тилегин орынлай ғой—деп өтинди.

Қызлардың жеңгеси сөз айтса, Дийханбай қалай шыдап турсын, шайыр жигит дуўтардың қулағын еки-үш бурады да қосықтың айдын гүзарына түсти.

Айды уялдырған арыў жамалы,
Жүзинде бир ноқат, аўзында палы,
Әне, сондай болғай жигит ығбалы,
Бүгин қыялымда мениң бир жанан.

Қосық жигитлердиң ойынан шығып, олардың көптен берли айтылмай жүрген әрманына қанат берди. Жигитлер үсти-үстине бәрекелла айтып шайырды хошеметледи. Дийханбай қосығын даўам етти:

Сүмбил шашы қыпша белге оралар,
Қаўметинен әйне бәҳәр таралар,
Заманы бир қатар қурбы-жоралар,
Бүгин қыялымда мениң бир жанан.

„Ҳәй, дәрт көрме", „бахытлы бол",—деген хошемет сөзлер тумлы-түстан еситилди. Ал, қызлар сол бир қалпинде қатықтай уйып қосық тыңлап отыр.

— Бәрекелла, шайырым—деп Ниязбек алдында турған чайнектен бир кесе шай қуйып қонаққа усынды. Дийханбай шайдан еки уртлап, қызлар отырған қатардың басшысы Айжанға:

— Жеңге сизиң тилегиңизди қолдан келгенше бәржай еткен болдық, енди бизиң тилегимизге кеўил бөлсеңиз?—деп қашырым таслады. Талай сөздиң гүрмеўин шешип, талай жигитлердиң сөзинен сүринбей киятырған Айжан:

— Тилегиңиз гүл болса, бизден питеди, ал пил болса бизден дәрман кетеди—деп жигит сөзиниң аңғысын аңлыды.

Дийханбай иркилмей жуўап берди:

Ҳаслымыз дийхан баласы,
Әўдийген пилди нетемиз?
Берсеңиз қызыл гүлиңди,
Жан деп алып кетемиз.

Ниязбек кем-кем ашылысып жуўаптың кестесин торлаған Дийханбайға сүйсинип:

— Дүр шашқан тилиңнен айналсын, ағасы—деп өз кеўлин билдирип қойды.

Ниязбектиң ким көрингенди мақтамайтуғынын билетуғын Айжан өзинен жүйрикке тап болғанын сезди.

Илаж қанша, шабалмай қалып қойған аттай гайзалақлаўды орынсыз көрди. Өзиниң көп жылдан берли тырнақлап жыйнаған өнерин ортаға салды:

Талдың жасыл шыбығын,
Сындыра бермес сораўсыз,
Ақ маралдың ылағын,
Қалдырмаймыз қараўсыз,—дегендей қонақ жигит. қайсы гүлди сорап отырғаныңызды биле алмадық.

Дийханбай гә қызлардың женгесине, гә қызлардың арасында көзине ып-ысық көринген Үмитке қарады. Жас жигиттиң телмирген көзлеринде муҳаббат китабының барлық тилсими анық көринип турды.

Гүллердиң бар сарысы,
Сарғайғыш келер сабағы.
Көк гүл кеўил дәриси,
Бир турысы баяғы,
Жасыл гүлдиң саўлаты,
Түседи дейди саўдырап,
Қызыл гүлдиң қаўмети
Көзимди тартар жаўдырап,—деп Дийханбай сөз гәўҳарын таўып ҳәм таңлап айтты. Айжан да тереңнен толғанып, жүйели сөзлердиң жубын келтирди;

Ақ илгектиң ҳасылы
Теңизде гәўҳар гас болар.
Гәўҳарды таңлап алыўшы
Өзиңиздей жас болар.
Қызыл гүлиң қайсы гүл,
Билсек кеўил хош болар?

Сүйген қызының исмин көпшиликтиң алдында жәрия етиўге қалай оның тили барсын? Тағы да тек Еримбет арқалы енди танысатуғын қызына ол буннан артық не айтыўы мүмкин?

Айжанның жуўап күтип отырғанына, Дийханбайдың уялып турғанына жигитлер жағы тынышсызланайын деди. Бундайда жол тапқыш Ниязбек қызлардын жеңгесине бир кесе шай усынды:

— Тең-теңи менен, тезек қабы менен дегендей,

Айжан қонақ түўе өзимиз де бундай сораўыңызға ҳәзир жуўап бере алмаймыз. Көпти көрген жеңге болсаң, жас жигиттиң жүрек гилтин өзиң излеп таппайсанба?

Жигитлердиң арасында тағы жанланыў пайда болды. Сөздиң қыйсынын келтирип айтқан Ниязбек олардың үстине еңтерилип киятырған кеўилсизликтиң қарлы таўын алысқа ысырды. Айжан да сөзден пайын жибермеди:

— Заманлас, айтқаныңызға ийнениң ушындай тағатуғын минимиз жоқ. Сонда да қонақ жигит қызыл гүл дегенсоң, мениң көп гүлимниң қайсысы қызыл екенин билеғояйын деп едим.

— Қыз жеңгеси бирдей жас болады деген бар, сабыр етсеңиз ўақты-сәти менен биле берерсиз. Ниязбек қолындағы шайлы кесесин Айжанға узатты.

Арыўлардың айына,
Пал қойыппыз пайына,
Қол созар деп күтемиз
Бир жигиттиң шайына.

Айжан орнынан турды. Майдалап адымлап Ниязбектиң алдына келди.

Қусшы көрдим қолына
Ақ суңқарды қондырған,
Сиздей жақсы қурдастың,
Биз емес сөзин сындырған.

Басқаларға я турар еди, я турмас еди, ал Ниязбек Айжанға қолындағы кесесин орнынан турып усынды. Кесени, кесениң панасындағы набатты алған Айжан узын жарасықлы қаддин бузбай әсте артына қарап шегинди.

Қызлар менен жигитлердиң отырыспасы шынтлап қызғанда Шылымбет бирдейги әдетинше бақырып жиберди, Оң қолын жоқары көтерип:

— Мен бийемен, мен бийемен, мен бийемен—деп бир сөзди тәкирарлай берди.

— Ҳәй, сен мени билмейсең? — деп Еримбет оны түртип қалып еди, Шылымбет:

— Ҳәзий айтайынба? Айтайынба? Ҳә—деп көзлерин жыпылықлатып жиберди... Ниязбек оған тигилип қарады.

— Бәйибий айтаман.

— Айт—деп Еримбет оған сын көзи менен қарағаны Шылымбет суқ бармағын шошайтып Дийханбайды көрсетти. Сөйтти де:

Ошайған ойда өшеди,
Шуў шигин шуўда өшеди,
Ал, мынаўдың кеўили
Үмит ғыжды күшеди—деп бирден қойып жиберди. Жигитлер пәмсиздиң сөзине ишек-силеси қатқанша күлисти. Шылымбет оннан бетер қызараңлады

Жөн биймеше қайықшы
Қайыйлайды кемеши,
Өжи жүйген байықшы,
Қалатаўдай дәмеши—
деп биротала пысқытып жиберди.

Сөзге Еримбет араласты:

Шөгирме кийген шортаным
Шаўып көрди аңғытқа,
Түбинен шығып қопаның,
Томп ете қалды шаңғытқа.

Күлкиниң жаңа толқыны ҳәммени өз қушағына алды. Күлмеген жалғыз Шылымбет. Ол аўзы аңқайып гә жуўап урған Еримбетке, гә қасындағы жазылысып күлгенлерге қарады. Қулақлары қызарып, еринлери жыбырлап тағы бир сөз айтып қалғысы келди.

— Мен бүгин де, кеше де шаңғытқа жығыймадым—деп түйеден постын таслағандай етти. Күлмеген адам қалған жоқ.

Күлкисин зорға тыйған Еримбет:

— Ҳәзир усы есиктен шығыўдан шаңға жығылаcаң—деп Шылымбетке қарағаны, ешейинде жел турмай шаңғытатуғын ярымес, орнынан өрре турды:

— Бул тойды бужайынба? Көйеймиз еле—деп есикти тарс еткизип жапты.

Ниязбек тағы усталық иследи. Мерекени суўытпайын деп жигитлер менен қызларға қарады.

— Әмиўдей үлкен дәрьяға бир кесек атқан менен оның айдыны сәнин бузама?

Жигитлер:

— Бузбайды—деп жуўап берди.

— Сонда бир мәжгүн ашыўланды деп мерекемизди суўытамызба, жигитлер, қызлар?

— Суўытпаймыз.

Сол ўақытта Шылымбет есиктен басын көрсетип:

Қыйғый келип қыйық етип,
Жулып кетше гүлинди,
Мыйқы келип мыйық етип,
Тишлеп алар тийинди—деп тилин көрсеттиде, ашқан есигин қатты жаўып жиберди. Отырыспадағылар бир түрли қолайсыз аўҳалда қалды.

Бир кесе шай ишимдей ўақыт өгип Шылымбеттиң даўысы үйдиң иргесинен еситилди.

— Көйеймиз еле, көйеймиз еле...

Қанша сездирмейин десе де мына сөз Ниязбектиң жүрегине шаншыўдай қадалды. „Камал менен бул мәжгүнниң жесир даўы бар еди" деген суўық ой оны гүдиктиң терең түбине ийтермеледи. Деген менен мерекениң бузылмаўын гөзледи.

— Ниязбек аға—деди усы ўақта Дийханбай.

— Ләббәй, шайырым.

— Жеңгемиз тойға гилең сөйлемейтуғын қызларды алып келгенге усайма?

Айжан ертели-кеш усындай сөз айтылар деп күткен еди. Сол ушын Үмит, Саятхан, Айпара үшеўи шынқобызларын қолларына алып таяр отыр еди. Жеңгеден ишарат болыўдан үш қыз шынқобызға зибан берди. Полат тилли кишкене темир қызлардың кеўил тилсиминдей мың муқамға дөнди. Гә ҳаўалы бағдың бүлбили болды, гә дәрьяның тасқынлы ағысына усады. Гә ғаз болып ғаңқылдады, гә қыз болып сыңсыды...

## 7

Тал түс. Тойға келген барлық адам Үсен сейистиң жайы алдына жәмленди. Көпшилик келиншектиң бетин ашыўды уйғарды.

Беташар айтыў Дийханбайға жүкленди.

Қоңыр қой көзлери сәрўи бойлы келинге, гәҳи анталаған көпшиликке қараған Дийханбай, қолындағы

тал шыбықты силкип-силкип қойды. Шыбықтың ушына келинниң жүзин жаўып турған гүлли орайпектиң шашақлары байланды. Анталаған көпшилик шайыр жигитке кеңислик болсын деп бираз кейин серпилди. Шаўқымлар, сөзлер силтидей тынды. Бет ашар басланды.

Келин келдиң алыстан,
Келген журтың гүлистан,
Жабығып жүрме жулдызым,
Орынлы болар танысқан.
Ағаштың болар шынары,
Сен егиздиң сыңары,
Еки сыңар қосылса,
Той болып тарқар қумары.
Табылса кеўли таң болған,
Өрмелей билсең шың болған,
Жақсы келсе жарқырап,
Ақ теректей ырғалған,
Пейили кең теңизден,
Қалесе пал жегизген,
Қасийетли бул журтқа
Оңбайды тил тийгизген.
Сол жағын келин билип қой,
Ақылыңа түйип қой,
Қуўанған қайин журтыңа,
Ийилип сәлем берип қой.

Дийханбай шыбығын жоқары көтергенде орайпектиң шети кейин серпилди. Жас келинниң ай жүзи жарқ ете қалды. Келин оң дизесин сәл бүгип, көпшиликке тәжим етти.

— Көп жаса!

— Өнип өс!

— Бахытлы бол!

Көпшиликке алғыс айтыўға шамалы пурсат берген шайыр сәлем берип енди қаддин тиклеген келинниң жүзин қайтадан орайпек артына жасырды. Алас-қапаста Дийханбай буўрыл сақал-муртын оң қолы менен әсте тарап турған Үсен сейиске бир қарап үлгерди.

Жыйналған журттың ағасы,
Ақылдың нәўпир сағасы,
Қуўанып кеўлин жәмлеп тур,
Ашылып жуп лаласы.

Үсен атлы қайын атаң
Қол қаўсырып бер сәлем.

Келин ҳәммениң дыққатын өзине аўдарып, сәл алға жылжыды ҳәм сеңсең сары тон жамылған атасына сәлем берип бас ийди. Еки қолын көкирегине алып әдеўирге шекем басын жоқары көтермеди. Атасына көрсеткен айырықша ҳүрметине ырза болған халайық алғыс үстине алғыс жаўдырды. Журттың шаўқымы басыла бергенде Үсен сейис келинине:

— Кем болма, балам — деп көпген жүрек төринде жатқан жақсы тилегин билдирди. Дийханбай усы ўақта орайпектиң ушын жоқары көтерип, ал, көрмегенлер көрип қалың дегендей, орамалды төмен түсирмей иркип турды. Соның арасында көпшиликтиң алға ийтермелеўи менен Бағдагүл беташар айтыўшының алдына ысырылып келип қалды.

— Шайыр бала, усы жеңгемди келистирип тәрийпле — деп Есжан палўан ортаны жарып алға умтылды.

Дийханбай қарлыққан даўысын бир жөтелип дүзетип алды да, мерекени қыздыра берди:

Абысын, бийкеш жан-жағы,
Сөзи сүттиң каймағы,
Саясы қойыў терегиң,
Шаңырақтың гүлбағы,
Усы үйдиң жәннети.
Кең төрине нур шашқан,
Таң болып ағқан дийдары,
Ақ кеўили кең аспан,
Арқанның беккем сүйеўи,
Еки анаңның биреўи,
Бағдагүл атлы қайненең,
Қуўанып бер бир сәлем.

Жас келин бас ийип, тәжим еткенде Бағдагүл қуўанғаннан көзине жас алды.

— Қуўанышымның күни, шаңырағымның гүли бол, шырағым!

Келин тағы сәлем етти.

Дийханбай усындай рети келгенде дайы журтының суўына тийип алғанды орынлы санады. Оның көзине геўдесин самалға керип, астыңғы ерни салбыраған, ири

ренели Есжан түсти. Шайыр жигит оң жақ ийнине будылды.

Көлиниң көп жекени,
Сөзиниң жоқ тикени,
Есжан атлы қайнағаң,
Усы жасқа келгенше
Айыра алмай жүрипти
Ешки менен текени ...

Адамлар дуў-дуў күлискенде Есжан палўанның өзи де сәл-пәл мыйық тартып, басын шайқады. Ал, күлген сайын шақалақлаған Наўрызбайдың қурашы басынан жерге түсип кете жазлады, Есжан оны түртип қалды.

— Әстерек, ағайин, өзиңе гезек келип қалмасын.

Шәртлесип қойғандай Дийханбайдың көзлери Наўрызбайға тигилди.

Көлде балық аўлаған.
Шөлде шеңгел баўлаған,
Таўтайлақтай аўдаңлап
Арба жолға сыймаған,
Насыбай атса еликкен
Журт шақшасын сораса
Әширепи етип қыймаған,
Өткен жылғы гүдисин,
Быйыл зорға жыйнаған,
Қой аўзынан шөп алмас,
Наўрызбай деген қайнағаң,
Өз алдына бир сәлем.

Келин ийилип сәлем берип атырғанда Наўрызбайдың қасына ентигип дем алған Нурбийке келди: Ҳе—е, шайыр баладан айналайын, тап ойымдағыны айтты" деп мәзи майрам болды. Наўрызбай сөз табалмай басындағы қурашын маңлайына ийтерди. Желкесин қасыды.

— Шайыр мениң Нурбийке абысынымды умытпа — деп Бағдагүл өтиниш еткенде Дийханбай ағыслы дәрьядай йошты.

Елек излеп ел гезген,
Мың сөз қурап бир сөзден,
Қолы тиймей жүргенде,
Сыйыры бузаўын емизген,

Дәлизде деп излесе
Төрде жатар шелеги,
Жыйналмаған келеби,
Ауылдағы келинге
Бирдей ашық жүреги,
Нурбийке деген қайненең,
Келсаптай жууан билеги
Ийилип бер бир сәлем.

Нурбийке ийилген келинге „бахытлы бол, бахытлы бол“ деў менен тандыр жаққа асығып кетти. Сол ўақта бир орта жасар сары ҳаял адамлардың арасынан бир ийинлеп тап жаңағы Нурбийкениң орнына келеғойды. Дийханбай оның Шылымбеттин шешеси екенин аңғарды.

Мақтаған сайын шалқыған,
Ашыўланса бүлинип,
Өкпедей тез қалқыған.
Түтининдей тандырдың
Аспанға шапшып burқыған,
Арық қойдай тырысқан,
Сылтаў таппай урысқан ...

Дей бергенде ол еки қолын аспанға көтерип Дийханбайдың пешинен тартып қалды.

— Мен усы базар арасы ҳеш ким менен урыспадым, неге жала жабасаң — деп алып топылды. Басындағы жаўлығы бир шекесине қыйсайып, таралмаған шашлары пүткиллей үрпейип кетти.

— Ҳей, Айтгүл уялмайсаңба? — деп Айжан оны ортадан алып шықпағанда, сол жерде әдеўир шаўқым болатуғын еди. Үйине кетип баратырып та Айтгүл аўзына келген сөз бенен Үсен менен Бағдагүлди бәлағатлап үлгерди. Адамлар бир бәледен қутылғанына тәўбе етти.

Ниязбек беташарды даўам ет деп Дийханбайға ымлағаны, Шылымбеттиң бақырғаны қулаққа сап етти.

— Кийатый дедим ғой, қийатый, яша, қийатый—деп Шылымбет қолларын шаппатлап, аўзына келгенин айтып баратырған анасының изинен жуўырды. Жан-жаққа қараған адамлар күнбатардағы жалғыз торанғыл беттен шаўып киятырған атлыларды көрди. Телпеклери

селкилдеген мылтықлы атлылар аўыл устине қуйындай дөнип келе берди.

— Баспашылар—деп кимдур қатты бақырып жиберди. Қорқып үриккен бала-шаға үйлерге, жайларға қашып ыдырай баслады. Қуўыс-қолтыққа тығылды. Тал түсге аспаннан жасын түскендей ойын күлкили той пыт-шыт болды.

— Тоқтаң! Қашпаңлар!—деп көпти тәртипке шақырған Ниязбек бала-шағаны тынышландырыўға ҳәрекет етти.

— Қорықпаң, ақыры бизлер де тири жанбыз, бир илажы болар.

— Шырақларым ай, тойым бузылды ғой, тойым бузылды ғой — деп Бағдагүл келинин баўырына басты. Ананын көзлеринен атлығып шыққан жас көргенлердиң жүреклерин елжиретти.

— Аманлығы болсын, жақсылығы болсын! — деп шыр-пыры шығып жүрген Нурбийке көз жасын жеңи менен сүртип Бағдагүлдиң қасынан кетпеди. Үстиндеги бешпентин келиннин басына жапты.

— Палўаным, — деди сөзди толық айталмаған Үсен сейис инисине қарап.

Есжан топтан суўырылып алға шықты ҳәм шаўып киятырған баспашылардың алдына қарсы жүрди. Хожанияз, Ниязбек, Наўрызбай палўанның изине ерди.

## 8

Тап усы ўақытта Шәмен саўдагердиң ҳаялы Айтгүл, баласы Шылымбет пенен өз ҳәўлисинин алдында турды. Кешикпей олардың қасына Шәменниң өзи келди.

— Шылымбетжан, биз келинди мал төлемей ақ аламыз—деп саўдагер биреўлердиң бахтына қара тиккенине мәс болды.

— Сонда келинди ашналар бизиң үйге әкелеме? — деди парықсыз сөйлейтуғын Айтгүл.

— Кейинирек барып алып қайтамыз—деди Шәмен.

— Ҳәй, ағасы мен анаў ат үстинде турған сақаллыны танып турман — деди Айтгүл ири денели бужыр бетли баспашыны ымлап көрсетип.

— Неге аңқылдай бересең, биреў еситип қалар.

Айтгүл буған әҳмийет бермеди

— Былтыр үйге келип қонып кеткен молла ашнаң ғой.

— Енди ким деп един? Мынаның тойын бүлдиртейин деп алып келдим.

— Бүлдирсин! Мениң балам алатуғын қызды ... деп Айгүл тағы өз жөнине шаңғытып кетти.

— Қартайғанда көрген мерекем еди,—деп Үсен сейис жаңағы сақаллыға өтиниш еткени, баспашы мысқыллап:

— Сен биреўдин жесирин зорлап әкелгенсең — деп бужыр бетли ҳәкисине басты.

— Сениң де балаң келин түсирер, той берерсең—деп Бағдагүл өгиниш етсе де бул жалынған сөзлер тас баўыр баспашыға ийнениң ушындай да тәсир етпеди.

— Биреўдиң түсирейин деп отырған келинин неге үйиңе әкелдиң?—деп ол Үсен сейисти айыплады.

— Жасым алпысқа келгенше бир адамға қыянет ислемегенимди ҳәмме биледи — деди Үсен айналасындағы адамларды көрсетип.

Аламан шуў ете қалды:

— Үсен аға адамға жаманлық еткен емес.

— Келинниң өзи қалеп келди.

— Қалеп алдың ба, зорлап алдыңба, оны анықлай беремиз — деп жаңағы баспашы изиндеги жалаңласқан жәллатларға ым қақты. Қолларында мылтықлары шошаңлаған баспашылар көпшиликтиң үстине ат қойды, қамшы силтеп гез келген адамды ура баслады. Топарласып қашқан бала-шағалар бириниң үстине бири жығылып, ала сапыран болды да кетти. Бақырысқан, шақырысқан даўыслар аўылды басына көтерди. Албырап, ҳаўлығып жүргенде Бағдагүл менен Нурбийке, қапелимде Үмит, Айпара, Саятханнан айрылып қалды. Келини Гүлзар да жаңағы жасырған жеринде болмай шықты.

— Сорлы маңлайым-ай—деп көзлери жаўтаңлаған Бағдагүл ес ақылынан айырылған адамдай өрге-ыққа жуўырды. Айжанға гезлести. Ол:

— Ене, қорықпа, келинди, қызларды жасырдық — деп ескертти.

Бағдагүл питегене өзине келейин деди:

— Аннагелди, Шаўдыр—деп бақырды Қақа баспашы көптиң ишинен биреўлерди излеп. Қутандай узын мойыны алға созылғанда, ала көзлери жыпылық-жыпылық етип кетти.

Еки атлы шаўып келди.

— Жақсы ат, жаңа кийим, қыз келин — деди ол — бәри усы жерде. Ғайрат салың!

Изине онлаған атлыны ертип бүкир Шаўдыр аўылды айналып шапты. Салма шеллерге қалың шөп, бүктиң арасына көз таслады. Шаңғытып шаўып Айжан менен Бағдагүлдиң қасына келип тоқтады.

— Жас келин қайда?

Ҳаяллар үндемеди ... Жаўыз мылтықтың ушы менен Айжанды түртти.

— Саған не керек?—деп жекиринди Айжан. Ат үстинен сәл еңкейген Шаўдыр бир көзин қысты.

— Келинди таўып бер.

— Билмеймен.

— Билмейсең. Жасырып қойыпсаң.

— Билмеймен дедим ғой. Мен басқа аўылдың адамыман

Шаўдыр салғыласып турмады. Тағы шанғытып аўылдың күн шығарына шықты.

Аўылдын қыз-келиншеклерин излеп зер-зебил болған баспашылар Шәмен саўдагердиң ҳәўлисиниң алдында топланып турды да, Айтгүл менен бир нәрселерди сөйлескендей болды. Буннан кейин суўмаңлаған Шаўдыр үлкен жаптың арқасындағы гөне мешитке қарап атын қамшылап шаңғытып ала жөнелди.

— Оңбаған бийҳая силтеў берди—деп айтыўға ғана шамасы келген Айжан жаптың паяпылына қарап жуўырды. Баспашылар көпирден айналып бараман дегенше ол жаптың арғы рашында жатқан Камал менен Дийханбайға хабар бериўге асықты. Ол Камалды көрип:

— Саўдагердиң қатынынан бәле келди—деди.

— Дийханбай, мешитке кеттик! — деп қысқа сөйлеген Камал раштан түсип майда урық арасындағы соқпақ пенен алға зыңғыды. Оның изинен Дийханбай, Айжан жуўырып баратыр. Сол жуўырыўы менен мешит есигине келген Камал жасырынып жатқанларға:

— Қорқып журмең—деп ескертип үлгерди.

Шынында да мешиттиң кирер аўзындағы жайда гил гөне сабан, отынның қалдықлары шашылып жатқан еди. Солардың астына жасырынған қыз-келиншеклерди билмеген адамға табыў қыйын. Камал, Айжан, Дийханбай есикти тез жапты да қара қулыпты орнына илдирди. Сөйтти де шетиректе елеўсиз жатқан гүнде менен бақан ағашларды ийинлерине сала баслады.

— Тоқта! — деп бақырды бүкир Шаўдыр олардың кетип баратырғанын көрип.

Айжан тоқтарын да, тоқтамасын да билмей алаңлап жолдан шетке шықты. Камал менен Дийханбай ҳеш нәрсе еситпегендей кете берди. Мылтығын шошанлатқан баспашы олардың жолын кескеследи.

— Қызларды қайда жасырдың?

Камал баспашыны жеп қоятуғын ҳалда.

— Қай жақтың қызларын сорап турсаң?

— Усы аўылдың—деди мылтығының аўзын алдында турған еки жигитке қаратқан баспашы.

— Ҳеш қандай қызларды ушыратпадық.

— Шын айт.

— Ҳе—е—деди Камал—мениң өтирик сөйлегенимди көрип едиң?

— Көргеним жоқ. Көрсем сендейге бир оқ жалынсын.

Шаўдырдың қолындағы мылтық гүрп етти. Оқ Камалдың оң жақтағы қулағын жалап өтти.

— Ҳәй көзиңе қан толдыма?

Бүкир Шаўдыр үндеген жоқ. Қойнынан ешки жүнинен есилген ала арқан алды да Камалдың мойнына қарап ылақтырды. Тәп берсе шап бериўге таяр турған Камал арқанның бир ушын қақшып услады да оны таўлап-таўлап жиберди. Көзди жумып ашқанша арқанның бир илмеги баспашының мойнына илинди. Ашыўға минген Камал аржағын ойлап турмады, тәўекел деп ат үстиндеги баспашыны өзине қарап тартып жиберди. Аяқ-қолы ербеңлеген баспашы жерге томп етти. Соның арасынша Камал атқа ырғып минди ҳәм бақырып сөгинген баспашыны сүйретип шаўып ала жөнелди. Өз үлпетлесиниң қыйын ҳалға түскенин кеш көрип қалған баспашылар атлының изинен қуўып қыйқыў салса да, Камал қолындағы жаўызды жаздырмады. Қуўанышлы мерекесин бузып, елге бүлгиншилик әкелген душпанның биреўин шеңгелден шеңгелге сүйреди. Ҳә демей Шаўдырдың бир шоқайы нәҳән шеңгелдиң түбинде қалды. Түйе жүнинен тоқылған шекпени дал-дал болып, ҳәр пута оның бир жуллығын илип қалды. Бир пухараның шаңырағына қан қуймақшы болған баспашының тырналмаған, қанамаған жери қалмады. Ҳәр бир тикен, ҳәр бир пута баспашының тәнине тебендей қадалды. Өзи туўылып өскен жердиң ойы-шуқырын жақ-

сы билетуғын Камал атты алақуйын шаўып услатпады. Оқ атып қыйқыўласқан баспашылар тумлы-тустан шапса да өлер ҳалға келген өз үлпетлесин қутқара алмады. Камал оннан бетер ашыўға минди. Қызыл шеңгелдиң қалың жерине қарай шапты.

Деген менен мылтықсыз адам сонша баспашыға не қылады? Бир жаптан атты атлатпақшы бола бергенде бир оқ Камалдың ийнине тийди. Камал аттан қулады...

Сол күни Камалдың үйлениў тойы қайғыға айналды. Мешитке жасырынған Үмит, Айпара, Саятхан ҳәм жас келин Гүлзар баспашылардың қолына түсти ...

## 9

Әмиў дәрьяның өрине қарап жүзген қайық қас қарайған мәҳәли Каратаўдың қубла етегине жетти. Усы жерде қонып, дем алыўды мақул көрген үш жолаўшы өз-ара жумыс бөлисти. Сашаға отын терип келиў тапсырылды.

Саша дәрья жағасына келди. Суўдан шығып қалған ағаш, томарларды жыйнады. Бир майданда қазан қайнатқандай отын жыйнады. Енди суўдан шыққан ағашлардың қасына тамызық болғандай отын керек. Қамыслар арасындағы жекке-сийрек шырпы жыңғылларды көрип Саша соларға қарап адымлады. Ойында ҳеш нәрсе жоқ, бир мәҳәли биреўдиң ҳәлсиз даўысын еситкендей болды. Саша шырпы жыңғылдың шыбықларынан керегин сындырып алып күнбатарға қарап жүргени, тасыр-тусыр еткен сести еситип қалды. „Ҳаў, доңыздың үстинен шығып қалдымба екен?"—деп Саша жан-жағына қарады. Тасырлы енди жақын жерден еситилди. Соның арасынша қараңлап келип қалған еки адам гилт тоқтады. Алда киятырған орамаллы адам бир шөгирмелини ийтерип жиберди. Аласа бойлы тапал адамның шөгирмеси жерге домалады. Орамаллы алға умтылса да жаңағы тапал адамнан алыслап кете алмады.

— Шашыма асылма!—деп жекиринди орамаллы.

— Онда неге қайыққа минбейсең?

— Минбеймен деген соң минбеймен, шашымды жибер!

Тапал орамаллының шашынан асылып орнынан турды.

— Сеннен басқа қызлар қашшан дәрьяның аржағына өтип кетти. Тек екеўмиз қалдық.

— Мени жибер — деди орамаллы ҳәм шашының аўырғанына қарамай тапал адамды таўға қарап сүйреди. Тапал еки-үш адымдай сүйрелип барып иркилди ҳәм бар күшин салып гезегине орамаллыны дәрья жағасына қарап тартты. Орамаллы оның тисленип күш салғанын тыңламады. Кем-кем таўға қарап жылжып дәрьядан алыслай берди. Тапал орамаллының шашын қолынан жаздырмай дизерлеп отыра кетти.

— Мен Каражыңғылға белгили Араз деген байман. Қора-қора қой, үйир-үйир жылқы меннен табылады. Өзиңдей нашар мал-мүлкиме ийелик етсе болғаны.

Орамаллы бир жулқынып шашын жаздырып алды.

— Ел талап жыйнаған мал-мүлкиң қаралы асыңа жумсалсын, залым!

Тапалдың қолында қанжар жарқ етти.

— Қайыққа минесеңбе, жоқпа? Болмаса усы жерде өз қаныңа ... .

— Саған қатын болғаннан өлгеним артық.

Тапал орамаллының көйлегине асылды.

— Сен мениң менен ойнама! Ашыўыма тийсең көмиўсиз қаласаң

Орамаллы сескенбеди. Тағы тапал адамды таўға қарап сүйреди. Пашырлап сынған қамыслар шайдай алысқан еки адамның аяқ астында төсек болып қалды.

— Дәрьяның аржағына өткен соң мен сениң тилегиңди орынлайман. Мениң үйимде болғың келмесе, усы жол менен тап үйиңе өзим апарып қайтайын.

Баспашының жалынғаны оның ҳәлсизлиги еди. Орамаллыға күши жетпеген баспашы усындай алдаў менен өз нийетине жетиўди гөзледи. Ақыры, телпек кийип жүрип бир нашарға күшим жетпеди десе тапал тири масқара болмайма? Ҳалыңа қарамай неге нашарға асылдың деп күлмейме? Әне, усы жағын ойлап ол өз үлпетлеслеринен жәрдем сорамады. Мына дәўдей қызға күшим жетпеди деп айтыўға арланды. Бир жағынан усы аршыллығы, екинши жағынан атқа мингестирип келген қызының өзинен пәтли келиўи тапалға қырын келди. Қарыўлы қызды қайыққа миндире алмай тапал қатты қысынды. Ызасы келип жылайтуғын ҳалға түсти. Ешейинде қасынан кетпейтуғын Шаўдыр да алдына түскен онлаған малды айдап дәрьяның аржағына өтип

кетти. Арғы жағадан жалынлаған отты көрип турғна менен оннан тапалға не пайда? Бақырған менен арғы жағадағыларға даўысы жетпейди. Өзинен зорға дус келген тапал усылай тири шерменде болды. „Айтқанға жүрмеди, өлтирип тасладым десе“, оған ким инанады? Сонша ел талап жүрип ҳешким қолға түскен нашарын өлтирипти дегенди қулақ еситкен емес. Араз түрли жаман ойдың басына барды. Есабын таўып өлтирсем деп те көрди. Сәл жерде силтеген қанжарын мына дәўдей қыз қолынан жулып алса не болмақшы? Өз қанжары өзине әжел болып өлиги майданда қалсаше? Араздың жүреги ди—р—р етип кетти. Ҳәзир орамаллыға жалынғаннан басқа жол қалмады.

— Үйиме барып ҳасыл кийимге бөленип отырмайсаңба? Сонша байлық, сонша ҳаял сениң хызметиңде болады. Пал шайнап, жипек жамыласаң.

Орамаллы бир мәҳәли оны бығырлатып астына баспақшы болды. Қанша айтқан менен еркектиң аты еркек емеспе, жулқынып-жулқынып ол орамаллының қолларын қағып жиберди. Бир қапталға жырылып шығып қанжарын қайтадан жоқары көтерди. Ҳәтте, силтеўге талапланды. Орамаллы өзине абайлы болып таўға қарап жүрди. Тапал оның изине ерип:

— Тоқта! Тоқта! — деп айбарақ урды.

Орамаллы оны тыңламады. Тапал енди орамаллы-

[illegible]

## 10

Саятханның буннан кейинги тағдири жипке дизилген моншақтай жарасықлы болды. Төрткүлге келиўден Саша той берип Саятханға үйленди. Татыў, шийрин турмыста екеўи де өзлерин бахтияр санады. Тойдан кейин еки ҳәпте өтип Сашаның дослары Саятханды ўақытша пахта тазалаў заводына шигитсиз пахталардың қанарларын тигетуғын қол жумысына өткерди де, ал Саша өзиниң бурынғы фельдшерлик жумысында бола берди. Арадан бир айға шамалас ўақыт өтти. Еки жас таза муҳаббат ышқында дәўран сүрип атырған күнлерде Саяханның анасы Нурбийке баспашылар қолына түсип кеткен қызларының ҳал аўҳалын ойлап көзлеринен қанлы жас төгип жүрди. Қайғыдан Нурбийке сорлының көзлери шүңирейип уясына кирип кетти Шашларына қалай болса солай ақ өрмеледи.

Бир күни кеште саўдагер Шәменниң ҳаялы Айтгүл елек сорап келди. Мәниси болмай төсекте жатқан Нурбийке басын зорға дегенде дастықтан көтерди, еликти изледи. Елек деп дәслеп кепшикти, кейин гөне ғалбирди әкелди.

— Саған не болды?—деди Айтгүл оның қайта-қайта жаңылысқанын көрип.

— Қызларды ойлап жылай беремен—деп Нурбийке шынын айтты. Көзим ләкет болмаса еди.

Ешейинде де екиниң биринде парықсыз сөйлеўге әдетленип қалған Айтгүл:

— Саятханды жоқлап жылаўдың дым ғана кереги жоқ, аўа, кереги жоқ—деп сампылдады.

Онысыз да аяқ үстинде зорға жүрген Нурбийкеге мына сөз атылған оқ болып тийди Бийшара лал болып қалды. Сөз жети жүйесинен өтти.

Айтгүл сөзиниң тикен болып қадалғанын аңғарды да Нурбийкени оннан бетер азап ошағына ийтергиси келди.

— Сол урғашының жүзине жантақ көгерсин!

Қарғысты еситип Нурбийкениң тула бойы жуўлады. Еринлери дирилдеди, қоллары қалтырады.

— Неге қарғайсаң?

Айтгүл қос қоллап ошақтың басын төбеледи.

— Мен болсам ол урғашыны таўып алып ғана ти-

рилей жерге көмер едим. Аўа, көмер едим, көзин ойып алар едим ...

Өмиринше бир адам менен сөз алысып көрмеген Нурбийке қанша төзимли болса да мына қарғысты еситип шыдап отыра алмады. Қаны қайнап көтерилип турды да, және өзин услады.

— Саятхан менен Айпара мениң еки көзимниң рәўшаны еди. Жаўға түсип кеткен сорлыларды бунша қарғамағанда қайтеди?

Айгүл оннан бетер желикти.

— Сен Саятханды баспашы алып кетти деп отырсаңба?

— Қарақғанам душпан есигинде зар жылап жүрғой — деп Нурбийке көзине жас алды.

— Ол урғашы Төрткүл шәҳеринде бир кәпирге тийип алып мәслик қурып жүр.

Нурбийке шоршып кетти.

— Ҳә—әй қатын, пәтиўасыз гәпти қой!

Айтгүл ақыйып кетти ҳәм басын бир шулғыды.

— Оның көшеде кәпир менен қолтықласып баратырғанын бизиң үйдеги саўдагер көрипти. Аўа, тап қасынан өтип кетипти

Нурбийке бәри бир инанбады.

— Сен қатын рас айтасаңба?

— Рас болғанда қандай Наның болса, әкел берман?

Нурбийке оған бир зағараны усынды. Зағараны маңлайына тийдирген Айтгүл:

— Усы айтқаным өтирик болса, мени нан урсын— деп ант ишти.

Нурбийке енди мына хабарға илажсыз исенди.

— Саўдагер қашан көрипти?—деп Нурбийке Саятхан жөниндеги хабарды анықлай баслады.

— Бизиң киси Төрткүлден кеше келди. Бир сапсары орыс пенен Саятханның күлисип, сөйлесип баратырғанын өз көзи менен көрген, аўа анықлап көрген. Қызың шашларын қырықтырып таслап тап орыстың өзи болыпты. Адамды танымайтуғын усайды. Аўа, танығысы келмепти.

Мына зәҳәрли сөзлерди тыңлай бериўге Нурбийкениң тақаты жетпеди. Басы төмен түсип кеткен ана тентиреклеп барып төсегине жығылды Өз муддесине жеткен қара жүрек Айтгүл төсекте қулап бийҳал жат-

қан Нурбийкеге бурылып қарамастан бөлмеден шығып кетти.

Ертеңине бул суўық хабарлы Есжан палўан еситти. Ол:

— Распа?—деп тек бир аўыз сөз сорады.

Нурбийке жеңинин шети менен көз жасын сүртти.

— Рас усайды.

— Онда мен Төрткүлге кеттим. Мына хабар рас болса, билмеймен, я алып қайтаман, я оны көмип қайтаман.

Нурбийке ҳеш нәрсе демеди. Есжан палўанның артында илекер агаш қапы аңқайып ашық қалды.

## 11

Атлы Есжан екинши күни түстиң алдында Төрткүлге жетти. Адамлардан сорастырып жүрип Саятхан жөнинде шалама-шеккилеў силтеў алды. Ақыры қаланың күнбатар арқасындағы көшелердиң бириндеги тас жайдың шарбағына үңилди.

Кир жуўып үй машқаласы менен жүрген Саятхан шарбақтан үңилген жолаўшыны ҳә дегенде аңғармады. Жөтелип сес берген жолаўшыға бурылып қарағанда ғана ол албырақлап қолындағы ләгенин жерге түсирип алды

— Аға, ағажан! —деп жуўырып барып ол ири геўдели жолаўшының мойнына асылды. Палўан үндемеди. Аларып бир қарады да Саятханның еки қолын әсте мойнынан жаздырды.

— Бул жақта не ислеп жүрсен?

Саятхан не дерин билмеди. Ағасының түринен ашыўдың уйытқыған бултларын аңғарды.

— Үйге кириңиз!

Есиктиң тутқасына қолын созған Есжан палўан тағы аларып қарады

— Мен сеннен неге қаңғып жүрсең деп сорап турман?

Саятханның жүзине жалыныш излери жуўырды.

— Дуз-несип айдап келип қалдым.

— Дуз—не—сип ай—дап келгенмиш—Сөз тислердиң арасынан сызылып зорға шықты.—Оннанша әкемди, анамды умыттым, елимди-журтымды умыттым десең болмайма?,

— Жа—ақ аға, анам пақырды, ауыл-елди адам сирә умытарма?

Қызыл гүлдиң ғумшасындай сулыў еринлери дир-дир еткен Саятхан айыплыман дегендей басын төмен салды.

— Тағы не сөзиң бар?

Ағасының тик минез екенин билетуғын Саятхан оның шеп жағына шыққысы келмеди. Үндемесең аздан кейин оның өзинен өзи жуўасып, жаўыннан кейин ашылған күндей жарқырайтуғынын билетуғын еди.

— Аға, узақ жол жүрип аш болған шығарсыз, ҳәзирше шай ише тур.

Саятхан шөреклерди, қантларды ҳәм еритилген сарымайды кесеге салып ағасына жақын қойды да, дәлизден шығып кетти. Қурсақтың ғамын ойлап жумсақ шөректи сары майға басып жеген палўан ҳә демей ақ бир шөректи таўысып, екинши шөректи қолға алды. Кеседеги шайдан уртлап, алдындағы шөрек, сарымай, қантларды көрип ол „бул орыстың үйи емес шығар" деп те ойлады. Өзиниң бул ойына кеўили сәл тоқ болған палўан „саўдагердиң қатыны өтирик айтқан болғайда" деп питегене жуўасыйын деди. Иштейленип, терлеп-тепшип шай ише берди.

— Аға, тағы шай әкелейин—деди қонағынан хабар алған Саятхан.

— Шайың тоқтай турсын—деди Есжан палўан ҳәм Саятханға тигилип қарап турды. —Усы сениң күйеўиң орыспа, мусырманба?

Саятхан мыйық тартты.

— Ким болғанда не, аға, түби адам баласы болса, дурыс жигит болса болғаны емеспе?

Есжан еки ушлы сөзге шыдай алмайтуғын еди.

— Маған дурысыңды айт, күйеўиң орыспа?

— Не десем,—деп Саятхан жалтаңлады — ҳәм ағасының кеўлине суўық тиймейтуғын сөз изледи—Өзиңизге таныс жигит . . . Аўылда . . .

— Мен саған күйеўинди тәрийпле деп отырғаным жоқ. Орысқа тийдиңбе?

Керекли жуўап таба алмай Саятхан көп қыйналды.

— Ол жигитти өзиңиз көрдиңиз ... Аўылда болды...

— Не дейсең?—деп Есжан бақырып жиберди—Бирге табақлас та болған шығарман, ҳа?

Усы сөз айтылып болмай ақ Саша дәлиздиң есигин ашты ҳәм қонақты бирден таныды.

— Ассалаўма алейкүм.

Қолының ушын зорға берген Есжан аларып бир қапталға қарады.

— Кеттик—деди ол Саятханға.

Саша қонақтың неге үрпийип турғанын түсине қойды.

— Жасүлкен, ишкерилеңиз—деп өтинип еди, Есжан ийин үстинен арқасына қарап түксийди.

— Ишкериде не бар?

Қолайсызлаў аўҳалға түскен Саша;

— Қонақ болыңыз—деп кеўилин билдирди.

— Мен узақ жолдың жолаўшысыман, егленгендей ўақтым жоқ—деп Есжан дуўқат шапанының жағасын жоқары көтерди ҳәм памазый белбеўин қайтадан шыйрағырақ байлады.

— Жасүлкен, мен де сизиң баланызбан, тилегимди тәрик етпесениз азлап хызмет ислейин.

Ашыўға минген Есжан жумсармады.

— Мениң саған қосылатуғын жерим жоқ — деп сөзди шорта кести.

Саша ақыл таба алмай гә қонаққа, гә келиншегине қарады, „мен жолдасларымды шақырып келейин" дегендей белги берди де ол, қапыға қол созды: Түсимпаз Саятхан тек күйеўи аңғарғандай етип басын билинер-билинбес ийзеди.

— Ата, — деди Саша Есжан палўанның алдына ийилип — урсаң ла, сөксең де ықтыяр сизде. Сиз бир кесе шай ишкенше мен айналып келейин?

Нурым менен орта бойлы етеде сары адамды баслап Саша үйге келгенде Есжан менен Саятхан шарбақтың қарсы алдындағы ағашта байлаўлы турған аттың қасында еди. Ис әдеўир шийеленисип үлгерген екен.

— Ассалаўма алейкүм, қонақ — деди жай парахат сәлемлескен сары адам.

— Ўалейкүм ассалам — деп жуўап берсе де Есжан арқасын адамларға қаратып тура берди. Ердиң үзеңгисин дурыслады.

— Замандас, сонша жерден ат шаршатып келген екенсиз, бул асығыўыңыз қалай? — деп егеде адам қонақ пенен ашылысып сөйлескиси келди.

— Мен Саятханды излеп келдим. Жоғым табылды, енди қайтаман.

— Қонақ болғансоң ертели-кеш түбинде қайтады ғой. Сонда да мына еки баланың ықласы ушын қонып кетсеңиз, олардың дуз-дәмин татсаңыз мақул болар еди.

Есжан бир қолын ердиң басына созып, егеде адамға бурылды.

— Сизиң жүзиңиз таныс көринеме?

— Аўылыңда қонып азлап танысқан едик.

— Николай шығар исмиңиз, умытпасам?

— Аўа, солай, Қасымда Досжан, мына Саша бар еди.

Азғана жөн-жосақ сорасқан Есжан палўан тағы бирден өзгерди.

— Саятхан.

— Аға, не дейсең?

— Қане, жүр.

— Ҳаў, аға, үйге сиз келдиңиз, Николай аға келди — деп Саятхан тайсалақлап көрип еди, оған Есжан көнбеди. Атына минип, қамшысын былғады.

— Қолыңды бер!

Ағасының тегинликте жуўасымайтуғынын билетуғын Саятхан илажсыз атқа мингести. Истиң қырын кеткенин көрген Николай Алексеевич тағы ашыўлы жолаўшыны егледи.

— Ҳаў, заманлас, еки жасты еки жақта жылатқаныңыз қалай?

— Мени еглемең!

Басқа сөз айтпастан Есжан Саятханды атқа мингестирип шарбақтан шықты.

* * *

Саятхан келипти деген хабарды еситип аўылдағы көз таныс, кеўил жетердиң барлығы Нурбийкениң үйине жыйналды. Адамлар Нурбийкеге, Есжан палўанға көз айдын айтысты. Сәскелик шайдың ўақтында үйде Есжан палўан, Саятхан, оның жылай-жылай еки көзден айрылыўға келген сорлы анасы ҳәм Төрткүлден келген күйеў бала менен Нурым қалды.

Ошақтағы от қара қазанның бүйирин жалап бир қалыпте жанып тур. Дастурхан шетиндеги үш ақ шайнекте жаңа демленген ыссы шай.

— Бизлерди өз жөнимизге қойың. — деди шайлы кесени аўзына апара берген Есжан палўан.

— Биз сиз бенен жақынлығымызды билдирейик деп келип отырмыз — деп сөзди узақтан баслаған Нурым алдындағы кесеге шай қуйды. Үйдиң ишинде тағы тым-тырыслық ҳүким сүрди. Бираз үндемей отырған Есжан:

— Усы жақын болғанымыз да жетер, — деп еле тарқамаған ашыўдың ушлығын сездирип қойды.

Нурым жай-парахат сөйлеўин даўам етти:

— Биз қудағайдың ҳәм сизиң алдыңыздан өтейик, сөйтип рухсат етсеңлер жесиримизди алып қайтайық деп едик.

— Мен сөздин тоқ етерин Төрткүлде айтқанман, болғаны со.

Бул қарсыласыўдың дым орынсыз екенин көрген Саятхан шыдамай жайдан шығып кетти. Қызының көзине дөңгеленип келип қалған жасты аңғарып Нурбийке женилтек кийим менен онын изинен асығып шықты.

— Маған рухсат болса, — деди Саша истиң бағдарын жумсартыўды гөзлеп — Саятханға қалай дус болғанымды айтайын.

— Ҳе, қыз бенен жигиттиң қалай гезлескенин сен бизге үйрете жақсаңба?

Нурым сөйлемей ақ қой деп Сашаның дизесинен төмен басты.

— Айтса орынлы болар еди.

— Маған көп сөздиң кереги жоқ, болғаны со.

Илаж қанша көп мәселенин түйинин шешетуғын әнгиме ортаға салынбады.

Еки қонақ дәслепки күни жөн сөз есите алмады. Екинши күни азанғы шайға келген Үсен сейис пенен Бағдагүл көпке шекем еки жақтың сөзин қуп тыңлап отырды. Саятхан орысқа тийипти деген хабарға әлбетте, бул екеўи де қабалжыды. Бағдагүл „еситер қулаққа, көрер көзге уятты“ — деп өз бетин қайта-қайта шымшыды.

Шай қайнатып, кесе-чайнеклерди сүртип тазалап жүрген Саятхан кеўилиндеги барын анасына айтып мунын шақса да, Нурбийке сорлыға сөз айтқандай рет келмеди. Еринин қатал минезине қанық болғанлықтан ол көп сөздиң ақыры қайсы жарға барып соғыўын күтти.

Нурым жуқа жүзине қуп жарасқан кишкене муртын қолы менен бир сыйпап ойға шүмди.

— Заманды кәнарына сыймай толқыған мисли бир дәрья десек, адам баласы онда аўданлап жүзип жүрген жел қайық.....Қайық бирде ағыста жүзеди, тағы бирде өрге бурылады. Гейде ойда жоқ жерде қайырлап қалады. Адам баласы күлип-ойнап отырып, қапелимде, өмирде ойда жоқ нәрсеге гезлесип қалады. — Нурым шайдан бир уртлады. — Сол тосаттан гезлесиў биз әңгиме етип отырған еки жастың басында болды.

Усылайынша Нурым Саша менен Саятханның қалай дусласқанын баянлады. Ҳәмменин үстинен бир зил қаратас аўдарылып тасланды. Бийшара Саятхан менен Нурбийкениң жүзлери жарқырап қоя берди. Саша да питегене өзине келейин деди. Тоңнын ебиндей жибискенин сезген Үсен сейис:

— Палўан буннан хабардарма един? — деп сорады.

Есжан басын шайқады.

— Хабарсызбан. Бирақ, усылай шығар деп шамалап едим.

— Көп еглемей қонақларға бир белли жуўап айтыўың керек.

— Үсен аға, мен қонағымыздын сөзин бийкар демеймен. Деген менен бурыннан киятырған ата-бабамыздың жолын буза алмайман.

— Қайним, — деди Бағдагүл пәтлене сөйлеп —сениң менен биз күпә-күндиз баспашылардың қолынан келин менен қызларымызды алып қала алмадық. Күшимиз еки көзимизге жетип, жатқа кеткен қызларымызды тирилей жоқлап жүрмиз. — Ол үндемей барлық сөзди тыңлап отырған күйеў балаға қарады. — Ал, мына жигит Саятханды душпан қолынан алып қалса, қызыңды зар жылатпай қадирлеп сақласа, оның несине өкинесең?

Есжан жеңгесиниң сөзин күтә сыйлайтуғын еди.

— Айтқаныңыздың бәри дурыс, жеңге, — Тағы иркилип ойланып отырды. — Сонда да қызы орысқа тийипти деген сөз....

Бағдагүл пикирин кем-кем ашық айтты.

— Ал, сол кеткеннен Саятхан баспашылардың есигинде қор болып жүрсе не қылар един? Бизлер де еки бирдей перзентимизден айрылып, жылаўдан басқаға шамамыз келмей отырмыз ғой. Қайним, еле де болса, қонақлардың жумысын питкер!

Кеўилиндеги шерди, тилекти таўып айтқаны ушын Нурбийке: — „Аўа, солай" деп басын қайта-қайта ийзеди. Жаўлығының шети менен жасаўраған көзлерин сүртти.

Есжан палўан бул күни де ҳә дегенде өз айтқанынан қайтпады.

Ертеңине Есжан палўан еки қонақты оңаша шақырып алды.

— Сизлер мениң минезимниң қаталлығына өкпелемең. Ақыры қызын орысқа берипти деген насаққа қалыў ансатпа? Неде болса дуз-дәм буйырып турған шығар, ойда жоқ нәрсе болыпты. Мейли, қызым Саятханның кеўили ушын басқа түскен бул нәрсеге қайыл боламыз. — Есжан кели түйип атырған Саятхан менен Нурбийкени қасына шақырды. Еки күннен берги жүйеси табылмаған сөзлерге қыйналып қалған ана мүләйим әсте атлап күйеўиниң қасына келди. — Еситпедим деме, Саша күйеў бала болғысы келсе, усы жаққа көшип келсин. Мениң басқа айтатуғын сөзим жоқ, болғаны со.

— Берекет тап! — деди Нурым мына сөзге қуўанып.

— Усы шешим бәримизге мақул, — деди Нурбийке ҳәм көзлерине иркилген жас етегине тамып-тамып кетти.

Нурым Сашаға қарады.

— Сен не дейсең, күйеў бала?

Саша бирдейги әдетинше әсте ыржыйып күлди.

— Мен усы үйдиң баласы болсам атамыздан анамыздан алыслап кете аламанба?

Сол күни еки қонақ Төрткүлге қуўанып кайтты.

## 12

Баспашылардан көбирек бүлинген Үсен сейистиң үйи. Босағасынан жаңа атлаған келини Гүлзар менен онжети жасқа қараған қызы Үмит баспашылардың тырнағына илинди. Усы шаңырақтың азаматы Камал өмир мақсетине жаңа жеттим дегенде залым оғынан жарақатланып мине үш ҳәптеден берли төсекте жатыр.

Зорға дегенде анасы Камалға еки қасық таўық сорпа иширгени, бирден аўылдың ийтлери шуўласып үрди ҳәм ат киснеди. Үсен сейистиң қулағы ербең етти.

— Ҳаў, жаныўар Көкжийрен ғой.

Дастыққа басын қойып шалқаортасынан жатқан Камал бирден ушып турды.

— Еримбет киятырма?

Жаралы болып төсек тартып жатқалы ол өзинше басын көтерип, ҳәзиргидей даўыслап сөйлемеген еди. Анасы бир жағынан буған қуўанды ҳәм сәл жерде қыйналып қалар деп қорықты.

— Еримбетжан келди ғой, — деп Бағдагүл байғус баласын жатқызбақшы болды.

Көкжийрен тағы киснеди.

— Еримбет келди, — деп усы ўақта Камал орнынан тағы турып кетти. Аяқларын аннан-саннан басып тентиреклеп есикке қарай жүрди.

— Қарағым — ай, — Бағдагүл баласын қушақлап алды ҳәм жығылып кетпесин деп шыр-пыры шықты. — Орнына жат, сәл жерде. ...Сәл жерде.....

Сөзиниң кейнин айтыўға шамасы болмаған ана жаралы баласының аўыр денесин зорға дегенде меңгерди. Камал төсегине келип жатты. Бирақ еки көзи есикте.

— Еримбет неге кирмей тур?

Камалдың өлпең даўысын еситип есиктен Еримбет, Дийханбай ҳәм Үсен сейис кирип келди.

— Ка—мал, дос—тым!

Еки дос, еки қурдас апақ-шапақ. Камал көпке шекем достын баўырына басып отырды ҳәм гезегине Дийханбайға еки қолын созды.

— Ассалаўмаалейкүм, шайыр!

Жаралы жигиттиң сағынышлы көзлери келген еки достына қарап жаўтаңлай берди.

Бағдагүл ошаққа отын салып еле сөнбей күл астында ғыжлап жатқан шоқлардың үстин ашты. Қолындағы атешкирин қапталына таслап, қара қуманға суў қуйып ошаққа коймақшы болғаны биреўдиң қырылдап бақырғанын еситти. Түрли қорқыныштан жүреги жарылып қалған байғус:

— Өйбей, тағы не болды? — деген сөз аўзынан ериксиз шығып кетти.

Үсен сары тонын көрпе төсектиң үстине ылақтырып таслап майданға шығып кетти де, аздан кейин қайтып кирди.

— Өрт екен.

Бағдагүлдиң аўзы ашылып қалды.

— Өйбей, сорымай—ай! Кимниң үйи жанып атыр Үсен жуўап бермесген төсекке келип жайғасты.

— Онда барайық, көмеклесейик! — деп Еримбет орнынан қозғалмақшы болып еди, сейис оған қолын силтеди.

— Орныңнан қозғалма.

— Көмеклеспесек өрт...

Үсен сейис аздан кейин:

— Саўдагер Шәменниң үйи жанып атыр — деди.

Ҳәмме орынларынан турып, әйнектен өрт болып атырған жаққа қарады. Ерсили-қарсылы уйытқып ойнаған самал менен кем-кем аспанға көтерилген қара түтин бултқа қарап ийреңледи. Өрттиң жалынлары жан-жаққа отлы ушқынлар шашты.

— Гөр болсын, — деди лаўлаған өртке қараўын даўам еткен Еримбет—Пейлине гөре оған сол керек.

— Туқым қурт болғыр сол саўдагердиң салған ылайсаңы. Баспашыға хабар еткен ҳәм аўылға силтеў берген сол ийт екен, — деп Бағдагүл ишине сыймай жүрген қайғысын жасыра алмады.

— Мениң ошағыма қан қуйған сол саўдагерме?

Аяғында узын қонышлы етиги бар, гүмпейиниң сыртынан шымшық көз шыт белбеў байлаған Наўрызбай ишке кирип келди ҳәм басындағы түлки малақайын желкесине ийтерип қойып ошаққа жақын отырды.

— Атаңа нәлеттиң төли журтты бүлдирип жүре береме? Бул жерден көшип гүм болсын деп жайын өртедим.

— Берекет тап — деди Үсен сейис.

Асығып-үсигип Айжан кирип келди де сейис қайнағасына ийилип сәлем берип, аманлық-есенлик сорасты ҳәм:

— Саўдагердиң соңғы пушпағына шекем өртенди, — деп хабарлады—төрги бөлмесинде бир сандық гүмис теңгеси бар екен, бәри ерип кетипти. Теңгени аламан деп отқа урғанда саўдагердиң төбесине жанып турған шала түсипти. Шылымбет әкесин оттан сүйреп шығып үстине шелеклеп суў қуйып атырғанын көрдим.

— Мен болғанда ол доңызды оттың ортасына ийтерип жиберер едим, — деп гижинди Еримбет.

— Жийен бала, әкең аяғына минип кеттиме? — де-

ди баспашы оғынан жараланған күйеў баласының ҳалынан енди хабар сораўға ўақыт тапқан Бағдагүл.

— Шүкир, Таяққа сүйенип майданға өзи шығып жүр.

— Илайым, илайым, — деп Бағдагүл жақсы хабарға қуўанып қоя берди. — Ҳәй сейис, күйеў баланның хабарын еситип отырсаңба?

— Мени түс қайта хабар сорасатуғын өзиндей көрип отырсаң ба?

— Ағасы аў, менде ес барма? Күйеў баланың хабарын сорайын десем де умыта берипиен деп Бағдагүл қызған қазанға бир кесе гүнжимай қуйып жиберди. Қақсап турған қазан ша — аж — ж етип шайпатылған майды өз ишине алды. Дәслеп шети түтеген майдан ақ көбиклер шығып көбейе берди.

— Апа, баўырсағынды тезирек писир, мен де жеймен, — деди төсек тартып жатқалы аўқатқа иштейсиз болған Камал.

— Ҳәзир, писеди, ҳәзир...

Жеңин билегине шекем түрип алған Бағдагүл кесилген камырларды қазанға салды. Айжан қолын жуўды да қамырдың қалғанын жазып кесип берип отырды. Оқлаў оның жуўан билеклериниң күши менен тынбай алға, артқа барып келди. Муштай зуўала ҳә дегенше астақтаның үстине жайылып майда-майда бөлеклерге айналды.

Елеспесиз майданға шығып кеткен Үсен сейис баўызланған бир таўықты алып келди.

— Кемпир жақсылап палаў писир.

— Палаў емес, пал писиремен, ағасы.

Камалдың дослары келгенге, кеўили бираз жай тапқан ана байғус бар хызметин аяған жоқ.

Ертеңине шай-суўдан кейин ошақ басының ойласығы басланды.

— Жийеним, — деди Үсен сейис — Камалдың жағысы мынаў, еле берин төсектен туратуғын шамасы жоқ. Мениң қасыма жолдас болсаң, екеўимиз дәрьяның аржағына өтип баспашылардың қолына түсип кеткен балларды излер едик. Жүрген аяққа жормал илинеди деген бар емеспе, излесек биреў болмаса биреўлер жақсы хабар айтар еди. Жаў алып кетти деп булай қарап отырғанымыздың келисиги жоқ. Мен ел аралаўдың жолын ойлап қойыппан. Былай жолға шыққан соң өзиңе түсиндиремен.

— Жаным менен, дайы. Усылай ислермен деген ойым бар еди, ағам төсекте жатқанлықтан ўақтында келе алмадым.

— Керек болса мен де барайын, — деди Дийханбай...

Еримбет жолдасының қолынан услады.

— Дийханбай достым, сен усы хожалыққа отын әкелип берсең қайтеди?

— Арба барма? — деп сорады бирден келисим берген Дийханбай.

Наўрызбай:

— Бизиң гөнелеў арба бар. Өзим де көмеклесемен, — деди.

Ойласықты тыңлап жатырған Камал еплеп өз күши менен дастыққа сүйенди ҳәм Еримбетке қарады.

— Достым, мени атқан баспашыны таныйсаңба? — деп сорады.

— Жақ, танымайман, — Еримбет ол ўақта Көкжийренди баспашылардан алып қашып достының қалай жарадар болғанын көрмеген еди. — Еситиўимше ақсақ баспашы усайды.

— Ол емес, — деди Дийханбай — Камал ол ақсақты шенгелден шенгелге сүйреп сипсесин шығарды. Камалды атқан бети қотыр, шеп көзи қысылған, мурны орақтың ушындай бүкир бир бәдбешер.

— Ал достым, рети келсе, сол қанқорды ушыратыўға ҳәрекет еткейсең, — деп өтинди Камал.

— Па, ушыратсам көрер едим, — деп Еримбет бир гүрсинди.

* * *

Жолға енди шыға бергенде Үсен сейис пенен Еримбеттиң алдынан сүмирейген Шәмен саўдагер шықты. Ийеги кемсеңлеп:

— Мен қурыдым, үй-жайым өртенип кетти, — деп жыламсырады.

Үсен сейистиң көзлери саўдагерди жеп қояйын деди.

— Бир бәле көрместен бурын елден шығып кет! Еситтиңбе?

— Усы Саманбай киндигимнен қан тамған жер. Қартайғанда қайда қаңғыраман?

— Елди бүлдиргенде, ийгиликли тойыма қан қуй-

ғанда ҳешкимнен ақыл сорамадың, сен заңғар. Бүгин елден шығып кетпесең өлигиңди ийтке жегиземен.

Үсен сейистиң сөзин ескергиси келмей саўдагер қаҳәрли сейистин жолын кес-кеслей берди. Жаман шулғаўдай аяққа оратыла берди. Еки жолаўшының айдаўына таяр турған ешектиң бас жибине асылмақшы болды. Бузақының бул қылўасына шыдамай кеткен сейис шаппат пенен берип жибергенде Шәмен саўдагер жерге жалп етти.

# Екинши бөлим

## I

Булттай түнерип, сиркеси суў көтермей отырған Қақаның үйине саўдагер Шәмен оның жарымес баласы Шылымбет келди.

— Келиң меҳман, жоқарылаң — деди үй ийеси.

Еки ғарры қасқыр қол алысты. Қақаның сыншыл көзлери Шылымбетке қадалды.

— Ҳәә, баланызба?

— Аўа, қудайталамыздың бергени усы.

— Бәрекелла болыпты, қане төсекке өтиң!

Шәмен неге келгенин ҳәзирше билдиргиси келмей сөзди әлле бир жақлардан баслады.

— Бурын Қубатаўдың алдында Қаражыңғыл деген жер бар деп еситетуғын едик. Мине дуз айдап сол жерге келип отырмыз. Отырған жеримиз малға от, дийханшылыққа қолайлы екен.

— Солай, солай

Қақа дийханшылық ҳаққындағы сөзди тереңлеткиси келмеди. Еки жылдан берли бул жердеги онлаған хожалық дийханшылықты биротала қойған сыяқлы, молла Қақа басшы болып он үйден он атлы шығып Әмиў дәрьяның арғы жағына атланып ел талап киятыр. Усындай ҳарамнан жыйған малдың есабынан байлар тағы байып, Аннагелди, Қудайқулы Шаўдыр, Непесқулы сыяқлы сүтқорлар тегин мал жыйнаўға әдетленди. Сол ушын Шәмен саўдагер „бизин аўылда той бар, тойға адамлар жылтыраған кийимин кийип келеди, жақсы атлар сонда болады, булардың үстине қыз — келиншек атлының бәри соған жыйналады“ дегенде иркилмей атланып той қушағындағы аўылды қанға

бояған, пухараны жылатқан усылар. Саўдагершилик бир жағында алдаў, ҳийле жүретуғын кирли талап емеспе? Шәмен сол сапары баспашылар талаған көп дүнья мүликтен дәмедар болып излеп келип отыр. Ең баслы дәмеси айттырып ала алмаған Гүлзарды баласына сорап көрежақ. Ҳәзирше бул үмит көзлери жылтырап өтирик күлген саўдагердиң сыр сандығының қараңғы төринде жатыр.

Дастурхан ортаға жайылғанда Қаҡаның қабағы жаўатуғын бултқа усады. Түрли тәсилди билетуғын саўдагер көз астынан қарап отырған Қаканың бир нәрсеге кеўили ярым екенин аңғарды.

— Тақсыр мынадан азлап көремизбе? — деди ол алдына шай келген ўақытта.

Тирйекти көрип Қаканың көзи жылт етти.

— Табым болмай отыр еди, мейли көрейик.

Еки үлпетлес тил астына бир түйирден тирйек таслады. Кейин көк шайды басып ишип екеўиде мәлҳамдай балқыды.

— Шәмеке, қонып кетерсиз? — деп сорап қойды қонақтың неге келгенин билгиси келген Қақа.

— Қонып кетсек те болар еди. Лийкин, бир жағдай болып тур.

— Ол қандай жағдай? Аманшылықпа?

— Аманшылығы шамалы. Өзиңиз көрген үлкен ҳәўли, мал-мүлик бәри өртенип кетти.

— Қыйын болған екен.

Шәмен өрттиң неден болғанын баянлаўды мақул көрип турды да тағы иркилди.

— Үйимниң өртениў себебин айтпай ақ қояйын...

Қақа саўдагердиң тилиниң астындағыны билгиси келди

— Сол аўылдың оңбағанлары өртеди ме?

— Аўа.

Қақа басын төмен алды. Аўылды баспашашыларға талатқаны ушын оннан алынған өш екенин билди.

— Ақыры жақсылық болғай.

Шәмен жәрдем сорап келген адамының тайсалақлап отырғанын аңғарды да, сөздиң төтесине көшти.

— Сизбенен бурыннан сәлемимиз дурыс болған соң усы аўҳалды айтайын деп келдим. Шайлы кесени қолында узақ услап отырды да ойын ақырына шекем баянлаўды мақул көрди. — Қудайқулының қасына қон

деген өзиңиз еди. Сол жерде дәрьяның жағасында бир гөне қақыра бар екен, соған еплеп кирген болдым. Бәри өртке кетип азық ауқаттан, кийим-кеншектен қатты тарығып турман.

Қақа тағы қолдан жылп етип шығып кетти.

— Бул заманда күн көриў қыйын. Бизлер де толы сықлы едик, ҳәзир орта түскендеймиз.

— Өзиңиз билиниз, мениң аўҳалым усындай. Елден айрылдым, мал-мүликтен айрылдым. Еки жаққа жалтақ болдым.

Шәмен қазбалаған сайын Қақа да өзин оннан қашыра берди.

— Ҳәркимниң жарылқаўшысы аллатағаланың өзи.

Қанша урынса да Шәменниң ойындағысы болмады. Қақа услатпайтуғын түлкидей ҳәр сапары жылт етип бултарып кетти.

— Шәмен, саған бир мәсләҳәтим бар.

— Қақа аға, айтыңыз?

— Биз дәрьяның арқасына өтип турмыз. Сен бизге қосыл, ийшалла малсыз-дүньясыз болмассаң. Жоғыңның орны бир майданда толып кетер.

Ҳарамнан нан жеп тиси шыққан Шәмен мына мәсләхәтқа қуўанып кетти. Излеп келгендеги баслы мақсетиниң бири усы еди.

— Сизиң қасыңызда жүрсем қор болмаспан. Мына баланы да көзиңизге илсеңиз?

Қақа алапышық пенен ойнап отырған Шылымбетке сын көзи менен қарап турды да:

— Мурт шығып киятыр екен, ал ақылдан қалай?— деп сорады.

— Тақсыр, барым усы. Қанатым да, қуйрығым да усы Шылымбетжан. Сизден рухсат болса тағы бир тилек тилеп келдим.

— Айта бериңиз

— Бизиң аўылдағы тойға келин болып түскен нәшар усы баланың қалыңлығы еди. Шалама-шекки келисим болып жүр еди. Сөйтип жүргенде қыз деген шайтан емеспе, сейистиң баласына тийемен деп айнып кетти.

Аўылда той барын хабарлаўға келгенде Шәмен усы тилегиниң ушлығын билдирип қойған еди. Қақа оны умытқан жоқ. Бир жағынан усы жағдай, екинши жағынан қолға түскен нәшардың өлер ҳәлетте жатқаны бул тилекти қыйынластырмады.

— Нашарды ертели-кеш саған берермен деп жүр едим. Ал ол нағыз тоң мойын, сол жағына беккем боларсаң.

— Сиз инәм еткен сауғаны ийгилигимизге жумсаймыз, Қақа аға.

Қақа кеўилленип күлгенде кеседеги шай шайпалып төгиле жазлады.

## 2

Бир бийтаныс қайықшыға жалынып дәрьяның қубласына өткен Үсен сейис пенен Еримбет қоныўға жер изледи. Күн батыўға шамаласты Дәрья бойының суўық самалы қойын-қолтықты жайлап шыдатпай барагыр.

— Неде болса анаў көринген түтинли морыға барайық — деди бираз дағдарысып турғаннан кейин Үсен сейис.

— Басқа үй болмаса қайтемиз, барайық

Сур ешекти ық-ықлап бул екеўи ыққа қарай жүрди де бир гөне жаптың рашынан айналып, жартыўлы из түспеген арба жолға гезлесги.

— Жалғыз үй не ислеп отыр екен? — деди айналадан егинниң изин көре алмаған Еримбет.

— Бир лийкини болмаса шүдигарда шортан не жесин дегендей, жалғыз үй отырыўының да бир парқы бар шығар.

— Балықшы болса, онда жолымыз болар еди.

— Ким биледи? — деп Үсен сейис жолдасының арқасына қолын салды — Жийеним, барған жеримиз кимсиз, қаяқтан киятырсыз деп сораса, аўылда келисип алған жуўапты ғана айтқайлы. Сен қулағы, тили жоқ гүнелек боласаң.

— Мақулы сол — деп Еримбет қолын көзиниң алдына услап сығалап алға қарады. — Тағы бир моры бар усайма?

— Көзи қурмағыр, ләкетлеў.

— Менин қолымның ушына қара, жийделиктиң арасынан морыдай бир нәрсе зорға көринип тур.

Үсен алға қарады.

— Көрдим, урының үйи емеспекен?

— Мәгар, анаў урыники болса, мынаў қарақшыники шығар.

Бир көрген адам бунық жай екенин де, дәрья жағасындағы қабир екенин де айыра алмаўы мүмкин.

Ешек жайға жақынлаған сайын қаттырақ жорғалады. Үйиўли жыңғыл томардың артынан бир қара күшик шәў-шәў етип жуўырып шықты.

— Жит ҳа, жит — деген даўысты еситип пәскелтек жайдың есигинен қурашы қазандай биреў көринди.

— Жол болсын — деди ол жақынлаў келип.

— Аўмийин, — деп Үсен сейис жаңағы адам менен қол алысып көрисип, қоныўға киятырғанын айтты.

— Қаяқтан киятырсыз?

— Саманбай деген елден киятырмыз.

— Бул жақта кимиңиз бар?

— Бул жақта пәленим бар дегендей белгили ҳеш кимимиз жоқ. Мен айна, тарақ, ийне, түте, қара бурыш сыяқлы саўда-сатлық ислеймен. Исмим Тәрнек деген. Мына бала жасырақ гезинде тил-көзден болдыма, билмеймен, жаңа шүлжиңлеп сөйлеп киятырғанда тилден де, қулақтан да қалды. Рети болса усы баламды тәўипке көрсетежақпан.

— Тәўип излеп жүрсизлерме? — деп үйдин ийеси қайталап сорады.

— Тамыр услайтуғын тәўип керек.

— Бир илажы болар — деп үй ийеси қонақларға иш-керилеўге мирәт етти.

Жолаўшыларға қонақ жай онша қолайлы болып шықпады. Еки бөлмеден ибарат жайдың төрги бөлмесинде алтын бардай үй ийеси ол жаққа қонақларды жақынлатқысы келмеди Қонақларға деген төсек пеш түбинде жатқан кемпирдиң қасына салынды. Көзлери қызарып, еки жағы қуўысқан арық кемпир бир тынбай жөтеледи. Жайдың сасық ийиси Еримбеттиң жүрегин айнытты.

Үй ийеси бир көргенге ебетейсиз бийшарадай көринген менен аўызы гөжедей қайнаған биреў болып шықты.

— Мен дәрья жағасына елдеги шешектен қорқып көшип келип едим, — деди ол узақ әңгиме баслап, — Қанша сақлансам да сол қара шешектен қутыла алмадым. Қазан айналасында жүрген мына ҳаял сол шешектен зорға қалды. Анаў жатқан анамыз да усы жерге келиўден аўырып, еле аяғына дурыслап мине алмай жүр. Қонағым излегениңди қудай алдыңнан берип, сизди бизиң үйге айдап келипти. Анамыз белгили тәўип.

Өлимсиреген кемпир тимискиленип дир-дир еткен қолларын Еримбетке созды.

— Қане, тамырыңды услап көрейин?

— Оған өзим түсиндирейин.

Үсен гүңелекке: „қолыңды бер, тамырыңды усласын" деп белги берди.

Гүңелек еки қолын бирден ербеңлетип жиберди.

Қолды услап мүлгип отырған кемпир көпке шекем ҳеш нәрсе айтпады. Бармақлары жылжып билекке шекем барып қайтты да, тағы бурынғы орнына келди.

— Баланызға перилер салқынын салған — деди зорға сөйлеген кемпир. — Бир ўақытта гөне тамның саясында уйықлаппа еди?

— Уйықласа уйықлаған шығар.

— Бир ўақытта аўқаттан ушыныппа еди?

— Ушынған шығар.

— Аўылыңызда таң алдында улыған ийт барма?

— Әне, ол жағын биле алмадым — деп Үсен сейис тийкары жоқ нәрселерди құрастырып отырған кемпирдиң мына сөзлерине күлип жибере жазлады. Илаж қанша шыдаў ҳәм болмаған мылжыңды тыңлаў керек. Кемпир өзиниң тәўипшилигин мойынлатыў ушын түрли нәрселерди жорый берди. — Балаң қашан тил менен қулақтан қалып еди?

— Онжети жылдай болса керек.

— Онжети жыллық жинди қуўып алаславў ушын кеминде бир қара қой садақа айтасыз, табылса үш гез пашшайы, табылмаса сонша шыт әкелесиз. Усылардың қасында жеги таўығы болса перилерди ҳай-пайына қаратпай қуўып шығаман.

Үйдиң ийеси кемпирдиң питпейтуғын саўдаға қол урғанын тез дүзетип жибергиси келип:

— Апа, қонақ адамлардан ол айтқаныңыз табылмас. Жолаўшылар екен.

Кемпир сөздиң не ҳаққында баратырғанын түсине қойды.

— Онда ҳәзир қолында барынан нобайырақ етип садақа берсин. Баланың емин кейин айтаман.

— Сөйт, апа, ақыры қолда жоқты айтқан менен пайдасы не?

Ғарры қалтасынан он дана хан теңге ҳәм гүмис тумар шығарып кемпирдиң алдына таслады. Қудайқулы буларды кемпирден бурын қағып алды.

— Жақсыдан шарапат, жаманнан касапат — деди ол хан теңгелерди санапатырып — мына гөнэ тамға дәрьяның аржағынан бир саўдагер көшип келди. Түсте бизиз үйден сипсе, темир жаба алып кетип еди, аллаҳы әкпар, қайтып әкелип бермеди. Бизге касапаты тийди. Сондайда оңбаған симсик адамлар болады екен.

„Излегеним алдымнан шықты“ — деп ишинен қуўанған жолаўшы ғарры сыр бермеди. Әлле ўақыттан кейин саўдагер деген сөзди анықлағысы келди.

— Саўдагер дейсизбе? — деп Тәрнек ғарры көшип келгенниң ким екенин билгиси келди.

— Аўылласлары үйин өртеп жиберген усәйды. Оны маған ҳаялы айтты. Бир шүлжиң баласы бар.

Қонақлардың ишлери ғым етти. Демек, елден қуўылған Шәмен саўдагер усы дәрья жағасына келген.

— Ашна, ийт жоқ шығар? — деп ғарры майданға шығыў ушын орнынан турды.

— Ҳәй, бир жаман күшик бар, үргени болмаса тислемейди.

Гереқ орнынан турып ғаррының изинше есикке бетледи.

Түн көзге түртсе көргисиз қараңғы. Жақын жерде ербейген ағашлар самалдың тербеўинде теңселип тур. Үсен Еримбеттиң қолынан услап көшип келген үйдиң жайына қарап жүрди.

— Сырттан барластырып көрейик? — деди ол сыбырлап.

Екеўи еп пенен аяқларын санап басып әйнегинен өлимсиреген жақты көринген жарбыйған жайдың күнбатар жағына өтти. Еки арқадай жангақтың панасына келип барлық дыққатын жай жаққа салды. Ғүбирлеп сөйлеген даўыс еситилгендей. Сөзлердиң не ҳаққында айтылып атырғанын билиў қыйын. Бир ҳаял даўысы баж етти.

— Бул қатын сонша кимниң еркеси? Мениң баламдай бай тапқанына шүкир етпесин, қане? Аяқ қолын арқасына қайырып байлап шертектиң бақанына байлайын, азанға шекем өзинен өзи ақылланады. Аўа, ақылланады...

— Аўзына шүберек тық — деп желикти бир ашшы даўыс. Шүлжиң биреў бир нәрселер айтып сөгинди.

Аздан кейин қараңлаған еки адам биреўди шертектиң астына сүйреп шықты. Тағы ашшы даўыс еситилди:

— Еки қолын қосып байла!

— Шөйтипатыйман.

Қараңлаған еки адам бираз гүйбеңлеп журди де ишке кирип кетти. Ишки есиктен ҳаялдың қарасы көринди:

— Сен қатын азанға шекем ойлан. Маған келин болмасаң, тап бар ғой, өлигиңди балықларға жегиземен. Еситтиңбе?

Қапы тарс етти.

Сол түни сорлы Гүлзар ойламаған жерде өз адамларына гезлести. Таң алдында душпан қақпанынан кутылған үш жолаўшы Әмиў дәрьяның Ақтерек жағысынан өтип өз аўылына аман есен қуўысты.

## 3

Гүлзар менен Үмиттиң бир үйдиң адамы екенин билген Қақа жас келин өз бийкешиниң алдында айтқанымызға көнбес деп ойлады. Усыдан кейин Непесқулы бийшара Үмитги алыс аўылға ўақытша алып кеткен еди. Атқа мингескен тутқын қыз да бул „қыдырыўдың" тегин емеслигин аңғарды. Басқа аўылда қонған күнлери оның кирпиги илинбеди. „Гүлзар сорлыға бир жаманлық ислейди аў" деп ойланды да жатты.

Усы ойлар менен оның басы мең-зең болып киятыр. Аўылға жақынлағанда олардың алдынан еки атлы жолды кесип өтти. Алдынғы атлының артына мингескен орамаллыны көргенде Үмиттиң басы айналып аттан қулап кетейин деди. Кетип баратырған орамаллыны Гүлзар шығар деген гүдик оның қайғысына қайғы, қорқынышына қорқыныш жамады.

Аттан түсиўден Үмит жүўырып барып мал қораға үңилди. Қара үйдиң тесигинен сығалады. Ретин таўып Қақаның бөлмесине де кирип шықты. Гүлзарды гезлестирмеди, Бир сумлықтың болғанын сезген Үмиттин жүреги бир қысым болды. Ү—үҳ дегенде ишинен отлы жалын атлықты. Усынша жат кесектиң ишинде ол енди жалғыз жетим болып қалды. „Маңлайымның соры бар екен, енди не қыламан? деп ол бойын суўық жайдың муздай төсегине таслады. Гүлзарды ойлап жылай-жылай көзлери исип кетти.

Усы жатыстан ол түстиң алдында турды. Қабағын арқасына салып аўылдың алдындағы майда жыңғыллы сайдағы тас қудыққа келди. Жер таңламастан отыра кетти. Еки қолы менен бетин басып:

— Маған Гүлзарды да көп көрдиңбе, қудай? Белим қатыл, бўуыным жаңа бекингенде, мени баспашылардың атының алдына салдың, сен қудай. Мени душпанның қүли менен шығарып, отыны менен киргиздин, сен қудай. Я сенде усы баспашылардын туқымынанбысаң? — деп Үмит егил-тегил жылады. Айнала усы жетимниң зарына ортақ болғандай, оны аяп турғандай.

Жылай-жылай қайғы теңизинде жалғыз атаўдай болып отырған Үмиттиң қасына қабақ арқалаған Айпара әлле қашанақ келген еди. Көзлери жастың тамшылары менен гүңгиртленип, басы айналған Үмит оны ҳә дегенде көрмеди.

— Жүрегим жанып баратыр—деп бақырып жибергенде Айпара дәрҳал отыра қалып Үмитти көкирегине басты.

— Гүлзардан айрылып қалдық ғой, қурдасжан—деп өкирип жиберди. Айпараның жүреги зир етти. Бул қайғыдан, бәлким қаратас қақ айрылар еди. Тек бийшара жүрек ғана төзе билди.

— Өлтирип тасламады мекен?

— Билмеймен, қурдасжан, билмеймен—Үмиттиң көз жаслары сел болып ақты—Мен бахты қараны бир аўылға алып кетти. Сөйтип Гүлзарды мен жоқта я өлтирген, я бир жаққа асырған.

— Жақсылап қарадың ба? Кеше қорада жатыр еди ғой...

— Ол жатқан жерде сабан шашылып атыр, Гүлзар болады аў деген жердиң бәрин қарадым. Ҳеш жерден таба алмадым.

— Қурдасжан, не ислесек екен?

Айпара өскин жыңғыллар тәрепке қарады.

— Өлтирген болса әўлийеге көмер, соннан хабар алайық.

Бул сөзди мақул көрип Үмит пенен Айпара дүт тоғай болып кеткен қойымшылыққа келди. Аралап жүрип жаңа қабир барма екен деп ҳәр жерге үңилди. Кеше я бүгин қойылған қабир көринбеди.

— Бир жаққа алып кеткен шығар. Сорлы Саятхан да хабарсыз жоқ болды.

Еки қурдас Гүлзарды излей берди. Жапырақлары түсип сыпсыйдам болған путалар еки муңлыға жол бергендей ыққа-өрге теңселди. Сөкли жантақлар, үпилдириги ушып кетейин деп турған ақбаслар, жырадағы ажырықлар артта қалып, еки қайғылы жан бир дүмпектиң басына минди. Аспанда түйдек-түйдек болып көшкен бултлар, жердеги кеўилсизлик— бәри усы еки ғариптиң қайғысына ортақ болғандай.

Үмит самалдың өрине қарап тикленип турды да ыңылдап қосық айта баслады.

Туўылған елимнен қыялай көштим.
Еңкейип жат жердиң суўларын иштим,
Пәлек айыра түсип, қапеске түстим,
Ҳәм елимнен, ҳәм журтымнан айрылдым.

Жүреги елжиреп кеткен Айпара қосыққа үн қосты.

Атымды сораса сорлы Айпара,
Ҳалың қандай болды анам бийшара?
Тилим-тилим жүрегимде мың жара,
Алтын босағалы елден айрылдым.

Үмит:

Анама айтып бар, қаўын қақласын,
Қақлаған қаўынын үш жыл сақласын,
Соған шекем меннен хабар болмаса,
Ғарийип анам перзентим деп жоқласын.

Айпара:

Орамалым жүк үстине қойыппан,
Жаўға түсип, жүзигимди жойыппан,
Мен бир ғарийип, азап ушын туўыппан,
Илажым жоқ өз елимнен айрылдым.

Үмит:

Аяғыма кийгенлерим саўырды,
Саўыр кийген аяқларым аўырды,
Таяқ жеген арқаларым жаўырды,
Аға-апа қаўендерден айрылдым.

Айпара:

Биймезгил ширенип қораз шақырды,
Көз ашсам алдымда залымлар турды,
Ат алдына салды биздей пақырды,
Қатар-қурдас, үкелерден айрылдым.

Үмит:

Тындымекен Шортанбайдың ағысы,
Көз алдымда Ақтеректиң жағысы,
Еситилгендей қызым деген даўысы,
Көзи жаслы жан анамнан айрылдым.

Бул еки қайғылы жанның ел-журтын сағынған қосығы узақ даўам етпеди. Олардың қасына бир бала келип тоқтады. Айпара, Үмит дәслеп оннан үриксе де баланың аянышлы ҳалын көрип панасыз жүрген бир ғарийип шығар деп ойлады. Баланың шашлары жөнсиз өсип кеткен. Үстиндеги кийимлери өрим-өрим.

Үмит баланың басынан сыйпады.

— Атың ким?

— Садық, Ҳәким дегенниң баласыман.

— Аўылың қайда?

— Аўылым дәрьяның арғы жағында, Шортанбай тоғайында.

— Баспашылар алып келдиме?

— Аўа.

— Бул жерде сеннен басқа тағы ким бар?

Садық „ким бар?" дегенде баспашылардың қуллығында жүргенлерди сорап турғанын түсинди.

— Мен, анам менен бирге қолға түсип едим. Тоғайда аўылдың қойларын бағатуғын едик.

Үмит ана деген сөзди еситкенде ол бизлерге ес болатуғын болды деп қуўанды.

— Анаң қайда?

— Буннан еки ҳәпте бурын өлди. Мен анамның қабирин көрейин деп келип едим, сизлердиң қосығыңызды еситтим.

Садықтың көзлерине жас дөңгелеп келип қалды. Буны көрген Үмит пенен Айпара өзлериндей жат жерде жүрген баланың бир айтажақ муңы барына түсине қойды. Екеўи баланың еки жағына отырды.

4

— Апажанларым, мен азап атлының бәрин көрдим— деп сөз баслаған Садық жүрегинде неше қабат болып букленип жатырған қайғының сағасын ашты. Баланың даўысы гә талып, гә қарлығып алыстағы Шортанбай тоғайын, онда қой бағып жүрген анасы екеўиниң қайғылы қара күнин көз алдына келтирди.

... Көкке қарай алыстан мылтықлар атылды. Шапқан атлардың күшли дүбирлиси еситилди.

„Балам қойларды тоғайда ирке турайық, — деди анам. — Баспашылар ел талап атырғанға усайды".

Шортанбайдын қалың тоғайына кирип баспашылардан неше мәртебе жасырынғанымыз бар. Бул сапары да солай иследик. Сонда да тимискиленип жүрген баспашылардың бир топары бизлерди излеп таўып алды. Қолларында мылтықлары бар үш атлы шаўып келди де, қойларды жолға қарап айдай берди. Анам менен бир шетте тур едим, баспашылардын биреўи бизлерди тырқыратып қуўып қойлардың кейнине салды. Сол қойларды айдап екинши күни түс қайтып баратырғанда дәрьяның берги жағына өттик. Сонынан аңлап қарасақ сонда шаўқым салып, аўылларды шаўып жүрген барыжоғы он атлы баспашы екен. Басшысы Қақа молла деген, ҳа анаў басында бой жүўеринин шиңгириги бар үлкен там соныки.

Бизиң аўылларды талағанда бәри бир адамдай болса да дәрьяның берги жағына өткен соң бул баспашылар өз-ара гегирдеклесип қырылып қала жазлады Даўжәнжел талап алған малларды бөлисиўдиң үстинен шықты. Биз баққан қырық қойды қалай бөлисип алғаны менен исим болмады, ал тоғыз қарамалды бөлисе алмай баспашылар бир-бирине алып топылды. Гегирдекке суў бүриккенниң әкесин мен сонда көрдим.

Дәрьяның жағасында жай бар. Сонда Қудайқулы деген биреў турады. Бул адам барып турған сықмар. бир қара пулға арын сататуғын қыйлы. Усы аўылдың баспашылары дәрьядан арман өткенде, берман өткенде керек болады деп соны сол кәраға көширип апарып қойыпты. Аржақтан шаршап қайтқан баспашылар сол жайда дем алады. Бар тапқан олжасын сол жерде бөлиседи. Қудайқулы қолға түскен малға, мүликке бир пай. Әне, сол сықмар бөлистирилген малға қайыл бол-

май өңкип шыға берди. Қақаның иниси Аннагелди деген қан ишер бар, сол тең бөлистириўге ҳәрекет етсе де, оның бийлиги Кудайқулыға мақул түспеди.

— Мени аўылдан шетке шығарып қойғанда алтыннан таў салып беремиз дейсиз, ал усындай мал-дүнья бөлистиргенде мени кем көресиз—деп өкпеледи ол.

Аннагелди менен жәнжеллесип қала жазлады. Анамның дизесине басымды сүйеп мен бир шетте қыйсайып жатырман. Турыўға ҳал-дәрманым жоқ. Шаўқымның изи шаўқымға уласып, баспашылар тоғыз қара малды бөлисе алмады.

Ерни салбыраған қотыр қара Непесқулы:

— Мал бөлистириў ел талағаннан да қыйын болды— деди ақыры көп шаўқымға шыдай алмай.

— Ҳәммеңиз өз көмешиңизге күл тартасыз—деп тағы Кудайқулы бурқ етти. Қақа орнынан ушып турды.

— Онда өзиң бөлистир!

Кудайкулы ҳаўлыққан жоқ.

— Бөлистирсек бөлисгиремизда.

Баспашылар усы жаманның қолынан не келеди деп бир шетке шығып қарап турды. Кудайқулы барлық қара малды өз көзи менен анықлап көрип шықты да үлкен өгизди Қақа молланың алдына жетеклеп келди.

— Өгиз сизге тийисли.

Кудайқулы оң жағында турған Непесқулыға еки буғаның бас жибин усластты.

— Мына пәтлирегин Аннагелдиге бер де, екиншисин өзиң ал!

Былайынша айтқанда бас саўғаны ағаң алды, екеўиң соның иниси болсаң, сизлерге усы ылайықлы деген сөз еди. Бөлистириўде сәл кемшилик болса ҳәррегендей гүў ете қояйын деп турған баспашылар ләм деп аўыз ашпады.

Кудайқулы ғоддаслап кетти.

— Қалған алгы саўын сыйырды алтаўың аласыз— деп қысқаша бийлик иследи де шаўқымды басты.

— Өзиңе не? —деп сорады Қақа.

— Қарсылық етпесеңлер, бир қара малдың орнына мына баланы анасы менен маған бериңлер?

— Ҳаў олардың саған не пайдасы бар, гөжеңе жаў болады ғой —деди Шаўдыр ақсақ.

— Малды ким бағады? —деди инисине бақырып сөйлеген Кудайқулы.

Мына сөзди еситкенде төбе шашларым тик турды. Аўылда жетим болып күн көриў ушын мал бақтым. Душпан қолында да мал бақсам маңлайымның бир қарыс соры бар екен деп анама қарадым. Анам пақырда не гәп бар.

— Қарағым, биздей ғарийиплердиң көз жасын көретуғын күн бар шығар, шыда!

Сол күни анам менен мени Қудайқулы усы Қаражыңғылдағы иниси Шаўдырдың үйине әкелип, мена алты түйениң изине салды. Түйени ҳәр күни азанди қорадан айдап шыққанда Шаўдыр сын көзи менен қарап турады да:

— Сениң өли яки тири екениңди билип турайық' түсте үйге келип нан алып кет — дейди.

Биринши күни түсте Шаўдырдың үйине келдим. Қолыма қатқан нан берди. Анам бийшара ошаққа от жағып жүр екен. Екеўимиз оңаша жерге шығып бир майдан жылап маўқымазды басқан болдық.

— Шырағым-шырағым — деўден басқа сөз таппаған анам; — Аңлы бола гөр. Мына залымға қарсыласып жүрме? — деди.

Анам мени, мен анамды ойлап, қайғырып усылай жазды өткердик.

Мениң ҳәм өзиниң басындағы азапларға шыдай алмай анам пақыр жақында өлди.

Қамығып, тамағына ыза тығылған Садық усылай өзиниң қайғылы күнлерин баянлағанда Үмит пенен Айпараның көзлеринен парлаған жас тыйылыў дегенди билмеди. Азып, тозып қорланыўдың ақырғы шегине жеткен жетим шопанның аянышлы ҳалына жанлары ашыды.

— Қарағым, бизлер де өзиңдей биреўдиң есигинде қор болып жүрмиз — деп Айпара өзлери ҳаққындағы дәртли хабарды балаға сөйлеп берди.

— Аш та болатуғын шығарсаң? — деп сорады Үмит күтә жүдеген Садықтың жүзинен көзин алмай. Баланың бетин сепкил басып кеткен еди.

— Усы залымның қолына түскели, тойып нан жемедим.

Үш жетим, буннан былай усы жерде ушырасып турыўға келисти.

Душпан қолына түсип кеткен келини Гүлзар амансаў қуўысқан менен Бағдагүл үйде паянлап отыра алмады. Делбедей орнынан турып кеткенин, үстинде жартыўлы кийими бары — жоғына қарамай ол дәрьяның жағасына келгенин сезбейтуғын еди. Тик жардан азаннан кешке шекем арғы жағаға қарайды да турады. Аяқ ушынан басып қасына Нурбийке келди.

— Тоңып қаласаң ғой, абысын?

— Тоңсам тоңайын. Үмитим душпан қолында жылап жүргенде мен қалай жер басып жүремен.

— Шүкир ет, — деп Нурбийке оның қатарына барып турды. — Гүлзардың келгенине ҳәмме қуўанып атырмыз. Илайым, қуўанышыңның басы болғай.

— Келинимниң келгенине төбем көкке жетип қалды. Камалжан төсекте еки көзи төрт болып жатқанда келиншегиниң қайтып қолымызға қуўысыўы бахыт ғой.

— Бендешилик деген усылай. Бир күни қуўанасаң. Тағы бир күни қыйналасаң. Саятхан менен Айпара кеткенде мен де жинли болып кете жаздадым. Жылай-жылай көзим ләкет болыўға аз қалды. Сабыр етсең мақсет-мурадыңа жетебересең.

— Жылайын деп жыламайман аў. Гүлзар Үмитжанымның аўҳалын айтып бергели күни-түни бийшара қызымды ойлайман. Өрели таңды кирпигим илинбей атыраман.

Нурбийке терең гүрсинди.

— Қайтесең? Ана байғустың жүрегиниң бир жапырағы перзент ғой. Ойлайсаң. Айпарам қайтып келер болса, бар тапқанымды тойға жумсасам, ертеңине өлип кетсем де әрманым жоқ.

Емизиўли ўақытында анасы өлип Айпара Нурбийкениң тәрбиясында болған еди. Айпараның әкеси екинши рет шаңырақ жаңалайман деп жүргенде жигирма үш жасында арбадан жығылып өлди.

— Қызың келди дегенди қулағым еситкейда.

Бағдагүлдиң көз алды тынып кетти.

— Сабыр етсек қызлар келип қалар.

Нурбийке усындай жубатыў сөзден басқа не айтсын? Бағдагүлге қосылып көзине жас алайын десе илекер болып қалған көзинен қорқады.

— Айпара азғана жеделли, бир нәрсени ислеймен

десе ислейди. Үмитжан болса әке-шешесиниң арқасында нәрестедей болып өсти. Қыйыншылық көрген жоқ еди.

Еки ҳаял үндемей тек өзинше бурқасынлап ағып атырған Әмиўдәрьяға, арғы жағадағы жекке ақталға қарап турды. Толқынлардың шуўылдысы, самалдың ызылдысы күшейе берди. Бағдагүлдиң еринлери әсте-әсте ҳәрекетке келди.

Кесеге қойыппан палдан пайынды,
Гүл менен төсейин жатқан жайыңды.
Есаплап жүриппен кеткен айыңды,
Аўылыңа саў келгейсең, шырағым.

Жат жерде жүрипсең, көзлеринде жас,
Ҳалыңды сорарлық адам табылмас,
Сен кеттиң, аспанда қарайды қуяш,
Аўылыңа тез келгейсең, шырағым.

Ол жаққа ушқан қус сәлем айтқайсаң,
Сәлем айтса бизге алып қайтқайсаң,
Бизлерди сағынса қонып қалғайсаң,
Көзлерим жолыңда тез кел, шырағым.

Сен кеткели тарамадым шашымды,
Селдей төктим көзден қанлы жасымды,
Шүйиншиге қойып жүрмен басымды,
Анам десең тезирек кел, шырағым.

Бурында отырыспаларда, ҳаяллар жыйналып шарық ийиргенде Бағдагүл қосық айтатуғын еди. Нурбийке оның ҳәзиргидей қосықты ырғағына қуп келтирип, тыңлағаннын жүрегин елжиретип айтқанын сирә көрмеген еди.

— Бизлердиң зарымызды қызлар еситеме екен? — деди қосықты айтып болып ишиниң ҳәўирин шығарған Бағдагүл.

— Тири жан ертели-кеш еситеди ғой — деп Нурбийке тысырлаған қамыс жаққа қарап еди, ийнинде қабағы бар муңлы қосықты тыңлап турған Айжанға көзи түсти.

— Ерке қыз бенен Сулыўды күнде түсимде көремен — деди ол төменге түсип кийатырып. — Ерке қыз-

дың баяғы шақалақлап күлиси, ал Сулыўдың әсте мыйық тартып қарағаны көз алдымнан кетпейди.

Мына сөз Бағдагүлдиң кеўил сарайына нур септи Ерке қыз деп Үмитти, Сулыў деп Айпараны атайтуғын Айжан ананың көзине дүньядағы ең ысық адам болып көринди.

Айжан қабағын дәрьяның ағын суўына басып алды да тез жағаға көтерилди.

— Шешейлер, сизлер бүйтип турсаңлар тоңып қаларсыз — деди ол қабағын арқасына дурыслап қойып атырып.

— Ҳе, писип турған асқа мирәтиң барма?

Нурбийке анда-санда жақсы көргенликтен оның менен усылай ойнайтуғын еди.

— Неге болмасын. Жүриң бизиң үйде ыссы шәўле бар.

— Кейнинен ақ набат пенен ашшы көк шай беретуғын шығарсаң?

— Еки бийкешимди түсимде көрген күни меннен не сорасаңларда табылады.

Үш ҳаял көп ақтеректиң арасында турған жайға қарап жүрди. Тап усы ўақта азанда ерте аң аўлаўға шығып кеткен Наўрызбай да атының қанжығасына қырғаўыл, қоян байлап булардың изинен жетти.

## 6

Өр жағында дәрья болғанлықтан ба, яки айналасын мыйдай дала қоршағанлықтан ба, Қаражынғылдың қысы қатаң суўық, ызғырғанда жети жүйеннен өткен самал тикленип қарағанның қасы-қабағына қалың қыраў болып жабысты. Аўылдан аўылға сапар шеккен жолаўшының муртына муздан моншақ тақты.

Усындай қатаң суўықта Шаўдыр ақсақ Хожакөл жақта жоқ болып кеткен қайнатасы Аразға садақа берди.

Қақа өзи отырған жайға ҳаял-бала шағаны жақынлатпады. Ортада сазақтың шоғы ғыжлаған жыллы жайда асықпай шай ишти. Қасында қайда барса күшиктей изине ерип жүретуғын Аннагелди. Дәрья жағасындағы жалғыз үйдиң ийеси Қудайқулы да усы садақаға келген еди.

— Сол өли жуўғышты шақыр! — деди молла Қақа тирйек жеп бираз кеўилленип алғаннан кейин.

Атам заманнан қалған қара қурашын басып кийген Қудайқулы шоқайын жамбасынан басып жетип келди. Салқын сәлемлесип төсекке отырды.

— Шақырған екенсиз, молла аға?

Қақа сүзетуғын өгиздей көз астынан қарап:

— Шақырып едим — деди. — Сен Араздың жаман хабарын кимнен еситтиң?

Қудайқулы бирдейги әдети бойынша төмен қарап жер шуқылады.

— Қасыма көшип келген Шәмен саўдагер жақында Шылпық жаққа барып қайтты Ол сол жердеги адамлардан бир қызды дәрьядан өтиремен деп жүргенде бизиң ағайинлердиң биреўин орыс урып өлтирипти дегенди таўып келди. Өлген адамның дәрьядан өтпекши болған жерин анықлағанымызда сол Аразға усайды.

Қақа айтылған сөзлерди өлшеп-пишип ойланып отырды. Қудайқулы сөзим исенимли болсын деген ой менен усы жерде саўдагердиң барын мәлимлегиси келди.

— Шәмен де усында.

Қақаның сопақ басы селтең етти.

— Неге ертип келе бермедиң?

— Молла аға, сизиң үстиңизге ким көрингенди алып келиўге тартындым.

— Қаңғы басты берман шақыр!

Сүўмеңлеген тазыдай жан-жағына жалтаңлаған Шәмен кирип келди де алды менен төрдеги молла менен, соңынан Аннагелди менен қол алысты

— Бизиң Араз дегенимиз бийдәрек жоқ болып кетип еди. Соның хабарын сен азлап биледи дегенди еситтик, распа?

— Рас — деди Шәмен, — Маған қыз бенен Араз айқасқан қамыслықты көрсеткен адамлар бар. Қызды қайыққа сүйреп киятырғанда оларға қамыстың арасынан бир орыс тап болған. Сол орыс пенен қыз екеўи Араздьы өлтирген деседи.

— Дурыс шығар — деди Қақа ҳәм буўрыл шоқ сақалын қысымлады. — Усы ўақытқа шекем Араз адасып жүрмейди ғой.

Шаўдыр ақсақ қайнаған қазандай бурқ етти:

— Мен қайнатамның төгилген қанын дереклесемен. Дәрьяның арғы жағында ким маған биринши ушырасса, сорап турмайман, суўға ылақтыраман!

— Жигитим, сәл сабыр ет — деди Қақа ҳәм шайдан бир-еки уртлады. — Хийўада еситкен хабарыма қарағанда болжаўдик дейме, большайбек дейме, биреўлер шыққан усайды. Төрткүлден тап Аралға шекемги аралықты олар өзимиздики деп атырса керек.

Аннагелди:

— Хийўаны базарлап қайттың ба? — деп сорады.

— Хийўадан кеше келдим. Ҳәмме Ақпатша тәрепдарлары қулапты деседи.

— Астапыралла — деди Шәмен жағасына түкирип — оны қалай қулатты екен?

Аннагелди де өзи еситип жүрген әңгимени ортаға салды.

— Төрткүлде кәмбағаллар ҳүкимет дүзипти деген хабар бар.

Қақаның енсеси түсип кетти.

— Бундай гәпгиң не кереги бар? Айтқанларыңыз түс болғай!

Ҳийлекер Қақа адамлардың сезимин оятып, қыялын айнытқан хабарды көпшиликке таратқысы келмеди.

— Шәмеке, баяғы биз саўға еткен келин ошақ басына үйлесип кеттиме?

— Ҳәй, ол келини курысын.

— Ҳе, — е?

Келиннен берекет таппайтуғынын билип берип жиберген өзи. Енди жәдигөйсип отыр.

— Сол күни түнде жин алып кеттиме, я дәрья жағасында болғаны ушын суўпериси басын айналдырдыма, сол жүзи қара азанда орнында болмай шықты.

Барлық сөзди ишине түйип сүмирейип отырған Кудайқулы гүңк етти.

— Бизиң үйге сол күни дәрьяның арғы жағынан келген еки жолаўшы қонып еди, келининди шамасы солар урлаған.

Шәмен гә Қақаға, гә Қудайқулыға жалтақлады. Сөйтти де ҳешкимниң жүзинде ренжиў белгиси жоқлығын көрип:

— Келинди урлаған Үсен сейис деген. Маған келген қонақтың түри-түсин мына Қудайқулы баянлап еди, тап сол екен.

Қудайқулы тағы гүңк етти.

— Ол сейисти мен Саманбайда көргенге усатып едим. Исмим Тәрнек деп мени алдап кетти.

— Еле ол ғарры менен ушырасамыз — деди Қақа. Ҳәмме оның сөзиниң даўамын күтти. — Большойлардың келгени рас шығар. Барлық жерди орыс алады деген ғалаўыт бар. Биз аўылда қарап жата бермейик. Дәрья қатпай турып арғы жаққа шығып қайтыўымыз керек. Малға мал, дүньяға дүнья қоспасақ, бала-шағаға напақа таўып бериў қыйын болады. — Қақа Шәменге қарап мойын созды. — Ашна, сен де биз бенен жүр. Үйиңди өртегенлер, келиниңди урлағанлар бар, әне солардан өш аламыз.

Шәмен өзине қарап айтылған мына сөзге мардыйып кетти.

— Муштың жуўаны енди керек десеңиздеǃ

— Ҳә бәрекелла — деп Қақа саўдагердиң сөзин хошлап қойды.

Сөздиң кейнин аңлып отырған Қудайқулы:

— Молла аға, дәрьяның арғы жағына мен де шығып қайтайын? — деп өтинди. Қақа Қудайқулының бундай шешимге келгенине ҳайран қалды.

— Атларымыз, өзлеримиз шаршап келгенде бизге ким хызмет ислейди?

— Орныма Таганды қалдыраман.

— Ҳаў, сениң көзиң ләкетлеў емеспе? Мылтық ата аласаң ба?

Қудайқулы бир нәрсениң изине түссе мыжыңлап сөзди езе беретуғын еди.

— Мылтық атпасам, қылыш сермермен. Ақыры...

— Сөзиңди ақлаǃ

— Ақыр үйдеги ҳаял бир күн аўырыў, бир күн саў ...

Қақа үндемей отырды да:

— Өзиң бил — деди — Айтпады деме, жесир алыў, оны атқа миндириў ҳәммениң қолынан келе бермейди.

Қудайқулы ырғып түсти.

— Не, мен еки қатын алыўға ылайықлы емеспен бе?

Аннагелди қызып кеткен сықмардың пешинен тартты.

— Ҳәй бийәдеп, уялмайсан ба?

Қудайқулы усы отырғанлардың ишинде тек Қақадан азлап қаймығады.

— Молла аға, аўыр айтсам кешир?

Буннан кейин садақаның дәслепки үш табағы Қақа молла отырған үйге тартылды.

* * *

Ат суўғарыўды сылтаў етип Шәмен майданға шыққанда ол еки тамның қуўысында кели түйип турған Айпараны көрип қалды. Оның ҳәзирги мақсети оңашасын таўып Айпараны қозғастырып көриў еди. Айнығандай рети болса Шылымбет екеўин көз көрмейтуғын, қулақ еситпейтуғын жаққа ысырыў.

— Айпара, еле бул жақтамысаң? — деди ол жәдигөйленип.

Айпара үндемеди.

— Мен аўылдан келдим, сәлемлеме айтты.

— Кимге? Маған ба?

— Саған да, Үмитке де.

— Гүлзарға ше?

Айпара Гүлзардан бул саўдагер бир хабар билерме екен деп сынап сорады.

— Гүлзар деген анаў келин бе?

— Аўа.

— Ол аўылға барды.

Айпара лал адамдай қалшыйып қалды. Шәмен оған қарап аяңлады.

— Жақында мен Шылымбетжан менен келип бар дүньямызды Қақа моллаға берип Гүлзарды аўылға апарып бердик. Үсен менен Бағдагүлди бир қуўанттым.

— Рас болса, саўап ис ислепсең — деди исенерин де, исенбесинде билмеген Айпара.

— Көп сөйлесип турыўға ўақтым жоқ. Биреў көрип қалар, мақул десең саған да жақсылық ислейин.

— Жақсылық еткенде мени аўылға апарасаң ба?

— Ол жағын көре берермиз. Қасыңа Шылымбетжанды жиберейин. Маған қай жерде күтип туратуғыныңды айтсаң болғаны.

Айпара толқыған ойлар қушағында жел қайықтай теңселди.

— Үмитти қайтемиз?

Саўдагер ярым даўыс пенен сыбырлады.

— Екеўиңди бир күнде қутқара алмаймыз. Дәслеп сени аўылға аман-есен жеткерейин.

Қанша майдалап шийрин сөйлескен менен саўдагердиң сөзи Айпараның тынық ақылын ылайта алмады.

— Сиз аўылдан келсеңиз хат-пат әкелмедиңиз бе? Үмит те, менде еплеп хат таныймыз ғой.

Саўдагер қақпанға түсе жазлады. Сораўға сай жуўап табаалмай суқ бармағын тиследи.

— Хат берип жибериўди ескермеген шығар.

Айпара тийкарсыз гүдикленип турған жоқ. Саўдагердиң мына жуўабы Айпараны өзинен үркитип жиберди.

— Онда аўылдан хат-хабар әкелиңиз, соған шекем мен таярланып турарман.

Айпара келидеги бийдайды кепшикке салып алды да өз жөнине кетти. Саўдагер сол орында зинкийип қала берди.

## 7

Қаражыңғыл қарақшылардың уясы аталды. Күнитүни дин ислам деп жағы талған Қақа молладан баслап Шаўдыр ақсаққа шекем баспашылықты кәр қылған буларға сырттағы аўыллардың адамлары жеркенип қарады.

Деген менен усы жерде сап ҳүжданлы адамлар да бар еди. Солардың бири Хангелди. Мөмин Хангелди көз ашқалы дийханшылықтан нан жеди. Ҳадал жасап, ҳақ сөйледи.

Бир күни ол таң атар-атпаста Қақа молланың үйине сүзип кирди.

Таң намазын оқып бола келген Қақа молла шағын жай намазын жүктиң үстине ылақтырып таслады да:

— Хангелди төрге өрле — деп сүйеп салды мирәт етти. Молланың бул ярым ықлас мирәти жарлы адамды онша писент тутпағанының салдары еди.

Хангелди өзин жоқары услаўға ҳәрекет ететуғын молланың бул жағына онша итибар бермеди.

— Мен жумыс пенен келдим — деди ол төсектиң шетине отыра берип.

Қақа молла сол кеўилсиз сөйлеўин даўам етти.

— Қыстаўлы көринесең?

— Аўа, қыстаўлыман.

— Олай болса сөйле!

Хангелди тайсалақлаўды билмеди.

— Мен қарындасым Наржанды үйиме алып кетежақпан.

Куйеўи өлгели Наржан усы молла қайнисиниң үйинде еди. Өлген ағасы менен отыз жылдай өтлас болған қарындасын Хангелди алып кетеди деген ой молланың түсине де кирмеген еди.

— Наржанды алып кетемен дейсең бе?

— Аўа, қарындасымды алып кетпекшимен.

Молла иркилип қалды.

— Ҳе-е маған өкпең барма?

— Өкпем сол — деди сөзди майдаламай сөйлеген Хангелди — биз ҳадалдан нан жеп үйренген адамбыз. Солай екен, мен қарындасымды бул үйде қалдыра алмайман.

Қаҡаның түри суўып қоя берди.

— Сениңше бизиң үйимиздегилер ҳадалдан нан жемейтуғынлар болып шықты ғой, солайма?

— Солай.

— Бундай айып тағар екенсең себебин ашып айт!

Қаҡаның еринлери жыбырлап кетти.

Хангелди бетлесиўге келген адамының ҳәлсиз екенин, ҳәтте рети келсе тайсалақлап кететуғынын сезди. Өйткени молланың қолы орасан кир еди.

— Өзиңиз бир аўылдың молласысыз, елге насыйҳат бересиз. Сонда мен қойған айыптың парқына ақылыңыз жетпейме?

Молла ашыўланды.

— Хангелди азан менен не жыр таўып отырсаң?

— Сен мениң сөзимди жыр дейсең бе, дәстан дейсең бе, оған мениң басым аўырмайды. Ал, қарындасымды сениң үйиңде ҳарам нан жегизип қоймайман.

Урының арты қуўыс дегендей молла Хангелдиниң айыплаўының төркинин түсинип отыр. Сол ушын жәнжелди геўлестире бермеди.

— Хангелди — деди ол қолы менен мәсисиниң қонышын сыйпап — Наржанның сениң менен туўысқан екенин ҳәмме биледи. Оның отыз жыл бизиң ағамыз бенен отлас болғаны да журтқа мәлим. Сен Наржанды үйиңе алып кетсең маған нуқсан келмейме? Жалғыз жеңгесин баға алмай үйинен қуўыпты деген насаққа қалмайман ба?

— Дурыс, мына сөзиңниң жаны бар. Ал, бир пақырларды жылатып мал-мүлкин талап мениң қарындасымды нанлы еткениңе мен көнбеймен.

Қаҡа сөзден қайта-қайта жеңилсе де, өзиниң ҳәлсизлигин билдирмеўге урынды.

— Заманның өзи усылай болып баратыр — деди ол, — мен тыныш отырған менен басқалар жөнине жүре-

Хангелди мына жуўҳалыққа әдил сөз айтпай қала алмады.

— Дин-исламды түсиндиргенде сен, журтты қатыққтай уйытасаң. Пухараңы изиңе ерткендей тил өнериң де бар, сонда, неге ел талаў айып деп айта алмайсаң?

— Заманның түрин айттым ғой. Адамлар азып баратыр. Кимди көрсең араны ашылып жутаман, жеймен деп тур. Сонда қалай бул журтқа тәк дейсең?

Хангелди из таслап отырған Қақаның бетине тигилип қарап еди, қолы қанға батып көкиреги айныған залым мойнын жоқары көтере алмады.

— Молла, сениң ата тегиңде бир шийкилик бар, болмаса сонша ант урғанларға басшы болып ел талайсаң ба? Сен намаз оқыйсан, ел-журт абадан болғай деп қол жайып тилек тилейсең. Сөйтип өзиң бурыс жолдан жүресең. Неге ақты қараға, ҳадалды мәкриўге араластырасаң? Бузылған заман емес, тап сизлер.

Молланың көзлеринен қаҳәр ушқынлары шашырады.

— Қумырысқа ҳалыңды бил,— ғарип жолыңды бил— деген нақылды еситтиң бе, Хангелди?

Шымшып сөйлеген мына сөзге Хангелди:

— Еситип едим. Сонда не дейжақсаң? — деди.

— Өз жолың бар, өз шаңырағың бар. — Аз ғана иркилип Қақа сөзди тереңлетип жиберди. — Өз ақылың да бар шығар. Аўлақ жүргениң жөн болады.

Хангелди бул абайдан сескенбеди.

— Аўлақ жүргенди мақул көрип, қарындасымды үйиме алып кетпекшимен. Өз мийнети менен, өз маңлай тери менен туўры жасап киятырған мениң тұқымым сендейден былай жүргени жөн.

Қақа менен Хангелдиниң шекинисиўиниң үстине балдақты тықылдатып Шаўдыр кирип келди.

—Жасүлкенлер кеўилсиз отырсыз ғой — деди ол сәлемлескендей болып.

Қақа да, Хангелди де үндемеди. Шаўдыр оларға ақыл айтыўға киристи.

— Бизлер излериңизди басып киятырған инилериңиз. Сизлерден үлги-өрнек алғанды жақсы көремиз.

Хангелди Шаўдырға аныңлап бир қарады.

— Өрнек керек болса алып жүрсең ғой — деди ҳәм балдақты қолына алып салмақлап турды да ошақ жаққа ылақтырды.

Аңламай сөйлеп таяқ жеген Шаўдыр ләм деп аўыз ашпаўға шәрт етти. Ҳангелди тағы тик сөйледи.

— Мине, мынаў бир аяқта ҳәккедей шоқаңлап жүр. Араз ел талайман деп жүрип дүзде көмиўсиз қалды. Алдыңызда еле қандай апаттың күтип турғанын қайдан билесиз? Сонша адамның қарғысы жерде қала бермейтуғын шығар.

Ханғелдиниң бул сөзлери сап ҳүжданнан шыққан ҳүким еди. Қақа молла қанша түлки болса да ҳақыйқатлықтың алдында қуйрық былғай алмай, айтылған сөзлерди толық тыңлаўға мәжбүр болды.

Наржан ағасының ерте келгенинен хабардар. Молланың қасында оның узақ отырыўына қарап „бир жумысы бар шығар“ деп ойлады ҳәм сыйыр сауыўға кетти.

Қақа еки аўыз сөз айтты.

— Өкпелеўиң орынлы — деди ол Хангелдиге—Наржанды алып кетсең бизге ол өлимнен аўыр. Оннан кейин биз телпек кийип, жер басып жүре алмаймыз. Ел талап жүрген мениң бир өзим емес, усылай ислеўди аллатағаламыз бендесине муўапық көрген шығар. Жаратқаннан бийрухсат шөптиң басы қыймылдамайды. Соны биле тура маған өкпелегенине азлап ренжиймен. Болмаса, сениң кеўилиңди қабартайын деген менде нийет жоқ.

— Жақсы — деди Хангелди — мен көнип киятырған адамман, тағы көнейин. Қарындасыма буннан былай ҳадал нан жегизсең болғаны.

Хангелди адамлардың зейнине тийип көрмеген жан еди. Соңлықтан қарындасын үйине алып кетемен деп қатты ашыўға минип келсе де, бир сапарға жуўасыўды мақул билди.

## 8

Арадан төрт күн өткенше Қақа молла лебизин ядта сақлап жүрди де, бесинши куни кеште бирден бузылысты. Әўели Аннагелдини, кейнинен Непесқулыны өзине шақырып алып, дәрьяның арғы жағына атланамыз деди. Атлардың жеми таярланып, мылтықлар тазаланды. Қатарларға оқлар дизилди. Жалаңласқан баспашылар бир майданда атларына ер салды.

Түн жарпы шамаласып қалып еди. Наржан төсектен

басын көтерип қараңғыда қармаланып кийимлерин излей баслады. Соның арасында „жигитлер, қулақ салың" деген Қақаның даўысы шаңқ етти. Бул атланыў алдында оның пәтия етиўге таярланыўы еди. Наржан асығыи жуўырып киятырғанда Қақа еки қолын аспанға жайып үлгерген еди:

— Аўмийин де, Смамуг бабаның өзи жылаўымызда болғай! Аман барып, олжалы қайтқаймыз, аўмийин!"

Пәтия тамам болғанда Наржан Қақа минген аттың қапталына келип тоқтады.

— Молла, бундай сапарды қойдым деген едиңиз?

Қақа еситпеген адамдай кете берди. Наржан қаттырақ жүрип тағы қатарласты.

— Ағамды алдасаң, мени алдағаның.

Наржанның қаттырақ сөйлегенин еситип Аннагелди атын еки-үш рет тепсинди.

— Неге жолды кес-кеслейсең?

Наржан Аннагелдиниң сөзине дыққат аўдармай Қақаға:

— Молла бала, егер лебизиңди аяққа бассаң, маған бир жуўабыңды айт?

Қақа атының басын тартпады.

— Сонда ағаңның үйине кетежақсаң ба?

— Кетежақпан. Сен тағы ел талайжақсан...

— Ол ҳаяллардың жумысы емес. Ат үстинде алдына мылтық өңгериў ата-бабаларымыздан киятырған жол!

Наржан алда кыятырған аттың жүўенин услады.

— Ел үстине ат ойнатып барыў, қылыш көтериў, бул нәмәрглердиң жолы. Кейин қайт, болмаса аналық шашымды алдыңа жаяман.

Аннагелди қамшы силтеп атын алға айдады ҳәм ойнақшыған аттың епкини Наржанды жағдайсыз қағып кетти. Наржан сүрине-қабына жерге жығылды. Турыўға шамасы келмей еки жолдың дәрбентинде даўысы жеткенинше кетип баратырған баспашылардың изинен бақырды.

— Биреўлерди зар жылатып жеген наныңыз зәҳәриңиз болғай! Жолыңыз болмағай!

Соның арасынша тапырақлап шабысқан атлар әдеўир жерге кетип қалды. Ызалы Наржан орнынан турды да ағасы Хангелдиниң үйине қарап адымлады.

Биймезгил әйнек қаққан қарындасының неге қапа

облып келгенин түсинген Хангелди ҳеш нәрсе демеди, шыраны жағыўға асықты.

— Үйге келгениң бәрекелла болды—деди Хангелди —Сол залымларға қайтып үрим-путағым жақынламағай.

Хангелдиниң ҳаялы Биййбижан да күйеўиндей биймәлел жуўас адам еди. Наржанды ағасынан бетер қадирлеп жумсақ төсекке шығарды.

— Тез от жағып жиберейин, тоңып қалыпсаң—деп жалбырақлады.

Наржан жайласып отырғаннан кейин истиң мән жайын баянлады.

— Мени сизге хабар етип жүрер деп молланың түн жарпында кетиўине қара? Сумлығы басын жегир молла, мени мат етпекши болды.

Хангелди қарындасының өзиндей ҳадал, әдил сөзли болғанына ишинен шексиз сүйсинди.

* * *

Айтқандай-ақ бул сапардан баспашылар сәгли болып оралмады. Тек бир боталы түйе айдап келди. Онлаған баспашыға бул не болсын? Ақырында баспашылар ботаны сойып, гөшин бөлисип алды да түйени Непесқулының қорасына қамап қойды. Бир ҳәпте өтти. Непесқулы түйени өз малындай қорасындағы түйелери менен қосып өриске айдап жиберди. Бир күни түйени базарға сатадымыш деген сөз таралды. Ағасы Қудайқулының жел бериўине қутырған Шаўдыр балдағын тықылдатып Непесқулыға келди. Ақсақ аяғы менен қораның ергенегин теўип жиберди.

Непесқулы алаңлап үйинен жуўырып шықты.

— Бул не?—деп сорады ол Шаўдырдан.

— Бул сол—деди де Шаўдыр шөгип атырған түйени орнынан турғызды.

Непесқулы ҳәкиреңлеп оған жақын келди.

— Биреўдиң қорасында нең бар?

Ешейинде даўды сатып алатуғын Шаўдыр:

— Көпшиликтиң түйесинде сениң қандай ҳақың бар? —деп тилин тартқысы келмеди. —Тағы базарға апарып сатажақсаңба?

— Сатқанда не? Сатып ақшасын бөлисемиз.

— Непесқулы, сен адамларды бала дейсең бе? Усы күнлери ақшаның қуны бар ма?

— Ақша болмаса бийдайға аўмастырамыз.

— Оннанша көпшиликтиң малын гегирдегимнен өткермекши болдым де!

Непесқулы биротала түтеп кетти. Ыза қысып жутқыншағы арман-берман барып келди. Сонда да ол Шаўдыр түйени қорадан жетеклеп шыққанша аўыз ашпады.

— Қайда?

Жуўап күтип турмастан Непесқулы түйени атты. Басына оқ тийген жаныўар жерге гүрс етип қулады. Аяқлары серреңлеп кетти.

## 9

Ешекли жолаўшы қысқы даладан көз қызыққандай жартыўлы ҳеш нәрсе гезлестире алмады. Ат шаптырым жерде дийўаллары қулаған гөне там көринди. Берманырақта бир ўақта шопанлар таслап кеткен қослардың сүлдерлери тур. Жолаўшы көп жүрмей күншығарға бурылды ҳәм бағанағыдан берли шеп қапталынан жарқыраған қуяш енди оның маңлай алдына өтти. Жым-жырт дала бираз жанланғандай. Дала тақырлары мисли бир теңиз айдынындай алыстан сағымланып көз тартты. Сол теңиз әлле қаяқларға созылып сурғылт аспан менен ушласып атқандай. Дирилдеген сағым сол теңиздиң жуқа шымылдығындай қубылып ойнады. Дала қарабарақлары сол теңиз жағасында ырғалып турған тереклерге усады.

Үсен сейис даланың бундай сыйқырлы өзгерислериниң әлле нешесин көрген адам. Жумбақлы бул көринислер оның ойын өзине аўдара алмады. Ҳәзир жолаўшының барлық қыял-ойы булдырап көринген талтерекли аўылда болып киятыр.

Дала алақанында белгили бир жол гезлеспеди. Маллардың излери түскен соқпақлар әдеўир жерге шекем барады да, жантақтың арасына кирип кем-кем жоқ болып кетеди. Айналада қой-ешкилердиң, қоянлардың қумалақлары шашылып жатыр. Жантақлық қалыңлаған сайын түйениң қумалақлары да ушырай баслады.

Бир мәҳәли жолаўшының ешеги қулақларын тикирәйтип гилт тоқтады. Үсен сейис алға қарап еди, сөкли жантақ түбинде қарайып жатқан бир нәрсени көр-

ди. Жатқан нәрсе қозғалып бир қапталдан екинши қапталға аўнады. Жолаўшы ешегин тепсинип жантаққа дым жақын барды.

— Ҳәй, кимсең?

Үсен сейистиң уяңлаў даўысына жатқан бала оянбады. Геўдесин кернеп бир дем алды да уйықлаўын даўам етти. „Түри-түсине қарағанда бизиң жақтың адамы ғой" — деп Үсен сейис оны әсте қамшысының ушы менен түртти.

— Ҳәй бала!

Жатқан бала шоршып оянды.

— Ағажан урма, уйықлағанымды билмей қалыппан — деп жалынған бала жантақты паналағаны, алдында таныс емес адамның турғанын көрди.

— Қорықпа балам, мен жолаўшыман.

Үсен ешегинен түсип баланың қасына келди.

— Ата, дәрьяның арғы жағынан емессизбе?

— Сол жақтанман.

Басқа сөз сораған жоқ, бала жолаўшының мойнына асылды ҳәм ботадай бозлады.

— Мен қор болып жүрмен, атажан, қор болып жүрмен, — деп бала муңын-зарын шақты. — Атажан мени елге алып кет! Дәрьяның аржағына алып кет!

Баланың егил-тегил болып жылағанына Үсен сейистиң кеўили бузылып қоя берди.

— Жылама балам, жылама!

— Атажан, мениң басымдағы азап-ақыретти адам баласы көрмегей. Мынаў аяқларымның түри. Қуры сүлдерим жүр.

Үсен сейис бозлап жылаған баланы жубатып көз жасларын сүртти.

— Атың ким, балам?

— Садық.

— Әке—шешең барма?

— Әкем өлди.

— Әкенниң аты ким?

— Ҳәким шелекши.

Үсен сейис бул адамды азлап таныйтуғын еди.

— Шортанбайдың жағасында устаханасы бар еди ҳа?

— Сол.

— Ҳаў, қарағым-аў, өз баламыз екенсең берман кел!

Үсен сейис баланы баўырына басып, маңлайынан

сыйпады. Усы ўақытта оның көз алдына узын бойлы, жуқа жүзли қой көзли шелекшиниң таныс тулғасы келди.

— Әкең пақырдың намазына барып едим. Бул күнлери анаң қайда?

Садық анасының қалай қолға түскенин, қалай әрманлы өлип кеткенин қысқаша сөйлеп берди.

— Жан ата, мени елге алып кет! Болмаса бир күни дүзде өлип қаларман.

— Сабыр ет, Садықжан, кемликтиң-де кәмалы бар. Жетим қозы маңырай-маңырай суў ишер, жетим бала жылай-жылай күн кешер деген емес пе? Азғана сабыр ет, балам?

— Ата мен, сизден қалсам елди көре алмайман. Мени бул залымлар урып өлтиреди.

Садық Үсен сейистиң пешинен беккем услап алды.

— Садықжан, ашшы-душшыны көрип жүрсең, сөзге түсинетуғын региң бар. Мен бир жумыс пенен жүриппен. Қолыңнан келгенше маған жәрдемлес.

— Айта бер, ата?

— Айтсам былай: усы Қаражыңғылға мениң еки қызым түсип кетти, солардан не дерек билесең?

— Ким дегенлер?

— Үмит, Айпара деген нашарлар.

— Жан ата, солар болмағанда мен әлле қашан топыраққа араласып кететуғын едим. Күнде жасырып нан әкелип берип, сол екеўи мени бул күнлерге жеткерди.

— Қане, солардың ҳал-жағдайын сөйлеп бер. Аман жүрме, әйтеўир?

Садық өзине ғамхорлық еткен бул жолаўшыны ең болмаса жақсы хабар менен жубататуғынына қуўанды.

— Үмит, ҳа анаў көринген жайда турады. Айпара арғы тереклердиң түбиндеги жайда. Үмит, Айпара үшеўмиз күнде ушырасып турамыз. Бир биримизге мунызарымызды шағып, қапашылығымызды тарқатамыз. Олар да аўыл-елди күтә сағынды. Гейде үшеўмиз аўылдағы дархан күнлерди ядқа алып жылап-жылап аламыз. Ал, Гулзар деген жеңгемиз бар еди, сол биреўлердиң айтыўына қарағанда өз аўылына қашып барыпты дегенди еситтик.

Үсен сейис:

— Гүлзар аўылда — деди. — Айта бер, балам?

Садық еки ғарийип пенен апасы жөнинде бар билгенин қалдырмай айтып берди.

— Садықжан, Үмит пенен Айпараға сәлем айт. Неге бизлерди келип көрмеди десе, жумыстың түри сондай екен, душпанның көзине түсе бериўге болмайды екен дерсең. Сен, енди маған баспашылар жөнинде билгениңди айт.

— Баспашының бәри бирдей баспашы емес пе?—деп Садық сөзин даўам етти. — Бул жердеги баспашылардың басшысы Қақа деген. Өзи молласымақ. Соның айтқаны айтқан, дегени деген. Изине еретуғын он атлысы бар. Жақында дәрьяның арғы жағына барып қайтқалы олардың өз-ара келиспеўшилиги бар. Қақаның иниси Непесқулы менен Шаўдыр деген ақсақ қырылысып қала жазлады. Усы аўылда Қақаға тиси пәкидей тағы бир адам бар. Өзи жарлы, кәмбағал, исми Хангелди. Ҳадал турып, ҳадал жасайды. Сол Хангелди Қақа моллаға ел талайсаң, жеген наның ҳарам депти. Бул жақтың хабары усындай.

Үсен сейис бул хабарды көкирегине түйип алды.

— Баспашылардың мылтық-жарақтан неси бар? Ҳаллары қалай?

— Жети бесатар бар деп еситемен. Қалғаны қара мылтық деседи. Ат жағы буларда жаман емес. Гилең жулдызға қарап секирген бедеўлер усыларда.

Садық қолынан келгенше билгениниң бәрин Үсен сейиске хабарлады.

— Аўылдың арқа түбинде терең көл бар. Айналасы қалың қамыс. Әне, сол жақтан булардың тап иргесине келиўге болады.

— Ийт көппе?

— Ийти жоқ үй—анаў көринген жалғыз жай, ортарақтағы пәскелтек тамда ҳәм берги шеттеги үйде күшик бар. Сизлер келетуғын күнди билсем мен ол ийтлердиң бәрине ийне таслайман

Айна-тарақ сатыўды сылтаў етип баспашылардың ҳал-аўҳалын, аўыл қызларының хабарын билейин деп ел аралап жүрген жансыз ғаррының излегени алдынан шықты.

— Балам, мениң атым Үсен сейис. Үмит пенен Айпара сораса айтарсаң. Буннан былай сеннен хабар алып тураман. Сен баспашылардың жүрис-турысын бақыла. Кимлер булар менен байланыслы, соларды билиўге ҳәрекет ет. Жаңағы кәмбағалдың исми Хангелди дедиң бе?

— Аўа.

— Сол Хангелди менен ретин тaўып хабарласқайсаң. Балам кәмбағаллардын заманы келди. Дәрьяның арғы жағында байларды қуўып, өзимиздиң пухараның баллары ҳүкиметти басқарып атыр.

Садықтың көзлери масаладай жайнады.

— Распа, ата?

— Жақында Кеңес ҳүкимети дүзилди. Бул өзлеримиздей кәмбағал-қаллашлардың ҳүкимети. Сол ҳүкиметтиң көп әскери бар. Қурал-жарағы мол. Мен сол әскерлердиң командиярының жумсаўы менен жүрмен.

Садықтың еки көзи Үсен сейистиң аўзында.

— Сол әскерлер бизлерди баспашылардан қутқарама?

— Қутқарады, балам.

— Тезирек қутқарама?

— Көп кешикпес.

Үсен сейис ойланып турды. Оның көз алдына командири Николай Алексеевичтиң жарқыраған ашық жүзи, ойшаң көзлери келди. Сол қадирдан адам оған ҳәзир қасында турғандай сезилди.

— Мына хабарды өзимиздиң қызларға айтайынба? — деп сорады Садық.

— Ҳәзирше айтпай тур. Мен сизлердиң хабарыңды командиярға айтайын. Мени усы жаққа шығарып саларда командияр бизиң мақсетимиз баспашыларды жоқ етиў, олардың қолына түсип кеткен адамларды қутқарыў деген еди. Мен оннан сизлерди тезирек қутқарыўды өтинемен. Командиярымыз орасан билгир адам. Егер, мениң тилегим орынланса, алдымыздағы базардан бир күн бурын келермиз.

— Оған неше күн бар? — деп Садық бармақ бүгип санаўға киристи.

— Бес күн бар. Командияр усы өтинишимди тәрк етпейди балам, бизлерди күт.

— Жан ата, күтемен. Бизлерди тез қутқарың?

— Ҳәрекет етемен, балам. Әскерлер сәл жерде келе алмай қалса, сол күни дым болмаса өзим келемен.

— Ата, сизлер көл жақтан келиң. Сол жақ оңашалаў.

— Болады, балам.

Ешегиниң басын кейин бурған ғарры жат жерде жүрген жетимниң көзлеринен жас емес, ал сағыныш булағының гәўҳар тамшыларын көрди.

* * *

Садық еки мәртебе сайдағы тас қудықтың басына келди. Күнде бир рет ушырасып туратуғын бул жерден Үмит те, Айпара да хабар алмады.

Ол Үмитти тек сол күни кеште ушыратты.

— Неге бүгин көринбедиң? — деп сорады Садық.

— Көрип турсаң ғой, қонақлар келип атыр.

Жан-жағына жалтаңлап қараўы менен Үмит Садықтың қасына келди.

— Мен бүгин ағаңды көрдим — деди Садық бирден сөздиң тоқ етерин хабарлап.

Үмит лал адамдай тентиреклеп кетти, бақырып жибере жазлады.

— Ағамды көрдиңбе? Қай жерде?

Садық болған ўақыяны баянлады. Үмит бийшара қуўанғанынан гә дүрсилдеген жүрегине, шыт көйлегиниң жағасына қолларын апарды.

— Аўылды дым сағындым. Ағамды көргенимде...

— Ағаң алдымыздағы базардан бир күн бурын келеди. Соннан кейин бизлер бул азаптан қутыламыз.

— Илайым, илайым — деди қуўанышы қойнына сыймаған Үмит.

— Бул сырды тек өзиң ғана бил, Айпарағa да айтпай тура тур, — деп Садық кетпекши болып еди, тағы иркилди. —Айпара неге көринбейди?

Үмит ернин тиследи.

— Кеше кеште бир келип кетип еди, соннан берли мен де оны көрмедим...

## 10

Айпараның бүгин көринбеўинде, әлбетте сыр бар.

Ағасының үй жағынан айланып қайтқан Аннагелди көрпеге оранып жатқан Айпараға:

— Тал түсте неге жатырсаң? — деп бақырды.

Айпара асықпай камзолын кийди.

— Суўға жеңилтек барып едим, белим аўырып атыр.

— Қонақ келген күни тапқан бәнесин қара?

Еки күннен берли қабағы ашылмаған Аннагелди дәслеп бақырып сөйлесе де.. кейин жуўасыйын деди.

— Усындайда хызмет ислеп қайнағаның кеўлин алатуғын ... — деп Айпара қыйналған түр билдирди.

— Жақсы, азғана жатып дем ал!

Аннагелди басқа сөз айтпай жайдан шығып кетти. Сол кеткеннен ол үйине ел жататуғын мәҳәли оралды. Оған деген төсек бүгин бөлек салынған еди...

Айпара шүтик шыраның пилигин кейин тартып, төсегине жатты. Көрпе астынан жылтыраған шыраға қарап жатып ол терең ойға шүмди...

Оның ойы теңиздиң буйра толқынындай. Бир есе алыс аўылының таныс сүўретлери көз алдынан жылт-жылт өтти. Бир есе оны жүйрик қыял Әмиў дәрьяның жағасына алып барды. Оған жаңа қатқан музлар бир-бирине сиресип қалғандай, сөйтип дәрьяның ортасында муз атаўы пайда болғандай. Атлы өтсембе екен яки пияда ҳайт қойғаным жөнбе? Жа-ақ, жол алыс, оның үстине ат адамға жол таўып береди деген жуўмақ үстем келип, жүреги булқып-булқып ойнады. „Мына залымды қалай өлтиремен?" Билип қалса, маған таңды көриў буйырмайды... Азанда Непесқулы ағасына дәрья қатыпты деп айтқанын өз қулағым менен еситтим... Әне-минә деп жүргенше, кел тәўекел, бахтымды сынап көрейин...

Өлимсиреген шүтик шыра оның ойын тағы толқытты. Мына залымның өмири, қане, усындай болып өшсе? Сол ўақытта шыраның соңғы ҳәлсиз сәўлеси семип баратыр еди. Билип қалса тап усы шырадай ҳәлсиреп өшемен-аў,: Қой, жаман нәрселерди ойыма алмайын.

Далада ысқырған қыс „дурыс-дурыс" дегендей жайдың күн батарға қараған әйнек көзлерин қалтыратты. Самал қасқырдай улыды, асаў тайдай өрден-ыққа шапты, ызғырықтың даўыслары Айпараға: „неғып жатырсаң, дәрья қатты, дәрья қатты" дегендей еди.

Айпара тоқсан ойдың толқынларында жүзди. Көптен ойға алып жүрген тилеги оған кем-кем жақыннан жылтырағандай. „Әне, қашып қутылыўға болады" дегендей ақсақаллы ғарры қыс өзинше гүбирлене берди, гүбирлене берди.

Айпара күндиз көз илиндирип алғанлықтан күтә сергек. Ол Аннагелдиниң қадимгише қорылдап үйықлаўын күтти. Алдында күтип турған тағдирди болжады. Қорқыныш бораны ысқырған ойдың ийримине түсип, қайта өрге шарықлады. Қыял қыялға соқлығысты. Үйгқыған ойлар көкке өрледи.

Аннагелдиниң қорылдысы жайды басына көтерди.

Гейде иркилип, барып зорға дем алған ол, үстиндеги көрпени аяғы менен серпип таслады. Усы ўақытта шүтиктиң сәўлеси өшти. Жайдың иши тас-түнек. Қыс қараңғының барлығын усы өжирееге қамағандай. Аннагелди пу-у-у деп терең дем алғанда Айпара „кел, тәўекел“ деп орнынан турды. Қолы дийўалдағы қылышлы қынапқа созылды. Салмақлы алмасты тез суўырып алған Айпара енди кешиккиси келмеди. Оның ойында уйықлап жатқан залымды жоқ етиў ғана болды. Қылыш жоқары көтерилди ҳәм дәў жүрекли Айпара душпан үстине қарай адымлады.

Көптен кеўлине түйин болып жүрген әрманын орынлаған Айпара өшип қалған шүтикти қайта жақты, маңлайының терлерин бир сүртип таслап, оң қапталдағы жүкке сүйенди. Жайдың ишин жақтырта баслағанда Айпараның көзлери дийўалда турған бесатарға түсти. Алып қарап еди, мылтық оқлаўлы екен. Енди ол ойланып турмады. Аннагелдиниң кийимлерин кийди. Жарақларын асынды. Қазықта илдириўли турған қамшыны қолына алып жүктиң қуўысында жатқан оқлы қатарды белине байлады. Қорадағы атты ертлеп минсе, тәўекел деп жолға шығады.

Айпара албырамады. Геўдеси бир жақта, басы бир жақта қанға боялып жатқан залымның көкирегин аяқ пенен басты. Сол мәҳәли оның көз алдына Саманбайдағы гөне мешит келди. Қыз-келинлерге қырғыйдай тийген жаў елеследи. Усылар Айпараның жүрегинде кек болып қайнады, жалын болып шарпыды.

— Өл, адам қанын ишкен, қара жүрек!

— Өл, мениң сүттен ақ таза арымды аяққа басқан, залым!

— Өл, пухараның басына бүлгиншилик салған қарақшы!

Айпараның бул сөзлери кек ҳүкими еди. Бул сөзлер ызалы жүректиң зыбаны еди. Бул сөзлер душпан қолында қорланған жанның айтпаўға ҳеш мүмкин емес сүрени еди.

Душпан үстинен атлап Айпара есикке келди. Есиктен ийилип кирип, буралып шыққанлары есине түсти. Усы жат есик оған дүньядағы жаман нәрсе болып көринди. Усы есиктен кирген сайын ол өз жүрегин қызыл шеңгел үстинен сүйреп өткендей болатуғын еди. Сол ушын, тек сол қорлықлар ушын, ол усы есиктиң

ийелерин биротала набыт еткиси келди. Жүк артында жасырыўлы жатқан қара мылтықты алды да есиктиң тутқасынан өткерди. Аўзын кирген адамға қаратып, шүрппесине жип илдирди. Тек жип сәл қозғалса, мылтық атылыўы керек. Есикти еплеп жапты. Жайдан сыртқа шыққанда ол дозақтан бостанға шыққандай болды Айпара қорадағы атқа қарап адымлады.

* * *

Айпара иркилместен Әмиў дәрьяға қарап жүрди. Жаңа жаўа баслаған қар оның жүзине тийип ерий берди. Ол қыс бар деген уғымды умытқандай. Алға жүрген сайын Айпара ушы-қыйырсыз кеңисликке шығып киятырғандай. Усы ызғырық қыстың аржағында оны қушағы гүлге толы, жанға рәҳәт бағышлаған бир әжайып бостан күтип турғандай. Дәрьядан өтсе өзи туўылып өскен жағада жаслығы қайта урқан ататуғындай. Нәрестедей пәк күнлери қатарласып оны аңсап турғандай. Сол қызықлы, әрмансыз күнлердиң куяшындай шабандоз Еримбет оған қушақ ашып жуўырып киятырғандай. Айпара усылай аттың жүрисинде емес, ал татлы қыял қанатында өз аўылына талпынып киятыр. Алға қараса, қудиретли Әмиўдәрья бесикке сүйенип оған ҳәййиў айтқандай сезиледи. Сол ҳәййиў қосықтың қуўанышы Айпараның көзлеринен аспанға алтын жулдыз болып шашылып кеткендей. Егер бул түнде еситкендей қулақ, көргендей көз болғанда, Айпара дүньяда өз елине киятырған адамнан бахытлы ҳешким жоқ деп жар салар еди.

Қанша жортса да, қанша саз жорғаласа да ат оған дым жай жүрип киятырғандай. Қане, ол өз кеўилин атқа қанат етип бере алса еди? Еки атлап, тек еки атлап ғана, ол туўылған аўылының босағасына жетер еди.

Шийрин ой, татлы қыял әткеншегинде нәрестедей тербелген Айпара бир майданда Әмиў жағасына жетти. Айсыз түнниң болар-болмас жақтысына ағарып көринген уллы дәрья оны күтип турғандай. Бул дәрья оның жүрегине жып-жыллы тийди. Бул дәрьяның еки жағасында ҳәзир оған жат, кеўлине мәлел келтиретуғын ҳеш нәрсе жоқ сыяқлы.

— Шу—ў — деди Айпара аяқларын тепсинип. Еки қулағы алға тигилген ат музға жақынлады. Жағаны

жағалап жүрип муздың үстине минди. Бирақ муз гүтир етип жарылды, аттың салмағын көтере алмаўға айналды. Ат жағаға асығып шықты. Айпара былайырақ барып атты қайтадан муз үстине айдады. Бул сапары тайғанақлаў менен бес-алты адымдай жүрди де ат алдыңғы аяғының бирин муздай суўға суғып алды. Жаныўар бирден кейин серпилди. Жағаға шыққаннан кейин Айпара дәрьяның өрине қарап жүрди. Ет қызыўы суўып, тоңайын деген ат енди музға бурынғыдай бетлей алмады.

— Шү-ў!

Ат музға аяғын басты да тез кейин тартып алды.

— Шү-ў, жаныўарым!

Жақсы сөзди сындырмайын дегендей ат муздың шетине минип алға да кете алмай кейин де қайта алмай бираз аланлап турды.

— Шү-ў! — деди қалай да болмасын атты алға айдағысы келген Айпара.

Ат алға жүрсе де, көпке бармай тағы музға ойылды. Муздан зорға аман қутылған ат қайтып дәрьяға бетлемеди. Жағаға қарай шегине берди. Айпара атты күнбатарға бурды. Оя қ-буяғы еки жүз адымдай жүрип атты тағы дәрьяға салды. Ат жаныўардың жаллары желбиреп, аяқлары дирилдеп музға үңиле берди. Айпараның зорлығына ушырап илажсыз музға минди. Бул рет дәрьяның шетиндеги муз бирден ойылып кетти. Ат дизесине шекем суўға батып жағаға атлығып шықты.

Таныс емес жағада Айпара дым көп жүрип қалды. Ат та тоңды. „Енди не қыламан?" деп ойланған Айпара атты өз жөнине жиберип киятыр еди, ол бир жасқадан зомпаң етип қырға көтерилди. Ийеси ойға шүмип, шылбырын босаң услап киятырған ат енди оның тежеп услаўына ықтыяр бермей, күнбатарға қарап жортақлады. Айпара қанша күш салса да, ат оның бийлигинен шығып кетти. Жиңишке еки билектиң күшинен аттың басының пәти басым келип, өз дийдине умтылған жаныўар алға қарап қустай ушты. Басына тийген қамшы да, аўзындағы суўлық та атқа кәр етпеди. Әне, усы пәтли жүрис пенен ат бир жайдың қорасына алып қашып кирди. Бул қора көбирек тоқтап жем жеп жүрген жери болса керек, ат қораға кириўден қайта-қайта оқыранды. Аяғы менен жер тепсинип, жеми бар дор-

баны аңсағандай басын жоқары көтерип силке берди. Айпара ойда жоқ жерден белгисиз бир үйге келгенине қатты тынышсызланды. Достың үйиме, душпанның үйиме? Душпан атларының излери бадырайып жатқан жағада достың үйи не жесин деп бул жерден тез кетпекши болып еди, ат айтқанына жүрмеди. Қайта бурынғыдан бетер оқыранды.

Ат оқыранғанда дәрья жағасындағы жайдың ийелери еле уйықлай қойған жоқ еди. Аттың оқыраныўы қайталанғанда Қудайқулы төсегинен ушып турды. „Ҳаў, Аннагелдиниң аты ғой" деген ой оны үйден майданға жуўыртып шығарды. Тонын ийнине жамылған Қудайқулы аяғындағы геўишин сүйретип аттың қасына жетип келди.

— Аннагелди түн ишинде не қылып жүрсең?

Ат үстинде турған адам жуўап бермеди. Қудайқулының ойына „Аннагелди жарадарма екен?" деген ой сап ете қалды.

— Аннагелди неге үндемейсең? — деди ол атқа жақын барып.

Тек усы ўақытта ғана ол ат үстинде Аннагелди емес, ал басқа биреў отырғанын сезди. Енди мылтық алып шығайын деп ол үйге қарап жуўырды.

## 11

Үй ийесиниң жаман қыялға дөнгенин сезген Айпара қамшы менен атты тартып-тартып жиберди. Ат аз ғана туўлады да, жүўенниң тартылған жағына жүрди. Әлбетте, бул жуўаслық аттың силтеген жаққа жүре баслағанының белгиси емес. Ойламаған жерден қаўипке дуўшакер болған Айпара қамшыны қатаң силтеп, атты тежеп услады. Тәнин қамшы тилген ат ор қояндай ырғыды. Басын шулғып жиберип қаўетерли жерден Айпараны аўлақ алып қашты.

Қудайқулы ат үстиндеги адамнан қаўипленип мылтығын шала оқлап сыртқа шыққанда, түн қойнында қаралап қашып баратырған атлының сүлдерин зорға көрип қалды.

— Ҳә-ә-әй услаң! Ҳә-әй атлан! — деп түнди басына көтерген Қудайқулы Шәмен саўдагердиң үйиниң әйнегин қатты-қатты қақты. Қудайқулының ашшы даўысы саўдагердиң зәрресин ушырды. Не керек, бир майдан

да Қудайқулы, Шәмен, оның баласы Шылымбет қашқынның изинен қуўды. Қудайқулы атын шаўып киятырып аспанға қарап оқ атты. Қып-қызыл шоқтай оқ аспанның түпсиз түңғуйығына көтерилип көринбей кеткен ўақытта жинлиси шыққан үш атлы Айпараның қарасына илести.

— Ҳәй, тоқта! Тоқта!

Үш атлы қашып баратырғанның ким екенин билмесе де, оның Аннагелди емеслигине көзлери жетти. Қудайқулы изиндеги атларын қамшылап жалпылдап киятырған әке менен балаға:

— Аннагелдиниң атын урлап қашқан биреў — деп қақсады.

Шәмен ат үстинде отырса да ҳә демей ырсылдап болдырып қалды. Оның ойында Аннагелдиниң атын аман алып калыў емес, ал, усы атты алып қалса Қақа менен Непесқулы оны маңлайынан сыйпайтуғындай. Сол ушын лепси жетегиниң қулы болған саўдагер баласына:

— Шап! Шап! — деп бақырды.

Қапелимде, душпанға гезлесип қалған Айпара аттын басын жиберип киятыр. Жүйрик ат араны ашып кетер еди әттең Айпара жолды билмеди. Көзсиз адамдай, әйтеўир жөн алды қарабарақ шаўып киятыр. Ат енди терледим дегенде жасқасыз гөне аңғарға келип соқлықты. Қашқынның иркилгенин көрип Қудайқулы тағы шаўқым салды:

— Қашып қутыла алмайсаң! Қутыла алмайсаң!

Айпара арқаға қайрылып киятырғанларды гөзлемей атты. Оқ зуў етип үстинен өткен Шылымбет аттан аўдарылып түсе жазлады.

Шылымбет әкесинен қалып коймаўға күш салды. Усы далада адасып қалса ол қайсы инге кирип жан сақлайды?

— Аға мен қайып коймайын!

Шәмен ашыўланып:

— Қудайдың өлими, тезирек шап! — деп кейинди.

Қашып киятырып Айпара шексиз ай далаға жолықты. Таныс емес, ойы-қыры белгисиз далада ол қайда қашқанның мақул екенин билмеди. Шама менен ай бататуғын тусқа қарап қашты.

Айпара қалай болмасын бас панадағандай жер изледи. Айналасына қарап еди, емески бир қара көлең-

кени көргендей. Теўекел деп атты сол жаққа бурды. Соның арасынша қыйқыўласқан үш атлы Айпараның жолын кесип, айнала қоршап алды. Усындай қаўетерли ўақытта Айпара қарайғанның гөне там екенин аңғарды. Аттан секирип түсги де қолындағы шылбырды кирер аўыздағы дийўалдың жарығына ылақтырды. Ҳәм қулаған кесеклердиң үсти менен мүйешке келип тоқтады. Соның арасында қуўғыншылар атқан мылтықтың оқлары гөне тамның үстинен өгип бийдерек қаңғыды.

Айпара шаққан қыймылдады. Мылтықтың аўзын алда киятырған қуўғыншыға қарагты. Мылгық даўысы түнди жаңғыртты. Қудайқулы тамның панасына тығылды да шаўқым салды:

— Ким болсаң да атыўды тоқтат!

Жуўаптың орнына мылтық гүрп етти.

— Сен биреўсең, бизлер көппиз, жаның барда тәслим бол!—деп қақсады Қудайқулы.

Қашқыншының атын көрип қалған Шәмен есабын таўып соны қолға түсиргиси келди. Атының шылбырын Шылымбетке услатты да еңкейип алға жуўырды. Енди еки атласам атқа жетемен деп орнынан қозғала бергени, оқ басындағы қурашын ушырып түсирди. Саўдагер қурашқа қараўға жүреги даўамай баласының қасына қашып келди.

— Аты қурысын.

Өкпеси өшип ентигип қалған Шәмен өз атын жетеклеп Қудайқулының қасына жетти.

— Буны үш жақтан қоршап атайық—деди Қудайқулы. Саўдагер:

— Қоршайық—деп дийўалдың қулап қалған жағын алыўға бейимленди.

— Аға, мени ташлап кетпе?—деп жалынды Шылымбет.

— Ҳә—әй, бук!

Шәмен Шылымбетти өзине тартты.

— Шонда неге өжиң кете бейешең?

Үлбиреген өкпедей созылған жарымес әкесине доқ урып, алға жүргиси келмей қыйпалақлады. Бир мәҳәли оқ қулағының шетин шырпып кетти.

— Ўай-ўай мен өйдим! Өйдим!..

Шәмен саўдагер баласын кушақлағанын билмей қалды.

— Ҳәй, Қудайқулы балама оқ тийди, енди қайте-

мен?—деп саўдагер баласынан бетер биймазалық көрсетти.

— Пай, жасүлкен—деди Қудайқулы жыламсырап турған Шылымбеттиң қулағын сыйпап көрип—усыған да адам шаўқым салама екен?

— Қуйағым, ўай қуйағым!

Шылымбеттиң ўайўайынан ҳүрейи ушып кеткен саўдагер:

— Ҳештеңе етпеспе екен?—деп сорады Қудайкулыдан.

— Қыяқ кесип кеткендей мәзи бир нәрсе—деди қасындағы жолдасларына ренжиген баспашы. Қолын бир силтеди-де ол тамның мүйешинен айналды.

— Қуйағым ўай, қуйағым!

Ада болмас ўай-ўайға басқан Шылымбет қулағының жоқлаўын айтып ҳәммени бийзар етти.

— Ҳәй, үниңди өшир!—деп Қудайқулы биймазаны түртип қалды.

— Жалғыз баласы қурысын—деди Шәмен қыйпаңлап.

Гөне тамнан атылған оқ Шәмен менен Шылымбеттиң арасынан шүй-ик етип өтти.

Қорқақ ҳәм тәсилпаз саўдагер геўдесин баласының үстине таслады.

## 12

Қақа молланың қонақлары шымшықтан да ерте оянды.

Ат жақлы, сопақ баслы, шағын қара сақаллы Қошмамед қолдан тоқылған нағыслы тақыяны маңлайына баса кийип төсектен турды ҳәм ийнине жипек шапаның жамылып әйнекке келди.

— Ҳә—ә, қар жаўған ба?

Көрпени кейин серпип орнынан тез турған Көклен бала шеп қолының алақаны менен оң ийниниң палўан сүйегин үш-төрт рет қақты.

— Қар жаўғаныв бизге ийнимиз әлле қашан хабарлады.

Бул ўақытта сексеўил жаңа жана баслаған кесек пештиң қасында турған үй ийеси:

— Ийниңизде шикәслик бармеди?—деп ретсизлеў сорайғойды.

— Әмиў дәрьядан большойбеклерди жүргизбеймен деп бир күн узақ атыстым. Сонда ийниме оқ тийди.

Қақа басын ийзеди.

— Оқтың орны суўықты, ызғарды сезгиш болады.

Қошмамедтиң жуўан мойыны Көклен бала жаққа бурылды.

— Сол большойлар жөнинде не дейсиз?

Көкленнин жүзинде қан қалмады.

— Большевиклер—бизиң душпанымыз.

Қошмамед Көклен баланың сыр қалтасын ақтарыўды гөзледи.

— Бул өзиңиздиң шешимиңиз бе?

Бурыннан соң өзиниң атын көбирек көтермелейтуғын Маңғыт қарамағының ҳәкими, бул рет өлшеўсиз сөйлей алмады.

— Мен хан ағаның сөзин айтып турман.

Көклен бала да, Қақа молла да Жәнеўдти Хан аға деп көтермелейтуғын еди. Тек Қошмамед усы сөзди тилине басқысы келмей, ҳәр сапары Жәнеўдтиң атын ҳәкисине өзгертип айтатуғын еди.

— Жәнеўд бул нәрсени ойланып айтты мекен?

Маңғыт, Тақта-Базар, Ташаўыз тәрепте Жәнеўд айтты деген сөзди қайтадан сын тәрезисине салмаўға әдетленген. Әне, усыны „бұл көлли жақтың тентеги неге ескермейди?"—деп Көклен шырт етти. Ашыў кесеси қақ айрылайын деди.

— Бизлерди бириктирип қудиретли күшке айналдырып отырған адам сол Хан аға емес пе? Әлбетте, ондай түркмен елиниң сәрдары ойланбай сөз айтпайды.

Қошмамед басын гилт жоқары көтерди.

— Түркмен ели деген уғымды сиз қазан ошақтың басындай тар нәрсе деп түсинесиз бе?

Көклен бала из таслады.

— Түркмен ели деп мен Ташауз бенен Гөне Ургенч аралығын есапқа аламан.

Қошмамедтиң жиңишке қара мурты тикештей шаншылды.

— Жәнеўдтиң иштейи урадай ашылып Атрек–Гурגеннен, Көпетдағ, Ашхабадтан берман қол астына алды мекен деп едим.

Сөздиң түри тикенекли болып баратырғанын аңғарған Қақа молла Қошмамед пенен Көклен баланың арасына түсти.

— Беглерим, екеўиңиз де бир елдиң бийик тиреўисиз. Хан ағаның тилегине гөре екеўиңизди шаңарағыма мирәт еттим. Еки арыслан тил тапса жолымыз болар деген үмиттемиз.

Қақа молланың майлы тили бир-бирине аўыз салыўға аз қалып турған еки көкжалды иркейин деди. Күн булгласқалы оң ийнинен қолы кетпеген Көклен бала қазықтағы әреби телпекке қол созғаны, бир шетте үндемей отырған Яқшыгелди аразласыўдың сөнип баратырған шоғын қайта үрледи.

— Көклен инимиз, Қыпшақ жөнинде не айтады екен?

Яқшыгелдиниң „Хәким" демей „инимиз" деўи Көкленниң шамбайына батағойды.

„Бул ғарры түйе Қошмамедтиң ағайни, мениң хәким екенимди билегөре айтпай отыр" деген гүман геўдесин жаўлап алды.

Ашыў үстинде шырышты бузып алар деп Көкленниң орнына тағы Қақа сөйледи.

— Қыпшақ болсын, Маңғыт болсын, биз Әмиў дәрьяның сол жағасын басқаға бермеўимиз керек. Арғы шети Қоңырат, беррегиретиндеги Гөне Хожели, Ақтепе, Иланлы, Порсы, Ташауз барлығы Хан ағаға дәрек. Усынша үлкен үлкеден айрылып қалмаў ушын Қошмамед, сен өз атлыларың менен, Көклен, сен өзиңе дәрек атлылар менен Қаражыңғылға келсеңиз. Усы тустан большойлар дәрьядан өтеме деген қаўпим бар.

Қақаның сөзине қулақ асқан адам болмады.

Көклен бала усы сапары Қошмамед пенен еки араның шегарасын ашым-айрық еткиси келди.

— Хан жаптың берги жағына мениң мөрим жүрсе, Гөне Үргенич, Көлли жақтағы түркменлер, Тоқлылы — Ой, Сарайкөл Қошмамед сорамы болса...

Қақа Көкленниң сөзин сөйлегенде, Яқшыгелди неге Қошмамедтиң салдаўын тартпайды?

— Дәрьяның оң жағы бурыннан Россиятқа дәрек — деп сөз баслады Яқшыгелди — Берги жаға бир ўақытта Хийўа ханына, соңғы гезде Көкленге, Чаррикбайға, Қошмамедке қараслы болды. Усы хәкимлердиң бәрине Жәнеўд хүкимдар болажақ нийети бар. Мениңше Жәнеўдке қосыламан дегенлер қосылсын. Қосылмайман дегенлердиң пешине хешким асылмасын.

Көклен биресе сурланды, биресе бурынғы өз қад-

дине келди, бир кесе шай ишкенше тоқсан түрли қыялдың кемесине минип түсти.

— Олай болса,—деди ол,—бизлерди большойбеклер тутип жемейме?

— Ҳә—ә, батыр болсаң күшиңди көрсет, Большойлардан қарамағыңдағы пухараны қорға!—деп Қошмамед сөздиң ақырын биротала қоздырып жиберди.

Көклен мына сөзге тайсалмай жуўап қайтарыўға тийисли. Ашыўға мингенде оқ жыландай тикленетуғын рети келди.

— Хан ағаны мойынламайсыз ба?

Қошмамед жымыйып күлди.

— Ҳаў, Жәнеўд те, биз де бир алланың қулы емеспиз бе?

Қақа Қошмамедтиң мына батыл сөзинен сескенейин деди. Ол өз түсинигинше, Қошмамед өзин қанша шер санаса да Жәнеўд пенен теңлесе алмайды деген уғымда еди.

— Хан ағаның басқадан парқы бар—деди әсте ғана өз пикирин жәрия еткен Қақа молла.

Қошмамед бундай жерде өзине қарсы сөйлегенди женшип таслайтуғын еди.

— Аўа парқы бар. Жәнеўд, қартайып алжығанда қаяқтағы инглиз дегенлердиң жетегинде жүр. Биз болсақ—ол ағасы Яқшыгелди жақты ымлады.—Өз пухарамыздың, қалаберди гүлли түркменниң мәпин қорғайжақпыз.

Көкленниң тырнап ашылғандай қыйық көзлери адырайып кетти.

— Хан аға алжыған болып дәртке аспай қалса, түркмен елиниң, Хорезмниң тутқасы Қошмамед болады да, туўрыма?

Қошмамед те кейин шегинбеди.

— Бир кийимниң тоқсан түрли пишиўи бар. Сондай екен, бир сөздиң түрли-түрли жорыўы болады. Ҳәрким соның ишинен өзине керек түсиникти таўып алады.

Гөне—Ургенчтиң ҳәкими менен Маңғыттың ҳәкиминиң бул салғыласыўы бир насырға шаптырар деп тынышсызланған Яқшыгелди Қақаға, Қақа Яқшыгелдиге қарады. Екеўи еки жерден еки ҳәкимге тәселле бериўи ҳәжет болды.

Яқшыгелди Қошмамедке:

— Өсер елдиң жигити бирин-бири батыр деседи— деди.

Қақа Көкленге:

— Өспейтуғын елдиң жигити бирин-бири қатын дейтуғын усайды—деп келисимли болыўға шақырды.

## 13

Түни менен Шаўдырдың үйин қонақ басты.

— Биз алты ағайинли адамлармыз—деди өзлерин үй ийесине таныстырыўға кирискен семиз қара адам.— Мениң атым Шамурат. Адамлар Шаммы деседи.

Шаўдыр Шаммыкәл деген бар деп еситкен еди. Мине сол адам бүгин үйине қонақ болып келгенине ҳайран қалды. „Қайсы жақтың самалы қуўалап маған тап қылды?"—деп отырды да, қонақтың қайда кәрўан тартып баратырғанын билиўге қызықты.

— Сапарыңыз оң болсын, алысқа барасыз ба?

— Дереглиге—өз аўылыма баратырман.

Шаўдыр тағы: „Жәнеўд пенен байланысы бар екен аў" деген ойдың дүмпиўинде жүзди. Өйткени айтып отырған қорғаны Жәнеўдтиң байрақ көтерген Тахтабазарына жақын еди.

— Тахтабазар менен Дереглини бир көрсем деймен—деди Шаўдыр.

— Қолыңыз тийсе биз бенен жүресиз. Журт Хан аға дейди, мен оны Қам аға деймен, оның да қорғанын көрсетемен.

„Ўә-ә, мынаў Жәнеўдти минеп отыр, кәрамат ғой" деди тағы ишинен ойланған Шаўдыр. „Қой, буған жақсылап қонақ асы берейин, Қудайқулы ағамды алдырайын". Усы шешимнен кейин Шаўдыр тыпыршып отыра алмады.

— Шам аға, жолыңыз түсип үйиме келген екенсиз, енди жайғасып отырыңыз.

Қонақ былқ-сылқ еткен семиз денесин көпшикке таслады. Пыснап дем алыў менен шайнекке қол созды.

Дәрья жағасындағы ағасы Қудайқулыға Тағанды атлы жиберген Шаўдыр сыртта көп егленбей ишке қайтып кирди.

— Қонағымыз нәше менен қалайсыз?—деди ол Шаммының кеўилин аўлап.

— Көкнарға да, тирйекке-де бармыз.

— Екеўи де табылады.

Шаммыкәл кеўили келгенде жөтелип қоятуғын еди. Ағасының жөтелгенин түсинген упик сары жигит:

— Ағамызға көкнарды өзим езип берейин—деп тилек билдирди.

— Ҳә, бизиң Сапармурат жақсы езеди—деди Шаммы. Шаўдыр ақсаңлап жүрип көкнар қалтаны әкелди ҳәм Сапармуратқа усынды.

Арадан әдеўир ўақыт өтти.

— Бизиң жас үлкен келипти—деп Шаўдыр қонақлардан кеширим сорап сыртқа шықты. Ағасы менен аманласты.

— Қонақларың кимлер?—деп сорады Қудайқулы.

Шаўдыр әсте сыбырлады.

— Шаммыкәлди еситкениң бар ма?

— Бар.

— Сол адамның өзи.

Қудайқулы жайға қарап жүре берип тоқтады.

— Қонақ асы жағы қалай?

— Үлкен бир қой сойдырдым.

— Дурыс ислепсең—Инисиниң қулағына сыбырлады—Бундай адамның үйимизден дуз ишиўи бизиң мәртебемиз. Болмаса мына Қақа молла бизлерди писент етпей баратыр.

— Аға, ол жағын мен де есапқа алдым.

Қудайқулы ишке кирип кетти.

Шаўдыр териден шығарылып атырған қойдың қасына барып, қазанды тез атландырыўдың әнжамына кирисги.

Ошақтағы сексеўил шатнап жанған сайын көкнаршылардың әңгиме дүканы қыза берди. Мурнының ушына шекем терлеген Шаммыкәл көкнарға қанып алған соң өзинин өтмишин тәрийплеп барынша йошты.

— Мен бир қызық айтайын—деди көкнардың суўынан бир уртлаған Сапармурат.

— Айт! Айт!—деди олпы-солпы сөйлей баслаған Қудайқулы.

— Айтсам сол: Шам аға, мен ҳәм қасымызда бир атқосшымыз бар - үшеў болып Әмиў дәрьянын жағасынан аржақтағы Шоқай тоғай бетке қарап тур едик, суўға еңкейген торанғыллардың арқасынан бир қайық көринди. Дәрьяның аржағындағыларды атыў, қорқытыў керек емеспе, үшеўимиз үш жерден жаңағы қайықта-

ғы үш адамды гөзледик. Әне, сол ўақытта Шам ағамыз бизлердиң қолымызды услады. Жигитлер мен атайын деди. Сөйтти де үш мылтықты қатар қойды да Шам ағамыз гөзлеп турмай изли-изинен гү—үрп еттирди. Сизлерге өтирик, маған шын, жанағы қайықтағы үш адам сеспей қатты. Ийесиз қалған қайық ағыстың айдаўы менен бизлер турған жағаға ығып келди. Қайыққа үңилип қарасақ, ишинде орақлар, арқанлар жатыр. Өлген үшеўи де шамасы пишен орыўға келген болса керек. Әне, Шам ағамыздың мергенлиги.

Отырғанлар ҳайран қалысты. Көкнардың кейпине балқып отырған Қудайқулы орнынан ушып турып Шаммыкәлге қол берди.

— Шын мерген екенсиз.

Шаммыкәл биротала ғоддаслап кетти. Ағасының ығын алған Сапармурат мақтаўдың шыңына өрмеледи:

— Ағамыз саў болғай. Хорезм ўәлиятында журт усы кисиниң қолына суў қуятуғын болады.

Мүлгип баратырған Қудайқулы селк етти. Ол көкнардан тағы бир тойып уртлады.

— Шаммы сәрдардың атына бурыннан қанықпыз.— деп ол ҳәм Сапармурат айтып отырған сөздин келебиниң ушын зорға таўып алды.

— Бул кисилердиң қолына суў қуйыў—мәртебе.

Қолында қуманы менен лагени бар Садық келди. Бала бийшара ҳешкимниң бетине қарамастан ошақтың шетине лагенди қойып:

— Қол жуўыңыз!—деди.

Қудайқулы дастурханның шетин қайырып лагенди Шаммыкәлге жақынлатты:

— Аўқат таяр болған екен, қол жуўсаңыз?

Шаммыкәл ири геўдесин алға сүрип лагенниң үстине еңтерилип келди. Қолға суў қуйылды.

— Мына бала шаққан, жақсы бала екен,—деди ол орнына отыра берип.

Бундай сөзди Садық Шаўдырдың үйинен өмирде еситип көрмеген еди. Бир жағынан жақсы сөзге, екинши жағынан Үсен сейис берип кеткен ўәдеге қуўанып жүрген бала жуўырып—жортып хызмет иследи. Аўқат келемен дегенше ошақтың басында шашылып жатырған көкнардың қалдықларын әсте усталық пенен сыпырып алды. Сыпырып алғанларының бир түйирин түсирмей, әндамлы етип сыртқа алып кетти. Аздан кейин

қумның жас сазағын алып келип пәсеңлеп жанып турған оттың үстине қалады. Шайнек изинен шайнек демленип келе берди. Кеселерди сүртип, тазалап берген сайын Шаммыкәл балаға ықласланып қарады.

Садық, қонақтан хабар алайын деп тағы бир келгенде сүйек кемирип отырған Шаммыкәл жиңишке қабырғқаны балаға усынды:

— Жақсы бала екенсең, мә!

Жалтаң болып қалған Садық не қылайын дегендей Шаўдыр менен Қудайқулыға қарады.

Шаммыкәл:

— Мине, бала болса, усындай болсын!,—деп қойды.

Бул қошаметти баладан гөре өз атына айтылған деп билген Шаўдыр:

— Еки қоллап ал!—деп балаға ақыл үйретти.

Сәл нәрсеге мәзи-майрам болған жетим бала есиктен шығар-шықпастан қабырғаға аўыз салды. Сүйекти қайта-қайта майдалап кемирди. Сорды, шайнады. Әйтеўир сол сүйекти, бала пақыр, таслағысы келмей қалтасына салып қойды.

Мәсликтен баслары айналған қонақлар шай изинен шай ишти. Садық пақыр барлық жумысты буйырылған саатында бәржай келтирди. Қонақлар менен үй ийелериниң кеўилин хабартып алмайын деп зыр жуўырды пәйик болып хызмет иследи.

Көптен берли баланың хызметин унатып отырған Шаммыкәл:

— Жаңағы баланы шақырың бир шылым отлап берсин-деди.

Шаўдыр есикке бурылып:

— Ҳә—әй!—деди

Садық бийшара қустай ушып келди.

— Шылымды жақсылап отла!.

— Қуллық!

Бала пақыр кешикпей отланған шылымды әкелди.

Шаўдыр жерге қояғой деп белги бергеннен кейин ғана ийилип турған бала есикке бетледи. Шылымды ғу—ур—рр—еттирип алды менен Шаммыкәл, кейнинен Сапармурат нәше етти. Екеўиниң аўзынан ҳәм мурнынан түтин буўдақлады. Шылым оннан кейин Шаўдырдың қолына өтти.

Шаммыкәл усындай ҳәмме мәлҳәм болып отырған ўақытта:

— Шаўдыр, дуз-несип айдап келип таныс болдық, мақул болса бир тилегим бар—деди.

— Айтыңыз:

— Онда жаңағы хызмет ислеп жүрген баланы берман шақырың!.

Таған баланы шақырып келди. Ҳеш нәрседен хабары жоқ жетим есик жақта отырды. Жайдың ишиндегилер Шаммыкәлдиң сөзин күтип тым-тырыс отыр.

— Мен мына кишкене баланың хызметин унатып қалдым. Қыйналмасаңлар усы баланы маған қосшылыққа бериңлер?

Шаўдыр Шаммыкәлден басқа нәрсе сорар деп күтсе де, усы жетим балаға нәзер аўдарар деп ойламаған еди.

Жетим шопанды аяған жоқ, ол баланы сатқанда алатуғын дүньямалды ойлады. Есигинде жүрген бийшараны пуллап сатқысы келди.

— Сиз сорап атырған бала бизге көп қаражетке түсти. Тағы өзимизге де керек еди.

Жуўаптың тайғанақ екенин көрип Сапармурат қызып сөйледи:

— Усындай бала ағамыздың сөзиниң садағасы кетсин.

Сапармураттың мына сөзинде „бермесең күш пенен алып кетемиз" дегендей уғым бар еди. Шаўдыр „қаяқтан бундай бәлеге тап болдық" деп ишинен түтеди.

— Мен усы баланы алып кетемен. Бундай мийнеткеш, тил алғыш бала көрмедим—деди Шаммыкәл.

Шаўдыр мурынының астынан гүңк етти:

— Бул баланы биз бир саўын сыйыр, бир баспақ орнына алып едик.

Сапармурат қоржынға қол созды:

— Ҳәй, қоржынды берман ылақтыр!.

Ол қоржынның илмешегин ағытып ишинен тода-тода ақшаны ортаға таслады.

— Керегиңди ал!.

Шаўдыр ақшаларды алып Сапармуратқа берди.

— Ақша керек емес.

— Енди не керек?

— Қыйналмасаңыз мылтық, ат ҳәм жүз дана оқ бериңиз?

— Ҳаў, усы шаппаттай балағама?

Шаўдырдың ләпси кем-кем ашыла берди.

— Бул бала түйе бақса, мал-ҳалға қараса, қысқа қолынды узартса...

Шаммыкәлдиң көзлери қызарып кетти.

— Ат, мылтық беремиз, оқ жөнин өзиңиз де билесиз, жүдә қәт.

Шаўдыр мыңғырлап айтқанынан қайтпады.

— Оқ жағы бизге де зәриў болып тур.

— Мейли елиў оқ болсын!—деди Сапармурат.

Үй ийеси басын шайқады.

— Бериң—деди Шаммыкәл.

Мылтық пенен оқ сол жерде Қудайқулыға тапсырылды.

— Атты көрип алайын.

Бундай майда адамды көрмеген Сапармурат суўық демин алды да сыртқа шықты.

Садық еки жақтың саўдасы ўақытында тилсиз, үнсиз отырды. Отырмағанда ол сорлының сөзин, зарын ким тыңлайды? Көзлери жасаўрап, еринлери дир-дир еткен жетим Шаммыкәлге жалынышлы түр билдирди.

— Ағажан қурбаның болайын, мени усы үйде қалдыр!.

— Мениң үйим саған бул үйден де жайлы болады.

— Ағажан, мениң басқа жаққа бара алмайтуғын себебим бар. Берекет тапқайсыз, маған рәҳим етиниз!.

— Мен сени атқаны тийетуғын, салған қусы илетуғын мынадай жигит етип тәрбиялайман.

— Ағажан, мени усы жерден қозғама!.

Шаммыкәл өз қыялының арқанын есе берди:

— Астыңа арғымақ ат беремен.

Садықтың әрманы менен Шаммыкәл ўәде еткен келешексиз сөздиң арасында аспан менен жердей парық жатыр. Бала неге бара алмайтуғынын айтқан менен баспашы да ол тилекти түсингендей, қадирлегендей жүрек барма?

— Жақында анам усы жерде өлип еди. Соның жүзи өткенше усында болмасам мениң ким болғаным?

— Өлген адам не, жерде үзилип түсип жатқан жапырақ не? Қайта жапырақ керек болар деп адамлар оны топырақтан көтерип алыўы мүмкин. Өлген адам сол топыраққа түскенинен өмирбақый жер астына кетеди. Онда ҳүрей, рух болса, сени қайда жүрсең де излеп табады.

— Сонда да, ағажан мени қалдырып кетиңиз? Болмаса мен...

— Болмаса өкпелейсең бе?

— Өкпелеў бизге миясар емес ғой.

— Жақсы бала, бар уйықла, азанда ерте турып жолға раўана боламыз.

— Жақ, аға, сиз мени қалдырып кетемен демесеңиз, мен уйықлай алмайман.

— Уйықласаң да, уйықламасаң да азанға таяр бол!.

— Ағажан, мени алып кетсең көлдей көз жасыма, таўдай обалыма қаласаң.

— Сөз тамам, бар дем ал!.

Садық бийшара көзлери жасаўраў менен жайдан шығып кетти.

Бул қайғылы саатларда Садық жалғызлық ҳәм жетимликтиң не екенин тағы да тереңирек түсинди. Енди не ислеў керек? Үй ийелерине жалынған менен сөзи сынады. Қоныўға келген кәрўан оған күтилмеген жерден үлкен бахытсызлық әкелди. Бала қатты албырады. Айпарадан баяғы дәрек жоқ. Үмит болса көринбейди. Садық талабын кери кетсе барлық исиң ҳәкисине келеди деп үҳлей берди.

## 14

Қайғы батпағынан жол таўып шыға алмай усылай шырматылып жүргенде таң саз бере баслады. Аўылдың qоразлары оянды. Енди кешигиўге мүмкин емес. Қалай болса да бир ақыл таўып кәрўанның қысымынан жаздырылып қалыў керек.

Сонша қорлық думанын қақ жарып оған тек бир үмит оты жылтырағандай, жат жерде де берман кел деп қол былғағандай яр дос бар екенин ол усы саатлары айрықша сезди. Ол Хангелди еди. Парасатлы ҳадал сөзли, усы адамның тулғасы оның көзине қуяштай мийримли, шапаатлы көринди. Усы қыйын саатларда тек Хангелди оған бир бөлек үлкен жаҳан болып сезилди. „Сол адамның панасына тығылайын" деген шешимге келген Садық салмалардың, жынғыллардың, жүўери домбықлары алынбаған атызлардың арғы жағындағы кишкене тамға қарай жуўырды. Шопан бала дүрсилдеген жүрегин қолына алып киятырғандай. Же-

тим бийшара өзиниң соңғы үмитиниң гүли үзилмегей деп киятыр.

Тағдири қыл үстинде қылтылдап турғанда Хангелди оған әке де, аға да, туўысқан да болып дым жақын көринди. Тек усы адам ғана оның маңлайынан сыйпалайтуғындай.

Сол жуўырыўы менен Садық қулағы кесик төбеттиң ырылдағанына қарамай Хангелдиниң әйнегин қақты.

— Есикти аш!—деп қаттырақ даўыслады.

Әллен ўақыттан кейин:

— Кимсең?—деп сораған даўыс хабарласты.

— Хангелди ата, бул мен. Садықпан.

— Түнде не қылып жүрсең?

— Атажан тез аш! Қатып қалайын деп турман.

Усы өтиништиң изин ала әйнекке шыраның сәўлеси түсти.

— Сорлы балам аў, ийегин-ийегине тиймейди ғой!

— Тондым—деп жуўап бериўге үлгерген бала босағадан ишкери атлағанда аяқ үстинде тура алмай егбетинен жығылды.

Соның арасынша Хангелдиниң ҳаялы Бийбижан да төсектен турып күлге көмип қойылған шоқлардын үстин ашты. Наржан да қапталында жатқан жаўлығын басына орап „келген ким екен?" дегендей алға үңилди.

Сыртты барластырып қайтқан Хангелди аяғындағы шоқайын шешип төсекке өтти.

— Балам не кемлик көрдиң?—деди ол баланың тарығып келгенин сезип.

Садық қамығып жылап жиберди. Әдеўирге шекем солығын баса алмады.

— Ол залымлардан ҳәр нәрсе күтиўге болады—деди Наржан баланың басын дизесиниң үстине алып атырып.

— Мына тесик етик пенен қар кешип келгенсең бе?

Бала пақырысығпадай қалтырап жуўап бере алмады.

Жетимниң мына ҳалына рәҳими келген Бийбижан оған сүт писирип берди. Сүт ишип тула-бойы сәл жибиген бала түнниң орасан суўық екенин жаңа ғана сезди.

— Отқа жақынлайын.

Наржан қолтығынан сүйеген бала отқа жақын отырды.

— Бийби—деди Хангелди баланың қатты тоңғанын көрип.

— Ҳа—ў.

— Сорпаң барма?

— Бар.

— Балаға жылытып бер.

Наржан да баланың уйпа-жуйпа шашларын қолы менен тәртиплеп:

— Сөйте ғой, сөйте ғой,—дей берди.

Бийбижан қара қазанды ошақтағы орнына көтерип қойды ҳәм оттың жалынын соған қарай жылыстырды. Ҳә деген ше палаў қабақ салынған жүўери гүртиктиң сорпасы бүк—бүк етип қайнады.

— Сары май бар шығар?—деп сорады Наржан Бийбижаннан.

— Бар, анаў май қабақта.

Наржан майқабақтан бир қасық сарымай әкелип сорпаның үстине салып араластырып жиберди.

Бийбижан ыссы сорпа салынған табақты Садықтың алдына қойды.

— Ише ғой.

Ыссы сорпа тоңған баланың бойын тез жылытты ҳәм Садық өзиниң тәндар бола баслағанын сезди.

Хангелди баланың қасына келип малдас қурынды.

— Аўа, балам, не болды?

Садық басына түскен қыйын ҳалды баянлады.

— Мени Қудайқулы менен Шаўдыр Тақтабазарға кетип баратырған бир кәрўанға сатты. Солар мени алып кететуғын болған соң қаштым.

— Сени сатып алған кимлер?

— Сөзлериниң рәмәуизине қарағанда баспашылар.

— Аты-жөнин билеалмадыңба?

— Бир семиз қара кисини ҳәмме Шаммы аға десип отырды.

Хангелди қолы менен дизесин тарс еттирип урып жиберди.

— Балам аў, ол жезтырнақлы қара қус ғой.

— Сол киси көкнардың кейпи менен мына баланы сат деп қоймады.

— Еки жаман дүньяға қызығып сатаман деген шығар?

— Аўа.

— Ол залымлар өз баласын да сатады,—деди мына сумлыққа жаны түршиккен Наржан.

— Сен қалай олардың дузағынан қутылдың?

— Ҳеш илажым қалмаған соң берман қаштым.

— Ақыллылық ислепсең, балам—деди де Хангелди ҳаялын, ҳәм қарындасын қасына шақырды.

— Баланы қайда жасырамыз?

Наржан ағасына бурылды.

— Жыңғыллықтағы өзимиздиң баяғы жер төле қалай болар екен?

— Ҳәзирше соннан қолайлы жер жоқ.

— Хангелди ата бир хабар айтайын—деди Садық.

— Айт, балам, тартынба.

Усынша жақсылық ислеген адамларға Садық қалай Үсен сейиске гезлескенин, оның берген ўәдесин ҳәм кәмбағаллар ҳүкимети жөнинде еситкенин сөйлеп берди.

— Айтқаның келгей, балам—деп Хангелди орнынан турды.

Сол түни Садық пенен Хангелди аўылдың бир шетиндеги қойымшылық түбиндеги жер төледе қонды.

## 15

Қалай да болмасын туўылған жериме жетсем деген арзыў-әрман менен жолға шыққан Айпараға душпан оғы тийди, оқ тийип қансыраған батыр қыз мылтығының шүрппесин басыўға ҳалы келмеди. Минип қашқан аты өлди. Енди өзиниң көзлеринде соңғы нур өшер—өшпес болып тур. „Узақ, мениң өлгенимди аўыл-елим билермекен?" Усы соңғы әрман оның басын сәл жоқары көтертти. Геўдеде дәрман, еки қолда димәр қалмады. Көзлериниң алдында еки кишкене от алыстан жылт-жылт етип көрингендей. Сөйтеди де еки от бирден ғайып болады. Тағы сол отлар жылтырайды. Көзин ҳалы келгенше ашып еки отқа қараған Айпара бир әжайып нәрсени көрди. Жылт-жылт еткен еки от өзи туўылып өскен жайдың еки әйнегиндеги шыра жақтысы екен. Енди биротала тамам болдым, усы соңғы демим шығар дегенде жаңағы еки от жоқ жерден мәдет әкелип бергендей болды. Бир-бирине айқасып үлгерген кирпиклер қайтадан жаздырылды. Жаңағы еки от оған тап алдында жылтырап турғандай еди. „О, қасийетли ошағымның отлары". Усы сөз Айпараның ақырғы сөзи болды. Айпараның адамларға қуўаныш шашқан қара көзлери мәңгиликке жумылды. Сүйриктей ақ бармақ-

лар, өмирге бәҳәр самалын таратқан сүмбил шашлар биротала ҳәрекетти умытты.

Ал, Қудайқулы менен Шәменниң буннан хабары болмады. Олар Айпараның оғынан қорқып тамның мүйешинде аңлып тура берди. Ал, Шылымбет бул саатларда атын шаңғытып шаўып Қақаның жайына жақынлап келген еди.

Шылымбеттиң жалып-жалып етип жағдайсыз шаўып кияғырғанын жөн көрмеген Қақа есигиниң алдында тур. Шабарманның хабарын тез билгиси келди. Бул ўақытта Қақаның үйинен атланған Якшыгелди менен Көклен бала қара гөрим жерде кетип баратыр еди.

Азан менен Шылымбет қолын көгерип шаўып келе берди.

— Шөжим, бар, Хабай бай.

— Тезирек айт.

Шылымбет ентигип келип атынан түспей:

— Атышып атый. Атышып атый...

Қақа кимлердиң атысып атырғанына түсинбеди.

— Ҳәй, сөзиңди түсиндирип айт, кимлер атысып атыр?

— Мынаў бай ғой, Мынаў бай ғой, Қатын бай ғой...

— Тилиңе қасмар шыққсын сениң? Кайсы қатынды айтасаң?

— Шижиң үйдеги бай ғой, қатын бай ғой. Қақа сөздиң еки инисиниң ҳаялының бири ҳаққында баратырғанын түсингендей болды.

— Ол қатынға не болды?

— Қашып бижиң аўылға байды. Ағам менен Қудайқулы менен атысып атый.

Қақаның жүреги суўлап кетти.

Бир нәрсе болғанын билген Қақа тонның жеңин кийди-де Аннагелдиниң шетиректеги үйине қарап асықты.

— Непесқулы! Ҳа Непесқулы!—деп даўыслады ол кетип баратырып.

Непесқулы есиктен асығып шықты.

— Аға бир нәрсе дедиңизбе?

— Берман жүр!

Ағасының шаққан адым атыўына қарап Непесқулы да ҳайран болды. Иркилмей ағасының изинен жетиўге асықты.

— Мына сақаў бир жөнсиз хабар әкелди—деди артына қарамай Қақа,—Аннагелди қайда?

— Түн жарпында үйине кетип еди.

— Қайгып көрмедиңбе?

— Көрмедим.

— Аннагелдиниң қатыны қашса керек.

Қақа молла үлкен инисиниң жайының қапысына барып тоқтады. Еңкейип есикке қол соза бергени бир нәрсе гүрп ете қалды. Қақа бойын кейин таслады.

— Мылтық атылды—деди ағасын ақ қардан көтерип атырып Непесқулы.

— Мылтық атылды. Ҳәй, ҳәй қудай сақлап аман қалдымба?

— Амансыз. Бул кимниң ислегени?

— Билмедим.

Непесқулы әйнектен ишке үнилип еди, өлимсиреп жанып турған шыраны ҳәм төсекте жатқан қан-қан басты көрди.

— Ҳаў, мына бас...

Шоршып кеткен Қақа әйнекке үңилип еди, еки көзи ақылдан айрылған делбедей ақшыйып кетти.

— Аннагелди. Аннагелди...

Бул сөзди еситкен Непесқулы бақан ағаш әкелип қапыны урды. Есик аңқайып ашылды. Аўзы есикке қараған мылтық жерге қулап түсти. Непесқулының да, Қақа молланың да көзлери төсекте қанға боялып жатқан кесилген баста. Қақа көрпени ашып инисиниң тәнин услап көрди. Бассыз жатқан геўде оған бир қан төгиспе ўақыядан дерек берди. Талай адамның ошақ басына қан қуйған аға-ини залымлардың шаңырағына қара байланды. Қақа көзлерин қоллары менен басып, бетин жуўған жасларын жеңи менен сүртип таслады.

Ошақ басы қанға былғанып атырған қара саатларда Шаўдыр ат үстинде турып жайдың әйнегин қақты.

— Қақа аға, хабарлас!—деп бақырды ол.

— Тағы не бәлеге ушырадық?—деп қорқып кеткен Қақа инисине хабарлас дегендей белги берди.

Майданға Непесқулы шықты.

— Молла ағаның өзи керек.

— Айта бер?

— Өзине айтатуғын қыстаўлы хабарым бар.

Непесқулы еситилер-еситилмес жуўап берди.

— Молла ағаның нәрўан тереги белинен морт етип сынды.

Шаўдыр бул сөзге кеўил бөлмеди.

— Дым қыстаўлыман...

Непесқулының реңкинде қан жоқ еди ҳәм сөзи де тынып аққан суўдай дәрмансыз еди.

— Молла ағаң асқар таўынан айрылды. Таўдан ағатуғын шәшмеси қурып қалды.

Шаўдыр бул сөзлердиң барлығы „Әнеўгүнги түйеге гөре ислеп турған Непесқулының ашыўы ғой"—деп ойлады.

— Дым қыстаўлыман, мылтықлар атылғанын еситип турсаңба?—деп Шаўдыр әйнектен үңилмекши болып еди, Непесқулы ҳештеңе деместен ишкери кирип кетти. Соның арасынша атылған мылтықтың даўысы көбейе берди. Атын қамшылап Қудайқулы шаўып келди.

— Большойлар жақынлап қалды.

Шыр пыры шыққан Шаўдыр:

— Қақа аға—деп бақырды.—Большойлар аўылды қамады.

Көлеңкедей сүйретилип есиктен шыққан Қақаның еки қолының үстинде жатқан қанлы адам басын көрип Шаўдыр аттан ырғып түсти.

## 16

Қаражыңғылдан қайтқан Үсен сейис ҳеш жерге бурылмай туппа-tуўры Николай Алексеевичтиң кеңсесине келди.

Аманлық-есенлик сорасып болыўдан ол Шайдаковқа душпан ҳаққында көрген-билгенин хабарлаўға асықты.

— Қандай базарлық пенен келдиңиз?—деп сорады оннан Николай Алексеевич.

Үсен сейис Қаражыңғыл жөнинде мағлыўмат берди де:

— Баспашылардың аўылы кишкене еспе қумның арғы түбине жайласқан деди. Алдында турған кеседен шай уртлады.—Қумның берги етегинде қамыслары там бойлы Узынкөл деген кәнапат өли суў бар. Әскерлеримизди сол көл жақтан алып өтсек биз душпан көзинен аўлақ боламыз.

Ғаррының сөзинде бир лийкин барын аңғарған Николай Алексеевич оған жыллы жүз бенен қарады ҳәм:

— Сиз келемиз деп ўәде берген жоқсызба?—деп сорады.

Үсен сейис тайсалақламады.

— Мен душпан қолында қор болып жүргенл рдиң аўыр аўҳалын көрдим. Оларды аяп, келемиз, күт деп ўәде бердим.

Николай Алексеевич узақ ойланып отырды Бармақлары менен столды тықылдатқан сайын оның ойы гә Төрткүлде, гә Әмиўдиң сол жағынан оралды. Душпан үстине атланыў ушын қызыл гвардия қатарына жақында қабыл алынғанларды әскерий өнерге үйретиў керек. Бәринен бурын Төрткүлдеги әскерлердиң командующийсынан рухсат алыў керек. Буларды иске асырыў ушын кеминде бир ай ўақыт керек.

— Қашан келемиз дедиңиз?

— Алдымыздағы базарға бир күн қалғанда.

Өмирдиң жеткиликли ашшы-душшысын татқан Үсен сейис Шайдаковтың астынғы ернин тислеп отырғанына кеўил аўдарды. Демек, мениң берген ўәдем орынсыз болған екен?" деп өзиниң билмеслик ислегенине өкинди.

Үсен сейис те Николай Алексеевич те ой толғаўының шетине шыға алмай отыр. Әскерий нызамнан бийхабар ғаррының ҳадал жүрек пенен, адамгершилик сезим менен берген ўәдесин ол ерсиге санамады. „Әскерий турмысты билгенде булай ислемес еди" деп ол бул аўыр ўазыйпаның барлық жүгин өз үстине алды. Қаражыңғылда душпан қолында жүрген усы жақтың адамлары барын да биледи. Олардың „бизлерди тез қутқарың" дегендей аяньшлы зары қулағына тал-тал келип турғандай.

Усылардың барлығын ақыл тәрезисине салып салмақлап өлшеген Николай Алексеевич ақыры атланыў керек деген шешимге келди. Әскерий тәртипке шек келсе де усы сапардың барлық жуўапкершилигине қайыл болды.

— Барамыз—деди ол ҳәм бул шешим өзгермейди дегендей оң қолының мушы менен столды бир урды.

Жүзинде нур жайнаған Үсен сейис бул шешимге ырза болып орнынан турғанда нешше күннен берли қойнында жүрген пистолети тәнине қаттырақ тийди.

— Мына нәрсени өзиңизге қайта тапсыратуғын шығармыз.

Пистолетти ғарры Николай Алексеевичке узатты. Ол қуралды алмады.

— Өзиңизде тура берсин.

— Ҳаў—деп таңланды Үсен сейис, мениң жасым әскерликке келисеме?

Николай Алексеевич алдында турған орта бойлы домалақ жүзли жас үлкенниң ҳадал жанлы екенине бир көргенде ақ исенген еди. Ҳәзир оны туўысқан ағасынан зыяда көрип тур.

— Сиз әскер жасында екениңизди әлле қашан дәлиллеликиз.

— Мен не ислеймен?—деп сорады Үсен сейис буннан былайғы жумысқа бағдар алғысы келип.

Николай Алексеевич қойын қалтасынан кишкене гүмис саатын алып, шырт еттирип оның үстиңги қақпағын ашты. Сааттың жүрип турған тилине қараўын даўам етип:

— Сиз Саманбайға барып қайтыңыз. Бала-шағаңызды қуўантыныз—деди. Еле айтылажақ сөз барын сезген ғарры сол аяқ үстинде тур.

— Бизлерди Қаражыңғылға баслап баратуғыныңызды умытпаңыз.

— Умытпайман.

Усы сөзден кейин Үсен сейис пенен Николай Алексеевич тас гербиштен салынған кишкене шарбаққа шықты. Өз күшине минип долыланып турған қыраўлы қыс олардың бетинен шымшып-шымшып алғанда сейис түлки малақайының қулақларын төмен түсирди.

Ғарры булдырап көринген Саманбай жаққа енди жүре бергенде Николай Алексеевич оны иркти.

— Астыңызға ат беремиз.

Айтқандай ақ алдыңғы аяғы менен жер тепсинип шыңғырып киснеген Көкжийрен Еримбеттиң жетегинде киятыр еди.

## 17

Нөкис гарнизонының елиў атлыдан ибарат отряды Қыпшақтағы постан он жаўынгер алды да түни менен жүрип отырып таң атып киятырғанда Узынкөлдиң берги жийегине жетти.

Шайдаков Үсен сейиске алға жүрейик деп басын көл жаққа бурды. Еки атлы иркилмей шаўып келди де қалың қамысты қақ айырып көлдиң жайпаўытына қарап бетледи. Биртоп үрпек баслы бийик жыңғылдың

тусынан өте бергени әўдийген бүктиң түбинен еки атлы сомпаң етип шықты да майда қамыслық пенен алды-артына қарамай қаша жөнелди. Тапырақ-тапырақ етип қашып баратырғанлар Шаўдыр менен Қудайқулы. Олар шопан бала Садықты қашып келдиме деп излеп жүр еди.

— Атайынба?—деди Есжан палўан ҳәммеден бурын мылтығын гөзеп, Николай Алексеевич оның қолын услады...

—Бизде алды менен душпанға қан төгиспейик, келиссейик деп айтатуғын тәртип бар. Сол тәргипти тыңламаса урысамыз.

Есжан бурын еситпеген мына тәртипти мақул көрмеди.

— Ол қалай болғаны? Душпан бизлерди қорықты демейме?

— Жақ, палўаным, бул қорқақлықтан емес, ал өз жеңисимизге беккем исенимимиздиң белгиси.

Есжан палўан сәл-пәл жуўасыды.

— Eң болмаса бир баспашыны оққа ушырмағаным,— деп кеўилсиз басын шайқады.

— Асықпа, палўаным—деди командир, алып денели әскердиң қулшынып турғанын көрип.

Буннан кейин командир көлдиң жағаларын, ой-жыраны, жол-соқпақларды, муздың беккемлигин бирме-бир көрди. Қасындағы Үсен сейиске:

— Әскерлерди берман шақыр—деп буйырды.

Кимлери басларына қызыл жулдызлы әскерий сеппаш кийген, кимлери қадимги дийхан малақайы менен жүрген жаўынгерлер көл шетиндеги қамыслыққа жыйналды. Алпыс атлыны бир сапқа дизген командир арғы бастан берги басқа шекем ҳәр бир адамды көзден өткерди. Ойнақшыған дал бедеўдиң суўлығын бир қолына жыйнақлап услап, оң қолын алға созды:

— Жолдаслар! Қызыл әскерлер!

Биз душпан жатағының есигинде турмыз. Соған қарамастан биз рабочий дийхан армиясының ўәкиллери адамгершилик нызамына муўапық келетуғын исти ғана ислеўимиз керек. Душпанға урыспай тәслим болың деген талап қоямыз. Сол талапты еки жаўынгер хат жүзинде баспашылардың қолына тапсырып жуўабын алып қайтады. Бизиң талабымызды орынлаўдан бас тартса, онда баспашылар менен урысамыз. Олардан кәм-

бағалларды, олар алып кеткен адамларымызды азат етемиз. Душпанды жеңбей кейин қайтпаймыз. Кимде-ким душпанға бизиң талабымызды апарып тапсыраман деп тилек билдирсе бир адым алға шықсын!

Есжан биринши болып қатардан суўырылып шықты. Оннан кейин Саша алға өтти. Тағы еки атлы шыққпақшы болып еди Николай Алексеевич қолын көтерди.

— Тек еки атлы керек.

Есжан палўан:

— Жолдас командир, мени жибермесең болмайды— деп өз тилегинде беккем турып алды.

Үсен сейис командирдиң қасына барып:

—Күйеў баланы қалдыра бериңиз. Орыс десе баспашылардың көзине қан толады—деп өтиниш етти.

Сашаның орнына Еримбет белгиленди.

Әскерлердиң талап хатын қойнына жасырған Есжан палўан командирге бир өтиниш айтқанды мақул корди.

— Баспашылар мени бизиң әскерлердиң ўәкили деп билиўи керек. Солай болса мениң мына кийим менен барғаным қалай болады?

Жаўынгер Есжанның бул сөзинен командир әпиўайы дийханның сана сезиминиң өсиўшилигин көрди Ишинен қуўанып кетип ол өзиниң қызыл бес жулдызлы жылтыр тери кепкасын елшиликке баратуғын палўанға кийгизди де, онын малақайын өзи кийди. Есжан палўан айбатлы, әскерий салтанаты душпанды сескендиретуғын жаўынгер болып өзгерди де қалды.

— Кетиўге рухсатпа?

Әскерий сәлемди күтә келистирген инисине Үсен сейис сүйсинип қарай берди.

Еки атлы жаўынгер жаңағы еки баспашы қашқан из бенен морылары қарайып көринген аўылға қарап кетти.

Шылымбет шаўып келип бир қорқытқан. Шаўдыр шаўып келип тағы қорқытқан Қақа енди не қыламан деп ҳайран болып турғанда таныс емес еки атлынын шаңғытып киятырғанын көрди. „Бүгин бир бәлеге жолықпасам еди?"—деп ишинен дуўа оқыған Қақа киятырған атлылардың келиўин күтти. Өз салтанаты менен жарасықлы киятырған еки атлы душпанның жүрегине муз арнасын ашқандай тәсир етти. Қызыл жулдызларға тигилип қараған сайын Қақаның көзи таллы. Усы жулдыз оған бес тили бар өткир алмастай, силтегенде

мийгинди қырық бөлек ететуғын семсердей көринди. Ал, алып денели палўанның қолындағы кишкене қызыл-жалаў мәзи сүлдери турған Қақа моллаға отты да, суўды да писент етпейтуғын қудиретли нәрсе болып сезилди. Ал, усы жалаў менен жулдыз саўлатында киятырған еки әскер әййем заманнан жеңилмей киятырған баҳадырға мегзеди.

Түнерип, сыр алдырғысы келмей турған баспашылардың тобын қақ жарып Есжан менен Еримбет тап Қақаның алдына келип тоқтады Еки елшиге душпан атган түсиң деп мирәт еткен жоқ Тек Есжан узатқан қағазды Қақа үндемей қолына алды ҳәм үндемей өз ишинен узақ оқыды. Буннан кейин Аннагелдиниң музлап қалған денеси жатқан жайға бир өзи кирип кетти. Непесқулы да ишкериледи. Көз астынан қараған Шаўдыр Еримбетке дыққат аўдарды. „Бир жерде көрген сияқлыман“ деп ойлады да, қай жерде көргенин есине түсире алмады. Еримбет оны бирден таныды. Бир аяғында қыйсайып турыўынан оның Камал атқа сүйреткен залым екенин билди. Бирақ, аўылына заўалаң салған баспашыны күтә жек көрип, ишинен тынып турса да бул сапары оған ҳеш нәрсе деўге ҳақысы жоқ еди. Еримбеттиң ойында аўылдан душпанға түсип кеткен қызлардың биреўин көрмеспенбе деген үмит бар еди. Әсиресе, сүйгени Айпараны ушыратсам деген татлы әрман оған тыным бермеди.

Непесқулы иштен серпилип шығып тез-тез адымлап палўанның қасына келди.

— Кешикпей Узынкөл жағасына барамыз. Жуўабын сол жерде аласыз.

Есжан атының басын кейин бурды ҳәм ер үстинен қапталға қарап:

— Бир саат ўақыт қалды, жуўабын соннан кешиктирмейсиз деп ескертти.

Непесқулы жуўап берген жоқ. Оның жыпылықлаған көзлеринен душпанлық нышанлары шашырады.

* * *

Еримбет көриўге қуштар болған Айпараның гөне тамда атысып өлгенин бул ўақытта Садық билмейтуғын еди. Үмит болса Наржан менен қудық басында сөйлескеннен кейин кешикпей қойымшылыққа жасырынып келди.

Жан-жағына сер салып басқа адамның жоқлығына көзи жеткен Хангелди қабирлердиң арасы менен күншығарға қарап жүрди. Бир түп ғарры сексеўил өскен дүмпекке келип, тағы әтирапына қарады.

— Балам—деди ол ярым даўыс пенен.

Қыр арқалы дүмпек артынан Садықтың басы қылтыйды.

— Аға, мылтық даўысы еситилгендей болдыма?

— Шаўдырдың қонақлары большойлар келди—деп бир-еки рет мылтық атыпты.

— Большойлар келди дейсизбе?

— Узынкөлдиң жағасында турыпты деп еситтим.

Садық қуўанып кетти.

— Ҳаў, олардың келиўине еле бир күн бар еди ғой?

— Бәлким, ертерек келиў мақул болған шығар.

Бул сөз Садыққа сарымайдай жақты. Қақаман қыс жаз болып баратырғандай.

— Атажан бизлердин көз жасымыз тыйылатуғын күн келди. Садық анасының қабирине бурылды.—Тири болғанда апажаным бүгин сен де қуўанар един.

Хангелди балаға жүрейик деп сексеўилдиң панасынан тегислеў жерге шықты. Ойылған, ойылмаған гөрлердиң арасынан аңлап аяқ басып қалың жынғылдың шетине келди.

— Наржан, ҳа Наржан!.

Жынғыллар арасынан алды менен Наржан, оның кейнинен Үмит көринди. Садық өз ўақтында Үмитти алып келгени ушын Наржанға күтә ырза болды.

— Ендиги мәслаҳат не?

Хангелди ат шаптырымдай кең шорлақты, оның аржағында булдырап теңселип турған тоғайды көрсетти.

— Иркилмей соған жетемиз. Тоғай ишиндеги соқпақ пенен жүрип отырып келген қызыл нөкерлерге хабарласамыз.

— Кеттик —деди қустай талпынып алға қараған Садық.

Олар жүрип кетти.

Жайдың тусына келгенде үйден Биййбижан шықты.

— Мына ыссы нанды қойнына тық, жолда керек болар. Душпан қолында сонша қорлық көрген еки жан теңи жоқ жақсылық ислеп, нан берген жақсы адамлар менен көзлерине жас алып хошласты. Ҳақ жол тилеп

Наржан менен Биибижан тамның қасында қалды да, Хангелди еки ғарипке жол баслады.

Бул саатты Садық пенен Үмит өмирде умытарма? Кешеги қапестей тар Қаражыңғыл ҳәзир бир кең үлкеге айналып баратырғандай. Кешеги түйе бағып зар жылаған шорлақ та енди Садықтың көзине өзгерип қалғандай. Еки ғарип өзлерин темир тордан қутылған қустай сезди. Садық та, Үмит те көкирегин самалға керип Әмиўдиң таза ҳаўасын қайта-қайта рәҳәтленип жутты.

Усы жол, усы талпыныў оларды Узынкөл жағасына алып келди. Атқан таңның шуғласы сур бултлардың арасынан жарқырағанда, оның сәўлелериниң бир бөлеги үш жолаўшының жүзинен сүйди.

# *Ушинши бөлим*

## 1

Қатарынан үш рет оқ үзген Қақа орнынан ушып турды да жылжыған қум менен бирге төменге сырғанады. Ол саўаштың улғайыўының тәрепдары емес. Өзиниң аз санлы күшине исенип саўашты даўам етиў ол ушын қаўипли еди. Ал, Шаммыкәлдиң нөкерлери оның қалибине туўра келмеди. Қақа ойда топарласқан нөкерлерге қанша тесилип қараса да Шаммыкәлшилердиң дыққаты саўашқа аўдарылмады. Ақ телпегин желкесине басып кийген Шаммыкәл өз атлыларын бийик қумлардың панасына жыйнады.

— Шаўдыр!—деди ақыры шыдамы таўсылған Қақа. Жыҳмырайған қара телпекли жатқан жеринен оң қапталына бурылды.—Анаў қонағың қыялланып турғанға усайды?

Көзлери жыпылықлаған Шаўдыр қумлар артында телпеклери көринип кетип баратырған еки атлыны көрип қалды.

— Шаммыкәл даланың сум түлкиси. Көз бенен қастың арасында қуйрық былғап кетеди.

Қақа ашыўға буўлығып ләм деп аўыз ашпады. Көз алдына қақпанды көрсе айналып кететуғын, аңшы жоқ жерде тынбай жортатуғын ҳийлекер түлкини келтирди. „Жәнеўдке мойынсынғысы келмей жүрген алаяқ маған қайыр береме?“ деп геўдесин толтырып суўық дем алды. Қалың жыңғылға қарап жүрди. Непесқулы ағасының келип турғанын аңғарған жоқ. Бесатардың қулағын қайырып қайта орнына сүрип апарып оқ үзди. Узынкөлдиң арғы жағынан атылған оқлардың биреўи Қақаның қурашын ушырып түсирди.

Қақа бойын қумға таслады.

— Непесқулы, сен Көкленге бар!.

Непесқулы жығыла-сүрине төмендеги қалың қамыс, жыңғыллардың арасында аяғы тусаўлы турған атына жетти ҳәм ой менен күншығарға қарап зыңғыды.

Сонда да Қақа тынышланбады. Неде болса Шаммыкәл менен еки аўыз сөйлесейин деп алға адымлады. Шаммыкәл де Қақа менен ушырасқанды мақул көрсе керек, еки тәкаппыр, еки ҳийлекер төбесин жыңғыл қаплап кеткен кишкене қумшықтың ығында гезлесги.

— Шаммы, большойлар үстимизге дөнип киятыр...

— Олар менен әўере болғандай мениң ўақтым жоқ.

Қақаның басы қалтырады. Ашыў қысқанлықтан ол түрилген еринлерин тили менен жалай берди.

— Бүгин мениң аўылымды қамаса, ертең сениң аўылыңды шаппайма?

Шаммыкәл атының басын күншығарға бурды.

— Мениң аўылымды Дерегли дейди. Егер Дереклини большойлар қамады десе, сен көмекке бармай ақ қой!

Қақа сол орында қағылған қазықтай қақшыйып қалды. Атына бир қамшы урды да Шаммыкәл нөкерлерин изине ертип, көз ушында кетип баратырған өз кәрўанына қарай жүрди.

Аяғын ақсап басып Шаўдыр ҳәрекетсиз турған Қақаның қасына жетти.

— Молла аға, қапа болма. Шаммыкәлдиң қуйындай зуўлап жүрген жалатай екенин енди билдим.

— Жалатай болмақтан қарақшы болса да оны Хан ағаның қаҳәрине бир жолықтырарман—деди ҳәр бир сөзи тисиниң арасынан сызылып шыққан Қақа.

— Өлтирсең де оның обалы жоқ—деди Шаўдыр.

— Өлтириўди айтасаң аў, биротала туқым қурт етемен—деп қызып кеткен Қақа мылтығы менен жерди дүрис еттирди.

Баспашылар кем-кем кейин жылжып аўылға тақалып қалды. Үрген ийтлер, жылаған бала-шаға бақырысқан ҳаяллар аўылды басына көтерди. Уйтқыған суўық самал айналада былағай салды. Түп деген түкирик жерге түспеди. Аздан кейин майда ақ моншаққа усаған қар себеледи.

Қақа ҳеш ўақытта бундай сынға, бундай қыйын аўҳалға түспеген еди. Бирдей басқа аўылларға ат ойна-

тып барған баспашы бундай күнге дуўшар боларман деп сирэ ойламаған еди. Оның тулыптай тулғасы бир қысым болды. Жақынға шекем Әмиў дәрьяның арғы жағына өтип пухара үстине силтеген өз таяғының бир ушы ҳәзир басына ғарс-ғарс етип тийип турғандай. Жүз түрли залымлығының ақыбети өз аўылына айналып апат болып келгендей. Усы ойдың, усы пушайманның ырғағында теңселген Қақа жерге жығыла жазлады. „Тамам болған күним бүгинбе?" деген зилдей ой оны еңсесинен басып жерге қазық етип қағыпатырғандай.

— Молла аға, большойлар екиге бөлинди—деди усы ўақта Шаўдыр.

Саўаш майданындағы бул өзгеристиң жақсылыққа апармайтуғынын сезген Қақа қатты албырады.

— Қудайқулылар қайда?

— Анаў қумның артында.

— Сол жаққа бар, иним.

Шаўдыр ақсаңлаў менен Қудайқулы, Шәмен жатқан жаққа кетти.

Атыспа күшейди. Қызыллар лек-лек болып алға өте баслағанда Қақа жинлидей өз-өзинен бақырып жиберди.

— Таған, атымды әкел!

Еки бетин шешек жеп, көзлери орасан исип кеткен қара бала ойнақшыған қасқа бедеўди жетеклеп келди.

— Алла яр болсын! Алла яр болсын! Аўылды қорғайық!—деген Қақаның зары барлық баспашыны орынларынан турғызды.

Қақа алға-артқа шапты. Ҳәр бир атлысын усы сөз бенен шегелеўге нийетленди. Қаңырап қалған аўыл арасы оның қорқынышына қорқыныш жамады. Аңқайып ашық қалған есиклер, тамлардың ығында жыйнаўсыз жатқан көрпе-төсеклер оның ҳүрейин ушырды. Қайғылы ой қара қузғындай қанат жайып оның үстинде шыр гүбелек айналып жүргендей.

— Большойлар аўылға кирди!

Биреўдиң ашшы даўысы Қақаның қулағын жарып жиберейин деди. Бесатарының аўзын алға қаратқан молла усы ўақытта шаўып киятырған бағанағы ири геўдели елшини көрди. Елшиниң изиндеги еки атлы аўылдың шетки көшесине қарап бурылды. Қақаның өкпеси сығылып, қабырғалары қайысты. Әне, усы жан таласқан саатта ол мылтықтың шүриппесин басып қалды.

Көшенин ортасы менен шаўып баратырған еки аттың алдыңғысы сүрнигип барып, қаддин тикледи. Қызыл байрақ көтерген атлы аўылдың дәл ортасы менен күншығарға қарап шаўып: „Алға! Алға!"—деп сүрен салды. Қолға түсип қалмайын деген Қақа қублаға қарап зыңғыды. Шаўдыр да өз басының ғамын жеди. Аўылдың соңғы тамларына келген баспашылар қубладан көтерилген көп шаңды көрип тоқтады.

— Шаңды көрдиңизбе?—деди Шаўдыр шаўып киятырып.

Қақа қолын көз алдына услап алға тигилип қарады.

— Көкленлер киятыр!—деп бақырған Қақа атының басын кейинге бурды.

## 2

Ешейинде демине нан писип жүрген Көклен бала қызылларды көрип жым болағойды. Арман шапты, берман шапты, беллесиўдиң ретин таппай мәзи мылтығын шошанлатыў менен болды. Қақаның ийни түсип кетти. Бүгинги бүлгиншилик пенен ертенги масқарашылықты ойлап ол бир есе Көкленниң, бир есе Непесқулының қасына келди.

— Не ислеймиз, шерим?

Көклен бала үндемеди. Қамшысын Тахта базар жақтқа қарап шошайтты. Сәрдары жол силтегеннен кейин нөкерлер күн-шығарға қарап жапырылды. Алашаңғыарасында телпеклери селкилдеп баратырғанлардың еткини Қақаның өзин де сол жаққа ийтермеледи. Сонша ўақыттан берли басқыншылардың ордасы болып келген Каражыңғыл қаңырап қалды.

Қызыллардың отряды Қыпшақтағы бекиниске қайтып келди. Атланыстан кейин жуўынып, жол кийимлерин аўмастырып атырған Николай Алексеевичтиң алдына Төрткүлден келген Нурым кирип барды.

— Жолдас командир қыстаўлы хабар бар—деп честь берген Нурым бир адым алға атлады ҳәм қойнынан көк конверт алып командирге узатты.

— Коноплевтанба?

— Соннан.

— Усылай боларын күткен едим.

Нурым әкелген қағазының қолайсыз екенин билсе де не ислесин, үндемей турды.

— Крошилов Төрткүлдеме?—деп сорады кийинип атырып Шайдаков.

— Төрткүлде.

Басқа сөз айтылған жоқ, еки кесе шай ишип Шайдаков жолға таяр болды. Қыпшақ бекинисине командир бола турыў Ниязбекке жүкленди. „Бул ўазыйпаны атқара аламанба?"—деп Ниязбек оқланып турды да және әскерий тәртип бойынша булай ислеўге болмайтуғынын ойлады.

Шайдаков сыртқы кийимлериниң илгеклерин илдирип үлгерди.

— Жолдас командир алыс жолға баратырсыз, қасыңызға Наўрызбайды алып кетиңиз?—деп өтинди Ниязбек, күнниң суўықлығын, жолдың аўырлығын есапқа алып.

— Оның ат турманы қалай?

— Барлығы саз—деп Ниязбек командириниң қасында Наўрызбайдың болғанын жақсы көрди.

— Онда тез келсин!

Шақалары қыраўға малынған ағашлардың астынан арман өтип дәрья жағасындағы үлкен ҳәўлиге бурылғанда Ниязбектиң алдынан өгиз арбаны мешеўлеген Хангелди менен Үсен сейис шықты. Аманлық-есенлик сорасыўдан Үсен сейис:

— Командияр қайда?—деп сорады.

Ниязбек арбадағы үй-ишиниң керек жарағын көрип Хангелди ағаның көшип киятырғанын билди. Усы ўақта жақын жердеги тамның мүйешинен қабақ, шынықап, дорба арқалаған Бийбижан, Наржан, Үмит көринди. Олардың изинен қой-ешки айдаған Садық келеберди.

— Тезирек барың—деди Ниязбек еки ғаррыға баратуғын жерди көрсетип—Командир Төрткүлге кетейин деп атыр.

Еки ғарры емпеңлеп көрсетилген ат қораның алдына жеткенде Шайдаков, Нурым, Наўрызбай атларын жетеклеп дәрўазадан жаңа шыққан еди.

— Үсен аға сизди жоғалтып алдық ғой—деди отряд командири бир-еки күннен берли дерексиз кеткен жәрдемшисине.

—. Хангелдиниң хожалығын көширип киятырман.

Адамлар қол алысып сәлемлести.

— Күтә мақул болыпты—деди Шайдаков истиң мәнжайына түсинип.

— Хангелди ағаның хожалығына душпан арасында қалыўға болмайтуғын еди

— Солай, иним—деди адамлардың дыққатына кеўилли толған Хангелди—ел-журт тынышланғанша мен сизлер менен болғанды дурыс көрдим. Баспашылар жоқ болғаннан кейин киндик қан тамған жериме қайтып барарман.

Еки жасүлкен арбасын қораның ығына айдап келип, өгизди арыстан босатқанда үш атлы дәрьяның тайғақ көк музы үсти менен арман кетип баратыр еди.

## 3

Шайдаков штабқа кирип барғанда Коноплев узын столдың айналасында өзиниң исенимли үлпетлеслери—бурынғы банк ийеси ҳәзирги халық хожалық советиниң председатели Пилсудский ҳәм пахта тазалаў заводының хожайини Павел Мануиловлар менен бирге отыр еди.

Шайдаковтың кирип келгенин биринши аңғарған сопақ бетли, ат жақлы Пилсудский үсти-үстине жөтелди. Павел рюмкаға қуйып атырған арағын тоқтатыўға мәжбүр болды

— Келдиңбе?—деди бир шекелеп қараған Коноплев жақтырмаған пишин менен.

— Келдим.

— Анаў бөлмеге барып, не ушын өз бетиңше баспашыларға урындың, соған хат жүзинде түсиник жаз.

— Тек солма?

Шайдаковтың ҳәкисленгенин сезген Коноплев оған тикирейип қарады.

— Аз қылмыс иследим деп турсаңба?

Шайдаков ийнин қысты.

— Қылмыс иследимбе, жоқпа, дәслеп анықлап алыў керек шығар?

Коноплев өзин парасатлы услағысы келди.

— Биз соны анықлаў ушын жыйналып отырмыз. Тез ҳәм толық етип жаз. Он бес минут ўақыт беремен.

Шайдаков мүмкин болғанша ўақытты созыўға сөйтип Крошилов пенен ойласыўды мақул тапты.

— Мен алыс жолдан келдим. Азғана дем алып жазайын, мүмкин болса бир саат ўақыт бериниз?

— Саўдаласыўға келдиң бе?—Коноплев Шайдаков-

тын жуўабын күтпестен сөзин даўам етти.—Айтылған ўақытқа жазып таяр етиңиз!

Шайдаков та өз пикиринен қайтпады.

— Ўақытты созыўды сорағанда мен барлық жағдайды есапқа алып турман. Шаршаған адам азғана шай-суў ишпейме? Түсиник хат жазыў ушын ойланбайма?

Коноплев қасындағылардың дыққатын „ойланбайма?" деген сөзге аўдарғысы келип соңғы сөзди илип алды.

— Демек, Шайдаков, баспашылар менен урысыўды ҳәм ойланбай, ҳәм өз бетиңизше ислегенсиз. Бул факт ҳәм масқарашылық.

— Оны қайдан билесиз?

— Өзиңиз айтып турсыз.

Коноплевтиң ҳәр бир сөзге асылыўын, сөзди бирден терискe бурыўын көрип Шайдаков шыдамай кетти

— Мен түсиник хатты жазыў ушын ойланыўым керек дедим. Ал сиз сөзди бурмаламаңыз.

Коноплев сыр алдырғысы келмей сол қырынлап отырыўын даўам етти. Оның орнына Пилсудский сөйледи.

— Әмиўдәрья бөлими әскерий гарнизонының командующийсы сиз емеспе?

— Мен Нөкис гарнизонына жуўап беремен.

Пилсудский күшке миңе берди.

— Солай екен, командующийдиң сөзи сизге закон болыўы керек.

— Мениңше ким болыўына қарамай ҳәр бир адам ҳақыйқатлықты қадирлеўи тийис.

Мына сөз Коноплевты шымшып алды.

— Сен бизге ҳақыйқатлықты үйретиўге келдиңбе?

Шайдаков командующийдиң үйилген қабақларына қарсы қарады.

— Мақул болса үйрениўге ҳәм үйретиўге болады.

Павел Мануилов исти шийеленистиргиси келмей еки жақты келистириўге күш салды.

— Николай Алексеевич, күн суўық, тоңған шығарсыз, бир рюмка ишип жибериңиз?

Шайдаков арақ толы рюмканы арман ысырды. Буны көрген Пилсудский мурнын тыржыйтты.

— Арақ ишиў ушын әл алды менен минез-қулқын дүзесин.

Пилсудскийдиң шағып сөйлегенине шыдамаған Шайдаков рюмканы Павелдиң қолынан жулып алып ишип жиберди ҳәм ғырра кейин бурылып шығып кетти.

Еки қабат тас жайдың жоқарғы баспалдағынан төмен түсип киятырған Крошилов тар коридорда шаққанласып киятырған Шайдаковты көрди.

— Қымбатлы Николай Алексеевич!—деп әдеттегише кеўилли сөйлеген Грошилов оның қолынан қос қоллап алды.

Еки дос қысқаша ҳал-аўҳал сорасты да жумыс жөнине өтти.

— Коноплевтың мени шақыртқанынан хабарың барма?

— Жақ.

— Мен ҳәзир соның алдынан жырылып киятырман. Ол бюрократ командующий менен жақсылап жәнжеллесетуғын түримиз бар.

— Ҳм, солай де — Крошилов сол турған орнынан кейин бурылып баспалдақ пенен жоқары көтерилди. — Кеңсеге барайық.

## 4

Коноплев есиктен сөгинип, сурланып кирип келгенде уездлик партия комитетиниң көпшилик ағзасы еки әйнекли бөлмеде қатара отыр еди. Сәлемсиз кирип келип ортада тик аяқ үстинде турған Коноплев узын столды мушы менен урып жиберди.

— Мени шақырыўды қашан қоясыз?

Крошилов буған әҳмийет бермей Коноплевқа отырыўға орынлық көрсетти.

— Жақ, отырмайман. Мени бул жерге шақырыўға ҳақыңыз жоқ! Бул факт ҳәм масқарашылық.

Крошилов местей исип қызарып турған Коноплевқа қарады.

— Сиз партияның басшылық ролин мойынламайсызба?

Коноплев жуўап бергиси келмей тайсалақлады.

— Мен сизиң партияға ағза емеспен.

Крошилов салмақ пенен жуўап қайтарды.

— Бизиң партияда жоқлығыңыз сизге партиялық басшылықтан аўлақ болыўыңызға право бермейди. Отырыңыз!

Аўыр денели, исик қабақлы сары адам жағдайсызлаў болып отырғышқа жайғасты. Крошилов орнынан турды.

— Жолдаслар, большевик Шайдаков партия комитетине хат арқалы өтиниш етип, командующий Коноплев пенен келиспеўшилик себеплерин шешип бериўди сораған. Усы өтиништи додаласақ, қарсылық жоқпа?

Коноплев рухсатсыз ушып турды.

— Мениңше...

Крошилов оның сөзин бөлди.

— Сизге сөйлеўге рухсат берилген жоқ.

Коноплев тутлығып сөзлерин шашып алды.

— Мәселениң бир жағы маған... Бул факт, масқарашылық.

Крошилов оны тағы тоқтатты.

— Орныңызға отырыңыз!

Коноплев иләжсыз отырды.

Байжанов қол көтерди.

— Сөз сизге, Мухаметжан Байжанович.

— Өтиниш қаралсын деп усыныс етемен.

Крошилов Байжановқа отырыўға рухсат берди ҳәм отырғанларға қарап:

— Тағы қандай усыныс бар? — деп сорады.

Коноплев қолын болар-болмас көтерди.

— Айтыңыз.

Коноплев қалайда болса усы мәселениң қаралмаўына тырысты.

— Бул әскерий мәселе болып, партиялық тараўға ҳеш қандай қатнасы жоқ. Сонлықтан Шайдаковтың мәселесин бизге — әскерий шөлкемге бериўди талап етемен. Бул факт, көринип турған факт.

Крошилов тағы орнынан ушып турған Коноплевқа тигилип қарады.

— Үш рет ескертилгеннен кейин сиз мәжилистен шығып кетесиз.

Ренжип басын шайқаған Коноплев бийиләж орнына отырды.

Мәжилис даўам етти.

— Кимде ким жолдас Байжановтың усынысын қолласа қол көтериўин сорайман.

Тек Коноплев қол көтермей қалды. Крошилов Коноплевқа:

— Усынысыңызды даўысқа қойыўды талап етесизбе? — деп сорады.

— Даўысқа қойыў шәрт емес. Мүмкин болса мениң мына өтинишимди орынласаңыз?

— Дәслеп тыңлап көрейик.

— Бул жерге Пилсудский, Павел Мануиловлар шақырылсын.

Крошилов Коноплевтиң жүзине тигилди.

— Олардың қандай дәркарлығы бар?

Коноплев өз пикиринен қайтпады.

— Олар Шайдаковқа байланыслы мәселеге қанық ҳәм оның қателигин ашып бериўге жәрдемлеседи. Бул факт.

Байжанов тағы қол көтерди.

— Партияда жоқлардың мәжилисимизге қатнасыўына мениң қарсылығым жоқ. Ал, Пилсудский, Мануйловтың қатнасыўы қаралатуғын мәселени былғастырыўдан басқа ҳеш нәтийже бермейди.

Есикке жақын әйнектиң алдында отырған Нурым:

— Сол екеўи дурыс пикир айтады деп ойламайман— деди.

Крошилов еки түрли пикирди өлшестирип турды да:

— Мениңше Пилсудскийди де. Мануиловты да шақырыў керек — деди. Бириншиден олардың ким екенин ҳәмме билетуғын болады. Екиншиден олар шешиўши даўысқа ийе емес. Мәселени партия комитетиниң ағзалары шешеди.

Бул усыныс ҳәммеге қуп түсти. Мәжилиске қалалық халық хожалығы советиниң председатели Пилсудский менен заводтың бурынғы ийеси, ҳәзир Коноплевтың қараўында қурал-жарақ складын басқарыўшы Павел Мануилов шақырылды. Усы ўақытта Шайдаков жолдасы Наўрызбайды ишке алып келип қасындағы орынлыққа отырғызды.

Мәселе бойынша биринши сөз Әмиўдәрья бөлиминиң әскерий гарнизонының командующийсы Коноплевқа берилди. Айналасы жылтырақ көз әйнеклерин мурын үстине илип алып, бир дәсте қағазды стол үстине жайған ол иркилмей сөйлеп кетти.

— Совет власгының өмир сүре баслағанына жаңа ғана төрт айдың жүзи болды. Биз еле урыс жағдайында жасап атырмыз. Демек, бизиң ҳәр биримизде бузылмас революциялық әскерий тәртипли болатуғын ўақытта Нөкис гарнизонының командири Шайдаков өз бетинше, ҳешкимниң рухсатысыз Қыпшақтағы бекинис пунктинен Қаражыңғылдағы баспашыларға топылған. Төрткүлде басшылық етип отырған әскерий штаб барлығын пүт-

киллей умытқан. Әсиресе, адам шыдап болмаслық аўхалдың жүз бериўи қандай жағдайда болды десеңизши? Нөкис гарнизонының тоқсан процент жаўынгерлери жаңадан қатарымызға келип қосылған әскерий тәртиптен жөнли хабарсыз жолдаслар. Урыс тәсилин билмейтуғын адамлар. Солардың алдында әскерий тәртипти көздиң қарашығындай сақлайтуғын бизиң исенген командиримиз, өзи әскерий тәртипти қалай аяққа басыў кереклигин көрсеткен. Бул факт.

Коноплев сөзге шебер, фактлерди орынларына қоя билетуғын шешен еди. Оны бурын танымаған адам тыңлар болса, айтылған ҳәр бир сөзине исенген болар еди Избе-из ҳәм исенимли айтылған сөзди тыңлап Наўрызбай өз командирине қарай берди. Парасатлы, салдамлы Шайдаковты, қалай болса солай батпаққа былғап атырғанына шыдай алмады. Төбеси жып-жылтыр сары адам оны бастан аяқ қаралап, пүткиллей сайызға шығарды. „Командиярды қаралағаны отрядтағы бәримизди қаралағаны" деп өзинше жуўмаққа келген қатардағы жай жаўынгер ерни ернине тиймей сайрап турған жылтыр басты көзлери менен жеп қояйын деди Әлле ўақыттан кейин Коноплев сезин аяқлады:

— Мениң бирден бир талабым Нөкис гарнизонының командири орнынан босатылсын. Өз бетинше әскерий тәртипти турпайы бузғаны ушын Шайдаковтың қылмыслы иси әскерий трибуналға берилсин.

Шайдаков орнынан турды:

— Ҳуждоным, ар-намысым, пәк жүрегим революциялық дүзимди беккемлеўге хызмет ислегенине кәмилмен Биз әскерий уставтың ҳәр бир ҳәрибине беккем асылып алсақ, өзимизше керек жерде ҳәрекет етпей жалтаң болсақ, үлкен күшке айналыўға уқыплы бола алмаймыз. Қанша қудиретли күшли дәрья болсақта бөгеттен асып түсе алмаймыз: Биз большевиклер революциялық дөретиўшиликке қатып қалған өзгермейтуғын нәрсе деп қарағанымыз жоқ ҳәм қарамаймыз. Марксистлик тәлийматтың күши ақылға муўапық шәраятты есапқа алып ҳәрекет етиўде.

Шайдаковтың сөзи үлкен дыққат пенен тыңланды. Коноплевтиң сөзлери тарының қабығындай суўдың бетине тез қалқып шыққанда Шайдаковтың сөзиниң қаншелли терең мәнили екени ҳәммеге аян болды. Усыдан кейин қысқа тәнепис жәрияланды.

Тэнепистен кейин сөзге Пилсудский шықты. Узын қоллары менен столдың мүйешине асылып ол бир жөтелип алды:

— Эскерий тэртипти беккем сақлаў деген сөзди мен оған ҳеш қандай қыянет етпеў деп түсинемен. Бүгин Шайдаков тэртип бузса, ертең тағы биримиз бул бузылған тэртипсизликти улғайтып жиберсек боларма еди? Мениңше революция жеңислерин қорғайман деген ҳэр бир адам усы эпиўайы нэрсеге дурыс түсиниўи керек. Шайдаков өз бетинше ҳэрекет еткени ушын аямай жазаланыўы керек. Басқаларға сабақ болсын десек, эскерий тэртипти ҳеш ўақытта бузылмасын десек усылай ислеў талапқа муўапық. Шайдаковтың азлы-көпли революциялық хызмети бар екени рас Чаржоў — совет властының ерге орнаған жериниң бири бола билди. Соған қарамастан бизиң революция қатал, эдил ҳэм күтэ тэртипли болыўды талап етеди. Сол көз қарастан мениңше командующийдың усынысы толық дыққатқа ылайық.

Байжанов ортаға шықты.

— Мен анаў отырған жаўынгердиң қыйналыўына, ойланыўына көптен сер салып отырман. — Ол еки жақтың тартысына қарап түрленип отырған Наўрызбайды көрсетти. — Усы жаўынгердиң жүзиндеги қуўаныш пенен қыйналыў Шайдаковтың командир сыпатында қандай адам екенин анық көрсетип тур. Егер, мен жаңылыспасам усы жаўынгер командирине айтылған тийкарсыз айыплаўға зорға шыдап отыр. Жаўынгер ушын командирдиң қадирли болыўы үлкен нэрсе. Бул бир. Екиншиден жолдас Шайдаковты мен революциялық комитеттиң ағзасы ретинде күтэ жақсы билемен. Революция исине оның шын берилген большевик екенине, бизиң тутқан жолымызға садық екенине шексиз исенемен. Сонлықтан мен жолдас Шайдаковтың ислегенин, жергиликли шэраятты есапқа алғанымызда, дурыс деп билемен.

Наўрызбай орнынан ушып турып столға жақын келди.

— Еки аўыз сөз айтыўға рухсат етиңиз?

Крошилов бул өтиништи қуўанып қарсы алды.

— Рухсат, сөйлеңиз.

Наўрызбай сөзди неден басларын билмей иркилип турды:

— Мен сиясат дегениңе онша тереҥ емеспен. Сонда-да сонша жаўынгердиң атынан командиримиз ҳаққында айтыўды керек деп турман. Бизлердиң Қаражыңғылға барыўымыз, душпан қолындағы туўған-туўысқанларымызды босатып алыўымыз күтә дәркар еди. Командиримиз бизиң усы тилегимизди түсинбегенде, биз оның изине еремизбе? Биз оның менен бирге от пенен суўға түсемизбе? Егер, командиримиз усындай туўры шешимге келмегенде пухараның арзыў-тилеги аяққа басылып қалған болмаспа еди?

Наўрызбай көз әйнеги жылтырап мүлгиген адамдай мәниси қашып отырған Коноплевқа бурылып қарады. Сөзин даўам етти:

— Командиримизди қапа етпеўиңизди сорайман. Пухара ушын жан-тәнин ортаға салып жүрген адамды бүйтип масқара етпеўиңиз керек. Өз басына кетти, ҳүкиметке қыянет иследи деген сөзлердиң бәри бийкар. Шайдаковтай командирди биз маңлайымызға теберик етип тийдиремиз. Сөзим сол...

Наўрызбай өз ойындағы ҳадал сөзин айтып орнына отыра бергенде үш-төрт жерден қол шаппатлаўлар еситилди.

## 5

Күнбатары Шоқай, күншығары Шөмишкөлге шекем жайылып атқан Назархан елаты бул күнлери тыныш түтин түтете алмады. Әмиў дәрья қатқалы гә Мискинниң түбинен, гә Қубатаўдың тусынан баспашылар урланып берги жағаға өгип турды.

Сығасқан тоғай ығындағы азғана ашық жердеги жалғыз жайға еки атлы баспашы келип тоқтады. Атлардың дүбирин еситкен үй ийеси Дийханбай асығып есикти аша бергени, ат үстинен еңкейген наҳән қара қурашлыға көзи түсти. Үй ийеси сәлем бергенше жаңағы қара қурашлы:

— Бул жерде большойлар барма? — деп сорады.

Дийханбай басын шайқады.

— Шын айт.

— Биз өтирик сөйлеўди билмеймиз.

— Онда үйинде қонақ боламыз.

Еки баспашы — Қудайқулы менен Таған аттан түсти. Атларды қора алдындағы үлкен қазықларға байлап,

алдыларына шингирик таслаған Дийханбай жолаўшылардың қасына қайтып келди.

— Ишкерилеңиз.

От басына салынған төсекти берманырақ тартып ошаққа абынып отырған еки баспашыны Дийханбай жақтырмаса да үндемеди. Ошаққа торанғыл менен жыңғыл таслады.

— Ашна, аўқаттан нең бар?

— Таяр турған ҳеш нэрсе жоқ.

— Таўықлар сеникиме?

— Бизики.

— Сонда сол таўықты ким писиреди? Келиншегиң жоқпа?

Дийханбай парықсыз сөйлеп отырған бэтбешер егеде адамға аларып қарады да, қазан пышақты алып сыртқа шығып кетти. Оның изин ала майданға шыққан бэтбешер адам жан-жағына қарап таўық сойылыпатырған үй ийесиниң қасына келди.

— Неге келиншек алмадың?

— Ҳэй жасүлкен, кэмбағал адамбыз, қалың малдың рети болмай жүр.

— Қалыңлығың усы қэрадама?

— Жақ. Көшип кетти.

— Алысқама, жақынғама? Я алла.

— Қызылқумнын төрине.

— Хабар алып турсаң ба?

— Анам кесел. Үйден шығалмайман.

Мына сөз Қудайқулыға майдай жақты. Жылмаңлаған баспашы енди түсин суўытыўды қойып, Дийханбайдың қарсы алдына келип отырды.

— Иним, мен орамаллы излеп жүрмен. Дерегин айтсаң, меннен қалегениңди ал! Я алла.

— Ҳэй, ондай нашардың дерегин есите қоймадым.

Қудайқулы таўық сойып атырғанның ийеги астына кирип кете жазлады.

— Иним, еле де ойланып көр. Дүньяда не көп, нашар көп. Тек мен соларға гезлесе алмай жүрмен. Я алла.

— Жалғыз баслы бир ҳаял бар еди...

Дийханбайдың аўзынан шыққан мына хабарға қуўанып кеткен Қудайқулы:

Ҳе—е, берекет тап, сондай хабарларды айт — деди

ҳәм Дийханбайға ғана еситтирип сөйледи — жасы нешеде?

— Жасы елиўдиң ишинде еди...

— Мейли, елиў деген енди сәл қолайсыз, сонда да бир көрсем қайтеди?

— Жақында ғана сол ҳаялды жерледик.

Қудайқулы секирип турды.

— Өлип қалса маған оның несин айтып отырсаң? Бийфатманың тұқымынан басқа кимди билесең?

— Мен билгенниң ишинде сизге ылайықлы ҳаял жоқ сияқлы.

— Өйдеме, ашна, өйдеме. Я алла. Үйимнен еки орамаллының ырғалып кирип, таўланып шыққанын көретуғын күнлер болғай да.

Қанша шуқылап сорастырса да Қудайқулы үй ийесинен ҳаял жөнинен дерек биле алмады. Неде болса тезирек қарынды тойдырып дәрьяның арғы жағына өтейин деп ойлады. Әгирапты ымырт жапты. Қалын тоғай мүлгиген түн қушағына енди.

Усы ўақытта Есжан палўан пишен орыпағырған жолдасларына ыссы сорпа таярлатып қойыў ушын Дийханбайдың жайына жол алды. Бирдейги келисим бойынша ол жайға жақын келип тандыр айналасына қарады. Жылтырап сөнбей жатқан шоқты көрди. Бул үйде душпан бар деген белги еди. Атын шетирекге қалдырып Есжан жайдың қубла алдына келди. Әйнектен сығалады. Ошақ басында ортадағы керсенге қол салып йошып отырған еки баспашыға көзи түсти. Ойланып турмастан Есжан палўан бесатарын қайта оқлады ҳәм мылтығын гезенген ҳалда пәтпенен ишке кирип барды.

— Тур орныңнан, ҳарамзадалар!

Қудайқулы шалқортасына таслады. Таған еки қолын жоқары көтерип орнынан турды. Кеседеги таўық сорпа сол ишилмеген ҳалында алақшын басында қала берди.

## 6

Еки баспашыны байлап таслап шайға отыра бергенде Дийханбай киятырған атлардын дүбирин еситти.

— Аглылар...

Есжан да, Дийханбай да есиктен жуўырып шықты.

Алысырақта бир жөн жүрип киятырған үш атлының қарасы көринди.

— Бизиң командир киятыр.

Киятырған үш атлы — Шайдаков, Наўрызбай ҳәм Төрткүлден Нөкис гарнизонына әскерий хызметти даўам етиўге жиберилген пулеметчик Кузьма Школин еди. Атлылар қора алдына тоқтады.

— Тезирек ишкерилең. Тоңып қалған шығарсыз!

Дийханбай жолаўшылардың атларын жайғастырыўға кетти ҳәм тез қора жақтан келип қонақлардың қолына жыллы суў қуйды.

— Наўрызбай Төрткүлдей үлкен шәҳәрден не базарлық әкелдиң? — деди Есжан.

Бег орамалы менен қолын сүртипатырған Наўрызбай қойнынан бир жаңа әскерий малақай алды.

— Мине, палўаным.

Ийнеден жаңа шыққан малақайды Есжан басына кийди. Үлкен кишилигин тексерип көрди.

— Айна барма?

— Айнасыз да қуп жарасып тур.

Есжан малақайын қолына алып көрди де тағы басына кийди ҳәм Наўрызбайға миннетдарлық билдирди.

— Қутлы болсын, тоздырыў несип етсин, — деди Наўрызбай әкелген базарлығының Есжанға унағанын көрип.

Ҳәмме шайға отырды.

— Сапарымыз жаман болмады — деди Николай Алексеевич Төрткүлге барып қайтқанын баянлап — Коноплев деген командующий менен айтысыңқырап қалдым. Мына жигит, Кузьма Школин деген пулеметчик. Оқдәриден азғана жәрдем алдық.

Гезегине Есжан Қыпшақ бекинис пунктиндеги жумыслар менен таныстырып соңғы күнлери баспашылардын тимискиленип жүргенин айтты.

— Мыналарды қайтемиз? — деди Есжан қолға түскен еки баспашыны еске салып.

— Сөйлесип көрейик.

Қоллары байланған еки баспашы ошаққа жақын келди.

— Қай жерден келдиңлер?

Қудайқулы жуўап берди.

— Дәрьяның арғы жағынан.

— Өтирик айтып турған жоқсаңба?

— Бир сөзим өтирик емес.

— Мен сени Қаражыңғылда көрдим ғой — деди Есжан төмен қарап турған Қудайқулыға.

Баспашы тутлығып қалды

— Ол жаққа да анда-санда бараман.

— Демек, ел талап жүрген баспашы екенсең дә?

— Баспашылық пенен исим жоқ. Бул жаққа қырғаўыл атайын деп келип едик.

Шайдаков баспашының өтирик сөйлеп турғанын сезди де оған тағы бир - еки сораў бериўди мақул көрди

— Сен, баспашымысаң?

— Жа — а — ақ. Я алла.

— Дурыс сөйле.

— Олла-билләдесем инанасаңба?

— Сен шылғый өтирик сөйлеп турсаң. Баспашысаң ҳәм сениң Қаражыңғылдағы уяңды дал-дал еткен, мине бизлер. Сени жаўызлық қылўаларың ушын атып таслаўға да болады. Бирақ, сен, сендей адасып жүргенлер ойлансын: биз баспашылардан сескенбеймиз. Еле де олардың ақылланыўын күтемиз. Сени, мына аўзынан сарысы кетпеген баланы, биз аўылына қайтарып жиберемиз. Өзиңдей адамлардың малын-мүлкин талап жүргениң орынлыма, орынсызба, үйиңе барып ошақ басында ойланып көр.

Қудайқулы жылмаң-жылмаң етти ҳәм кетиўге рухсат берилгенликтен қасындағы жолдасына қарамай зып берди.

Көзлери апалақлаған Таған:

— Ке—те берейин бе? — деп сорады.

Шайдаков усы ўақытта тери сумкасынан бир бет қағаз алды ҳәм хат жазды. Хатты конвертке салып Таңанға берди.

— Жәнеўдке тапсыр.

Большевиклер жөнинде ерси сөзлер еситип жүрген Таған жуўырып киятырып „бизлерди неге атпады?“ деп ҳайран қалды.

* * *

Таған әкелген жапырақтай қағаз Қақаға, Қақа арқалы сол күни түс қайта Бедергендеги Жәнеўдке жеткерилди.

Бетәлпи қабат-қабат әжимнен тыржыйып, шекеси-

ниң сүйеги шыққан, ғарры қағазды қолына алып қарап турды да — Әшихан — деди.

Жалпақ бетли, батық мурынлы жигит есиктен үңилди.

— Мынаны оқы.

Қолына қағазды алған Әшихан дизерлеп аққийиздиң үстине отыра кетти. Басқалар да саққа жүгинип, қағаздағы хабарды күтти. Әкесиниң қатал минезин билетуғын Әшихан қайталап айтыўды күтпей ақ қағаздағы жазыўларды даўыслап оқый баслады:

„Сардар Қурбан Муҳаммед Жәнеўдке.

Усы хат арқалы Совет власты сизлерди ескертеди, өйткени соңғы ўақытта баспашылардын айрым атлылары Әмиў дәрьяның оң жағына өтип пухараны талаў, мийнеткешлердиң парахат турмысын бузыў фактлери ушырасыўда. Сонлықтан буннан былай дәрьяның оң жағына өтиўши баспашының ҳәр бири совет властының нызамына муўафық жазаланады. Аўыр қылмыс үстинде усланған баспашы ким болыўына қарамастан сол турған жеринде атылады. Дәрьяның оң жағында туўған-туўысқаны бар, яки дәркар жумысы шығып қалғанлар Қаратаў, Шаббаз, Нөкис жаққа өтиў ушын бизиң Қыпшақ бекинис пунктимизден рухсат алыўы тийис.

Нөкис гарнизонының командири Шайдаков“.

Хат оқып болынды. Әшихан қағазды еки бүклеп әкесине жақын әйнектиң текшесине қойды. Бөлмениң ишинде суўық кеўилсизлик ҳүким сүрди. Шүңирейген нурсыз көзлерин бир ноқаттан алмаған Жәнеўдтиң кирпиклери тебендей шаншылып қойыў қара қаслары үрпейип кетти.

— Көклен қайда?

Жәнеўдтиң өлшеўсиз бақырып жибериўи отырғанларды селик еттирди.

Қақа орнынан турып тәжим етти.

— Шаммықәл менен сөйлесип қайтаман деп кетип еди.

Жәнеўд бул сөзди еситип кирпитикендей үрпейди.

— Шаммықәл еле жер басып жүрме?

Қақа тағы бас ийди.

— Хан аға, онын әдебини өзиңиз берип қоймасаңыз. . .

— Бериледи. Еле ол басын мениң қылышымның астына төсейди.

Орнынан әлле қашан турып кеткен Жәнеўд делбе адамлай арман-берман жүрди де, гилт тоқтады. Мойын тамырлары бүлкилдеп, гегирдеги болар-болмас қозғалып, ол отырғанларға бақырды.

— Қақа молла, Гөнеургенчтегилерден не хабар бар? Қошмамед мениң сәлемлемеме не деди?

Қақа буннан еки күн бурын Гөнеургенчке жиберилип Қошмамедтиң Жәнеўдке бағыныўын талап еткен еди.

— Хан аға, сол Қошмамедти өз көзим менен көрдим. Сәлемиңизди тапсырдым. Жуўап бергиси келмей атланып өз жөнине кетти. Оның Яқшыгелдиси: — „Биз ҳешкимге жәрдем бермеймиз, ҳешкимнен жәрдем сорамаймыз" — деди.

Жәнеўдтиң опырайған аўзынан көбик шашырады.

— Ким екенимди танытаман. Екеўин өз қолымнан баўызлап, өликлерин ийтке таслатаман. — Пысылдап зорға дем алған ғарры пушайман жеген адамдай басын шайқады. — Мен бул ийтлерди бириктирейин, Хорезм, Қарақалпақ жерин өз қол астыма алайын десем, ақылсызлар, айтқанды тыңлағысы келмейди. Өз алдына бийлик сүргиси келеди.

Қақа делбеси шыққан ғаррының алдына жығылды.

— Хан аға, сөзим аўыр болмасын, мен Ғуламалыны да дурыс деп есаплай алмайман. Қубатаўдың түбине жақынласақ бизге оқ атады. Бул жерге излериң түспесин деп қыр көрсеткиси келеди. Мениңше, Ғуламалы қул менен Шаммыкәл бир ийттиң күшиклери.

Жәнеўдтиң көзлери қан талады. Еринлери жыбырлап мурнының ушы жыйрылды.

— Ғуламалы қул да... Шаммыкәл сол қулға арқа сүйеп жүрген шығар? Әшихан, балам, атқа мин, Көкленди таўып алып, Шаммыкәлдиң басын маған әкелиңлер. Мен Қошмамед, Яқшыгелди, Ғуламалықул, Шаммыкәлдиң күлин көкке суўыраман. Аяқларын бир етикке тығаман.

— Аўмийин.

— Аўмийин.

Жәнеўдтиң көзлери жылтырады. Сөзин қуўатлап аўмийин деп дизе бүккенлерди көрди. Кеўили тасқынлап, қыялы Шаммыкәлдиң қорғаны үстинде шарықлады.

## 7

Соңғы күнлердиң аўыр тәшўишлери Шәммикәлди ойландырды. Өз қорғанын пухталап урыс бекинисине айландырды. Арқада, қублада дәрўазалары бар. Диййўаллардың шымшық уясындай жүзлеген тесигинен оқ атыўға болады. Қорғанның нақ ортасында терең та: қудық болып, қыйын-қыстаўда отызлаған шаңарақ усы қудықтан суў ишиўге тийисли. Отызлаған шаңарақтан елиў алам мылтық услайтуғын еди. Усы қорғанның тағдири алды менен Шаммыкәлдиң, қала берди оның ат қосшысы Сапармураттың қолында.

Дәрўаза алдында атын гездирип жүрген Сапармурат күншығар жақтан көтерилген шаңды көрип жақын төбешикке көтерилди. Шаң кем-кем қойыўланып, аздан кейин оның бир шети қорғанның қарсы алдындағы ойға келип қулады.

Жәнеўд нөкерлериниң келип қалғанын көрген Сапармурат қорғанды тик аяқ үстине турғызды. Еки дәрўаза қыстаўлы түрде жабылды. Шертилген баламан сести қолына қурал алатуғын бәрше жанды Шаммыкәлдиң жайы алдына жыйнады.

— Ертели-кеш усы алжығанның нөкерлери менен бир дүгисиўимиз керек еди. Сол күн дәрўазамыз босағасына келип тур. — Шаммыкәл қылышын қынабынан суўырып алды. — Маған Жәнеўд те керек емес, Шора жумҳурияты да керек емес. Маған шапса жеткермейтуғын ат, силтесе егленбей кесетуғын қылыш ҳәм ўақтында кеўил хошлық керек. Усы жол мениң нөкерлериме бахыт — саадат, қорама — мал, дастурханыма берекет береди.

Шаммыкәлдиң сыйқырлы сөзлери нөкерлерди жипсиз байлады.

— Бизлерди басла! — деп тилек билдирди нөкерлердиң биреўи.

Оның елиў нөкери ҳәзир Жәнеўдтиң бесжүз нөкерине қарсыласқандай ҳалда еди.

— Сапармурат, жигирмабес жигит пенен арқа дәрўазаға бар, — деди Шаммыкәл. Бурыннан белгиленип қойылған жигирмабес атлы арқаға қарап шаўып кетти. Шаммыкәлдиң топары қубладағы дәрўазаға бет алды.

Көкленниң атлылары қубла дәрўазаға келип мылтық атқанда Дереглиниң барлық нөкерлери бийик дий-

ўаллар бойлап душпанды гөзлеп турған еди. Көклен қурашын қолы менен услап тик жоқары қарағанда гилеӊ мылтық аўызларын көрди. Солардын ҳәрбиринен оған әжел оғы атылайын деп турғандай. Дереглини бир шайнек шай ишимде бағындыраман деп келген сәрдардың жүреги муздай болды. Аспан төӊкерилип баратырғандай сезилди. Бир оқ атпастан Көклен қумға қарап шаўып кетти.

Қумға кетип қалған Көклен баланың атлылары түн жарпы аўған мәҳәли тағы қорған дийўаллары алдына келди. Шаўқым салмастан қорғаннын күнбатар бүйирин тесиўге нийетленди. Балталар изли-изинен қалың дийўалға силтелди. Унырап түскен кесеклер, дийўалдағы жарықлар нөкерлердиң ҳәрекетлерин шаққанлатты. Шаммыкәл балталардың дүрсилдисин еситкен сайын тынышсызлана берди. Көкленниң бир сумлық ислеп атырғанын сезди.

— Мениң изиме ериңлер — деди де ол өз адамлары менен дийўал бойлап салынған тар жолменен балталар қызғын ислеп атырған жерге жетти.

— Атыңлар!

Көкленниң нөкери күтилмеген жерден қорғасын жаўынының астында қалды. Гей биреўлер балталарын таслап қашты.

— Қайда барасызлар?

Көкленниң усы бақырғаны ҳаўлыққан нөкерлерди кейин қайтарды.

Көклен бала селкилдек қара телпегин желкесине ысырып таслап, атысыўға киристи. Нөкерлер ашыўлы, қатал өз сәрдарының әтирапына топланды. Лаўлаған отлар қорғанды қоршап алды.

Аўҳалдың шийеленискенин көрген Шаммыкәл ҳәр бир нөкердиң қасына барды. Ақырына шекем гүресиўди өгинди.

Көкленниң қасындағы нөкер оққа ушып шалқортасынан жығылды. Оқ тийген бир ат қорғанды айналып шаўып ышқынып киснеди. Көп оқтың бири Шаммыкәлдиң мойнын жалап өтти. Шуўлаған ҳаял-балашағалардың даўыслары еситилди.

Көклен де сумлық үстине сумлық ойлап тапты. Бир ўақытта қорғанды сансыз отлар қайтадан қоршады. Лаўлаған отлар қумлардың алыс түпкиринен ағылып киятырғандай. Изи үзилмейтуғындай. Шаммыкәлге қор-

ғанды есапсыз-сансыз бир бәле қамағандай көринди.

Шаммыкәл өлимге де, қәуипке де қайыл болып, қулаўға аз қалған дийўалдың түбине келди. Түн қойнында қараңлап зорға көринип кеткен курашларды гөзлеп ата баслады. Қасарысқан еки тәреп қол созса жағаласқандай шамаға келди. Қулаған кесеклер қорғанның сыртына да, ишине де түсип, айқасыў шегине жетти.

Көклен бала Шаммыкәлди аңлыды. Қолынан келсе узын арқанның бир ушын сол ҳийлекердиң мойнына илдирип, қорғаннан сүйреп шығаражақ. Шаммыкәл де Көкленди атып түсириўдиң талабында. Бирин-бири аңлыған еки көкжал, еки жыртқыш, еки баспашы қулаған дийўалдың панасынан кетпеди. Сөйтип жүргенде Көклен қулаған кесектиң панасында турып оқ атқан Шаммыкәлди сезип қалды. Бесатарын алға қаратып гөзлеп алды да дийдилеген нышанасын атты. Шаммыкәл қанша аңлы болса да оқ оң қулағын тесип өтти. Сорғалап аққан жыллы қанды қолы менен бир сүртип таслады да, кесеклердиң арасы менен еңбеклеп дийўалдың саңлағына барды. Усы жерде қылт етпей жатып Көкленди аңлыды.

Айныған ас қустырар деген емеспе? Еки ҳәпте қоршаўда тарыққан нөкерлер Шаммыкәлден ўаз кешкиси келди. Гейбиреўлер Шаммыкәлдиң ерке ҳаялы Маягүл арқалы өжет сәрдарға тәсир ислеп бақты. Буннан былай қан төккенниң пайдасызлығын айтқан бир жигитке Шаммыкәл мылтық көрсетти. Қанша қатал болса да ыдырап баратырған қумды қайта бириктириўге дала қарақшысының шамасы жетпеди.

Сол қәуетерли түнлердиң биринде Шаммыкәл менен оның атқосшысы Сапармурат қулаған дийўал астында жасырынып қалды да, еки қасқырдың дийўал астындағы арнаўлы қазылған шуқырда жатқанын ҳешким билмеди. Дереглиниң күли көкке ушқаннан кейин онда жасаўшылар Жәнеўдтиң қол астына өтип Тахтабазарға көширилди.

Ал, Шаммыкәл менен Сапармурат бир күн дийўал астында жатып екинши күни таң алдында жер бетине шықты ҳәм Маягүлдиң аталас ағасы Қошмамеддиң қарамағына ҳайт қойды.

## 8

Тахтабазарға туўра журип киятырған еки атлының жүзинде қан жоқ. Демлерин ишине тартқан ол екеўи мисли далада қартайған гөне путаға усайды.

— Не бәлеге жолықтық? — деди ағасының мойны түсип киятырғанын көрген Непесқулы.

Қақа молла үндемеди.

Сол кеўилсиз жүриспенен аға, ини — еки жолаўшы Жәнеўдтиң алдына келип дизе бүкти.

Тахтабазар қорғанының ийеси оларменен салқын хабарласты.

— Молла—деди әлле ўақыттан кейин Жәнеўд.

— Ләббәй.

— Сени дәрьяның арғы жүзине жибережақпан.

Жүрегине муз қуйылса да Қақа сыр бермеди.

— Өзиңиз билиңиз.

— Сол жақта Ағажан ийшан деген өз адамымыз бар. Төрткүлге кирегуғын жерлерди анықлайсыз.

Қақа орнынан турып „түсиникли" демекши еди, Жәнеўдтиң жоқары көтерилген қолы оны иркип қалды.

— Саманбайдан көшип келген бир саўдагер бар дейме?

Қақа „ҳәй, ол ел-журтқа сыймаған биреў ғой" дейин деп турды да Жәнеўдтиң шеп минезине қарсы келмеди.

— Шәмен деген бар.

— Соны изиңе ерт. Саўдагер дегениң ийттей тимискиленип жоқ жердеги хабарды биледи.

— Әжеп.

— Непесқулы—деди Жәнеўд сол жарбайып отырыўын бузбай.

— Ме—ен... Ләб—бәй—деп албырап қалған Непесқулы еки аўыз сөзди дурыслап айта алмады.

— Сен қасыңа биреўди алып Ийшанқала, Қарақум ийшанды айналып қайтасаң. Қолыңа сәлемнама жазып беремен. Ханмақсым менен Инаят болыс қасыңа адам қосады. Керекли жерлерге апарады.

— Оннан қашан қайтамыз?

Аңлаўсызда соралған усы сөз ушын Непесқулы өмир шырағын өширип ала жазлады. Әкесиниң қолы қалтырай баслағанын көрип қалған. Әшихан:

— Шаммықәлдиң қорғанына бул жигит биринши

кирди — деп өтирик-шынды араластырды. Жәнеўдтиң қатал қанлы қолы қынаптағы қылышқа жетпей қайтты.

— Арадан саррас еки ҳәпте өткенде сизлер көрген билгенициизди алдыма келип хабар етесиз.

Аға-ини екеўи аяқ ушынан еплеп басып есикке қарай жүрди.

## 9

Алма гезек бир ешекке минген Непесқулы менен Таған екинши күни сәске ўақтында Саманбай тоғайының берги тусынан Әмиў дәрьяның сол жағасына шықты. Бул күнлери дәрья жағасы орасан суўық еди. Шымыр аяз тийген жерин жалап баратыр.

— Қулақтан айырылып қалмайық — деп гүбирленди бетин аяз жалап шыдатпай баратырған Непесқулы. Тағанның үндегендей де ҳалы жоқ. Ешекти алдына салып айдап еки жолаўшы көк муздың үстинде тая-тая ақыры Саманбай тәрепке өтти. Қамыслы жағаның ығында отырып қурғақлай нан жеди.

— Суўық төбеме шықты — деди реңки көкпеңбек болыўға шамаласқан Таған.

— Тоғайдың ишине кирип от жағамыз. — деди баланы жубатқысы келген Непесқулы.

— Болмаса мениң қатып қалағуғын түрим бар.

— Азғана шыда.

Еки жолаўшы ешекти дәрья жағасындағы аяқ соқпаққа салып жортқан көликтиң изине ерип отырды. Әўлийген тораңғыллар, майда шақалы жигилдиклер көбейип тоғай кем-кем қалыңлады. Өткен жылғы урықлар, қуўрақ қамыслар, қоңыраўлы қызыл шеңгеллер, ағашлар менен араласып жабайы тоғай саўлатын толықтырып тур. Бойы бираз жылынайын деген Таңанға қаҳәрли қыс усы тоғайдың ғыр дөгерегинде қасқырдай улып қалыңға кире алмай айналып жүргендей.

Усы шийрин қыялды ғарғалардың ғарқылдысы бузып жиберди. Бийик ағашлардың уша басындағы қус уялары тоғай теңселген сайын жерге түсип кете жазлап тур:

— Таған—деди жолдасының жеңинен услаған Непесқулы — еситип турсаңба?

Тақ—тақ еткен сес жолаўшылардың дыққатын өзине аўдарды.

— Биреў ағаш шаўып атыр ғой.

Олар ашық жерде жанған отты көрди.

— Таған — деди отқа қарап жүрип баратырып Непесқулы. — бул жерде бизлер өткен жылы еки мәртебе болдық. Сол ушын таныйтуғын адам ушырап қолға түсип қалмайық.

— Абзалы мен үндемейин — деди Таған.

Отқа жақын жерде ҳеш кимди көре алмаған Непесқулы балта сести шыққан жаққа бурылды ҳәм қалендер ғазҙелин саз даўыс пенен айтыўға киристи.

Өтип неше саҳрадан,
Қыя қумлар, шөл даладан,
Көк гүмбезли Бухарадан
Излеп келген қалендермен.

Оң қолыма ҳаса ўслап
Ғаззел менен кеўил хошлап,
Дүз несийбем келди баслап
Пайны жоқ қалендермен.

Ешекти ағашқа байлапатырған Таған Непесқулының бундай өнерине таң қалды. Ғазҙелдиң қыраәтин күтә келистирип, басын шулғып турған Непесқулы оған қалендердиң дәл өзи еди. Сол аралықта қолында балтасы бар туғыжым сулыў жигит көзлерин тастай жумып алған ғазҙелшиниң қасына келип турды.

— Ҳа—а—а, сизиң қосыңызба? — деди ғазҙелди толық аяқламай басын силкип қапталға қараған қалендер.

— Ассалаўма әлейкүм.

Қалендер тез көристи де жан-жағына көз жуўыртты

— Бир өзиңизбе?

— Ҳәзирше бир өзим.

— Отын шаўып жүрсизбе?

— Аўа.

— Ҳа—а, бәрекелла, бәрекелла, хожалыққа қол-қабыс етиў керек.

Қалендер ҳасасына сүйенди.

— Отқа жақын келиңиз, — деди отыншы жолаўшыларға мирәт етип.

— Қосшым, — деди өз жолдасына қалендер—ешекти отлағандай жерге байлап, берман кел.

— Жақсы.

Отқа шақалар тасланды, Гә ызылдап сес берген, гә мылтықтай атылған шақалар от пәнжесинде шоқ болыўға айналған шаланы тумлы-тусқа ылақтырды. Деген менен усындай қатаң суўықта оттың орны басқа емеспе? Жылынған еки жолаўшы сергекленип қалды. Шай демленди.

Қалендер ҳиқаят баслады·

— Биз қазы қаланлы Бухара шәҳәринен шығып, ел гезип несийбемизди шөплеп жүрмиз. Садағасы кетейин Султан Ўайыс бабаға зыяраг еттик. Ертеректе атамыз бизди дин исламның жолын усласын деп Бухараға медресеге берген екен. Уламалардан тәлим алып, басымызға сәлле кийиў ғана қалғанда мына бир Шора жумҳурияты деген шықты. Сөйтип алған илимимиз ишимизге шөгип, айнымалы заманның түрине қарай ел гезген қалендер болып жүрмиз.

Дуғыжым жигит өзин таныстырды.

— Бизиң туўылған жеримиз усы Саманбай. Атым Камал деген. Күн жылг етсе дийханшылық ислеймиз. Қыста мал-ҳалдың суў-шөбине қараймыз.

Қалендерди қызықтырған нәрселердиң бети еле бүркеўли қалғанлықтан:

— Бул жердиң пухарасы Шора жумҳуриятына қалай қарайды? — деген сораў берди.

Камал дурыслықты жасырмады.

— Кеңес ҳүкиметин сорап отырсыз ғой, шамасы. Журт жаман демейди.

Қалендердиң ишин шеңгел тырнағандай болды.

— Сонда бул ҳүкиметтиң журтқа берип атырғаны барма? Дусмал менен жақсы екен деп жүрсиз бе?

— Ҳәзирше арқалатып жиберип атырған алтыны болмаған менен Кеңес ҳүкимети кәмбағаллардың қорғаны. Кеңликке, теңликке шығып бойымыз тикленди. Сөзимизди алағадасыз айтатуғын болдық.

Қалендер қарсыласа бергенди жөн көрмеди. Өзинин Кеңес ҳүкиметине душпан екенин билдириў ол ушын қаўетерли еди.

— Нөкиске әскер толып кеткенбе, қалай-қалай өзи?—деп жолаўшы из тасларды Камалдан әскерий қорғанда болып атырған жаңалықларды билиўге урынды.

— Қайда қарасаң мылтықлы биреўлер. Алақуйын ызғытып шаўып жүрген атлылар.

Камал таныс емес адамға ишки сырын ақгара бериўди орынсыз көрди.

— Әскер жағы баршылық —

— Пулемет дейме, сол бәлеси де бар шығар?

— Бар шығар.

— Диййал бузатуғын нәрсениң аты топпа че еди, әскер болған соң ол қурал болады ғой?

— Мүмкин.

Календер отыншы жигиттен жартыўлы ҳеш нәрсе биле алмады.

— Командири орыс шығар?

— Ол жағын билеғоймадым, жасүлкен.

Жолаўшы кеседеги шайды үсти-үстине уртлап, отқа қыздырылған зағараға қол созды.

Ақ көкирек Камал келиншегиниң душпан қолына түскенин, онын көрген азабын баянлады.

— Ақыры қайыр болып келиншегим үйиме келди.

— Жақсы болған екен

Бул сөзлерди ол илажсыз айтып салды.

Өз дәртин төккен Камал еки қарыс жерде отырған жаўыздың ишки сарайында уйытқып атырған сумлықтан бийхабар. Өз қуўанышын айтқан сайын оған жүректиң аўыр жарасы питип атырғандай сезилер еди.

— Усы қуўанышым ушын той бережақпан Таярлап атырған отынымды тойға жарата жақпан.

— Жақсы болыпты—деп мақуллаған календердин ийеги оңға-солға барып келе баслады. Көзлери қыйсайайын деди.

— Ўақытыңыз болса тойымда болып кетиңиз.

— Жа—а—ақ, иним, биз жолаўшымыз, еглениўге болмайды.

Усы сөзди айтып, турыўға ыңғайласқан календер алысырақта шыйқылдап киятырған арбалардың шаўқымын еситти. Арба шыйқылдысы сәл пәсенлеп, қайтадан жаңлады Шыйқылдыға қосылып тоғай жаңлады.

— Отын алып кетиўге киятырған бизиң арбалар — деди ойында ҳеш сумлық жоқ Камал

Бир топ торанғылдың артынан еки өгиз арбаның дизилисип киятырғанын көрип календер ушып турды. От басындағы үшеўдиң нәзери киятырған арбаларға бурылғанда бирден ҳаўалаған қосық әтираптағы жапырақтың сылдырлысын, самалдың ызылдысын басып кетти.

Тилимнин дэстаны болған,
Кеўлимниң бостаны болған,
Адамлар эрманы болған
Бир ҳүрriят заман келди.

Қосықтың басламасын жүдэ нағысына келтирип айтқан ер адамның даўысына енди қоңыраўдай сыңғырлаған ҳаял адамның даўысы қосылды.

Шабан атым пырақ болды,
Көрмес көзим шырақ болды,
Арзыў-эрманым нақ болды
Күндей күлген заман келди.

Ҳэрбир сөзди анық, мэнисин ашып таслаған ҳаял даўысы қосық дегенниң қаншелли қудиретли, қаншелли тэсирли екенин баянлады. Камал ҳаял даўысын еситкенде баладай қуўанды. Еки езиўинде күлкиниң ада болмас белгиси ойнады.

— Мениң келиншегим –деди ол қасындағы календерге.

Календер „ҳе—е“ деди. Албыраганнан мойнындағы ала дорбаны бир шешти, бир кийди. Хошласыў деген менен иси болмай:

— Қосшым, ешекти жолға сал —деди.

Календердиң қапелимде асыққанына Камал түсинбеди. Соның арасынша еки жолаўшы эдеўир жерге асып кетти. Гүлзар айтқан қосық өзиниң йошлы пэрўазы менен элҳаўаға көтерилди. Тоғай да, тоғайға жақын жердеги анамыз Эмиў де қосық намасын өзлеринше тэкирарлады. Еки жолаўшы оннан бетер тез жүрди. Мисли таң шуғласынан үриккен жарғанаттай, сэўледен қашқан қара көленкедей Непесқулы менен Тағанның аяқлары аннан-саннан жерге бир тийди.

## 10

Қараңғы түсиўге шамаласқанда Ийшанқалаға келген Непесқулы ертеңине түске шекем Жэнеўдтиң сэлемлемесин Хан Мақсымға баянлады.

— Хан аға, сизден өз уйғарыўын жапырақтай қағазға жазып жибериўди сорады —деди узын сөзди зорға таўысқан Непесқулы.

Мақсымның қасы-қабағына қарап хызмет ислеўди үйренип қалған Инийт болыс оған қағаз бенен сия-дәўет узатты.

— Бисмилла — деп қағаз бенен дәўетти қолына алғаң ол узақ ойланып отырған жоқ, көптен геўдесинде уйық теўипатырған мақсетин ақ қағазға түсириўге асықты.

„Сәрдар Мухаммед Жәнеўдке —деп басланған хаттың сөз дизбеклери көбейе берди, — биз Ийшанқалада сизден сәлемнама алып қуўанып қалдық. Ушбу хат арқалы сизиң тилегиңизге тилегимиздиң қосылатуғынын билдиремиз ҳәм сизге аллатағаладан узақ өмир тилеп қаламыз. Жеримизге ғайры динниң келиўи қуданың қулына, Мухаммедтиң үмметине намақул екенин хабарлаймыз. Сәтли саатларда сиз бенен бирге күш қосып оларды аласлаўға таярмыз. Биз Қаратаўдан берман қараған жерди өзимиздиң қарамағымызда деп санаймыз Ал, арғы жағына сизиң ҳәкимшилигиңиз орнаса биз өзимизди бахтияр деп билемиз. Жиберген адамыңыздың Шымбай, Қарақум ийшан жаққа барып қайтыўы ушын, олардағы бизге тәбия адамлар менен жолығыўы ушын мен өзимниң исенимли адамым Инийт болысты сол кисиге қосып жиберип отырман. Ийшалла сиз бенен көрисермиз деп тилеп қалыўшы Хан Мақсым".

Жақыннан берли өзин хан деп жәриялаған Хан Мақсым қағазды үш бүклеп Непесқулыға узатты. Непесқулы хатты бир шүберекке асықпай орап қурашының ишки тесиклериниң бирине жасырды.

— Кешке шекем Шымбайға жетсем деп едим, рухсат болса жүрип кетсек — деди Непесқулы әйнектен түскен күнниң сәўлесине қарап.

— Мақул — деди Хан Мақсым,—Инийт таярмысан?

Жуўаптан бурын еки адам есиктен кирип келди.

— Ассалаўма әлейкүм. Биз бенен хабарласқандай ким бар? — деди төбеси пәтикке жетиўге сәл қалған Есжан палўан.

— Айта бериңиз — деди келгенлердиң бас-аяғына көз жуўыртқан Хан Мақсым.

— Биз мешитке жыйналған халық пенен еки аўыз сөйлесежақпыз.

Мақсым түнерип кетти.

— Сөйлессеңиз сөйлесесиз дә. Сизлерге яқ деп болама?

Есжан зәҳәрли сөзге шыдай алмады.

— Сиз ҳәкис сөйлемеңиз. Адамларды гүжимлердиң астына жыйнауға тәртип бериңиз.

Сол ўақытта Инийт орнынан турды.

Хан Мақсым:

— Мыналарға адамларды жыйнап бер, ўаз айтажақ көринеди.

Есжан басына шекпенин бүркенип жатырған биреўге қарап турды.

— Мына киси ким?

Терис қарап жатқан Непесқулы қорқып кетти. „Мени таныдыма екен?" деген қорқынышлы ой оны гүман гүбисинде шайқады.

— Бул киси қолайсызлаў аўырыўға шатылған биреў.

— Жаман кесел емес пе?

— Аўырыўы жақсы емес...

Шекпен бүркенген Непесқулы тас-тастан қалды. Оның қосшысы Таған мешиттин көп қараңғы қуўысының биринде ошақтын басында мүлгип отыр еди.

Есжан палўан менен Наўрызбай усы Ийшан қалада руханыйлардың пухараны жыйнап Кеңес ҳүкиметине қарсы үгит нәсийҳат жүргизип атырғанын еситип келди, жиберген Шайдаков. Қуман услап таәрег алып жүргенлерди, қазан басында үймелескен кәмбағалларды, ағаш айрып, суў тасып хызмет ислегенлерди көрип Есжан менен Наўрызбай еситкен хабарлардың лийкини бар екенин аңғарды.

Ийшан қаладан бес шақырымдай жерге Нөкистен Шымбайға өтетуғын гүзар жолдың бойына шайхана салынды. Сол жерде жолаўшылар иркилгендей жай, дүкан пайда болды. Усы таза мәкәнға Халқабад деп ат қойылды. Жолаўшылардың көпшилиги Ийшанқалаға бурылмады. Халқабад тез көзге көринип, аўызға илинди.

Деген менен сана-сезими дин менен уўланып қалған адамлар Ийшанқаладан қол үзип кетпеген еди. Теңиз жақтағы Қарақум ийшан менен тамырлас Ийшанқаланың еле де болса тәсири ҳәм тәсили бар еди. Убай мақсымды Хан Мақсым деп жәриялаўға да руханыйлардың қатнасы болды. Олар „сизди хан деп жәриялап, аржағы Тахта, Дәўқара, берги жағы Қаратаў аралығындағы мусырманды бириктиремиз" деп гүмпилдескен еди. Соннан берли усы дин уясына адамлар көбирек үймелейтуғынды шығарды.

Усы мешитке сыйынып келгенлер менен ашық сөйлесиў Есжан менен Наўрызбайға тапсырылған. Тапсырма қыйын еди. Бир жағынан сөзди дәрриў терис буырыўға шебер руханыйлар, екинши жағынан еле динди кәраматлы есаплағанлар шын жүректен шыққан сөзге түсине қоярма екен? Дурыс, сөзге де түсиниў ушын ўақыт керек Усы қыйыншылықларды көз алдына келтирген Наўрызбай, Есжанды ойлап сөйле деп ескерткиси келди.

— Палўаным, сөзди адамлардың рабайына қарап сөйлерсең.

Көпшилик ўақытта биреўлердиң қапталдан ақыл қосқанына шоршып кететуғын Есжан палўан бул ирет ондай ислемеди.

— Орынсыз сөйлесең уясы бузылған ҳәррелердей гүў ететуғын жерге келдик.

Нәрўан гүжимлердиң ығында арқа сүйеп отырғанлардың жүзлеринде жақтырмаўшылық бар еди. Жыйналғанларға бир нәрселер айтып үлгерген Иният Нөкистиң еки ўәкилине терис қарады. Мысқыллап:

— Қане, ақылың болса үйретип кет—деди.

Есжан палўан жулқынып ортаға шықты да Инияттың шымшығанына дәкки берди.

—Биз ақыл үйретиўге келгенимиз жоқ, мәсләҳәтлесейик, болып атырған үлкен өзгерислерди хабарлайық, деп келдик. Мәскеў менен Макариядан баслап Ресейде, түркмен туўысқанлардың өзбек ағайинлердиң, қазақ баўырларымыздың, қырғыз, тәжик әмекимиздиң жерлеринде кеңес ҳүкимети туў тикти. Аспан менен тиллескен Кап таўында Кеңес ҳүкимети қанат жайып қуўатланыўда. Қарақалпақ халқының үлкесине де жаңа өмир өз шуғласын себиўде. Бурынғы атқа минерлер жолымыздан аласланып атыр. Барлық бийлик пухараның өз қолына өтти. Жердиң, суўдың тағдирин шешетуғынлар өзлериңдей кәмбағаллар. Кеңес ҳүкимети енди мийнеткештиң баласын ҳешкимге қорлатпайды. Байлар бурынғыдай арқамызды қамшы менен тиле алмайды. Енди байлар бизиң маңлай теримизди, табан етимизди пайдалана алмайды. Мийнеткеш халық оқып билим алатуғын, ҳүкимет басқаратуғын теңликке жетисти. Ҳаял-қызларды қорлаўға жол жоқ. Қызымызды, қарындасымызды ҳешким малға сата алмайды. Солай екен, бирадарлар, көзиңизди ашып қараңлар, болып

атырған өзгериске араласыңлар. Өз ҳүкиметиңизге хызмет етиўге келиңлер. Дурыс, бул ўақыяны терис түсиндириўшилер де аз емес шығар. Байлар, моллалар сениң менен мениң бул мәртебеге жеткенимизди қалемейди. Олар бурынғыша бизге үстемлик еткиси келеди.

— Тоқта—деди Иният жекиринип.

Наўрызбай Инияттың қасына барды.

— Неге тоқтайды?

— Пирли мешитте бундай пәтиўасыз сөзди айтыўға болмайды.

Наўрызбай бадабаттан сескенбеди.

— Пәтиўасыз сөз сөйлейтуғын бизбе я сизлерме?

Есжан палўан еки адым алға атлап сөзди ықлас пенен тыңлай баслағанлардың арасына барды.

— Бирадарлар мен натуўры сөз айтып турған болсам ўазымды тоқтатайын?

Тыңлаўшылар гүў етти.

— Туўры сөйлеп турсаң.

— Айта бер.

Хан Мақсым Иниятқа қарап көз қысты. Қызараңлаған Иният Есжанның қарсы алдына барды.

— Ўазды тоқтатың!

— Не ушын?

— Ол жағы менен исиң болмасын.

— Онда мениң сөйлеў, сөйлемеўим менен сениң де исиң болмасын.

Хан Мақсым менен Инияттың Есжанды сөйлетпеўге урыныўын көрген Наўрызбай, сөйлеўге уста болмаса да тәўекел деп ортаға шықты. Бурын бундай жыйында сөйлеп көрмесе де ҳақыйқатлыққа қақпақ болғысы келген еки душпанға пәнт бериўди гөзледи.

— Гедейлер! Дийханлар! Мен де өзлериндей кәмбағалман. Өмиримше байларға күнликши, дийхан жүрдим. Қолларым қабарып, белим бүкирейип дүньядағы аўыр мийнетти шектим. Сонда да көйлегим жамаўсыз болған жоқ. Атқа минерлердиң қорлығын көрип, ақыретлерин еситтим. Тек Кенес ҳүкимети көзимди ашты, кеўилимди жубатты. Мени адам деп санады. Арымды-намысымды қадирледи. Жер берди, суў берди. Усылар ушын мен қызыл гвардияшылар қатарына өзим тилеп кирдим. Ҳүкиметиме, халқыма қыянет еткен баспашыларға қарсы урысқа қатнастым. Түрли миллеттиң бир

адамдай татыў жасағанын өз көзим менен көрдим. Сизлер соны есиңизден шығармаңыз ҳеш ўақытта байлар бизлерди жарылқаған жоқ, жарылқамайды. Ҳеш ўақытта байлар кәмбағаллдың маңлайынан сыйпамайды. Байлардың изине ермесеңиз, кеңес ҳүкиметине хызмет ислеўге барсаңыз, бахтыңыз ашылады. Байлар сизлерди адастырады, алдайды, батпаққа ийтерип таслап пәнт береди. Мениң усы сөзлерим иймандай шыным, ҳүждандай ҳадал гәпим.

Көпшилик адамлардың жүзлеринде үмит, исениў белгилери көринди.

— Көп жаса, заманлас.

— Өмирде дәрт көрмегейсең.

— Биз пақырлардың да жақсы сөз еситетуғын күни бар екен ғой.

Адамлардың кейпин көрип Есжан күтә қуўанды. Айтылмай қалған сөзлерди Наўрызбайдың таўып айтыўына ол ырза болды. Ал, Есжанды сөйлетпеймиз деп жүрип Наўрызбайға жол берип алғанына пушайман жеген Хан Мақсым менен Инияттың биротала жинлиси шықты

— Мусырманлар—деди Ханмақсым, — шайтан сөзге ерип бул дүнья менен ол дүньяңыздан айрылып қалмаң. Заман азса да сизлер азбаңыз. Әлимсақтан берли киятырған мусырманшылық жолынан шықпаңыз . . . Мениң тилегим: ҳәзир үйлериңизге қайтыңлар! Балашағаңыздың алдына барып қудайдың қулы, пайғамбардың үммети екениңизди естен шығармаңлар!

Инийат усы ўақта көпшиликтиң арасынан еплеп шығып кетти. Мешиттиң бөлмелериниң биринде күтип отырған Непесқулыға келди де:

— Кеттик—деди.

Инийат жол баслаған еки жансыз Ийшанқаладан бир шақырымдай узақлағанда дайысының үйинен қайтқан Садық жағасында ақтерек пенен жийде аралас өскен салманың көпирине жетип үлгерип еди. Атлы менен ешекли көпирден өтип бир топ үрпийген ерманы жыңғылдың панасына көринбей кеткенде ол, көпир үстинде бир қара бала менен гезлесип қалды. Еки бала бирбирине қарап бирден тоқтады.

— Ҳәй, сен Тағанбысаң?

Сумлықтан бойы өспей қалған Тағанның көзлери

патлыйып кетти. Кешеги жетим бала Садықты өмир де гезлестиремен деп ойламаған еди.

— Басқаман.

Садық таңланып турды да, алдындағы бетинде шешек дағы бар балаға тағы қарады.

— Сен Шаўдырдың баласысаң ғой.

Таған тағы басын шайқады.

— Ондай адамды еситпедим.

Садық басындағы малақайын қолына алды.

— Мени танып турсаң ба?

— Танымайман.

— Ҳәй, сен саўмысаң, үйиңде жүрген түйелериңди баққан мени шыны менен танымайсаңба?

— Мениң түйем жоқ.

Гүлли өтирик сөйлеп турған Таганның қарсы алдына дым жақын барған Садық:

— Қаражыңғыл аўылын да билмейтуғын шығарсаң?

— Билмеймен.

Өтирик сөйлегенде бети былш етпеген Таганның шекесине Садық муш пенен берип жиберди.

— Сен неге урасаң? — деп бир муш силтеген Таған дәрҳал топ жыңғылға қарап жуўырды. Садық оны қуўып кетти.

— Сен қашқан менен меннен қутыла алмайсаң, онланша тоқта! — деп бақырды Садық жүўырып киятырып.

— Ҳәй, оңбаған, биреўдиң баласында не жумысың бар? — деп топ жыңғылдың артынан атлы Инияг узеңгини тынбай тепсинип дәпинип келе берди. Сонда да Иниятты дәрьяның берги жағының адамы билип қашып баратырған баланың ким екенин баянлады.

— Ағажан, бул баланы мен таныйман — деди ол Инияттан жәрдем күтип.

— Танысаң не болып қалыпты?

— Нағыз баспашының күшиги. Мен оның үйинде малын бағып азап шектим...

Инияг соның арасынша Таганға қол созып атының артына миндирип алды. Буған ҳайран қалған Садық:

— Ҳаў, ҳаў... — деп жол ортасында турып қала берди. Әлле ўақыттан кейин тилине сөз оралды.—Аға. атыңа мингестирген баланы билмейсең бе? Бизиң адамларды қорлаған баспашының баласы. Оны атыңнан түсирип кет! Түсирип кет!...

Өтинишке қулақ аспай кетип баратырған атлы менен ешеклиниң артынан қарап турған Садықтың муш-лары қайта-қайта жоқары көтерилди.

## 11

Ийшанқаладан қайтқан Есжан менен Наўрызбай ҳеш жерде егленбеди. Басларын шулғып, суўлықларын шайнаған еки ат аяқларын тең таслап алға умтылды. Қара бултлар арасынан сығалаған күн өз уясына еңкейген мәҳәли Нөкистиң тас қорғанына жетип тоқтады.

Есжан менен Наўрызбай өзлерине тапсырылған жумысты қалай орынлағанын Шайдаковқа хабарлаўы тийис. Усы ой менен олар тас қорғанның күншығардағы есигинен киргени, дәлизде турған Ниязбек:

— Сизлерди күтип турман — деди.

Баяғы пишен орыўға жумсағалы Ниязбекти онша жақтырмай жүрген Есжан ишинен: „тағы усы баланың қолына түсеменбе?" — деп түйилди. Бирақ, сыр бергиси келмей:

— Николай аға қайда? — деп сорады.

— Шарбақ жақта.

Ниязбек еки жаўынгердиң қолынан услап, оларды қазарманың ишке қараған әйнегине әкелди. Күнбатардағы дийўалды жағалап сап тартып турған мылтықлы адамларды көрсетти.

— Әскерий өнер үйренип атырма?

Есжанның ойына күндеги мылтықты қалай жумсаў, гранатаны қалай ылақтырыў, ат үстинде қылышты қалай тез силтеў еияқлы өнерлерди үйрениў түсти.

— Жыйналыс болып атыр. Николай Алексеевич сизлерди тез алып кел деди!

Тас қорғанның бийик шарбағына жыйналған жүзлеген жаўынгер бәри бир адамдай болып қылт етпей тур. Ортада Николай Алексеевич пенен қара шашы көзине түскен, қысқа мурты бар сулыўшық жигит. Сулыўшық жигит оң қолын ҳәрекетке келтирип гә оңға, гә солға бурылды. Гә қарсы алдында турғанларға қарап сөйледи:

— Биз Псков, Нарва түплеринде душпан армиясы менен бетпе-бет қатаң саўаш жүргиздик. Усы саўаш еки тәреп ушын да шешиўши еди. Бизиң әскерий күшлеримиз өзиниң жас, қуралларының күтә жеткиликсиз

болыўына қарамай, бронлы поезд, неше түрли топлар менен қуралланған ақлар армиясын жеңди.

Қызыл гвардияшыларымыздың, рабочий отрядларымыздың усы тарийхый жеңиси ушын, сол күн, 23-февраль, бизиң әскерлеримиздиң туўылған күни деп жәрияланды. Буннан былай бизиң әскерлеримиз рабочий-дийхан Қызыл Армиясы деп аталады.

Жолдаслар, сизлерди қаҳарман Қызыл Армиямыздың туўылған күни менен қутлықлайман.

Ҳәмме қол шаппатлады.

— Сөйлеп турған адамды мен Төрткүлде көрдим, ол жолдас Крошилов—деп Наўрызбай Есжан палўанның қулағына сыбырлады.

— Сонда ол Николай ағадан да үлкен командиярма?

— Солай шығар.

О Есжан өз командирин күтә жақсы көретуғын еди.

— Үлкен болса да ҳеш ким Николай ағадан билгиш емес шығар—деди.

Бул сөзлерди тыңлап турған Ниязбек ол екеўиниң қулағына „ўазды тыңлаң“ деп өтиниш етти.

— Мине, усы өзгерислерге байланыслы Әмиў дәрья әскерий гарнизонында үш пияда әскерлер ротасы, үш атлы әскерлер эскадроны, артиллерия бөлими, атлы разведчиклер группасы, пулеметчиклер командасы дүзилди. Соннан үшинши пияда әскерлер ротасы, бир қанша атлы әскерлер, пулеметчиклер ҳәм басқа да әскерий хызметкерлер Нөкис гарнизонында болады. Ал, сизлердиң командириңиз Шайдаковты кешикпей Төрткүлге шақыртамыз.

Ҳәр бир сөзди қуштарланып тыңлап турған жаўынгерлер бирден шуў етти. Өз командирин жибергиси келмеди. Сөз сорамастан ортаға шыққан Есжан палўан:

— Әйтеўир, бизге командияр тийислиме? —деп сорап алды.

Крошилов мурты тикештей тикирейип кеткен жаўынгердиң ашыўға мингенин байқады.

— Командир, әлбетте, тийисли.

— Онда өзимиздиң Николай ағадан басқа командиярдың бизге кереги жоқ.

Есжанның орынсыз сөзине Николай Алексеевич басын шайқады ҳәм палўанның шеп ийнинен услады.

— Әскерий тәртипке бағыныў керек.

Қызып кеткен палўан елп еткен самалға бурқырағна жол шаңындай тез көтерилсе де бирден пәске қайтты.

Крошилов сөзин аяқлағысы келди.

— Жолдас Шайдаков еле Нөкис гарнизонында болып жас кадрлар менен ислеседи. Өзиниң әскерий билимин сизлерге үйретеди. — Крошилов қолындағы қағазға бир қарап алды—жолдас Ниязбек Аман улы, Есжан Оразымбет улы берман келсин!

Жаңағы өзиниң ерси сөзине қысынып турған Есжан палўан енди Крошилов алдында өз „уятын“ жуўыўға ҳәрекет иследи. Аяқларын шыйрақ басып, қаддин тиклеген жаўынгер әскерий тәртиптиң қаделерин булжытпай орынлады. Ниязбектиң қатарына келип тоқтады.

Крошилов тип тик қылт етпей турған Ниязбек пенен Есжанды көпшиликке көрсетти:

— Жолдаслар, бизиң армиямыз күтә жас. Командир кадрларымыз жеткиликсиз. Сонлықтан биз жергиликли кадрлардан командирлер таярлаўды мақул көрдик. Ниязбек Аман улы, Есжан Оразымбет улы кешеги әпиўайы дийхан балалары. Олар өз тилеги менен қызыл гвардия қатарына кирди. Саўашларға қатнасып өзлериниң социалистлик революция исине садық екенин көрсетти. Сол ушын биз олардың әскерий өнерден аз тәжирийбели екенине қарамадық. Бүгиннен баслап бул еки жас кадр взвод командирлери.

Қол шаппатлаўлар пәсейе бергенде Крошилов тағы сөйледи.

— Бизиң жас мәмлекетимиз еле анталаған душпанлардың қоршаўында. Ишки душпан менен тил бириктирген сыртқы душпан бизиң социалистлик мәмлекетимизди жоқ етиў ушын изли-изинен фронт ашыўда. Бизде қурал-жарақ та жеткиликсиз. Азық-аўқат та кемис. Заводларымыз, шахталарымыз, темир жолларымыз, кән қазатуғын орынларымыз урыс бүлгиншилигинен еле қатарға қосыла алмай атыр. Әскерлеримиз жуқа кийимлер менен суўық окопларда саўаш жүргизиўде. Бирақ, бизде ҳеш бир капиталистлик мәмлекетте болмайтуғын, болыўға мүмкин емес, артықмашлық бар. Ол артықмашлық бизиң жоқары саналылығымыз. Социалистлик революцияға күтә садықлығымыз. Өзимиздиң социалистлик дүзимимизди қаҳарманлық пенен қорғай билиўимиз. Усы артықмашлық капиталистлердиң

от шашқан пулемет топларынан күшли. Олардың бронлы поездларынан күшли. Олардың әскерий кемелеринен күшли. Биз буннан да күшли, қудиретли болыўымыз керек. Қызыл әскерлер халқымыздың қорғаны болыўы керек. Ол ушын сизлер әскерий өнер үйрениўдиң алдыңғылары болыңыз. Социалистлик революцияны қаҳарманларша қорғай билиңиз. Бизиң көсемимиз жолдас Ленин сизлерден усыларды талап етеди.

Усы жерде Крошиловтың сөзи бөлинди. Көк есиктен еки қара телпекли бийтаныс адам кирип келди. Түри-түслерине, аяғындағы шоқайларына қарап ол екеўдиң түркмен екенин таныған Крошилов қызыл әскерлерге тарқаўға рухсат берди де Шайдаковқа „жүр хабарласайық“ деди.

— Биз Қошмамедхан менен Яқшыгелдиханнан келдик.

Крошилов бул еки исимге қанық. Олардың кеңес ҳүкиметине қарсы қурал көтермегенинен де хабардар.

— Ишкерилейик.

## 12

Келисим бойынша Крошилов, Шайдаков, Байжанов жәми он атлы әскер сол күни Хожели қаласына келип жетти. Сүўенли арнасының аяқ көпири қасындағы бир түп гүжим панасындағы үлкен ҳәўлиге кирди. Нөкистен келген Кеңес ҳүкиметиниң ўәкиллерин күтип алыў ушын Қошмамед, Яқшыгелди көшелерди сыпыртып, гүжим әтирапына тас гербиш төсеткен еди.

Усындайда қаланы бир айналып шығатуғын Ережеп жаршы қараңғы көшеден Аллиярбайдың тас жайына, оннан Арекелян байдың пахта заводына ҳәм базар жайға барды.

— Қаламызға қадирли қонақлар келди, Қошмамедхан, Яқшыгелдихан менен сөйлесиў жүргизиледи.

Ережеп жаршының ешейин хабарға жар салмайтуғынын билетуғын қала халқы көшеге толып кетти. Адамлар кәрўан сарайға қарап ағылды. Бурыннан соң усы жерде пухараға жаңалықлар жәрия етилетуғын еди.

Арнаўлы таярланған бөлмеге келген нөкислилер сөйлесиўди баслаўды усынды. Крошилов Қошмамедхан менен Яқшыгелдиханға:

— Сөйлесиўди баслайық—деди.

Яқшыгелди, Қошмамедке сөйле дегендей ишарат билдирди. Жиңишке мурты шағын қара шоқ сақалы менен тутасып кеткен, ат жақлы Қошмамед саққа жүгинип отырып сөзге кирисги:

— Биз өз шаңарағымыздың түтининиң үзилмегенин, ошақ басымыздың аманлығын тилеген адамлармыз. Урысыў, қағысыў менен исимиз жоқ. Деген менен заманның рәмәўизине қарап Гөнеургенч пенен Хожели әтирапындағы пухараға көз-қулақ болып жүриўди мақул деп билемиз. Ҳешкимге береси де, ҳешкимнен аласы да емеспиз. Жәнеўдтиң алып баратырған бағытына қосылмаймыз. Ел талаў, адамлардың қанын төгиў бизиң кәсибимиз емес. Жәнеўд бирге күш қосайық, Шора ҳүкиметине қурал көтерейик деп бир неше рет адам жиберди. Биз оның менен жөнли сөйлеспедик. Еки жақ келиссек, биз сизге теймеймиз, сиз бизге теймесеңиз. Егер, Жәнеўд сизге Хожели, Гөнеургенч топырағынан топылажақ болса, биз сизге жәрдем беремиз. Жәнеўд бизге урынса, сиз бизге жәрдем етиўиңизди сораймыз. Бизиң еситиўимизше Шора ҳүкиметиниң басшысы Ленин ҳәмменин тыныш жасаўының тәрепдары усайды.

Жолда киятырғанда Крошилов пенен Шайдаков бүгинги сөйлесиўлерди алып барыўды Байжановтан өтинген еди. Өйткени Хожели жақтың шәраятын жақсы билген ҳәм түркмен тилин еркин сөйлеген ол Қошмамедтиң мақсетине аңсат түсиниў имканиятына ийе еди.

Қошмамед ашықтан ашық Хожели, Гөнеургенч жақта сизиң исиңиз болмасын, бул жерлердиң хожейини биз боламыз дегенди мойынлатқысы келди. Бир жағынан сөйлесиўдиң ашым айрық болыўы ушын бул дурыс та еди.

Байжанов өз сөзин сораўдан баслады:

— Сиз неге Хожелиниң тағдири ҳаққында айрықша тынышсызланасыз? Бул қала ҳәм оның аўыллары әййем заманнан Қарақалпақ жериниң ажыралмас бөлеги екенин естен шығардыңыз ба?

Қошмамед анық, өткир сөйлеўдиң тәрепдары. Байжановтың сөзине ол тоқтаўсыз жуўап берди.

— Саррас 44 жыл болды, соннан берли Әмиў дәрьяның еки жағы еки ҳәкимшиликке қарап келди. Дәрья-

ның сол жағы Хан қол асты, оң жағы Ақ патша қол асты болғанын умытпаўымыз керек шығар?

Байжанов та сиясатта сүринбейтуғын жүйрик еди. Ақыры жергиликли кадрлардан биринши болып, Әмиўдәрья бөлиминиң революциялық комитетиниң ағзасы болған адам бундай жерде алмастай өткир, суңқардай алғыр болыўы тийис.

— Сизлерге болып атырған үлкен өзгеристи толық түсиндириўди мақсет етип отырғаным жоқ. Солай болса да уллы Октябрьдиң адамзат тарийхында оғада уллы бурылыс жасағанын тәкирар етип өтемен. Көпшилик ески өлшеўлер, тозған болжаўлар, жаңа заман талабына үйлеспей қалыўы мүмкин. Дурыс, бир ўақытта шаппаттай Қарақалпақты патша өзине, Хийўа ханы өзине тартып еки бөлгени рас. Енди биз сол аўҳалды дүзетпеймизбе? Қалай мениң жарты жүрегим есиктиң арғы жағында қалып, екинши жарты жүрегим ошақ басында болады? Қалай көзимниң бири шаңарағымды көреди, екиншиси сыртта телмиреди? Қарақалпақ жери алақандай болса да өзиниң пүтин болыўы менен берекетли. Әлбетте, Хийўа ханының пысқыған түтинлигинде туншыққаннан гөре жеримиз толығы менен рус елине қосылғаны орынлы болар еди. Биз мәденияттан, илим-техникадан әдеўир алға кеткен ел болар едик. Әттең, сол заманда Хийўа ханлығы бизиң етегимизге, пешимизге асылып, жеримиздиң еки бөлиниўине себепкер болған. Биз, большевиклер, тарийхтың бул үйлеспейтуғын жерин дүзетемиз. Әмиўдәрья бизиң жеримизди бөлшеклеўши дәрья емес, керисинше, бул қасийетли дәрья бизиң жеримизди өз жағасына жәмлеўши. Мениңше халықтың тағдирин ойлаған ҳәр бир адам адамгершиликтиң әлиппесин усыннан басласа орынлы болар еди.

Қошмамед ортаға шыққандай күш таппай қалды. Байжановтың сөзлери оның дилўарлығын топас етип таслады. Қошмамедтиң қыйын мүшкилин жеңиллетиўге урынған Яқшыгелдихан сөйледи:

— Хожели қарамағындағы Сарыхан, Сарайкөл, Батырмолла елатлары бизиң туўысқанларымыз болғанлықтан айтылған сөз еди. Биз усылардың бүгинин, ертениң ойлаймыз.

— Ал, биз—деди сөзди дәл, салмақлы, мәнили сөйлеген Байжанов — қарақалпақтың да, қазақтың да, түрк-

menниң де, өзбектиң де, рустың да, татардың да — барлық миллеттиң тағдирин ойлаймыз. Барлық халықты—бир-бирине дос туўысқан етиўди мақсет етемиз. Уллы Октябрьдиң тағы бир уллылығы сол, ол халықларды татыў баўырман жасаўға айдын жол көрсетти.

Байжановтың сөзиндеги үлкен мәни Қошмамедтиң теренде жатқан сыр қапысын ашып жиберди.

— Сонда Гөнеургенч Кеңес ҳүкиметиниң қарамағында болама?

— Енди не деп ойлап едиңиз?

— Биз өзимиздиң атамыз жигит, анамыз келин болып камалға келген жеримизди Ханжәнеўидке бастырмаймыз деп жүрсек, бул қалай болғаны?

Байжанов бир мысалды еске түсириўди орынлы деп билди:

— Жарғанат қаншелли қараңғы болса, соншелли шарық урып ушатуғын көринеди. Бирақ, жарғанат қалемесе де өзиниң мезгилинде таң атып қараңғыны да, жарғанатты да қуўыпты.

Қошмамед хан бурқ етти.

— Мен Шора ҳүкиметине қылыш силтеген жоқпан.

— Биз сиз бенен келисиўге келип отырмыз. Демек, келисимниң тийкарында усы талаплар болады.

Қошмамед өзин услап тура алмады. Асығып, ентигип, сөйлегенликтен сөзлериниң басы онша бирикпеди.

— Гөнеургенчти басып алыў мақсетинде Жәнеўид Аминбала деген биреўге қурал-жарақ берип атыр. Мен болмағанда Амин бала қашшан ылайсан салған болар еди.

Крошилов бағанағыдан берли айтылған сөзлерди тыңлап отыр.

— Сол ушын сиз атлыларың менен Кеңес ҳүкиметине хызмет ислеўге өтиңиз. Сонда сизге Ханжәнеўд те, Амин бала да қаўипли бола алмайды.

Қошмамедке мына сөздиң кейни керек еди:

— Биз Шора ҳүкиметине хызмет ислесек, өз адамларымыздың үстинен бурынғы ҳәкимшилигимизди даўам ете аламыз ба?

Крошилов азғана ойланып алды.

— Бизге садық хызмет ислесеңиз, мүмкин, өзлериңиз сол жердеги пухараға басшы болып қаларсыз.

Қошмамед Яқшыгелдиге қарады. Яқшыгелди келге-

ли үндемей отырған Араз ақсақалға қарады. Араздың сөзи, пикири менен олар күтә санасатуғын еди.

— Дурыс сөзге қолқа жоқ—деди Араз ақсақал.

* * *

Сөйлесиў ўақтында гә дастурхан жайып, гә шай әкелип бөлмеге кирип-шығып жүрген Шаммыкәлдиң еки қулағы еки тәрептиң сөзинде болды. Не айтылса, кимниң аўзынан қандай сөз шықса ол бирин қалдырмай ишке түйди. Өзиниң баяғы паянсызлығына барып рети келгенде Қошмамедке де қуйрық былғап кетиўди гөзледи. Ал, Сапармурат та келгели Есжанның қызыл әскерлеринен көз айырмады. Солардың турғанын, жүргенин аңлыды.

Сылбырап киятырған Сапармуратты қараңғы көшениң бир мүйешинде жупыны биреў ирикти.

— Сапармурат — деди әсте сыбырлап.

Сапармурат тоқтаўына тоқтаса да белгисиз адамнан сескенейин деди

— Меннен қорықпа—деди жаңағы жупыны кийимли.

— Сизди танымаймаи — деди Сапармурат белгисиздиң бас аяғына тесилип қарап.

— Таныйсаң, сабыр ет.

Белгисиз адам оған шетирек шығайық дегендей белги берди. Сапармурат үсти бастырыўлы узын қараңғы көшениң шетине шықты.

Белгисиз адам көзине басып кийген қурашын жоқары көтерди.

— Таныдың ба?

Сапармураттың аўзы ашылып кетти.

— Чарриксиз бе?

— Өзи шығармыз.

— Қалай қорықпай жүрсиз?

— Сени излеп жүрмен. Шаммы қайда?

— Қошмамед пенен большойлардың сөйлесиўинде жүр.

Чаррик Сапармураттың ийнине оң қолын салды.

— Шаммыға меннен сәлем айт—Сөйтти де ол жақын жердеги баққалдың дуканын көрсетип—анаў баққалды көрдиң бе?

— Көрдим.

— Шаммы тез келип сол кисиге жолықсын.

Чаррик Сапармураттың қулағына сыбырлады:

— Бир перининң қызы Шаммыға ашық еди, соны алып келдим.

— Маягүл шығар? — деди Сапармурат Шаммыкәлдиң усы киши ҳаялын күтә жақсы көретуғынын есине түсирип.

— Бәлким, сол шығар, бәлким, басқа шығар, оны өзи келип көрер.

Чаррик баққал дуканына қарап жүрди. Ал, Сапармурат ағасынан сүйинши сораўға асықты.

## 13

Баққал үйинде аққуўдай таранған назлы Маягүлди көрип Шаммыкәл әлемдеги қайғы қаўесеттин бәрин умытып кетти. Маягүл оған жоғалған бахтын, сынған алтын табағын қайтарып әкелгендей. Ерли зайыптың усындай ушырасыўын күткен Чаррик баққалдың қолынан тартты:

— Оңаша қалдырайық...

Шаммыкәл менен Маягүл бир-бириниң қушағына атылды. Сонша ўақыттан берги сағыныш оларды ерли зайыплылықтың ләззетли төсегине апарды. Шаммыкәл ушын Маягүл — өмириниң өзеги, жүрегиниң дәрманы еди. Алты ҳаялдың ишинде сүйиклиси, кең қушақлысы еди. Шынында да Маягүл нашар атлының сулыўы. Ақ, маңлайлы, керме қара қаслы, бийдай реңли, оймақ еринли бул нашардың тәбиятта жаралысында өз алдына бөлек гөззаллық бар. Гейде сәл мыйық тартып узын жипек шашларын арқаға қайырып таслағанда; оның қадди қаўмети нәўбәҳәрдиң туңғыш гүллеринен бинә болғандай айрықша көз тартар еди. Шаммыкәл ҳаялын баўырына басты. Оның қарамықтай ойнақшыған көзлерине тоймай қарады:

— Қорғанымды душпан аяқ астында таплады, оған қыйналмадым, тек саған қыйналдым. Сонша дүнья-мүлким Жәнеўидтиң қолына түсип кетти, оны ойламадым, тек сени ойладым. Сенсиз өмирдиң пуш қалған тары, мағызы жоқ мүжене екенине көзим жетти.

Күйеўиниң сөзлерин сабырлылық пенен тыңлаған Маягүл қасларын қаққанда Шаммыкәл өзин жаз саўлатында сезди. Мисли бир арыў аққуў оның мәртебе аспанында пәлпеллеп жүргендей.

— Сени көрмегенше мениң де жүрегиме ас батпады. Күни-түни сениң исминди тилимнен түсирмедим. Мениң саған деген ҳадал муҳаббатымды билип Жәнеўид ҳайран қалды. Бир күни мени алдына шақыртып „сен ериңе қосыласаң" деди. Айтқанындай мени сол күни саған жеткерди.

Ҳаялын қушақлаған Шаммыкәлдиң ойына пысқыған гүдиклер келди. Айтыўға аўзы бармай бираз отырсада, айтпаўына болмады.

— Мая, Жәнеўид, я оның ҳарамылары саған қол салмады ма?

Ерке Маягүл бирден ашыўланды.

— Сен деп өлим отларынан атлап келгенимде айтажағың усы ма?

Шаммыкәл басқа ҳаялларына залым болса да усы Маягүлдиң барлық назын, еркелигин, ашыўын көтеретуғын еди.

— Сендей сулыў периштелерди жолдан шығарады. Оның үстине Жәнеўид мениң душпаным болғаны ушын сени қорлаўы мүмкин.

— Мен пәкпен.

Шаммыкәл исенсе де, исенбесе де ҳешнәрсе ислей алмайтуғын еди. Маягүлден айрылыў ол ушын өлим дастығына өз ерки менен бас қойыў. Ақыры ол усы ҳаялының арқасында Қошмамедке келип пана тапты. Маягүл Қошмамедтиң тийреси—Қарасалақтың қызы еди.

— Сени жақсы көрмесем, бундай сөз айгаманба?—деди ҳаялының ашыўын басқысы келген Шаммыкәл.

— Ағамның үйине барып турсаң ба?—деп сорады ашыўы тарқай баслаған Маягүл.

— Сол кисиниң үйинде болып атырман.

— Мениң келгенимди ағама билдир,—деп бир айтыўға айтып салса да Маягүл иркилип қалды—бәлким аздан кейин ағамның үйине бирге барармыз?

— Барған орынлы болады.

Усы ўақытта Боранбай баққал көринди. Еки қолын көкиреги үстине алған буўрыл сақаллы адам ийилип еки аўыз сөз айтты:

— Сизди ҳүрметли қонағымыз күтип отыр.

— Ҳәзир.

Баққалдың кетиўин күткен Шаммыкәл ҳаялының қызылгүлге мегзес ернинен бир сүйди де, орнынан турды.

— Мен келгенше жагып дем ал.

Ойында ҳеш сумлық жоқ Маягүл өзиниң аяққа ысырылып кеткен көк мауыты бешпентин көкирегине тартып, еле қуўаныш булағы сарқылмаған сулыў көзлерин жумды. Шаммыкэл аяқ ушынан басып сыртқа шықты.

Көз қыйығын Шаммыкэл келетуғын есиктен алмай отырған Чаррик:

— Келдинизбе шерим?—деди.

— Келдик.

Ол қасынан Шаммыкэлге орын берди.

— Ҳэзиңизди бузбадықпа?—деп Шаммыкэлдиң кеўлин аўлаған Чаррик сөзди ҳэзилден баслады.

— Маягүлге ағасының аман есенлигин хабарладым.—деп Шаммыкэл сөздиң бағдарын басқа жаққа бурды.

Шаммыкэлди ҳэзилге еликтирген Чаррик енди тийкарғы гөзлеген мақсетине жетпекши болды:

— Қошмамед сеннен қарындасын сорап жүрген шығар деп ҳаялыңызды әкелдим. Хан аға, саған ашыўлы болса да оннан бир рет усы ашыўыңызды маған бер деп сорап алдым. Хан аға айгты: мени писент тутпағаны ушын Шаммының қанын ишермен деп едим, кел енди, өткен иске өкпелеп жүре бермейин деди. Ҳаялын апарып бер, ўақты-сааты менен маған келсин—деп сәлем айтты.

Шаммыкэл буны қанаатланыў менен тыңлады.

— Мениң де Хан ағаға өкпем жоқ. Қорғаныма қайтып барсам, өзимниң нөкерлериме сэрдарлық етсем, мен буны Хан ағаның жақсылығы деп билер едим.

— Хан аға бәрлық тилегиңди орынлайды. Ийшалла, қорғаныңа қайтып барып, бурынғыша дэўран сүрерсиз.

Сөз усы жерде бир түйинге тоқтады да, бир кесе шай ишимге жетпей қайтадан өрис ала берди. Сөзди Чаррик баслады.

— Кеңес ҳүкиметиниң адамлары менен Қошмамед, Яқшыгелди не ҳаққында сөйлести?

Шаммыкэл көрген билгенин баянлады.

— Қошмамед эўели Ханжэнеўидке де, большойларға да бағынбайман, Гөнеургенч, Хожелини өзим бийлеймен деп күш салып көрип еди, большойлар оған жол бермеди. Хожели менен исиң болмасын деп оны қайтарып таслады. Соңынан Қошмамед пенен Яқшыгел-

ди Гөнеургенчтен де айрылып қаламызба деп қорқып еди, большойлар билгишлигин иследи. Сизлер Кеңес ҳүкиметине хызмет ислең, соннан кейин басқа жағын ойлап көрермиз деп жуўап берди. Не керек, ақырында Қошмамед пенен Яқшыгелди орысларға жалынды. Бизге қуралжарақ бер, Ханжәнеўдке қарсы урысыўға таярмыз деди.

Мына сөз Чаррикке жағымсыз тийсе де ол түрин өзгертпеди.

— Сөйтип большойлар қурал-жарақ беретуғын болдыма?

— Тек орыслардың берермиз дегенин еситип қалдым. Не беретуғынын анық биле алмадым.

— Солай де?

Чаррик Шаммыкәлге өз пикирин бирден айтпай тағы тәсил иследи.

— Бақкал,—деди ол үй ийесине.

— Ләббәй.

— Шаммы екеўмиз азғана сөйлесип алсақ, қапа болмайсыз ба?

Еки қолын көкирегине қойып ийилген бақкал:

— Қапа болады деген не?—деп зып берди.

Бөлмеде тек екеўи қалғаннан кейин Чаррик жаны ашыған адамдай Шаммыкәлге нәсийҳат айтыўға киристи:

— Менин бул сөзлеримди ҳешкимге тис жарып айтпассаң деп ойлайман—деп ол ярым даўыс пенен сөйледи.

— Айтып бала емеспиз ғой.

— Сонда да мен нан услайын, егер сен нан услай алсаң?

Шаммыкәл ант ишкиси келмей тайсалақлап көрип еди, Чаррик оны еркине қоймады.

— Айтажақ сөзимди жан билмеўи керек. Тек хан аға, мен, сен билетуғын сыр...

Чаррик созған нанды Шаммыкәл қолына алыўға мәжбүр болды. Бирақ, Жәнеўдтиң әзезили нанның бир шетин қолынан жаздырмады.

— Усы нанды услап ант етемен, мен саған тек жақсылық ислеймен. Көп узамай өзиңниң туўылған жериңе барыўға ўәде беремен. Хан ағаның исенимли сәрдарының бири боласаң.

Шаммыкәл бул сөзлерге гүдикленсе де:

— Илайым—деп мақуллаў менен болды.

Чаррик тоқсан түйинли сыр әлеминиң бир дәрўазасын ашты.

— Биз Қошмамед пенен Яқшыгелдиниң большойларға хызмет етежақ нийетинен хабардармыз. Сейилхан туқымының аўызбиршилигине гүлли зыян келтирип жүргенин сезер едик. Бул жерге сендей шердиң, батырдың келгенин биз қудайдан тилер едик. Тилек қабыл болып сен Гөнеургенч топырағындасаң. Сол ушын Шаммы сен бизге бир жақсылық ислейсең.

Сыйқырдың сөзине елигип отырған Шаммыкәл:

— Айтыңыз?—дегенин сезбей қалды.

— Сендей батырға айтпай кимге айтаман? Маягүлге сездирмеўиңди өтинемен?

— Ҳаялға сыр айтып көрген жан емеспен.

— Онда мына тилланы қалтаңа сал,—деп Чаррик муштай түйиншикти Шаммыкәлдиң алдына ылақтырды. Мал-мүликтен жүрдай болып жүрген қарақшы, түйиншикти қағып алды.

— Сизге, Хан ағаға өлгенимше хызмет ислеўге таярман.

Чарриктиң бадырайған ала көзлери бир ноқатқа тигилди.

— Сен менен биз ийглермиз. Ғуламалыдай қуллардан шықсаң еди, онда мен саған сонша жерден ат терлетип келмес едим.

Ийглер менен қуллар деп түркменди айрып сөйлеў қатаң қаўипли еди. Анаў-мынаў шонтық ийглерден тарадың деген сөзге елигип өзин жоғалтып алатуғын еди. Шаммыкәл де сол ҳалға түсти.

— Ҳә—әй Ғуламалы қул менен табақлас болыўға жеркенемен—деди Шаммы. Қошмамед жөнинде де усыған жақын сөз айтажақ болды да, өзин иркип қалды.

Чаррик түркменди екиге—қосымтасыз ийглерге ҳәм анасы басқа әкеси түркмен болған қулларға бөлиўден баслап, әңгимениң аяғын Қошмамедке әкелип соқтырыўды гөзледи:

— Түбимиз йомудпыз. Атабайлы, Жапарбайлы, Байрамшалы йомудтың белгили тайпалары. Арғы атамыз Байрамшалы усы Хорезм топырағына келип қоныс басқанда Салақ. окуз, орсуқшы ҳәм Ушақ деген төрт баласына арқа сүйеген. Орсуқшыдан Жәнеўд, Ғырымса, Мыралылар тараған. Хан аға Жәнеўд тийресинен бол-

са, Қошмамед пенен Яқшыгелди Салақтан, олар салақ тийресинен өнсе, бул еки найсап бәримиз Байрамшалының әўлады екенимизди неге умытады? Неге большойларға жалынады? Усы жағын көп ойлап хан аға бул еки туўысқанды азғын деп есаплайды. Сен, Шаммы, Байрамшалының байрағын жоқары көтерген мәрттиң бирисең.

Чаррик усылай Шаммыкәлди соқыр текедей қалеген жағына жетекледи.

* * *

Ийглер тайпасына киретуғынлар қайда барса мереке жыйында қулларды кемсите берди. Ийглерден биреў кирип келсе қул тайпасының адамы ушып турып өз орнын оған инам етиўи дәркар. Ғуламалы менен Ханжәнеўдтиң мәлеллесиўи де мине усы теңсизликтен келип шықты.

Бир мерекеде Ғуламалы отырған үйге Эши кирип барған. Ғуламалы жасы үлкенлигин ортаға салып Әшиханға өзинен жоқарыға шық деп мирәт етпеген. Ҳәтте, орнынан турмаған. Әшихан қылышын қынабынан суўырып алғысы келип турады да ҳәзирше Ғуламалыны сөз бенен түйреўди жеткиликли деп санайды.

— Ҳә—ә, қулым, сен де төрге шығатуғын болдыңба?—деп пәтленип шығып кетеди.

Әне, соннан берли Ғуламалының жүрегине түйин болып жабысқан ыза қайтып оны Ханжәнеўдке жақын әкелмеди. Ғуламалы қолынан келгенше Жәнеўдке қарсы гүресиўге шәрт етти. Гейде ол Қошмамедке хабарласатуғын болды.

Жәнеўдтиң тутқан жолының бәри усындай урыў таласынан ибарат еди. Өзиниң даңқын көтериўге жол изледи ҳәм адым сайын қателиклерге дуўшарласты.

Бирақ буны түсингендей Жәнеўдте тийкар жоқ еди. Оның бир өзи жигирма жети ябыға, отыз еки тойларда шабатуғын атқа, он жети ат ҳәм өгиз арбаға, бес жүз бас түйеге, төрт мың бас қой-ешкиге ҳәм бир мың еки жүз елиў танап жерге ийе еди. Есигинде жигирма үш үй хызметкери, елиў төрт шопан жүрди. Қырыққа жақын жарлы хожалық оннан жарымшылыққа жер алып екти. Буның бәри Жәнеўдтиң көзине түскен

ақ еди ҳәм ол айналадағы өзгеристиң ҳешбирине дурыс түсинбеди. Делбелик пенен өзи де тыным таппады, елди де өз жөнине қоймады.

## 14

Сөйлесиў тамам болыўдан гүжим астындағы тас жайды Хожелиниң халқы қоршап алды. Гилең орғанқолдай жигит ағалары, кәтқуда жасы үлкенлер сап тартып саўлат-салтанат пенен Нөкистен келген қонақларды күтти. Есжан менен Камал, Наўрызбай, Дийханбай топты қақ жарып жыйналған журттың рәмәўизин байқап көрип еди, адамлардың жақсы тилек пенен келип турғанын билди. Есжан оң қолын жоқары көтерип:

— Аламан, кейинирек шегиниң! Ортадан жол бериң—деп өтинди.

Толқыған көпшилик кейин шегинди, тағы алға умтылды. Есжанға көмеклесиўге келген қала халқының ўәкиллери Бозай, Мурат қарыў салып көпшиликти тәртиплегендей болды.

Жақында Қызыл Армия қатарына қабыл алынған Камалдың Хожели дайы журты еди. Бозай менен Мурат Камалдың жеңинен услады.

— Жийен, бизлерди басшыларыңыз бенен сөйлестир?—деп тилек билдирди.

— Расымды айтсам,—деди Камал мен бул жумысыңызды питкере алмайман. Есжан ағаға айтып көрейин.

Бозай:

— Баяғы Саманбайдағы Оразымбеттиң баласы Есжанба?—деп сорады.

— Аўа, сол. Бизиң командиримиз.

— Өзим де азғана шырамытып едим аў.

Бозай батыл қадем атлап Есжанның қасыңа барды.

— Заманлас, сәлемлессек болама?

Есжан оған дәслеп таңланып, кейнинен күлимсиреп қарады. Балалықта бирге өскен еки ески дос бирин-бири қушақлады.

— Бозай, сени көрмегениме онбес жылдай болып қалған шығар,—деди Есжан бирден танымағанын мойынлап.

— Мен қаладан сыртта Арекелян байдың ғаўашасын ектим. Машин деген жерди еситтиң бе, удайы сонда жүрдим.

— Бул күнлери қайдасаң?

— Сол байдың пахта жейтуғын заўытындаман. Қара жумыс ислеймен.

— Ретинде асықпай сөйлесермиз—деп Есжан алға умтылған көпшиликке қарап қол былғағаны, Бозай оны өзине қарай тартты.

— Бизлерди басшыларың менен жолықтыр?

Есжан Бозайдың жүзине қарап турды да:

— Болады—деди.

Үлкен жайдың дәрўазасынан шыққан Крошилов, Шайдаков, Байжанов кәрўан сарайға жыйналған сонша адамға күтә қуўанды. Туўылған жердеги өзгеристи түсиндириў, сөйтип пухараға дурыс бағдар бериў оғада зәрүр еди. Жаңа таң кәмбағаллардың жүрегине сәўледей сығалаған еди. Кеңес ҳүкимети кәмбағаллардың арзыў-әрманы, өмир сүрени еди. Жаңа ҳүкиметти тийкарынан дурыс түсинсе де, билим саўатқа мүтәж журтқа еле көп нәрсени билиў дәркар еди. Гейде дурыс бағдарды керисинше түсиндириўшилер кәмбағаллардың басын шыр айналдыратуғын еди. Сол ушын қалаға Кеңес, ҳүкиметиниң ўәкиллери келди дегенди еситип Хожелиниң естияр адамлары усында жыйналды.

Крошилов сөйлесиўдиң жуўмағына ырза болып бир кеўилленсе, мына аламанды, гилең қәмбағаллардың жыллы жүзлерин көрип тағы қуўанды.

Бозай көпшиликтиң арасынан еплеп жол таўып Крошиловтың қасына жетти.

— Ассалаўма әлейкүм—деп еки қоллап көристи де ол өгинишин айтыўға асықты.

— Тилегиңиз болса тартынбаңыз—деди Крошилов оның бир нәрсе айтыўға ыңғайланып турғанын сезип.

— Тилегимиз, усы аламанға Кеңес ҳүкимети ҳаққында түсиник берсеңиз?

Крошилов қасындағы жолдасларына қарады.

— Дурыс талапты орынламасақ болмас, жолдаслар.

Байжанов та, Шайдаков та мақуллап бас ийзеди.

Крошилов Бозайға:

— Қайсы жерде сөйлеймиз?—деди.

Бозай кәрўан сарайдың күншығарындағы кең майданды көрсетип:

— Ҳәмме сол жерге барады,—деди.

Бозай менен Мурат адамларға кәрўан сарай жақ-

тағы майданға журиң деп қол былғады. Гүўлеген, қуўанған аламан қараңғы көше менен алға қозғалды. Аламанның көплиги соншелли көшеге сыймаған бир пара адамлар шерши, баққаллардың дуканларының қуўысларына тығылды. Кими қураш, кими дегелей, тағы биреўлери қулақшын кийген адамлардың алды усы жылжыў менен майданның бир мүйешинен шықты. Кәрўан сарай жақтан еситилген баламанлардың сеслери қаланы басына көтерди. Дәп қағылып, әлле қандай қосық айтыўшылар да Сүўенлини жағалап келетуғын тар көшеден берман түсип келе берди. Майданның дал ортасында аяқ ойыншылар қолларын шыртылдатып, ийинлеринин қыймылын нама ырғағына қосып журтқа тамаша бериўин даўам етти. Кәрўан сарайдың күншығарға қараған дәрўазасынан қызыл байрақлар көтерген бир топар адам бийиктен төменге түсип кеңирек қадем таслады. Байрақлардағы „Жасасын Ленин", „Жасасын кәмбағал гедейлердиң заманы!"—деген жазыўлар хәммеге алыстан анық көринди. Байрам салтанатына енген аламан ғалаба қол шаппатлады. „Жасасын Кеңес хүкимети!" деген даўыс хәммеге күш-қуўат берди. Хожели тутасы менен халық сейилиниң қушағына енди. Жарлылар, азатлық дегенниң не екенин биринши мәртебе өз көзлери менен көрди. Кеңес хүкиметиниң жаңа заман әкелгенине гүўа болды.

Усы салтанатты, усы қуўанышты көрген Крошилов енди Шайдаковқа сөйле деп өгинди. Шайдаков майдан ортасындағы алаңға көтерилди.

— Жолдаслар! Кеңес хүкимети рабочийлардың, кәмбағал өнерментлердиң, жарлы дийханлардың хүкимети. Өз мийнетинен нан жеген хәр бир мийнеткеш усындай қалалардың, заводлардың, өндирис орынларының, жердиң, тоғайдың, суўдың ийеси. Жерсизлерге жер бериледи. Көликсизлерге күш көлик бериледи. Мүтәж болған дийханларға егис ўақтында туқым бериў имканиятлары да қарастырылады. Биз усындай хүкиметти Шораханда, Шаббазда, Бийбазарда, Нөкисте, Төрткүлде хәм бир қанша аўылларда дүздик.

Қатты қол шаппатлаўлар көпке шекем басылмады. „Кеңес хүкимети жасасын!" деген сүренлар жаңлады. Журт бираз тынышланған ўақытта:

— Жолдаслар, қандай тилегиңиз, мүтәжиңиз бар, ортаға шығып айтыўыңызды сораймыз—деди Крошилов.

Адамлардың көзлеринде қуўаныш сезимлери көринди.

Бозай қол көтерди.

Крошилов:

— Берман алаңға келиңиз?—деп мирәт етти.

Домалақ, аққуба, семиз жигит қолын жоқары көтерип сөйлеўге кирисги:

— Мына қабарған қолды көрип турсызларма, халайық?—Мен, мениң жолдасларым неше жыллардан берли Арекелян байдың есигинде жумыс ислеп келдик. Байлардың қамшысы арқамызға таңба салмаған усы Хожелиде кәмбағал барма? Солай, ағайинлер, биз өз ҳүкиметимиз бола тура неге байлардың отыны менен кирип, күли менен шығамыз? Биз пахта жейтуғын заўыт жумысшылары кеше Арекелян бай менен мәлеллесип қалдық. Бай бизлерди заўыттың шарбағына киргизбеўге урынды. Биз оны тыңламай заўыттың дийўалынан асырылып ишке түсгик. Арекелян бай қорқытпақшы болып аспанға мылтық атты. Биз оннан бетер ашыўға минип қанарлаўлы пахтаны арқалап алып кетемиз, балаларымызға бөз тоқып беремиз деп қарсыластық. Қанша күш көрсетсе де Арекелян бизиң талабымызды орынлаўға мәжбүр болды. Он қанар шигитсиз пахтаны жумысшыларға таратып бердик. Мине, бул нени көрсетеди? Бул Кеңес ҳүкиметиниң күши. Кеңес ҳүкиметиниң жан-жақта дүзилип атырғанын еситип биз усы күшке миндик, ал Арекелян айтқанымызға ләббей деди. Биз бүгиннен баслап заўыт жумысшыларынан қуралды күш шөлкемлестиремиз. Байлардың айтқанларын болдырмаймыз. Қаладағы гүллән кәмбағал, жарлы биз бенен байланыста болыңлар!

Бозайдың сөзи—майданда турған кәмбағаллардың сөзи. Адамлар Бозайды қолға көтерип толқыған қурдың ортасына алып кетти.

Крошилов өзиндей жеделли рабочийларды көрген сайын баладай қуўанатуғын еди.

Быйыллыққа бетқолы жуўылмаған, қулақшынының бир қулағы әлле қай жақларда түсип қалған биреў ақсаңлап басып Крошиловтың тап түбине келди. Байлар тәрепинен жиберилген бул әтте жан толқыған халықтың салтанатын буза алмады.

Кәрўан сарай алдындағы жыйын тарқаса баслады.

Крошилов, Байжанов, Шайдаков пахта завод рабочийларынын өтинишине муўапық Арам Арекелян менен жолықты. Сары аўрыўдай реңки солып, сылбырап қалған бай өз ҳалын билдиме, яки ислеген тәсилиме, әйтеўир рабочийлар тәрепинен қойылған талаптың ҳеш бирине жақ демеди. Бозай менен Мурат завод дәрўазасының маңлайына қызыл байрақ қадап, өзлери көпке шекем дийўалдан түспей әтирапқа қол былғады. Адамларды завод шарбағына шақырды. Бағанағыдан берли, кәрўан сарай жақта шертилген баламанлар енди заводтың дәрўазасы алдына көшти. Рабочийлардың баслаўы менен заводты бир қатар көрип шыққан Нөкисли қонақлар жаңа турмыстың исенимли қадем таслап баратырғанына сүйсинди.

## 15

Жәнеўд жансызлары тумлы-туста тимискиленип жүргенде Қызыл Армияның разведчиклери не иследи дерсиз? Тахтабазарға еки шақырымдай жерге келип тоқтаған Үсен сейис, Хангелди ҳәм Садық екиге бөлинди. Хангелди менен Садық Булдымсаз тәрепти бақылаўға кетти де, душпан ордасына Үсен бир өзи барыўға тәўекел етти. Ийниндеги қоржында етик қалиплери бар ғарры қум етегинде оңаша отырған еки қара үйге бурылды. Шуўласып үрген ийтлерди таяқ пенен қаққышлаған ғарры әўдийген ақ төбеттен көзин алмай қара үйдиң бириниң есигине тығылды.

— Бул ким?—деген даўыстан кейин үйден қайыңдай узын арық қара жигит шықты.

— Иним, ийтиңе жит дей гөр,—деп өтинген ғарры қара жигиттиң арқасына өтип үйге қаўетерсиз кирди, Аўзын қызыл айдынлының шети менен басқан жас ҳаял ғаррыны көрип қоңсы үйге шығып кетти. Үй ийеси еңкейип есиктен кирди де қонақтың берирегине кийиздиң шетине отырды.

— Бул жерге қалай келдиңиз?—деди үйдиң ийеси қонаққа сын көзбенен қарап.

— Талапкер ғаррыман. Етик тигемен, кийиз басаман, аттың тоқым-жонасы керек болса оны да реглеймен.

Үй ийесиниң гүманланыўы тереңлей берди.

— Сонда да бул жерге неге келдиңиз?

Ғарры өзиниң дәслепки пикирин тәкирарлады.

— Талап излеген адам жер талғамайды. Қай жаққа несийбе қуўаласа биз сол жаққа домалаған қаңбақпыз.

— Аўылыңыз қайда?

— Иним, биз бир бүлгиншиликке ушыраған адамбыз. Назарханнан Лабаққа көшип келип отырман.

— Назарханнан дейсизбе?

— Аўа.

— Хожасыз ба?

— Жақ Төре тұқымынан боламыз.

Демек, үй ийесиниң Назарханда әлле неше рет болғаны, ол кәрада хожа я төрелердиң туратуғынынан хабардар екени анық болды. Ғарры тергеў астынан тезирек шыққысы келип:

— Назарханда болғанға усайсыз—деди.

Үй ийеси тайсалақлай алмады.

— Болғанман.

— Көшкениңизде ағайин-туўғаныңыз үндемей қала бердиме?—деди үй ийеси.

Қар басып, қарма асаған ғарры асып-сасыўынды билмеди.

— Турымтай тусына, палапан басына тараған бул заманда қабағыңның шытқанын, табаныңның сызлағанын билгендей ағайин табылама?

Сөз өз орнына түсти.

Сол күни талапкер ғаррыға бир қап қойдың ақ жүни әкелип берилди. Гүзги қырқымнан сайлап алынған бул жүн жипектей шыйратылып шебер қоллы устасын күтип атырғандай еди.

— Атқа жабатуғын бастырық ислеп бериңиз?

Усыны айтты да үй ийеси кетип қалды. Қайла болды, не ислеп жүр, оның менен ғаррының иси болған жоқ. Ҳәтте, ол үй ийесиниң исмин сорамағанына да өкинбеди. Барлық нәрсе сабырлылық пенен, ўақтысәәти менен өз орнына келетуғынына исенди. Айналасына кийиз, палас тутып қойылса да қара үй салқын болып, ғаррының қолын онша жүритпеди. Иләж қанша, сол күни жатардың алдында солқылдақ, жумсақ бастырма таяр болды. Қатты шаршаған ғаррының ошақ басына, әкелип қойылған аўқатты жеўге де шамасы келмеди. Сыртында шекпени бар сенсең тонын жамылды да көз илиндирди.

Азанғы шайға кеўилленип келген үй ийеси:

— Аман-саў жатып турдыңызба?—деп қонақтан ҳал сорады. Бир ғанийбетлик сезгендей ғаррының иши жым ете қалды. „Бастырық унаған екен“ деп ойлады. Бети-қолын жуўып майданлап келемен дегенше дастурханның кең жайылыўы, бийдайдың солқылдақ нанлары менен сары майдың келиўи үй ийесиниң ашылған кеўлинен дерек берди.

Ғарры менен жақсылап танысқан Язмурат өзиниң иштеги шерин ақтарды:

— Бул былғасық заман—деди ол күйинип сөйлеп.— Өзиңиз ойлап көриңиз, биреўдиң атының аяғы ақсайды, ал оған дым жуғысы жоқ мен айыплы боламан. Ҳәй тоба.

Ат жөниндеги сөзге ғаррының қулағы селтең етти.

— Кимниң атының аяғы ақсады? Не болған екен?

— Не болғанын қайдан билейин, әйтеўир атым ақсады деп Көклен бала маған қабағын үйип қарайды.

— Мақул десең, ол атты маған көрсет—деди ғарры. Үй ийеси кеўилленип кетти. Аршадан қызыл былғары алды.

— Келиниңе бир жақсы етик тигип бересиз?

Уртлаған шайын жутып үлгерген ғарры:

— Қуда қалесе,—деп жуўап берди.

Сөйтти де үй ийеси ҳаялының гөне етигиниң бир нусқасын кийиз астынан алып көзге түскендей жерге таслады. Бул усыған қарап тигерсең дегени еди. Үй ийеси кешеги әдетинше тағы үндемей кетиўге таярланды. Кәсибин енди етикшиликке өзгерткен ғарры:

— Жүздиң жүзин танығанша, биреўдиң атын бил деген екен, иним, исмиңиз ким болады?—деди.

Үй ийеси жуўап берди.

— Язмурат. Өзиниздн ким деп атаймыз?

Ғарры сәл мыйық тартып жымыйды.

— Ат жағынан ғарыплеўмен. Кемпир-ғаррымыз гез келген атты қоя салған. Басқа ат қапылғандай Тәрнек деп атапты.

Язмурат қанша ерси ат еситсе де тап усындай әйтеўир қойыла салған атты гезлестирмеген еди. Муртлары билинер-билинбес селтең етип, үй ийеси ериксиз күлди ҳәм күлгенине қысынып сыртқа шығып кетти. Жағдайға байланыслы Үсен сейис Тәрнек ғарры болды.

* * *

Тәрнек ғарры Хангелди менен Садықты Порсының күншығарындағы әўлийеликте күтиўге ўәделескен еди. Ўәдели күнге төрт таң бар. Соған қалай да болмасын жетиўи керек. Усы жағын ойлап Тәрнек ғарры етикти бир тынбастан тикти. Қупган түсип баратырғанда былғарының ярымы етиктиң бир сыңары болып қалипке кийдирилди.

Үй ийеси кеткен жағынан кеш оралды. Отырар отырмастан сөйлене баслады:

— Таң атқаннан күн батқанша салпылдап себилим шығып жүргенде мен оның атының алдына ақыр, арқасына жабыў бола алмайман ғой, ҳәй тоба.

Тәрнек ғаррының барлық ойы душпан ордасына барыў еди. Көклен баланың атының аяғының ақсаўы оған излегенде табылмайтуғын сылтаў болды. Усы сылтаўға беккем асылған ғарры:

— Мен аттың аяғын емлеп беремен,—деди.

Кийиз басатуғын, етик тигетуғын бармағы сайын бир өнери бар ғаррыға Язмурат тағы таңланды.

— Сиз атқа да сейислик ислей аласыз ба?

— Еплеп ол жағына да бармыз.

— Ўә—ә,—деди Язмурат—сизге қудайым өнерди аямай береғойған екен.

Тәрнек ғарры тезирек орнынан турыўды гөзледи.

— Мениң әкем белгили сейис еди. Маған соннан азлап жуқса керек.

— Онда туўра Көклен баланың үйине барамыз,—деди Язмурат ҳәм қабағы ашылмайтуғын сол бәлениң кеўлин аўлағысы келди.

— Сизиң қалегениңиз болсын.

Язмурат есиктен шықпақшы болып оқланып турды да азанда барармыз деп сырт кийимлерин шешти.

* * *

Язмурат пенен Тәрнек ғарры кирип барғанда қабағынан қар жаўған жүзбасы үйде бир өзи отыр еди. Солғынлаў аман-есенлик сорасқаннан кейин Язмурат та, Көклен бала да тым-тырыс отыра берди. Серли Тернек ғарры үй ишине көз жуўыртып үлгерди. Қабат-қабат ғайры нағыс гилемлер бул залымның талай-

ларды талағанынан дерек бергендей. Ғаррының жүрек төринде жек көриўшиликтиң жалыны уйытқыды.

Бираздан кейин Язмурат Көкленге:

— Мына кисиниң азлап сейислик өнери бар екен — деди.

Көкленниң қаҳәр шашыраған көзлери ғаррыға тигилди.

— Аттың аяғы исип кетти, емлеў қолыңыздан келеме?

— Ҳәрекет етип көремиз.

— Маған нағайбыл сөздиң кереги жоқ. Қолыңнан келса ғана атымды емлейсең.

— Улықман ҳәзирет болса да мениң қолымнан келеди деп айтпайды ғой,—деди—Тәрнек ғарры сыпайылығын бузбай.

Көклен бала ғаррының сөзине түйилип қалды.

— Үйиң қайда?—деди ол жақтырмаған пишин менен.

— Лабақта.

— Лабақта сендей адамды көрмедим.

— Мүмкин. Назарханнан көшип келдим.

Көклен бала аяғын отқа басып алғандай орнынан атлығып турды.

— Жаның барда, үйден шық!—деп бақырды. Дийўал төринде қазықта илиўли турған бесатарды қолына алды.

Язмурат:

— Бул адамға тиймеңиз,—деп Көклен балаға тәуелле еткени, ашыўлы залым оны да бир қапталға қағып жиберди.

— Былай тур!

Тәрнек ғарры қарсыласпастан Көклен баланың мылтығы алдына түсти. Қарсыласыўдың рети де жоқ еди.

— Сен мениң үйиме кимди әкелдиң?—деп Көклен бала Язмуратқа алып топылғаны, Язмурат:

— Оны атқанша мени өлтир. Гүнасыз биреўдиң қанына қалма?—деп өтинди.

Көклен аспанға секирди.

— Назархан дегенди билесеңбе, өзиң? Бир шетинен большойларға берилген динсизлер!

Язмурат. Көклен баланың изинен қалмады.

— Бул ғарры төре тұқымынан. Большойлардың дүмпиўине ушырап Лабаққа көшип келген.

Залым Көклен бала бул сөзди-де тыңламады. Тәр-

чек ғаррыны Тахтабазар дәрўазасы алдындағы бийик қумның басына шығарды. Шаўқымды еситип қорғаннан онлаған баспашы жуўырып шықты.

Қумның уша басына көтерилген ғаррыға Көклен бала:

— Берман қара!—деп буйырды.

Тәрнек ғаррының жүзи қублаға бурылды. Мылтық алдында дым көрмегендей маңқыйып тура берди.

— Ийимансыз кеткиң келмесе, шыныңды айтасаң, қане бул жерге неге келдиң? Көклен мылтығының аўзын туппа-туўры ғаррыға қаратты.

— Мен қол ушы талап етип жүрген ғаррыман. Етик тигемен, кийиз басаман, сейисликтен азлап хабарым бар

Көклен қасындағы баспашыларға:

— Хийўаның алтын сарайларын салған уста келипти, көриңлер, мине алдымызда тур—деп мысқыллады. Баспашылар ғарқылдап күлисти.

Язмурат ушын бул мысқыллаў жылан шаққаннан зәҳәрли еди. Ол Көклен баланың мылтығы алдына барып мелшийип турып алды.

— Қонағымды атқанша сизиң оғыңыз мениң жүрегимди тессин!

Көклен бала мылтығын кейин тартты.

— Биз буларды аясақ болмайды, —деди ол Язмуратты жуўасытқысы келип.—Биреўин өлтирсек, онының көзин қорқытамыз.

Язмурат орынсыз айтылған сөзди тез өз мәпине пайдаланды.

— Ғаррыны өлтиргениңизди бир большой көрмесе сонда кимди қорқытамыз?

Жүзбасы сөзден жеңилди. Мылтығына сүйенип үндемей турды.

— Төре туқымы дедиңбе?

— Төрелерден.

Көклен бала мылтығын ийнине салды.

— Ғаррыны аттың қасына алып кел!

Тасбаўыр залым қорғанға қарай адымлады. Язмурат Тәрнек ғаррының қасына барып, „сениң әжелиңе себепкер бола жазладым, кешир мени" дегендей ишарат билдирди. Ғарры оның қысынғанын билип, қумнан төмен түсти:

— Дем таўсылса мың қайғырғанның пайдасы жоқ. Таўсылмаса атқан оқ қаңғып кетеди,—деди.

— Мен жақсы нийет пенен сизди алып келе қойып едим,—Язмурат дәрўазадан кирип баратырған Көклен баланы көрип мушын түйди.—Бул залым мениң намысымды аяққа басты. Саў болсақ бизге де бир нәўбет жетер.

Тәрнек ғарры менен Язмурат қораға кирди.

Ғаррының көзи дал бедеўге түскенде ол өзиниң қай жерде турғанын умытып кете жазлады. Узын мойын, шөже бас, майда жаллы бедеў өзиниң қаназат текли екенин аңлатып, көкирегин жоқары көтерди, ишин тартып, сулыў қаддин ҳасла бузбады.

* * *

Аттың аяғын емлеп жүрген Тәрнек ғаррының еки көзи душпанның ҳәрекетинде. Тахтабазар деп аталған Жәнеўид бандаларының ордасына киретуғын, шығатуғын жолды билди. Күнниң көзиниң азғана жылт еткенин сылтаў етип Тәрнек ғарры атты қораның ергенеги жаққа алып шықты. Елеўсиз ғаррыға сонша әҳмийет бермеген баспашылар түс аўып баратырғанда қорғанның бир мүйешине жыйналды. Телпеклери қара қазандай жети жүзден аслам баспашы жылтыраған шеге үстине малдас қурынып отырыўына қарағанда олардың биреўди күткенлиги мәлим. Қорғанның бас дәрўазасы жақтағы дийўал үстинде жүрген мылтықлы қараўыллардын да барлық дыққаты отырғанларда. Арадан ярым шайнек шай ишим ўақыт өтти. Оқ жыландай суўмаңлаған Жәнеўид жулқынып нөкерлерге қарап жүрди. Онын изирегинде аяғын санап басып ширазы шөгирмеси бар биреў киятыр. Чаррик, Әшихан, Көклен бала өз алдына бир топар болып ширазы шөгирмелиниң йизинен келе берди.

Елиў сегиз жасқа қадем қойған Жәнеўид өз шаққанлығын, қуўнақлығын жоғалтқысы келмеди. Жас жигиттей ҳәрекет еткен сайын тарамыс-тарамыс тамырлары созылып үзилип кетиўге шамаласар еди. Қайтсин, нөкерлердиң көзине тәндар көриниў ушын ол усылай ислемесе болмайды. Желдей есип, дүбелейдей бурқасынлап келген Жәнеўид өзиниң шүңирейген көзлерин нөкерлерге тигип еди, ҳәмме орынларынан турды.

— Мен сизлерди Уллы дәрәжели Хожа-Қулыхан менен таныстырмақшыман.

Жәнеўид ярым адымдай кейин шегинип шиpазы шегирмелиге жол берди. Түйе таўықтың қоразындай үрпийип исип кеткен Хожа—Қулыхан бир адым атлады да тоқтады.

Жәнеўид басын бир силкип жиберди де, тағы сөйледи:

— Ҳүрметли Хожа-Қулыхан бизге Ашхабад жақтан келди. Қонағымызды тыңлаңыз!

Хожа-Қулыхан нөкерлерге қарады да ҳәммениң отырыўына рухсат етти.

— Бәршеңизге мәлим болса керекки, Шора ҳүкимети Каспийдиң аржағындағы аспанға тийген Кап таўын, бизиң ата мәканымыз Ашхабад, Гүргенди, Атректи өз қол астына алған еди. Азри елин, армен жерин бийзар еткен еди. Не бир бийик мәртебели байларды, ақсүйек туқымларын қорлаған еди. Буны көрип биз қарап тураалмадық. Кап таўынан дашнақлар, мусаватлар Шораларға қарсы гүресип атыр. Бизге жер жүзиниң оннан бир бөлегин өз қолына услап турған инглиз ҳүкиметинен жәрдем келиўде. Гүлли мусырман, қала берди, улама—ҳәкимлер, байлар, патша генераллары Шора ҳүкиметин жоқ етиўге-ықрар етги. Ал, сизлерден бәрше мусырманның үмити үлкен. Даңқы әлемге белли Хийўа ханын қулатқан мәртебели Жәнеўид ханға биз не жәрдем зәрүр болса, соны беремиз. Бизден мылтық та, пулемет те, оқ-дәри де табылады. Шора ҳүкиметиниң өмири мисли туўыла салып бесикке жетпай өлген нәрестениң өмириндей қысқа болады. Күншығардан Жапон, арқадан Америка бизге жәрдем бериўге кириседи. Бизиң парызымыз сол болыў керекки, биз Түркстан республикасын жоқ етиўимиз керек. Большевиклерди қолға түссе дарға асыңлар! Атып өлтириңлер! Бухараның әмири Сеид Алимхан да өз нөкерлерин Шора ҳүкиметине қарсы урысыўға таярлап атыр. Сәрдар Муҳаммед Жәнеўидхан басшылығында биз Хорезмдеги Жайҳун жағасындағы большевиклерди қулатамыз, усы быйыл большевиклердиң уясы болған Төрткүл менен Чаржоуды жер менен жексен етемиз...

Тәрнек ғарры шиpазы шөгирмелиниң барлық сөзин тыңлай алмаса да түрли нәрсени сылтаў етип қораның аўзына көбирек шықты. Гүйбеңлеп жүрип аттын искен аяғын емледи. Орнында беккем турған қазықты қопарып екинши жерге қақты, Сөйтип жүрип Хожа-Қулы-

ханның сөзинин тийкарғы мәнисин аңғарды. Хожа-Қулыханнан кейин кутырып сөйлеген Жәнеўидханның барлық сөзи: „мен Төрткүлди жоқ етемен. Әмиўдиң еки жағасын қол астыма алып Шора ҳүкиметиниң үнин өширемен" деў болды.

Ўәдели ўақтына Көклен балаға атын тапсырып Тәрнек ғарры Язмурат пенен қумдағы еки қара үйге қайтты. Көклен бала ғаррының өнерине ырза болып „сиз усы жерде қалыңыз" дегенде, Тәрнек ғарры „бала-шағама барып ойласып көрейин. Дуз-несип айдаса келип қалармыз" деп көнбеди. Ғарры Язмураттың үйинде де еки кесе шай ишти де жолға шығатуғынын айтты.

Язмурат:

— Алдың кеш, қонып кете бер,—деп еди, ғарры қайылшылық бермеди.

Язмурат ғаррының бирден кетиўге бел байлағанын „кешеги Көклен баланың ақмақлығынан" деп ойлады. „Маған да өкпелеген шығар. болмаса усындай ўақытта кетеме?" деп қысынған Язмурат:

— Жасүлкен маған өкпелемедиңизбе?—деп сорады.

— Жақ иним, сонша күн үйиңде болдым, дузыңды иштим. Ислеген жақсылығыңды қашан да болмасын қайтарарман.

— Жүретуғын болсаңыз жолыңыз болсын, шаңарақ усы, келип тур, жасүлкен.

— Саўшылық болса келемен, иним.

Тәрнек ғарры қара үйдиң есигин кейин серпип ашты да қараңғылық қойнында мүлгий баслаған қумлы далаға шықты. Изинен қарап турған Язмуратқа ол миннетдарлық билдирип бас ийди де Порсыға қарап адым урды

* * *

Үсен сейистиң бундай биймезгил ўақыт жолға шығыўына себеп, оны Хангелди менен Садық Порсының түбиндеги әўлийеде күтип огыр еди. Түн жарпы аўып кеткенде муртына, сақалына ақ қыраў қатқан Үсен сейис шыйықшының жайында күткен өз адамларына қосылды. Даланың ысқырған ызғырығы менен қарлы аязына тоңып келген сейис жыллы жерде бойы жибисип, көзлери жумыла баслады. Ўақыт уйқыны талап етти. Сол ушын Садық демлеп әкелген шайдан бир

кесе ишти де Үсен сейис пештиң қуўысына қыйсая кетти. Хангелди менен Садық та дем алды.

Сол жатыстан олар күн көтерилген ўақытта уйқыдан оянды. Үшеўи үш шайнек шай ишип, қонақ жай ушын шыйықшыға азнаўлақ қара пул берди.

## 16

Чарриктиң Шаммыкәлге қурып кеткен дузағы галетсиз иследи. Ол қулағына қуйылған ҳийлеликтиң ясийинин тек Сапармуратқа ғана түсиндирди. Сапармураттың он уйықлағанда ойында болмаған бул сумлық оны бир үркитиўге үркитсе де, кейнинен оған қайыл болды.

— Қошмамед мени жумсарма екен?—деди ол алдағы жумысқа кимниң баратуғынын билмей.

— Ол жағын келистирип қойдым. Қошмамед еки арбаға сени басшы етип жибереди.

— Сизше?

— Мен де бараман.

Усы сөзлердиң кейни суўымай Шаммыкәл менен Сапармуратты Қошмамед шақырды. Аға менен ини—еки жалатай күтә мүлайымы шығып Қошмамедтиң алдына ийилди. Кирпиклери жоқары көтерилиўди билмей суўпыдай сүзилди.

— Большойлар бизге мың дана оқ, жүз бесатар бериўге ўәде еткен еди. Соны алып келиўди екеўиңе тапсыраман—деди Қошмамед.

Шаммыкәл тағы ийилди.

— Исенимиңизге миннетдарман.

Қошмамед қарындасы Маягүлди өзине жақын жерге алдырса да, оны бир ҳәпте, он күнде көрсе көрип, көрмесе сырттан ҳал сорап жүре беретуғын еди.

— Маягүлжанның денсаўлығы қалай?—деди ол азғана үндемей отырғаннан кейин.

Бул оның Шаммыкәлге: „сен күйеў баласаң" деген қашырымы еди.

— Сизиң даргаҳыңызда қарындасыңыз да, биз де қысыўмет көрмей жасап атырмыз.

Ишинде жылан үймелеп атырса да тилинен пал таматуғын Шаммыкәл бул ретте Қошмамедтиң кеўлин аўлай билди.

— Нөкиске барасыз. Еки арба менен кеткениңиз дурыс болар—деди Қошмамед сөзди жуўмақлап.

Шаммыкәл бас ийзеди.

Сол күни Шаммыкәл Гөнеургенчтен былайырақ шықты да инисиниң жеңинен услады.

— Сен усы жерде мени күте тур, Маягүлди алып қайтайын.

— Жақсы.

Ояқ-буяғы бир саатқа қалмай Шаммыкәл сүйикли ҳаялын атына мингестирип келди. Маягүл: „қайда барамыз?" деп сорап еди, Шаммыкәл: „Булдымсазда бизиң адамлар бар екен, соларға барамыз" деп ҳаялының үлбиреген еринлеринен сүйди. Маягүл пүткиллей елжиреп кетти. Шаммыкәлдиң жетегине ере берди.

Жол бойы Хожелидеги Боранбай баққалдың үйине қайрылып өткен Шаммыкәл оннан бир атқосшы бала сорап алды. Шаммыкәлди жақсы билетуғын баққал оның тилегин тәрк ете алмады. Бир де болмаса бир де бул кәл өлтирип кетер деп қорықты. Сол күни Нөкиске жетип әскерий гарнизоннан оқ, мылтық алған Шаммыкәл дәрьяның қубласына өтип Тақыятаста қонды. Ертеңине ерте турып ол қосшы баланың қалтасына бир қысым қара пул салды.

— Сен егленбей Нөкистеги большойларға бар. Бар да шаўқым сал: Адамлар не болды деп сораса, сен оларға: Қошмамедхан кешеги мылтық пенен оқларды Жәнеўдханға жибережақ, мен соны билип хабарлаўға келдим де. Олар қай жерде баратыр десе, бизиң бағдарымызды айт. Сонда большойлар да сени қур қол қоймайды.—деди.

Қосшы бала қалтасындағы пулға қуўанып Нөкиске ҳайт қойды. Шаммыкәл үйреткенниң бирин қалдырмай сөйледи.

— Олар қай жол менен кетти?—деди Шайдаков баланың хабарын еситиўден.

— Еле Тақыятастан алыслап кетпеген шығар.

Шайдаков қыстаўлы түрде Ниязбекти шақырды.

— Жолдас Аманов, қасыңа бес қызыл әскер ал, Ханжәнеўдке кетип баратырған арбаларды услап әкел!

—Орынлаўға рухсат етиңиз?

— Орынлаңыз!

Ниязбек тез бес қызыл әскерди изине ертип рота

командириниң алдына келди. Шайдаков алдағы ўазыйпаны қысқа түсиндирип:

— Биз бул жәрдемди Жәнеўдтиң мушын нйискеп жүрген Қошмамед ойланар деп берип едик. Ең болмаса қаўипли душпаннан аўлақ жүрер деген едик. Ол бизиң берген жәрдемимизди Жәнеўдке жиберетуғын болса, демек, еки жүзлилик ислегени. Қасқырдың қасқыр болып өзгермей қалғаны. Жолдас қызыл әскерлер, сиз сол мылтық, оқларды Жәнеўдке жибертпей бунда алып келесиз!

Ниязбек Аман улының кишкене отряды Тақыятастың алдындағы қарабарақлы далада кетип баратырған еки арбаны көрди де, атларға қамшы басты. Еки көзи артта болып киятырған Сапармурат өзиниң арбасындағы атты арыстан тез босатып алды да артына қарамай қашты. Екинши арбакеш Сапармураттың атына мингести. Ҳәр жер, ҳәр жерде қарайған қарабарақлардың үстинен қояндай секирген ат көз ушында зымырады.

Қызыл әскерлер Сапармураттың изинен қуўмады. Берилген буйрыққа муўапық еки арбаны атларға сүйретип кейин қайтты.

Сапармурат сол қашқаннан жолда бир дем алып Булдымсазға барып жетти. Шаммыкәл инисиниң тапсырманы орынлап аман-есен келгенине мәс болып қайтадан қазан көтертти.

## 17

Язмурат көпке шекем уйықлай алмады. Көкленниң үйилген қабақлары оның жүрегин қысып тырнап баратырғандай. Көшип келгели көзине бәледей көринген Тахтабазардағы қорған оған әжелханадай жеркенишли еди. Әсиресе, ол бүгин қайтып усы қорғанды көрмегеймен деп тиледи. Жәнеўид, оның залым баласы Әшихан оған жалладтай көринди. Жәнеўидтиң қол астынан ол өтирик, жәдигөйликтен басқа, қан төгиў ушын қайрәлған қылышлардан басқа, гүнасыз адамларды атыўға оқланған мылтықлардан басқа ҳеш нәрсе көре алмады. Жер жүзиниң барлық залымлығы усы қорғанға келип жыйналғандай. Ол өзиндей алданып келип Жәнеўид қысымынан шығалмай жүргенлерди есине алды. Азғынлар арасынан жол табалмай қыйналғанларды аяды.

Усы ойлардың толқынында ол уйқы дегенди умыт-

ты. Тағы оның көз алдында Тәрнек ғаррының жыллы жүзи жайнады. Ҳадал жанлы, ийманына кир тиймеген ғаррының қадирли қасийетлери оған үмиттиң, келешектиң жағымталлы самалын жиберип турғандай болды. „Сол ғаррыны излесем табарма екенмен? Ол аўылым Саманбайда деген еди ғой“ деп ойлар толқынында узақ жүзди. „Саманбай Әмиўдин тап арғы жағасында деп еди, излесем табыўым керек. Барсам мени ол ғарры жатырқамас“ деп Язмураг биротала ой теңизине шүмди. „Оның үстине қызыллар да жаман емес сыяқлы. Қолға түскен Қудайқулы менен Тағанды үйине қайтарып жиберсе, қызыллар адамгершиликли болғаны“...

Язмурат таң атқанша уйытқыған ойлар менен алысты. Ойлар оны гә үмит дәрьясының жағасына әкелди, гә әлле бир түсиниксиз туңғыйықларға алып кетти. Қулласы ол өрели танға ой теңизинде жүзиў менен жетти.

— Таўшан,—деди ол азанда шай ишип отырып. Ҳаялы жалт бурылды.—Мен қыялланып отырман.

— Ағасы биреў менен мәлеллесип қалдың ба?

— Ҳешким менен мәлеллескеним жоқ.

— Онда қыялланыўыңыз қалай?

Язмурат кеседеги шайдан еки уртлады.

— Әнеўгүнги Тәрнек ғаррыны излегим келип отыр.

Таўшан шоршып кетти.

— Ағасы аў, танымаған елде не бар? Қорланарсаң, кемтаршылық көрерсең...

— Бул жерде қорланбай жүрменбе? Сол Тәрнек ғаррының аўылына барсақ өзимизге тыныш баспана табылар деп ойлайман.

Таўшан сөздиң көшип кетиў ҳаққында екенин түсинди.

— Сонда мен де кетеменбе?

— Кетесең. Ол жақта Хангелди дайымыздың үйи бар деп еситтим.

— Хангелди дайымызды қайдан излеймиз? Ағасы ойланып көрсең қайтеди?

Язмурат аўыр гүрсинди.

— Ойланып-ойланып тапқан ақылым усы. Большойлар бизлердей адамларға шеп емес сыяқлы.—Язмурат ҳаялы Таўшанға ойланыўға мүмкиншилик берип сөйлемей отырды.

— Ағасы, өзиң бил. Қайда барсаң да мен сениң жолдасыңман.

Язмурат шайнектеги соңғы шайды кесесине сырқты

— Мен большойларға барып өзимниң орта дийхан баласы екенимди жасырмай айтаман. Маған еркин мийнет ислеўге, еркин жер басып жүриўге мүмкиншилик бер деп өтинемен. Ал, Хангелди дайымды таўып алсақ, жаңағы ийманлы Тәрнек ғаррыны ушыратсақ, қызыллар бизлердиң көкирегимизден ийтермес деп исенемен.

Енди Таўшан да бул батыл қадемди шеп көрмеди. Бул жердеги кемситиў, күйеўиниң қорғаннан иренжип келиўи, кесел адамдай сарғайып кетиўи—бәри Таўшанның көз алдынан дизилисип өтти. Солардың барлығынан күйеўин қутқарыўдың жолы—бул жерден тәўекел етип көшип кетиў деп билди.

— Үй-жайымызды қайтемиз?

— Бир түйеге жайғасқанын алып кетемиз. Қалғанын иниң Аман жыйнап алар.

— Мен ырзаман, ағасы.

Аманның үйи Язмуратқа қоңсы еди. Қараүйдиң кереге, шийлериниң бөлек-бөлек буўылғанын көрип ол:

— Көшежақсызларма?—деп ҳал сорады.

Язмурат Аманды оңаша шығарып алып—жөн-жосақты түсиндирди.

* * *

Усы жүристен Язмурат пенен Таўшан жолда бир қонып екинши күни Әмиў дәрьяға жетти. Муз үстинен өткен адамлардың биринен:

— Кәмбағаллардың ҳүкимети қайсы жерде болады?—деп сорады.

Язмураттың жөн сораған адамы Хожели пахта заводының рабочийсы Бозай еди.

— Мен де сол жерге баратырман.

— Берекет тап, жора, мени сол жерге апар.

Бозай менен Язмурат әңгимелесиў менен қорғаны бар тас жайға келип тоқтады.

— Түйеңди ишке киргизбес, усы жерде жайыла турсын. Екеўмиз басшыларға барып жолығайық.

— Болады,—деди Язмурат. Атты да сол түйениң қасында қалдырды.

— Таўшан усы жерде бола тур.

Тас жайда Язмурат бир саатгай иркилди. Үлкен сәске ўақтында бир жас жигит пенен қорған дәрўазасынан шықты.

— Иним, атың ким?

Язмураттың жас жигит пенен танысыўы усылай басланлы.

— Атым Камал. Өзиңиздиң атыныз ше?

— Язмурат.

— Мине таныс болып қалдық. Мен усы қорғанда хызмет ислеп атырған қызыл әскермен.

Қызыл әскер деген сөзди еситип Язмурат жүрисин пәсеңлетти. Еки көзин Камалдың келисикли тулғасынан, узын сур шинелинен, әскерий қулақшынындағы бес мүйешли жулдыздан алалмады. „Усындай кийимди мен де кийерме екенмен" деп ишинен әрман етти. Екеўи түйе менен аттың қасында турған Таўшанға қарап келе берди.

— Иним бир адамды сорасам билерме едиңиз?—деди Язмурат, келгели ойын толқытқан сораўды билгиси келип.

— Сораңыз?

— Усы жақта Тәрнек ғарры деген бир жас үлкен ашнам бар еди, Үйин билесизбе?

Ҳеш ўақытта ушыратпаған, өмиринде гезлестирмеген мына исимди еситип Камал ҳайран қалды. „Бундай да ат болады екен аў" деди ишинен.

— Тәрнек деген ғаррыны биле алмадым. Аўылым қайда деп еди?

— Аўылым Саманбай деген тоғайда, Нөкиске жақын деп еди.

Камал ойланса да ондай ғаррыны есине түсире алмады.

— Саманбайда ондай ғарры бар деп еситпедим.

Язмурат билгенин айтып ғаррыны баянлай баслады.

— Өзи етик тигеди, кийиз басады. Атқа сейислиги де жаман емес. Еки жүзинен нур тамған, кәткуда адам.

„Бизиң ғаррыны айтып киятырған жоқпа"? деген ой Камалға сап ете қалды. „Ғарры душпан арасына барғанда өзин усындай атадыма екен?"...

— Қане, Саманбайға бара берейик, бир иләжы болар.

Алыстан келген көш Саманбайға қарап жол алды. Язмурат енди дайысы Хангелдини сорады.

— Излеп киятырған тағы бир ғаррым бар.

— Айта бериниз.

— Ол ғарры үй-иши менен Қаражыңғыл деген жерден усы жаққа көшип өткен. Жасы елиўбеслерге шамаласып қалған, қарындасы бар...

Камалдын көзлери күлди.

— Бул ғаррыңды билемен. Исми Хангелди ағама? Язмурат қуўанып кетти.

— Ҳаялының исми Бийбижан шығар?

— Тап өзи.

Күйеўинин қуўанғанын көрип Таўшан да кеўилленди.

Сол Хангелди аға менен бизиң ғарры күтә дос еди. Иним, атыңды айдаңқыра! Таўшан, түйеңе шүў де!

Қуўаныш қанат болып Язмурат, Таўшан, Камал Саманбайға тез жетти. Шақаларында қыраў ырғалған торańғыллар, еле жемислери сырғып турған жийделер, жигилдиклер артта қала берди. Жиптей ийретилген жол гә дөңнен төмен ойға түсти, гә ойдан қайтадан жоқары көтерилди. Шақаларында, жапырақларында қыс нама шалған тоғай қонақларды өзинше қуўанып күтип алды.

Күтилмеген жерде Хангелдиниң үйи қуўаныш базарына айналды. Жийениниң көшип келиўи ол ушын үлкен мәртебе болды. Қоңсы-қоба көз айдын айтып Хангелдини де, көшип келген қонақларды да қуўантты. Бир ўақта Үсен сейис келди.

— Хангелди...—дей бергени Үсен сейис—ҳаў, бала... деп босаға алдында аўзы ашылып аңқайып қалды. Соның арасынша Язмурат орнынан турып оған еки қолын созды·

— Ассалаўма әлейкүм.

— Ўаликүм, ўаликүм,—деди кеўили босасып, даўысы өзгерген сейис.—Язмурат иним,—деп қонақты баўырына басты. Язмурат пенен Үсен аға-инидей узақ қушақласты.

— Үсен, берман менин қасыма кел!—деди Хангелди. Сол ўақта барып еки қадирданның қоллары жаздырылды.

Қутлы қонақ келген үйдиң буннан кейинги көриниси барлық жерде бирдей емеспе? Қазан да май қайнап, дастурханлар кеңнен жайылды. Баўырсақлар ортаға таўдай үйилип, бир жағы балалардың қолларында бол-

ды. Кеўили жай таўып шай ишип терлеген Язмурат Үсен сейиске:

— Жасүлкен биз Тәрнек ғарры деген ашнамызды таба алмадық ғой,—деп ҳәзиллеҫди. Үсен сейис билинер-билинбес мыйық тартты.

— Баспашыларға сыр бергимиз келмей, қапелимде, Тәрнек ғарры болған биз едик.

Әңгиме базары усылай қыза берди.

* * *

1918-жылдың февралына Әмиў дәрьяның еки жағасындағы аўҳал усындай еди.

Туўылған жеримизге өзиниң алтын шуғласын шашқан таң өз аспанына өрмелей баслағанда Қарақумның бир шетинде Тахтабазарда алжыған Жәнеўид ҳәм онын топары қылыш сермеп орынларынан өрре турды. Тум-лы-тустан қол созып таңға жол бермеўге урынды. Бирақ, жаңа өмирдиң таңы кем-кем әлҳаўаға көтериле берди, көтериле берди. Бул таңға қарсы гүресиўши қара күшлер түс мезгилиндеги көлеңкедей кем-кем ыдырай баслады.

# *Төртинши бөлим*

## 1

Таң атыўға шамаласқанда Көкленниң нөкерлери Тереңкудық деп аталған аўылға топалаң тийдирди. Қолларында мылтық, қылышлары жарқыраған нөкерлер қара үйлердиң жарамлы кийизлерин жулып алды. Шеңгел, жыңғыллар менен қоршалған қоралардан маңырасқан қой-ешкилерди сыртқа айдап шықты. Аўылдың барлық адамларын қумның басына топлады.

— Геўдесинде жаны бар адам болса сүйреп шығарың!—деп ат шапқан Көклен үлкен ақ отаўдың алдына тоқтап, оның нағыслы ақ кийизли есигин мылтықтың ушы менен жоқары түрди.

— Ким бар?

Жуўап болмады. Көклен тағы бақырды.

— Егер адам бар болып хабарласпаса...

Бир нәрсе тысырлағандай болды. Аққуба келиншек есиктен бас көрсетти.

— Жақсы жигит, өзимиз бармыз.

Келиншектиң даўысында тоңды ериткендей нәзиклик бар еди.

— Ериңиз қайда?

— Ол киси көбирек дүзде қонады.

Бул сөз Көкленге мирәттей сезилди ҳәм оның көзлеринде жуўҳалық нышанлары жылт етти.

— Онда суўыған төсегиңизди жылытсақ қалай көресиз?

Келиншектиң қара көзлери жайнады.

— Ийесине қыянет болмайма?

Көклен бала сөзден жеңилсе де, өзиниң ийнсапсызлық қара нийетинен шегинбеди.

— Ким билер дейсең? Өзиңиз ериңизден сүйинши сорамассыз?

Көклен аттан түсти. Келиншек ағаш есикти иштен жапты.

— Жақсы жигит, үйге кирмеңиз!

— Аттан түскен адам сиздей жананның қасына бармай тура алама?

— Үйиме күш пенен кирсең я өлтиремен, я өлемен.

Көклен аспанға қаратып мылтық атты. Жақын жерде жүрген еки нөкер шаўып келди.

— Сизлер адамларды аўылдан арман айдап шығың! Мен көп кешикпей бараман.

Еки атлы тапырақлап шаўып кеткенде Көклен бала ишки есикти аяқ пенен қатты теўип жиберди

— Ҳаў—деди төрде турған ҳаялды таныған Көклен—Маягүл бул жақта не қылып жүрсең? Сени Булдымсазда деп еситип едим...

Маягүл жуўҳаланып түрли муқамға дөнди. Көкленниң алдында таўыстай таўланды.

— Ол жақтан кеше келдим. Шаммы Порсыға кетип еди, кешикти. Қуры қарап отырғаннан әкемниң үйине барып қайтайын деп келдим.

— Сиздей гөззалдың дәрғаҳында болыў бизге үлкен бахыт.

Қыз жылўаларын еле таслай қоймаған Маягүл есикти илдирип ағырып:

— Сизге мәзи айбарақ урыпатырман. Айналадағы көрер көзге, еситер қулаққа сөйтпесем болама?—деп жымыйды. Сулыўдың керилген қаслары, ойнақшыған көзлери Көкленди төрдеги төсекке шақырды. Өңир моншақлары менен ҳәйкел, еки қулағындағы сырғалар бир-бирине қақлығысып жаңғур жуңғыр сес берип, Маягүл өз ықтиярын тағы бир саяқтың қолына берди.

— Маягүл, — деди маңлай терин сүртипатырған Көклен.

— Не дейсиз, бегим?

— Әке-шешең аўылда жоқ па еди?

— Түнде Қара-қапы жақтағы бир ағайин өлип соның намазына кетти.

— Үкелериң, ағаларың жоқ па?

— Мен ата-анадан жалғызбан.

— Онда сеннен бир тилегим бар. Тисиңнен шығармайсаң. Биз бул аўылда бир де тири жан қалдырмай-

мыз. Бәрин қырамыз. Сөйтип жаласын большойларға аўдарамыз. Сен большойлардың адамларды атқанын өз көзим менен көрдим дейсең. Ҳәтте, Шаммығада усылай деп айтқайсаң.

— Сиз айтқандай ислеймиз, бегим.

— Олай болса усы үйге аўылды большойлар шапты, мен қашып қутылдым деп хат жаз, ҳәм өзиң бул жерден тез кет!

— Болады.

Көклен бала үйден пәтленип шықты да белдеўде байлаўлы турған атына ырғып минди.

* * *

Терең Қудықтағы ўақыяның хабары сол күни түстиң алдында Қошмамедке жеткерилди. Аўыздан аўызға көшкен хабарда „аўылдың барлық адамын қырып таслапты. Үйлерди өртеп, орынларын тегислеп кетипти" деген жан түршигерлик сөзлер көп еди. Тек бул ўайраншылық кимниң иси дегенге жуўап табылмады.

Қуяш тас төбеге көтерилгенде Қошмамед өз қосшылары менен Тереңқудыққа келип жетти.

## 2

Көп күннен берли түнерип турған аспан бүгин жарық етип әтирапты шуғлаға бөледи. Қуяшқа талпынған ағашлар жасыл шақаларын жайып сәўир самалы менен тербелди. Үлкениң шадлығың өз намаларына қосып сайраған қуслар әлҳаўада шарықлады.

Әне, усындай кейипли саатлардың биринде Қошмамед он атлы жолдасы менен Ақтерек жағысынан Нөкиске қарап өтти. Азналы үлкен кемеде киятырған Қошмамед азғана ўақыт болса да Әмиў дәрьяның айдыны үстинде қанат қаққан шағалалардың шарық урыўына машқ етип қарап турды. Оның жүрегине қыялдай болса да өмир ләззети үңилгендей.

Усындай кеўилли өмир ырғағында ол қасындағы Араз ақсақалға шөп бастырыўлы жатқан бир сырын ашып айтты.

— Мен большойларға сенбеслик етпеймен, исенгим келеди. Әгтең, өзлеримиздиң ертеңимизди ойланаман. Қолымыздағы бийликтиң жүўени кәмбағалларға өтип кетеме деймен?

— Бул сөзиңниң жаны бар—деди Араз ақсақал ҳәм Қошмамедтин жүзиндеги ренжиўдиң жуқа излерин оқыды. Сен, сәрдар, мениң сөзиме қулақ салсаң екилениўди қой. Шораларға жәрдемлес. Сонда ғана биз дурыс жолымызды табамыз.

Қошмамед бурынғыдан да ашылысып сөйледи.

— Сонша мал-мүлик, ата-бабадан изи үзилмей киятырған дәўлет туўылғалы пүтин көйлек киймегенлерге буйырама?

— Көйлеги жыртықлар да өзлеримиздей адам.

— Оған даўым жоқ. Сонда жарлылар бизлерди есигинде телмиртеме? Я ага тегимде төреликтен басқа нәрсени көрмеген мен тоң қопарып, қазыў қазыманба? Арба айдап кәмбағаллардан жарма сорап ишеменбе?

— Ҳешким ҳәким болмайды, ҳешким биреўдиң есигинде жүрмейди. Мен дурыс түсинсем, большойбеклер ҳәммеге тең, адамларға әдил заман орнатпақшы. Сен қолыңнан келген қалыс хызметиңди халыққа көрсетесең, ҳадал нан жейтуғын боласаң.

— Бул сөзди ҳәзирше жыллы бастырып қоя турайық.

Араз ашым-айырық сөйлеген Қошмамедтиң жүзине үмит пенен қарады. Толқындай туўлаған ойлардың үстинен аўыр қозғалып алға жүзип киятырған кемениң ҳәрекети менен Қошмамедтиң кем-кемнен дурыс жолға шығып киятырғанында уқсаслық бар еди.

Кеме жағаға жетти.

Жағаға шыққан он атлы егленбестен Нөкис қорғанына қарап жол алды. Шаң шаңға уласып, жол өнген сайын жолаўшылар атларының жүрисин тежеңкиреп қойды. Саманбай тоғайының соңғы торәңғыллары артта қалып, кең жазық дала басланғанда атлылар отын жүкленген бир арбалы ғаррыға гезлести. Сәлемлесип, хабар сорамақшы болған Қошмамед ғаррының бетине үңилди.

— Сиз түркмен емессиз бе?

— Түркменмен.

— Бул жақта не қылып жүрсиз?

— Жүргеним жоқ, ал бала-шағам менен көшип келдим.

Қошмамед не дерин билмей түйилип қалды. Екиниң биринде сөзге қыстырыла кететуғын Әўезмурат:

— Сәрдарымыз сизден жат жерде неғып қаңғып жүрсен деп сорап атыр.

— Әмиў дәрьяның оң жағы түркмен баласына жат болса сизлер не жеп жүрсиз?

Тумсығы тасқа тийип кейин қайтқан бекиредей Әўезмурат гүм болды. Араз ақсақал атының дизгинин тартып арбалы ғаррыға:

— Ақсақал, бир жөнсиз ушын бәримизге өкпелеме. Бизлер де өзиңиздей бала-шағаның ғамын ойлап киятырғанлармыз. Нөкисте Шайдаков деген бар екен, соған жолығайық деп Гөнеден киятырмыз.

Арбалы ғарры ат үстинде турған сары сынлы, бүўрыл сақаллы қош ҳүрей егеде адамға сын көз бенен қарап турды да, Шайдаковтың қайда екенин хабарлағысы келди.

— Излеген адамыңыз ҳәзир тас қорғанда емес, бизиң аўылда егин ектирип атыр. Мен сол кисиниң қағазы бойынша егин егип атырғанларға Нөкистен туқым алып киятырман.

Мына сөзди еситип Араз ақсақал жолдасларына қолын көтерди:

— Ҳа—а тоқтаңлар! Щайдаков мына жақта усайды.

Араз еситкен жаңалығын жолдасларына қысқаша сөйлеп берди.

— Жумыс ислеп атырған жерине барсақ келисермекен?—деди Қошмамед.

— Неге келиспесин—деди арбалы ғарры—Ол киси өзимиздей пухара. Қай жерде болса да жумыс жөнинде сөйлесе бериўге болады.

Қошмамед сонда да иркиле берди. Аўылда сөйлесиўдиң қолайы болармекен деп ойланды.

— Бизиң аўылға жүриң, мениң меҳманым болыңлар?—деди арбалы ғарры жолаўшылардың сәл иркилип турғанын аңғарып.

Жаңа ғана кеўлине тийип алған ғаррысының ақ көкирек ҳадаллығына түсинген Қошмамед жолдасларына атлардың басын кейин бурың деп тәртип берди.

* * *

Қапелимде, Саманбайда бир ғалаўыт пайда болды. Хангелдиниң үйине қарыў-жарақлы баспашылар басып келипти, сорлының балашағасын алып кетеди миш,

көнбесе өлтирип кетеди миш деген суўық хабар үйден-үйге таралды.

Кең ҳәм узын бөз көйлегиниң еки жеңи салбыраған Бағдагүл мына сөзлерди қулағы шалыўдан Нурбийкениң үйине асықты Еки үй арасындағы салманың паяпылынан асығып өтемен деп бир геўишиң суўға басып та алды.

— Нурбийке, ҳә Нурбийке—деди ол есиктен кирер-кирместен—Сен аўылда не болыпатырғанын билмейсен бе?

— Қайдан билейин, көзим ләкетлеў, үйден бир өзим шығалмайтуғын болдым.

— Өйбей, тал түсте Хангелдини көп баспашы үйине айдап келипти. Бәриниң мылтықлары күнге шағылысады.

— Аўылдың еркеклери қайда?

— Олардың бәри тоғайда. Баспашылардың келгенинен хабарсыз. Аўа, Хангелди пақырдың бала шағасын да үйинен шығармай атырса керек.

— Олай болса, сен Бағдагүл, аўылдың бала-шағасын, қатын-қалашын үйиңе жыйна. Айжан келин қайда?

— Үйинде шығар. Өйбей, отыра бермей қатынларды жыйнайын.

— Бағдагүл, қапының артында темир жаба бар еди. соны маған әперип кетши?

— Темир жаба дейсеңбе? Қапының арты қараңғы екен, көзим көрмейатыр. Ҳә—ә қолыма бир нәрсе тийди, ҳәзир, ҳәзир...

Бағдагүл темир жабаны Нурбийкеге услатты да жуўырып кетти. Әйнеги күнбатарға қараған кишкене өжирениң ишинде Нурбийкениң бир өзи. Темир жабаның узын тислерин есик алдындағы жерге шаншып-шаншып алды. Аяқ соқпағын зорға көрсе де жүреги шерли ана қаҳәрге минди.

— Журт жасырса да, мен Айпаражанның баспашылар қолында өлгенин билемен. Жүрегимниң еки жарасының бири питсе де, екиншиси еле жаныма ҳазар береди. Мен Айпарам ушын баспашылардан өш аламан. Түбинде баспашы болса бәри бир, бәри адам қанын ишкен залым. Усы келген баспашылардың бир екеўин темир жаба менен шаншып өлтирмесем, мен әрманлы кетемен.

Есик сол ашылған күйинде аңқайып қалды. Темир

жабаны алдына услаған Нурбийке сүринип, адасып-адасып қармаланып Хангелдиниң үйине қарап журди, Гә соқпақтан журди, гә путаға соқты, кийимин шеңгел илди. Суўлы салманы кешип өтти. Қаҳәр тулпарына минген Нурбийке барлық тосқынлықты жеңип Хангелдиниң үйине жетти.

Бул саатта үй әтирапында жан жоқ еди. Нурбийке темир жабаны жерге шаншып қойып, еки жеңин қарына шекем түрди. Түү—үп деп алақанына түпирди де темиржабаны қолына алды. Тислерин алға услап қараүйдиң есигин ашыўға қолайласты.

— Нурбийке—деди сол ўақытта Таўшанның үйинен елек әкелатырған Хангелдиниң ҳаялы Бийбижан.

— Аўа, Темир жабаң не?

Нурбийке сыр бермеди.

— Көзим жөнли көрмеген соң қолыма илингенин алып шығып едим. Үйиңде кимлер бар?

Бийбижан Нурбийкениң сораўын ешейин күнделикли пақыр-пухарашылық деп билди.

— Ким болсын, өзлеримиз. Дәрьяның аржағынан келгенлер бар.

Нурбийке Бийбижанның қолынан услады.

— Маған сол дәрьяның аржағынан келгенлер керек. Соларға жолықтыр?

Ойында ҳеш нәрсе жоқ Бийбижан Нурбийкеге есик ашты.

— Кириңиз

Үйдеги қонақлар жас үлкен кемпир менен көриспекши болып орынларынан қозғалғаны, олардың үстинде темир жабаның тислери жарық етти.

— Қайсысыңды алды менен шаншайын!

Кемпирдиң қолындағы өткир тисли темир жабаның шаншылайын деп турғанын көрген қонақлар шоршып кетти. Гейпаралар орынларынан түрыўға мәжбур болды.

— Ҳаў, бунныз қалай?

Араз ашыўға минген кемпирди жуўасытпақшы болып жыллы шырай берди, оған жақын келди. Нурбийке пәсине қайтпады.

— Басшыңыз ким? Соны көрсет?

Араз шийеленискен аўҳалды жөнлеўдиң жолын изледи

— Биз меҳманбыз...

Нурбийка сөз тыңламады.

— Сизлердиң қандай меҳман екенинизди жақсы билемен. Гез келгениңди түйреп таслайман!

Қайымын тауып мылтықлар илиўли турған керегеге барып үлгерген Әўезмурат өз қуралын қолына алды.

— Ҳей кемпир, ес-ақылың орнында ма? Шатақ салсаң атаман! — деди ол, Нурбийке ҳақыйқат ашыўға мингенликтен оның бул айбарағынан сескенбеди.

— Өлтирсең өлтир! Сенлердиң адам қанын ишип жүргениңиз бүгин бе?

Ашыўдың пәти менен Нурбийке күш көрсетпекши адамды анық көрмей ақ темир жабаны алға силтеди. Күш пенен силтенгенликтен темир жабаның тислери керегениң түйинлерине кирип кетип, ҳа дегенде алынбады. Ал, Әўезмурат буғып қалғанлықтан ғана туўры келген темир жабадан аман қалды.

— Мынаны услаң! Услаң! Ақылдан алжасқан ..

Темир жабасын кейин тартып ала алмайатырған Нурбийке:

— Мени ақылдан алжастырған сизлердей қанқумарлар. Еки қызымды еңиретип елден алып кеттиңлер. Айпарамды жат жерде өлтирдиңлер! Сол қыздын көз жаслары ушын, мендей жүзлеген аналардың басларына түскен қайғы-ҳәсиретлер ушын, пухараның сизлерден көрген сансыз ақырет-азаплары ушын биреўиңди өз қолымнан өлтирсем әрманым жоқ! — деп топылды. Қонақлардың жөн сөзлери Нурбийкеге ҳеш тәсир етпеди. Үй иши астан-кестен. Нурбийкениң ашшы даўысы шаңқ-шаңқ етти.

Дигирманханада ун елеп атырған Бийбижан үйдеги қолайсыз шаўқымды еситип ентигип келди. Шашлары үрпейип кеткен Нурбийкени қапсыра кушақлады.

— Саған не болды, Нурбийке!

— Мен қызымды өлтиргенлерди ...

— Бизлерди баспашы деп түсинипти, — деди меҳманлардың биреўи истиң жағдайын тез баянлап.

— Баспашы емей енди кимсиз? — Ҳә — әй ..

Бийбижан ашыўлы ананы кушағынан жаздырмады.

— Булар өзимиздей адамлар ... Баспашы емес — деп асығыс түсиндире баслады.

Сөздиң мәнисине сәл түсинген Нурбийке Бийбижан менен жақын турған Араз ақсақалдың бетлерине гезекпе-гезек қарады.

— Шын айтың. Сизлер баспашы емессизлер ме?

Араз истиң жаңа аңғарға түскенин сезди де кемпирдиң қасына келди.

— Биз меҳманбыз. Баспашыларға қарсы гүресип жүрген адамлармыз.

Түри-сымбаты келискен егеде адамның мына сөзлеринде үлкен исеним, мәни барын түсинген Нурбийке уялғаннан бетин еки қолы менен басып отыра қойды.

— Билмеген уў ишеди деген, өйбей, уят болды — аў, уят ...

Қонақлар орынларына отырды. Келгели сол бир отырысын бузбаған Қошмамед:

— Зыяны жоқ, барлық нәрсе өз орнында—деди.

Ҳәм қонақларының ҳәм қоңсысы Нурбийкениң кеўлине қараған Бийбижан түсинбей болған аўҳалды айыпқа санамаўды өтинди.

— Нурбийке татыў қоңсымыз. Пақыр баспашылардан көп жәбир көрди. Перзентлери баспашылардың айдаўында кетти. Сол ушын не болғанын билмеген.

Кереге менен көрпе-төсек жыйналған аршаның қуўсына кирип кеткен Әўезмурат усы ўақытта гүңк етти:

— Өлмей қалғанымызға мың шүкир. Тышқан инин мың тилла етти ғой, мына кемпир.

Араз орынсыз гүңк еткен Әўезмуратты:

— Тилиң қышып баратырма?—деп иркип таслады.— Биз бул истиң түсинбесликтен болғанын әўел бастан ақ билип едик.

— Сейис аўылы деп аталған бул елатта усы Нурбийкеден парасатлы, сабырлы жан жоқ. Күйгенликтен не ислегенин өзи де билмей қалған — деп Бийбижан Нурбийкеге қаўендерлик ислей берди.

Уялған, қысынған Нурбийке эсте орнынан турды ҳәм қонақларға қол берип бирме-бир көристи.

Усы ўақытта Язмураттың қорасында қой сойып жүрген Хангелди менен оған жәрдемлесип жүрген Наржан келди.

## 3

Қошмамед пенен Шайдаковтың ушырасыўы Хангелдиниң жайылған дастурханы үстинде жай парахатшылық жағдайда өтти.

Бираз пикир алысыўдан кейин Қошмамед өз кеўлиндегисин бүгип қалмады.

— Шора ҳүкимети биз ушын еле бети ашылмаған китап. Пурсат берсеңиз оқыйық, ойланайық.

Шайдаков мына жууапты қанаатланыў менен тыңлады.

— Дурыс айтасыз. Совет властын дүзип атырған биз—большевиклер де еле көп нәрселерди жол-жөнекей үйренип атырмыз. Гейде айырым мәселелерди бирден шеше алмай қаламыз. Соған қарамастан тек бир нәрсени, — достымыз бенен душпанымызды алжаспай таныймыз.

Мына сөзлер Қошмамедти ойландырды. „Оқ-дәри жөниндеги ўақыяны айтып отыр" деген шамалаў оны тағы да ашығырақ сөйлеўге ийтермеледи.

— Сизден алған оқ-дәримиз жөнинде бир-еки аўыз айтсам—деп Қошмамед Шайдаковқа қарап еди, Шайдаков:

— Әлбетте, айтыў керек, — деп қоллады.

Қошмамед жууып шаймай истин анығына көшти.

— Мени Шаммыкәл, ал Шаммыкәлди Жәнеўд залым алдады. Ол залым мени Шора ҳүкиметине еки жүзли етип көрсетпекши болды.

Усы аз ғана сөзде Қошмамедтиң кеширим сорап турғаны анық еди. Шайдаков бул мәселеге қайтып оралмады.

— Бүннан былай арамызда душпан сығалағандай саңлақ болмасын.

— Ҳә—ә, бәрекелла! — деп Араз ақсақал еки жақтың тил тапқанына тилеклес болды.

Аразға унаған сөз Әўезмуратқа шаншыў болып қадалды.

— Хан Жәнеўд те, большойлар да өз көмешине күл тартады.

Қошмамедтиң жаны шығып кете жазлады.

— Сеннен биреў ақыл сорадыма? — деди ол Әўезмуратқа аларып.—Шайдаков дурысын айтып отыр.

— Қызыл әскерлер пухарамызды қырып кеткен болса не дейсиз?

Әўезмурат шаяндай шағып алды. Шайдаков бундай сораўды ҳеш күтпеген еди.

— Ондай аўҳал болса усы жерде айтылсын?

Адамлар „Айтылсын" деп жабырласты.

— Бизиң Тереңқудықтағы аўылымызды биреўлер шаўып кеткен. Мине, қолымызға түскен белгиси.

Қошмамед төс қалтасынан алған қағазды Шайда-

ковқа узатты. Шайдаков арабша жазыўды билмейтуғын еди.

— Ким оқый алады?

Есжан палўан Наўрызбайға:

— Камал жыйналыс болған жердемекен?—деп өзиниң де, Наўрызбайдың да арабша танымайтуғынын аңлатты.

— Сол жерде шығар, шақырып қайтайын?

— Шақырмай ақ қой,—деп Шайдаков Қошмамедке хаттың жөн—жосағын өзиң айтағой дегендей ишарат билдирди.

— Хатта айтылғанға инанар болсақ, Тереңқудықтағы бизиң аўылдың барлық адамын қырып кеткен большойбеглер усайды. Әжели жетпеген биреў солай деп жазыпты.

Бул жала ақ көйлекке жуққан қарамайдай аңсат кетпейтуғын дағ еди. Соны есапқа алған Шайдаков жуўап бериўдиң орнына ҳешким күтпеген бир усынысты ортаға таслады:

— Усы тобымызды бузбастан Үсен ағадан хабар алып қайтсақ қайтеди?

Қошмамед бул усыныстың сырына түсинбесе де қарсылық көрсетпеди.

— Бир муҳым нәрсе болса мейли.

— Аз ғана жүрип қайтқанымыз мақул ғой — деди Араз бул мирәттиң бир нәтийжеси барына исенип.

— Ат керек боларма екен? — деди орнынан тура берип Қошмамед.

— Мына турған жер, — деп Шайдаков қонақларға жол баслады.

* * *

Жас жапырақлары жайылған, шақалы тораңғыл саясында турған Шайдаков ортада сөйлеп турған Үсен ақсақалдын дыққатын бөлгиси келмеди. Қонақларға:

— Аўыл ақсақалы болып сайланды, — деп ол сөйлеп турған адамды қысқаша тәрийпледи.

Қошмамед пенен Араз түсиндик дегендей басларын ийзеди.

Үсен ақсақалдың сөзлери қулаққа сәдде сәдде келди.

— Мени кеңес ақсақаллығына сайлағанларыңа рәхмет. Кел енди, жаңаша турмысқа көшейик. Гөне мешитти көрип турсызлар. Бул мешитте биз өз ана тилимизде оқыўға ҳуқықсыз болдык. Түсиниксиз тилде әлле бир сөзлерди ядлаймыз деп мийимиз ашыды. Мешит—өткен өмирдиң түңлиги жоқ, төри жоқ, қараңғылықтың, наданлықтың қапеси. Бизиң жаңа заманымыздың нышаны не? Аўылласлар, мениңше бизиң жаңа турмысымыз мектептен басланады. Мешиттиң қарсы алдына мектеп салайық. Балаларымызды сол мектепте жаңаша оқытайық. Ҳәзир ҳәмме үйлеринен бел, кетпен, шелек әкелсин! Арбаларда усы жерге келсин. Үлкен демей, киши демей, бәримиз мектеп салыўға катнасамыз. Усы жумысты питкерип егин-тегинимизге қараймыз. Егилген арпа, жоңышқа гегис көгерип атыр. Сөзимниң ақырында аўылдың жас үлкени Хангелдиден аўыл кеңестиң жайының басына мына қызыл жалаўды қадаўды өтинемиз.

Адамлар қол шаппаглаған ўақытта Хангелди зәңги менен жайдың басына өрмеледи. Қолындағы жалаўды кеңсениң манлай алдына қадады. Жалаў желбиреп толқынлай баслағанда оған бар ықласы менен қараған Хангелди қайтадан отыра қалды да жалаўдың бир шетин маңлайына тийдирди.

— Жаңа ақсақалдың туңғыш қадеми қалай? — деп Шайдаков өзиниң қуўанышын жасырмады.

Буннан кейин Шайдаков, Есжан палўан, Үсен ақсақал, Наўрызбай, Хожанияз қонақларға жаўдырасқан егинлерди, жақында егилген ерик, шабдалыларды көрсетти. Жәмлесип исленген дийханшылықтың кең көлемин, жақсы нәтийжесин көрип адамлар ләззет алды.

— Буның барлығы бир жақтан келгенлерге көрсетиў ушын исленип қойылғанба? — деди биле-тура аңқаўланып Әўезмурат. Бағанадан берли усы аўзы гөжедей қайнаған адамды ишинен аҳ сениң деп жүрген Хожанияз:

— Сендейлер ақыллансын деп таярлап қойыппыз— деди.

Араз ақсақал тийисли сөзин еситкен Әўезмуратқа:

— Сениң арғыңда жоқ —деди.

Бундайға арланатуғын Әўезмурат па?

— Жоқ болса, сеннен сорап аламан—деп қыйсыны келмеген сөзди былш еткизди.

Еки жақтың әндамлы жүрис-турысын қайта-қайта бузып киятырған ҳәкиске Есжан қарап иркилип турды да тағы өзин услады.

Адамлардан сәл озып кеткен Шайдаков пенен Қошмамед суў толы салмадан атлап өтти.

—Сөйтип Тереңқудықтағы аўылды ким шапты екен? —деп Шайдаков аяқсыз қалған сөзди қайта баслады.

Қошмамед басын екшеп, шоқ сақалын қысымлады.

— Енди түсиникли. Сизлер жаңа турмысты ен жайдирып атырсызлар. Үлкен өзгерислер менен бәнтсиз. Демек, бизиң адамлардың қанын төккен залым Жәнеўд.

Шайдаков қонақтың жуўабына ырза болды.

Дәптер, қалемин қолтығына қысқан Үмит бир пәттедей ақ сора менен ишке кирди де, әкесине қара үй алдында еки адамның келип турғанын хабарлады.

— Таныйтуғын адамларма?

— Жақ. Қалендермиз дейди.

Үсен ақсақал үй арасында кийетуғын сырмақ шапанын желбегей жамылып сыртқа шығайын деп атырғанда еки адамның басы көринди.

— Ас—са—лаўма әлей—күм!

— Кешиңиз жақты!

Орнынан тез турған Бағдагүл келгенлердиң қолынан алды ҳәм төсек салыўға киристи.

— Мына киси Қарақум Ийшаннан киятырған хожа— деди еки шекеси тырсыйған бети рәпийдадай егеде адам.

— Исмим Караматдин. Түсиме усы Саманбайдағы гөне мешит кире берди. Ата-бабамның әрўағы сол жақтан хабар ал деп тыным бермеди.

— Гөне мешит қулаўға келип тур. Оның қандай дәркарлығы болағойды екен? — деди сөздиң жүйесин ашқысы келген Үсен ақсақал.

Хожа ойламаған жерден „О—оп—пийрим" деп орнынан өрре турды ҳәм тезлик пенен қайтадан жалп етип отырды.

— Кәраматлы мешиттиң қасына келиспеген бир пәлекет салған жоқсызба?—деди жаңағы рәпийда бет.

— Келискен-келиспегениңди билмеймен, мектеп салдық. Мешиттиң пайдаға асқандай бир өжиресин тәртиплеп дүкән ашажақпыз.

— Әне, усы жағың әнтек—деди рәпийда бет ме-

шитке жақын жерге мектеппе сектеппе, ондай бәлехананы салыўға болмайды. Қалаберди, мешиттиң өжиресин дүкәнға берди деген не сумлық? Ҳәй, пәрўардигар, өзиң пана болагөр!

Үндемес хожа төмен қарап отырыўын даўам етти. Үсен ақсақал қонақлардың жүрис-турысын бир түрли көрсе де ҳәзирше ҳеш нәрсе демеди.

— Тамақ таяр болыпты, қол жуўыңыз! —деди.

4

— Дийханбай, не хабар бар?—деди ат үстинен әйнекке еңкейген Үсен ақсақал.

Аўыллық кеңестиң хатшысы болып ислегели Дийханбай өз жумысына ерте келетуғын еди.

— Төрткүлдеги оқыўшылардан сәлем хат келди.

Хатшы ақсақалға еки қолын берип сәлемлести.

— Басқа не?

— Ҳәзирше усы.

— Наўрызбай менен дүкан жөнинде сөйлестиңбе?

— Сөйлестим. Наўрызбай ағаға салсақ, дүканды бүгин ақ ашажақ.

— Сонда Айжан келиннен иркиниш болып турма? Дийханбай еки күнликте ақсақалдың Наўрызбай менен сөйлескенин билетуғын еди.

— Сол жеңгей мешиттиң жайына жақынлама деп Наўрызбай ағаның қолын қаққышлап тур.

Ақсақал ойланып турды ҳәм:

— Ондай болса дүканды Үмитке аштыра ғой. Наўрызбай керек жарағын Нөкистен әкеп берсин.

Бул жумыстың Үмитке тапсырылғанына ишинен күтә қуўанған Дийханбай:

— Жақсы, бәрин орынлайман—деди.

Ақсақал атының басын арқаға қарап созылған базар жолға бурды.

— Мен кеттим.

Күн қызбастан бурын тоғайдағы Үйши аўылына жетпекши болған Үсен ақсақал атына қамшы урды. Жолдың еки қапталында жаңа бой көрсетип киятырған жас қамыслар, ғаўлап өскен соралар ҳәр жапырағы бир қарапулды еске түсиретуғын палатылар артта қалып атыр. Үсен ақсақал да күндегиден көўилли. Жаңа заманның пухараға жарасықлы болғанына, жаңа көзи ашылған өмир булағынан өзиниң қанып-қанып ишке-

нине, елге жан-тәни менен хызмет ислеп жүргенине қуўанышлы.

Қуўаныш үстинде оның қыялы ушқан қуслар менен жарысты. Татлы қыял бир-бирине ушласып жасүлкенниң кеўлине бәҳәр менен жазды айдап әкелди „Шүкир—деди ол ишинен, жаралы жүрегим жазылды. Қызым Үмит, келиним Гүлзар шаңарағыма қайтып келди. Камалжан да төсектен турып халық қатарлы әскерлик хызметке жарады. Енди Камалды Шайдаковтың қарамағына қайтарып жиберемен. Шамасы, денсаўлығының жағдайына байланыслы Дийханбайдың әскерликтен қалғаны қалған шығар. Қасымда болғаны да жақсы. Гүзде Кеңес ҳүкимети өмир сүргенине бир жыл толады. Соңда аўылда үлкен той-жасаймыз. Еримбет пенен Дийханбайды ат қулағында ойнатып бир қумардан шығаман ... "

## *Бесинши бөлим.*

### I

Усылай, ески өмирдиң тынысы тарылыў менен, жаңа өмирдиң талабы алға өрлеўменен 1918-жылдың дәслепки жети айы өтти. Августың ыссы күнлери басланды.

Фильчев узақбазар күни Төрткүлдиң түбиндеги Первоначальное аўылына жол тартқан еди. Соннан берли ол усы аўылға көбирек келип жүр. Мине, бүгин де ол атын Первоначальноедағы итибарлы адамы Федот Шляпинниң қорасына байлады.

— Ўәдели саатқа шамалы кешиксем керек? — деди ол үй ийесинен кеширим сорағандай.

— Зәрре ғана.

Фильчев пенен Шляпин қатарласып жүрип келди де есик алдында иркилди.

— Ҳүрметли қонағыңыз келген шығар?

Шляпин әсте ғана:

— Күтип отыр — деди.

— Онда ишкерилейик.

Ишке кирип келген Фильчевтиң көзи карта ойнап отырған еки адамға түсти.

— Ҳә, келиңиз атаман—деди төрде отырған домалақ жүзли сары сынлы, орта жасар капитан

— Киятырман, ҳүрметли командующий.

Ҳәр сөзди айтқан сайын басын бир ийген Фильчев жасаўлы столға келди. Сәл қозғалса пыснап дем алған Иосиф Пилсудскийдиң қасындағы жумсақ креслоға отырды.

Командующий карталарды стол шетине ысырып үй ийесине қарады. Түсинпаз Шляпин қуп деп басын бир ийди де тез шығып кетти ҳәм аздан кейин стол үстин-

де кептирилген шабақ, дузланған қыяр, шошқа майының кеспелери пайда болды.

— Ишимликтен не әкелсем екен? Старка қалай болар?

— Оннан артық рус арағы барма, әкел! — деди командующий.

— Бир минут.

Жылт етип шығып кеткен Шляпин егленбей қайта келди.

— Шийшени ашыўды маған бериңиз?—деди арақты көрип көзлери жалт-жулт еткен Пилсудский.

Рюмкаларға лық-лық етип арақ қуйылды.

— Ҳүрметли командующийден тост айтыўды сораймыз.

Пилсудскийдиң сөзин қуўатлап Фильчев пенен Шляпин әсте ғана қол шаппатлады

Мм—деди мурнының ушын қасыған командующий—мениң изли-изинен үш тост айтатуғын әдетим бар.

Бундайда басқалардан бурын жуўап беретуғын Пилсудский:

— Айтыңыз—деп ҳәккедей шықылықлады.

Командующийдиң тура баслағанын көрип басқалар да аяқ үстине минди.

— Мениң биринши тостым, урал казакларының денсаўлығына арналады. Урал казаклары тарийхта өзинин айнымас табанлылығы менен, өр көкирек батырлығы менен белгили. Урал казаклары өз әмириниң дәстүрлерин, салтанатын ҳеш патшаның өзгертиўине жол бермеген қаўим. Сол ушын олар Әмиў жағасында да бирдей еркин суңқар болып жасайды деп ойлайман. Әне, сол мәрт урал казаклары ушын!

Ҳәмме ишкен рюмкаларының түбин көрсетип орынларына отырды. Қоллар дузланған қыярларға созылды.

—Рахмет, тостыңызға—деп Фильчев та, Шляпин де өзлериниң урал казаклары екенин тағы бир мәртебе сездирип қойды.

Пилсудский өзиниң майлы сөзи менен командующийге жаққан адам емеспе? Қасындағылар қошемет сөз айтқанда ол қарап қалыўдың есабын таппады.

— Сөзиңиз жүрек төринен шықты.

Мүмкин дегендей командующий ийнин қысып қойды да тағы тостын даўам етти:

— Мениң екинши тостым, Төрткүлдиң ҳәм ақылы,

ҳəм күши болған қаладағы Мəмлекетлик Думаның депутатларына арналады. Ҳəзир бизге Советлерди ҳəлсирете бериў керек болып тур. Олардың революциялық комитетиниң əҳмийетин төменлетиў ушын биз Мəмлекетлик Думаны иске салыўымыз керек. Большевиклердиң ҳəрекетине қайшы келетуғын законларды ойлап табыўымыз зəрүр. Мəмлекетлик Дума толығыменен дерлик өз адамларымыздан ибарат. Биз бул мүмкиншиликти пайдаланыўымыз керек. — Командующий рюмкасын жоқары көтерди.—Мəмлекетлик Дума ушын!

Бул рюмкалар да тик аяқ үстинде турып ишилди. Арақтың ийисине мурнын бир жыйырған командующий рюмкасын арақ шийшеге жақын услады. Отыз градуслы старканың шийшедеги қалдығы рюмкаларға құйылды.

Мениң үшинши тостым, бизиң ең баслы мақсетимизге арналады. Тез арада биз Жəнеўидти Төрткүлге топылдырыўымыз керек. Ол ушын Жəнеўдке қолға илингендей сылтаў таўып бериўимиз зəрүр. Бүгин Ағажан ийшан келип маған жолығады. Порсыда болып өткен улама—ийшанлардың уйғарыўы қалай иске асыпатырғанын хабарлайды. Сол кисиден биз Келтеминардағы түркменлерден кимлер Советлерге берилген, кимлер бизге мойынтаўлық етип жүр, соны анықлаймыз. Советлерге тəрептар адамларды қуртыў ушын биз Келтеминарды шабамыз. Бул жақта Жəнеўдтиң жансызлары бар екен деп шаўқым саламыз. Айналып келгенде Жəнеўдтиң жансызлары жаңағы адамлар болып шығады. Сөйтип биз жат элементлерден қутыламыз ҳəм Жəнеўдтиң Төрткүлге топылыўына дəлил таўып беремиз. Бул факт. Жуўмақлап айтқанда жоқарыда айтылған еки тостағы тилегимиз ҳəм усы ойымыз иске асырылса биз усы быйыл Советлерден Əмиў жағасын тазалаймыз. Усы тилек ушын! Факт.

Төртеўиниң де кулқыны қылқ еткенде, үй ийесиниң столға қойыпатырған рюмкасы жерге түсип кетип пытшыт болды.

— Бул жақсылықтың нышаны — деп Пилсудский ырымшыл урал казакларының ойындағысын таўып айтты ҳəм сөздиң бағытын тез өзгертип командующийдиң кейпин билгиси келди. — Жаңалықты бəлким, атаман Фильчев билмейтуғын шығар, Федот.

Федот арақ куйып отырған үлпетлесиниң көмекейинде не барын сезди.

— Өзиңиз айтағойыңыз

Сөйле десе таңлайы тақылдайтуғын Пилсудский басын бир шулғыды. — Штабс-капитан Коноплев Викентий Николаевич Туркстан республикасының әскерий комиссары Осиповтың буйрығы менен Әмиў дәрья бөлиминдеги барлық әскерий күшлердиң командующийси болып келди. Талабымыз енди оңға басады. Аўа, гәп усылай.

Фильчев та қаты қулақтың бири еди.

— Чарджоўдан келген матросше?—деди ол Шайдаковты еске салып.

Пилсудскийдиң үлкен ала көзлери қысылды.

— Оны үпи—йт—деп жиберемиз деп ысқырып қолын силтеди.

Коноплев өзиниң сөзге араласқанын сезбей қалды.

—Усы жылдың басында мениң Төрткүлдеги казармаларда болғанымнан хабардарсыз. Сол сапары мен казармада қалған солдатларды жәмлеп, роталарды толықтырмақшы едим. Мениң бул ҳәрекетиме большевиклер, бәринен бурын Крошилов, Шайдаков, Байжановлар қарсы шықты. „Сен солдатларды надурыс тәрбиялайсаң деп олар жүрсем аяғыма тусаў, сөйлесем тилиме гүрмеў бола берди.

Аўҳалды Ташкенттеги өзимиздиң басшымыз Осиповке билдирдим. Ол мени қасына шақырып алып Туркстан республикасының әскерий комиссариатында ислетти. Осипов—бизлердиң тирегимиз, үмитимиз. Сол кисиниң басшылығында Ташкентте большевиклерге қарсы жасырын қураллы көтерилис таярланып атыр.

Мениң бул жаққа келиўим өзлериңизге түсиникли. Жасырын түрде большевиклерди жоқ етиўдиң жолларын излеўимиз керек. Осипов меннен усы жылдың ақырына Төрткүлди большевиклерден тазалаўды өтинди. Бул факт . . .

Коноплевтиң сөзи ада болғанша старканың тағы бир шийшесиниң аўызы ашылды.

## 2

Ертенине Төрткүлдиң күнбатарындағы Павел Мануиловқа тийисли тас жайлардың биринде Мәмлекет-

лик Думаның гезексиз мәжилиси шақырылды. Иосиф Пилсудский көз әйнегин қулақларына илдирди де мауытыменен жабылған узын столға келди. Еки қолы менен столға таяныпп турып сөйлеуге киристи:

— Мәмлекетлик Думаның депутатлары!

Биз демократиялық сайлау жолы менен сайланған халықтың уәкиллеримиз. Сайлау срогимиз еле питкен жоқ. Сондай ақ ҳешким сен депутат емессең деп мандатымызды бийкарлаған жоқ. Ҳешкимниң бийкарлауға күши жетпейди. Биз өзимизге жүкленген уазыйпаны атқарыу мақсетинде мәмлекетлик Думаның жумысын буннан былай дауам етемиз. Әне, гәп усылай. Егер, совет органлары бизге тосқынлық етпекши болса, биз өзимиздиң тийисли сөзимизди тартынбай айта аламыз. Биз көпшиликке сүйенген сиясий күш екенимизди дәлиллеймиз. Ҳәзирги күнге тиккелей қатнасы бар мәселелерди шешиуге тийислимиз. Рухсат етсеңиз, мәжилисимиздиң күн тәртибине мыналарды усынажақпыз.

Биринши—Чарджоудан келген Шайдаковтың ротасы дегенге бизиң көзқарасымыз:

Екинши—гейпара шөлкемлердиң еркин жумыс ислеуи ҳаққында:

Депутатлардың пикир айтыуын сораймыз.

Ортаға пахта тазалау заводының ийеси батық мурынлы Павел Мануилов шықты.

— Мен күн тәртибине усынылған еки мәселени де толығы менен қоллайман. Бизиң турмысымыз толқында ауданлаған кемеге усайды. Бүгинимиз бенен ертеңимизди анық билмеймиз. Сүринип, жығылып күн кеширипатырмыз. Күн тәртибиндеги мәселелер усы ауҳалды жақсылауға бирден бир керекли иләж.

Буннан кейингилер де Мануиловтың сөзин тәкирарлады.

— Онда биринши мәселе бойынша мен өз пикирлеримди ортаға салайын.—Пилсудский көз әйнегин бир кийди, бир қолына алды. Еки бет қағазды көзине жақын услап сөзин дауам етти.—Россияның тағдири күнде өзгерип тур. Оренбург, Ақтөбениң гилти атаман Дутовтың қолында. Адмирал Колчактың армиясы Уралдың тийкарғы санаат районларын Советлерден тартып алды. Туркстан алақандай жалғыз атау болып жоқшылықтың, әптадалықтың барлық зардабын басынан кешириуде. Усындай қыйын әскерий жағдайда Төрткүлде қатаң әскерий тәр-

тип болыўы керек. Әне, гәп усында. Тилекке қарсы сол тәртипти көре алмай атырмыз. Буған Чаржоўдан шақырыўсыз келген Шайдаковтың ротасы айыплы. Бул рота өмирде әскерий тәртиптиң не екенин еситип көрмеген рабочийлардан, атап айтқанда поезд жолын тазалаўшы сипсекешлерден, саўатсыз биреўлерден ибарат. Олардың Төрткүлге келиўи бизге зыянлы. Шайдаковтың өзи жөнинде пикир айтатуғын болсақ, ол әйтеўир ағаш устасы. Азғана ўақыт Қара теңиз флотында матрос болса керек. Жақында ол Нөкис гарнизонынан Төрткүлге келди. Мине, сол адам бүгин бизиң ҳүрметли командующиймиз Коноплев пенен ҳәмел жарыстырмақшы. Командующийимиздиң буйрықларын орынламаўға шақырады Өз бетинше казармаларға барып Коноплевтың ротасы менен байланыс жасаўға болмайды деген терис үгит жүргизеди. Гәп усында, бизиңше Әмиў дәрьяның оң жағындағы барлық әскерий күшлердиң бийлиги тек командующий Коноплевтың қолында болыўы тийис. Командующий Коноплевтың барлық буйрығы сөзсиз орынланыўы керек. Басқа ҳешкимди биз командующий деп таныймаймыз ҳәм танығымыз келмейди. Гәп усында.

Жоқарыда айтылғанларға тийкарланып биз Шайдаковтың ротасының Төрткүлден тез шығып кетиўин талап етемиз.

Дума Пилсудскийдиң усынысын мақуллады.

Екинши мәселе бойынша Коноплевқа сөз берилди. Үстинде гия реңлес қалталы шалбары ҳәм гимнастеркасы, басында қара жылтыр териден тигилген кепкасы бар капитан трибунаға қарап жүрди. Аяғындағы қара қурым етиги шый—ық—шый—ық етип, ол бес-алты адым атлады.

— Тек Төрткүлде ғана емес, Россияның барлық қаласында, санаат орайларында барлық сиясий шөлкемлер ашық жумыс ислеп атыр. Бул факт — Коноплев сөзин усылай күтилмеген темадан баслады. Сөзге мәни берип сөйлеўи, даўыс толқыны тыңлаўшыларға бирден тәсир етти.—Демек, сол еркинлик биздеги сиясий партияларға да рухсат етилген. Ҳеш жерде тийкар болмаўына қарамастан Крошилов, Байжановлар, оларға жаңағы Шайдаков қосылды, бизге эс—ер—лер ке—рек ем—ес, бизге мень—ше—виклер ке—рек емес деп өзлеринше заң ойлап табыўда. Неге большевиклерге ҳешқандай тыйым жоқ, ал басқа сиясий партиялар өз ағ-

заларының сиясий пикирлерин жәмийетшилик алдында айтыў ҳуқықына ийе емес? Мәселе мынада: большевиклер өзлеринен басқа партиялардың барлығын сапластырмақшы. Бул факт. Басқа партиялардың сөз еркинлигин, жумыс ислеў еркинлигин бийкарламақшы. Биз бундай сиясий зорлыққа көнбеймиз. Өз партиямыздың еркин жумыс ислеўин тәмийин етемиз. Факт.

Алайық, усы залда қанша партияның ўәкиллери отыр. Олар өз лидерлерин большевиклердиң басшыларынан кем санайма? Ҳәзир ғана алдыңызда шығып сөйлеген Пилсудскийди алайық. Ол конституциялық-демократия партиясының ағзасы. Төрткүлдеги банк усы адамның бийлигинде. Яки социал—революционерлер партиясының басып өткен революциялық жолын көз алдымызға келтирейик. Бул партия Россиядағы үлкен сиясий күштиң бири. Мен солшыл эсерлер партиясының ағзасы болғанымды өзиме мәртебе билемен. Ҳәм социал—революционерлердиң еркин пикир айтыўына, жәмийетшиликте өз салмағына ийе болыўына барлық шәраятларды туўдыраман. Солшыл эсерлерме, меньшевиклерме, маған бәри бирдей. Мен бизиң сиясатымызды қуўатлайтуғын барлық сиясий шөлкемлерге кең жол беремен. Мен түрли гүллер жайнап өскен бағды күсеймен. Сонда бағ шырайлы, кейипли болады. Биз Россияны бағ десек, солшыл эсерлер, меньшевиклер ҳәм басқа сиясий партиялар сол бағдың гүллери. Мейли, барлық гүл жайнай берсин! Мейли, барлық гүл өзинше өсеберсин!

Тыңлаўшылар қол шаппатлап атырғанда Коноплев бурынғыша асықпай жүрип келип өз орнына жайғасты.

— Менде бир сораў бар?—деген даўыс Коноплевтың қулағына сап ете қалды.

— Барлығы түсиникли—деп Пилсудский сораўдың алдын кескеслеп еди, залдың түпкиринен еситилген даўыс тағы қайталанды.

— Сизге түсиникли болған менен маған түсиниксиз.

Пилсудский сөзден утылды.

— Түсиниксиз болса сора.

— Сораймыз—деди төрги есик жақтан берман адымлаған шымыр қара жигит.

Жигиттиң жүрисин жақтырмаған Коноплев Пилсудскийге сыбырлап „бул ким?“ — деп сорады. Пилсуд-

ский— „Нурым деген заводтың жүк тасыўшысы"—деп менсинбеген пишинде қолын бир силтеди.

— Рабочийдың қандай сораўы бар екен?

Коноплевтың сөзлерин Нурымның қулағы шалып қалды.

— Ҳе, сизиңше рабочийдың сораўы болыўы мүмкин емеспе?—деп пәтленген Нурым тап столда отырғанлардың қарсы алдына келип мардыйып турып алды. Павел Мануилов жылмаң етип Нурымның ийнинен услады. Сөйтти де оның қалтасына бир нәрсе салғандай болды.

— Қалтаңа ярым айлығыңды салдым, бар үйиңди қуўант—деди ол ярым даўыс пенен.

Нурым қалтасына қолын салып еди, қолына бир қысым Николай ақшасы илинди. Жигиттиң зығырданы қайнап кетти. Адамгершилик намысына тийген мына кемситиўге шыдамады. Ақшаны Павел Мануиловтың үстине қарап шашып жиберди.

— Мен сизден қайыр сорап келгеним жоқ — деди Нурым ашыўға буўлығып—Мен сиз мырзалардың усы жерде айтылған сөзлериңизди қалдырмай тыңладым. Сизлер рабочий менен дийханлардың властына қарсы сөйлеп атырсыз? Рабочий классты, оның басшысы большевиклер партиясын кемситип атырсыз. Социалистлик революцияға қыянет етпекшисиз! Мырзалар, ойлаңың! Рабочий адамлар менен ойнаў аңсат болмайды.

Нурым басқа сөз зая етпестен қойнындағы шақырыў қағазды Коноплевқа қарай зыңғытты ҳәм есик алдында сәл тоқтап — Ревкомның мәжилиси саат онбирде—деп ескертип шығып кетти.

Дума мәжилисиндегилердиң барлығы қолында қағазы бар Коноплевқа қарады. Соның аўзынан шығатуғын сөзди күтти. Бундайда өзин услай билетуғын капитан қызарған исик мурнын гиржийтти.

— Гүрес ашық болған сайын биз шыйрақланамыз. Мойынларыңыз төмен түспесин!

Мәмлекетлик Дума өз жумысын қыстаўлы тамамлаўға мәжбүр болды.

## 3

Капитан Коноплев Ревкомға неге шақырылғанын билетуғын еди. Сол ушын есиктен кирер-кирместен ол:

— Сонша жумыс күтип турғанда тағы мәжилиспе?—деп нарыйзалық билдирди.

Ревком мәжилисин басқарып отырған Байжанов Коноплевтың ҳәкис сораўына жуўап берместен:

— Сиз билдириў ислейсиз—деп ескертти.

Коноплев Байжановтың усы сабырлы, кең минезин бурыннан билетуғын ҳәм сездирмей ишинен унататуғын еди. Әттең, мениң үлпетлеслерим усындай емес аў деп өкинетуғын еди.

— Не ҳаққында?

Байжанов көз астынан Коноплевқа бир қарады да:

— Күн тәртиби қолыңызға айдың басында берилип қойылған—деди ҳәм Крошиловтың докладының қолжазбасын алып папкаға салды.

— Мен кейинирек—деп Коноплев билдириў ислеўди кешиктириўге урынып көрип еди, Байжанов оған тикленип қарады.

— Бул революциялық комитеттиң мәжлиси, тәртипке үйрениўге ҳәрекет етип көриңиз. Сизге билдириў ислеў ушын үш минут ўақыт бериледи.

Коноплев орнынан турды, папкасынан бир бет қағаз алды.

— Өткен сапарда хабарлағанымдай — деп баслады Коноплев—қаланы дийўал менен қоршаў жумысы созылып кетти. Ғайрат салынса августтың ақырына дийўалдың Шорахан дәрўаза жағы питиўи мүмкин. Қалған жағына материал, адам күши жетиспейди.

Коноплев—билдириўин усылай тез тамамлады. Отырыўға қолайласты

— Не ушын еки күннен берли Шляпинге бөлинип берилген участка да бир де адам жоқ?—деп Байжанов Коноплев атлап өткен нәрсениң бетин ашып таслады.

Коноплев дәлил излеп ойланған менен жартыўлы сөз таба алмады.

— Ол участкадан хабар алыўға ўақтым болмады— деп Коноплев Шляпин жөниндеги ҳақыйқатлықты жасырғысы келди.

Крошилов Коноплевтың из таслап турғанын сезди.

— Шляпинниң сотнясы қайда жиберилди?

Коноплев тәртипти қатаң услайтуғын Байжановтан бир сескенсе, тайғанақлаған адамды қутқармайтуғын сезгир Крошиловтан еки сескенди. Сол ушын усы жерден аман-есен қутылып кетиўди ойлады. Бетoрамал менен маңлайының терлерин сүртип отыра кетти.

— Қан басымым көтерилип баратыр.

Коноплевтың бундай тәсилинен хабарсыз Шайдаков оған бир стакан суўық суў әкелип берди.

— Ишиңиз, пайда етер.

Коноплев суўдан бир уртлап стаканды қасына қойды.

— Маған рухсат етсеңиз үйге барып төсекке жатайын?

Шайдаков орнынан турды.

—Бул киси барда Шляпинниң жүзлиги жөнинде айтажақ сөзим бар еди.

Коноплев еки қолы менен басын услаған ҳалда зып берди.

— Жолдаслар,—деди өз ойын ортақласқысы келген Шайдаков—мен таң алдында Шляпинниң сотнясының арқа күнбатарға қарап атланып баратырғанын көрдим. Атлыларының алдында Шляпинниң өзи. Урланып баратырғандай қаланың шетки көшеси менен атызлыққа шығып арман кетти.

Шайдаковтың хабары ҳәммени ойландырды. Дийўал салыўдағы Шляпинге тийисли участканың неге адамсыз қалғаны анықланды. Крошилов сөз алды:

— Мануиловтың жайында Коноплевлардың жыйналғанын, Мәмлекетлик Думаның мәжилисин маған Нурым айтып келип еди. Дума арқалы жат элементлердиң совет властына қарсы гүрес баслағанын еситтим. Бул мәселени изсиз қалдырмаймыз. Саат кешки жетиге Коноплевты Пилсудскийди шақырып отырман. Шляпинниң сотнясы Коноплевтың тәсиринде. Коноплев ислерин ислеп болғанша өз сырын жасыра билетуғын ҳийлекер. Соны есапқа алып жолдас Шайдаковтың отрядын Шляпинниң сотнясының изинен жибериў керек. Бул жерде қандайда бир сыр бар.

Усыныс қабыл алынды.

## 4

Сол „аўырғаны" сылтаў болып Коноплев шақырыўға келмей қалды. Тек жаздың кешки жаңбырына жаўраған Пилсудский малмандай болып есиктен зорға кирди. Қыстаўлы жумысы шығып пахта заводқа кеткен Крошиловтың орнында Байжанов отыр еди.

— Отырыңыз!

Байжановтың сөзине жақ деп айта алмаған Пилсудский отырғышқа отыра кетти.

— Шақырған екенсиз.

— Шақырып едик — Байжанов рабочий Нурымның айтқанларын есине түсирди. — Сиз Мәмлекетлик Думаның мәжилисин шақырыпсыз, онда Шайдаковтың ротасын Төрткүлге шақырған ҳешким жоқ деп оны Чаржоўға қайтарыўды талап етипсиз. Соны бизге түсиндирсеңиз?

Көрер көзге жуўас сыяқлы болса да Пилсудский тийисли жеринде билдирмей тислеп алатуғын жылан еди.

— Рухсат берсеңиз жуўап берейин — даўысы өлимсиреп еситилди.—Мәмлекетлик Думаның, онын халық сайлаған депутатларының өз ўазыйпасын атқарыўға сиз қарсы емессиз деп ойлайман. Шайдаковтың ротасы жөнинде пикир айтқаным, оны бизиң Төрткүлге кереқсиз дегеним де дурыс. Лийкини бар: Революциялық ситуация бир адамның басшылық етиўин талап еткен усы күнлерде бизге Коноплев командующий болса жетпейме?

Байжанов сөз үстинде Пилсудскийди тутқысы келди.

— Революция жеңисин қорғаў ушын Коноплевтың ротасы менен Шайдаковтың ротасының қайсысы садық хызмет ислер екен?

Байжановтың билегөре сорап турғанын сезген Пилсудский енди басқаша жуўап берсем сыр алдырып қоярман деди де ол Думадағы өз айтқанларын тастыйықлады.

— Коноплевтың отрядына Туркстан республикасының өзи исеним билдирген емеспе?

— Мен сизиң өз пикириңизди қорғай билиўшилигиңизди баҳалайман.

Суўдан қурғақ шығаман деп жүрген Пилсудскийге қашырымлы мына сөз қатты тийди.

— Жоқарыда айтылғанларды сиз мениң пикирим деп түсинбессиз. Бул депутатлардың уйғарыўы—деп Пилсудский өзин шетке ала баслады.

— Сиз доклад жасағансыз. Демек, уйғарыўдың уйытқысын сиз берген болмайсызба?

— Дурыс, мениң де пикирлерим бар. Тийкарғысы көпшиликтики.

Байжанов пенен Пилсудский арасындағы әңгимелесиў жаңа шоқатына жеткенде еки түркмен ҳаялы кирип келди. Биреўиниң баўырына басқан емизиўли ба-

ласы бар. Ҳаўлыққан түрлеринде қан қалмаған ҳаяллларды тынышландырмақшы болып Байжанов оларды отырғышқа мирәт етти. Балалы ҳаял отырғышқа отырды да, екиншиси төрге қарай жүрди. Көзлеринде қорқыныш көлеңкеси.

— Байжанов керек еди.

— Мен боламан.

— Сизбе?—ҳаял өзин услай алмай өкирип жылап жиберди—Ортақ Байжанов Шора Ҳүкиметине мениң не гүнайым болды? — Мына балалы ҳаялдың күйеўин атып өлгирди. Мени ... мени қызыл қанға бояды. Мине, көриңиз?

Ҳаял көйлегиниң жағасын ашып жиберди, қаны еле тыйыла қоймаған жараны көрсетти.

— Мынаның бәри мениң қаным — деп ҳаял канға батқан гөне бөз көйлекти жерге ылақтырды.

Қанлы көйлекти, ырсыйған жараны, аянышлы ҳаялларды көрип Пилсудский орнында тыныш отыра алмады. Төрт рет турып, төрт рет отырды

— Мениң жумысым бар еди, кетеберейин — деп есикке барып қалған Пилсудский Байжановтың қатаңырақ шыққан даўысына иркилди,

— Мыналар сизлердиң жумысыңыз, жуўап бериңиз.

Пилсудскийдиң тили гүрмелди. Адырақ көзлери уясынан шыға жазлаған банк ийеси аяқ үстинде тура алмай теңселип барып дийўалға сүйенди.

Аянышлы ҳалды көрип қыйналған Байжанов қоңсы бөлмеден Нурымды шақырып келип, аўҳалды түсиндирди.

— Саятхан менен Гүлзарды усы жерге шақырып кел.

Нурым шығып кетти.

Шляпинниң атлылары Келтеминарды қоршағанда адамлар шырт уйқыда жатыр еди. Түнги тынышлықтың тынысын бузбай салланып турған талларды жағалап атлылар үлкен жолдың ашасында иркилди.

— Анаў жайларға билдирмей бар—деди Федот Аким Семенчиевты ескертип.

— Сөйтемен.

Тазыдай жылмаңлаған Аким атының басын бурып Шляпинниң шеп қол жағына шықты

Таң жаңа атып киятырғанда жигирмалаған атлыны изине ертип Аким Семенчиев арқаға бурылған жол менен жүрип кетти. Түн жулдызлы болғанлықтан ҳәр

жер ҳәр жердеги жайлар, үйлер қарайып көринип тур. Атлардың дүбирлисин сезсе керек, ийтлер үре баслады.

Семенчиев излеп киятырған дийханның жайы жыңғыл қора менен қоршалған еди. Атлылар ергенек алдында иркилди.

— Иванов — деди Семенчиев қасындағы Фельдшерге.

— Не дейсең?

— Сабан тап!

Фельдшер там басынан салбырап турған сабаннан керегин аламан дегенше Аким жайды бир айналып үлгерди.

— Жайды мен өртеймен, сен қараўылла...

Иванов бир дәстеге шамалас сабанды қушақлап тамның арқа жағына бурылды.

— Ҳәй, есикти илдир;—деп Семенчиев Фельдшерди тағы ескертти.

— Илдиремен.

Жасы еле жигирма беске жетпесе де дүньядағы залымлықтың неше түрин билетуғын Аким жайдың үш жеринен от берди. Қурғақ сабан от пенен алысып, жүўери шиңгириклерине тутасты. Тумлы-тусқа отлы ушқынлар шашырады. Лаўлаған оттың сәўлеси әйнектен ишке түсе баслағанда үй ийеси орнынан шоршып турған еди. Пақыр жалаң аяқ, жалаң бас есикке қарай қарманды. Есиктиң, тәмбисине қолы қайта-қайта тийсе де, оны жолынан алып таслаўға ҳә дегенде ақылы уғраспады.

— Турыңлар! Турыңлар!

Үй ийеси бала-шағасын жулқып-жулқып оятты. Ҳаўлығып орнынан ушып турған ҳаял оттың аспанға атлыққан жалынларын көрип, дәрҳал төсектеги жас баланы баўырына басты.

Шийрин уйқысы бузылған бала шырлап жылады. Ашшы түтин жайдың ишин жайлады.

— Бул не бәле? Бул не сумлық? — деп үй ийеси ҳаялын жетеклеп, кишкене нәрестени баўырына басып есикке қарай умтылды. Тек есиктен шыға бергени мылтық сести гү—үрп етти.

Ўа-ўақ—деп ышқынған үй ийеси көкирегин қолы менен басып жерге жығылды.

Күтилмеген бул бахытсызлықты көрип балалы ҳаял сол орнында қақшыйып қатып қалды.

Аким алға қарай кетти. Фельдшер Иванов жыртық теридей жалбаң-жалбаң етип изинде киятыр.

Аким елерип ат шаўып киятырғанда аўыл ортасынан изли-изинен мылтық атылды. Шуўлаған бала-шағалардың даўыслары, балалардың шырлап жылағанлары гүңиренди. Тағы үш-төрт жерден өрт аспанға шапшыды.

Аўыл адамларын бир жерге ийирген Федот Шляпин аттан түспей арман-берман гезип жүрди. Бир топ ақтеректиң ығында турған пухараға ақыл айтқысы келди.

— Сизлер ата-бабаңыз көрсетип берген жолдан шыға басладыңыз. Қарынлары жармаға жарымай жүргенлер аўылдың уламаларына қыр көрсете баслады.

Фельдшер Иванов шаўып келди. Шляпинниң сөзи аяқсыз қалды.

— Шайдаковтың ротасы киятыр!

Иванов айтып үлгергенше ала қуйынлатып шаўып киятырған атлылар аўыл ортасына қарап бағыт алды. Шляпин Шайдаков жөнинде түрли сөз еситсе де еле оның менен шынтлап жүзлеспеген еди, „Не қылсам екен?“ деген ойдың толқыўында ол шаўып киятырған Шайдаковтың алдынан шықты. Қылышын жоқары көтерди. Шайдаковта қылышын жарқ еттирди. Еки топардың еки командири сүзисетуғын өгиздей бир бирине аларып қарады. Ҳешқайсысы атының басын тартқысы келмеди. Шайдаков пенен Шляпинниң дүгискенин шеп көрмеген Аким Федоттың қасына атын тепсинип барғаны, ашыўлы Федот:

— Жит арман! — деп бақырып жиберди. Суғанақлығы ушын өз сыбағасын алған Аким сүмирейип кейин шегинди.

— Неге пухараға бүлгиншилик салдың?

Шляпинниң қабақлары түксийип кетти,

— Сениң алдыңда жуўап бермеймен.

Шляпин күш көрсетиўин тоқтатпады. Елге салған бүлгиншилигин бүркегиси келди.

— Мениң алдымда жуўап бермесең, мына турған жазықсыз адамлардың алдында жуўап бересең.—Шайдаков әтирапын қоршап үлгерген аўыл адамларын көрсетти.

Қолында тал таяғы бар ақсақаллы бир ғарры Шайдаковтың алдына келди. Қалың қаслары астынан ғарры.

ның көпти көрген көзлери атлыларға тигилди.

— Келтеминарда сексен жылдан берли бар ғаррыман. Өмиримде бүгингидей төгилген қанды, жазықсыз жылаған бала-шағаны көрмеген едим. Сизлерге не болды? Өзлериңде де усындай нәресте, усындай ақшашлы ата-ана бар шығар, шырақларым?

Ғаррының ҳәр бир сөзи нар көтере алмас зил қаратастай еди. Шайдаков айыпкерди әшкаралағысы келип:

— Жуўап бер! — деп Шляпинниң сөйлеўин талап етти.

— Мен берилген буйрықты орынлаўшыман.

— Жазықсыз кәмбағаллардың ошақ басына қан қуйғанда мыңғырламадың. Енди неге тилиңди шайнап турсаң?

Шайдаков Шляпинди бүркиттей бүрип таслады. Атына қамшы урып көпшилик арасынан суўырылып шығып баратырған Шляпинге:

— Тоқта, сени бул қылмысқа ийтермелеген ким? Капитан Коноплев жиберген шығар? Солайма?

Шляпин жуўап берместен атын шаўып ала жөнелди. Сақал муртлары дүт тоғайдай ретсиз өсип кеткен атлы казаклар оның изин қуўсырып Төрткүлге қарай зыңғыды.

Шайдаков айналасындағы жылаған-сықлағанларды жубатты.

— Жолдаслар, енди ҳешқандай душпан сизлерди қорлай алмайды. Өйткени Совет ҳүкимети бар.

Адамлар Шайдаковтың сөзине қатықтай уйыған усы саатта Байжанов, Саятхан, Гүлзар минген поэтон арба қудықтың қасына келип тоқтады.

## 5

Жаралы адамларға медициналық жәрдем көрсетиўге асыққан Саятхан менен Гүлзар аўылдың еки жағына кетти. Гүлзар қолы-аяғы отқа күйген бир қызалаққа дәри жағып, оның үлбиреп исип кеткен жараларын таңды. Үйден үйге асығып-үсигип жүргенде ол биреўдиң қулындай шыңғырғанын еситип қалды.

Шыңғырған даўыс Гүлзарды бир қара үйге баслап келди. Есиктен ҳаплығып кирген ол төрдеги айқасқан еки адамды көрип селт етип турып қалды. Пышақ кө-

лерген ер адам есиктиң ашылғанын сезбеди. „Сени ҳаяллыққа адаман“ деп кийиз үстинде тыпыршып — ағырған қызыл көйлеклиге өз тилегин тәкирарлай берди. Қызыл көйлекли жуўап берместен, арсыздың қолынан жаздырылыўға тырысты. Оңға-солға туўлады. Еркек неде болса өз нийетин орынлаў ушын жоқары көтерген пышағын бирден төмен түсирди. Қызыл көйлеклиниң тамағына таяды. „Соңғы сөзиңди айт“ деп жығылыпатырған нашарға күш көрсетти. Қызыл көйлекли жан пәрманы менен жулқынып даўысының барынша шыңғырды.

— Өлтирди! Өлтирди!

Еркек уятсызлыққа өтиўге урынды. Әне, усы ўақытта басқыншыны бүркиттей бүрген Гүлзар жулқып-жулқып бир қапталға ийтерди. Еркек шаққан ҳәрекет етип қарсыласпақшы еди, қарыўлы еки қол оның мойнын арқаға таўлады.

Қызыл көйлекли онтөрт-онбес шамасындағы жас қыз екен. Еки адам шайдай алысып атырғанда ол үйден жуўырып шықты. Орамалын былғады.

— Жәрдем бериң! Жәрдем бериң!

Ҳәммеден бурын жуўырып келген Саятхан қара үйге кирип барғаны, Гүлзар менен биреўдиң алысып атырғанын көрди. Ойланып турмастан еркек адамның қайысына байланған револьверди жулып алды. Ошақтағы күлде жатқан пышақты есиктеги үйиўли ақбасқа қарап ылақтырды. Енди еркек дүс төменине жатып, еки қолы менен бетин жасырды.

— Уятсыз, арсыз—деп Гүлзар еркектиң еки қолын арқасына қайырды. Өзинен зорға гезлескен Аким Семенчиев ғайратлы ҳаялдың алдында жапырақтай қалтырады.

* * *

Шляпинди асықпай тыңлаған Коноплев қысқа паўзадан кейин телефон трубкасына қол созды.

— Пилсудскийди шақыр.

Телефон трубкасынан жиңишке даўыс еситилди.

— Иосиф, мениң қасыма жет!

Трубканы орнына қойған Коноплев өз орнында тыныш отыра алмады. Аўыр атлап әйнек алдына келди, есик пенен стол арасындағы кеңисликте арман-берман

журди. Жылтырақ қурым етик журген сайын шыйқ-шыйқ етип капитанның уйтқыған, шатасқан ойларына үн қосты.

— Акимди аўылға қалдырып кеткениң ушын барлық кемшилигиңди кеширемен. Ол өз бетинше қалса бир патырат ислейди. Патырат ислесе, биз оннан пайдаланамыз.

Есик тықылдады.

— Пилсудский шығар.

Шляпин кире бер деп айтпақшы болып есикке жақынлағаны аўзы басы қанға боялған Акимге көзи түсти.

— Не болды?

Шляпинниң сораўына жуўап бериўге асықпаған Аким аяғын сүйреп басып отырғышқа келип жайғасты. Бетиндеги қанларды сүртти.

— Аўа, револьвериң қайда?

Коноплев Акимниң жаңалығын тез билгиси келди.

— Мени Шайдаковтың адамлары урды, револьверимди тартып алды.

— Шынба? Я азғана қосымтасы барма?

Аким өтирик сөйлеўден, болған ўақыяны өз пайдасына бурмалап айтыўдан Шляпинге де, Коноплевқа да белгили еди. Командующийдиң сораўына ол болған истиң анығын айтып берди.

— Солай екен, сен иркилместен,Әмиў дәрьяның арғы жағына кет. Мениң жазыўлы турған хатым бар, соны хан Жәнеўдке өз қолыңнан тапсырасаң. Жуўабын бес күн ишинде маған алып келесең.

— Айтқан күниңизге жетеалмасам.

— Жетесең!

Акимниң түлки көзлери жылтырады.

— Орынлаўға рухсат етиңиз?

— Рухсат. Бир нәрсени ескертип қояжақпан: егер сениң ислегенлериң истиң мәпине қарап өзгертилип жиберилсе, неге булай деп сорама. Сен өз адамымызсаң. Ликинине ўақтында түсине берерсең.

— Мен сизиң ықтыярыңдаман.

Аким қуўана-қуўана есикке келгенде оған Пилсудский соқлығып қала жазлады.

— Өзиңде көз барма?

Шляпин ашыўлы Пилсудскийди қолтықлап отырғышқа әкелди.

Ол ишинде түтиндей уйытқыған хабарды үлпетлеслерине жеткериўге асықты

— Бизиң планымызды большевиклер сезип қалса керек, Келтеминарға Шайдаковтың ротасын жиберипти.

Буннан кейинги сөзлер болып өткен ўақыя дөгерегинен алыс кетпеди. Пилсудский Ревкомдағы гезлесиўди, Байжановтың қыстаўлы түрде Келтеминарға кеткенин хабарлады. Үш үлпетлес ойланды, толғанды, өзлери ислеген қылмыстың изин жасырыўдың жолын изледи.

— Федот, сен Аким менен Шайдаковтың өзин гүнəкар деп рапорт жаз. Тəрезиниң еки басын бир-бирине теңлестирип, болған ўақыяның күйесин Аким менен большевиклерге тең бөлип жағамыз.

Пилсудский Коноплевтың бул пикирин тийкарынан мақул көрседе еки аўыз сөз айтқысы келди.

— Аким бүгин дəрьяның аржағына кететуғын болса, оны қашып кетти деп жəриялайық. Қайтып келгеннен кейин ол хат жүзинде кеширим сорасын. Шайдаков жөнинде ойланып көрейик. Төрткүлде оны қоллаўшылар көп. Мениңше Шайдаковтың үстинен Ташкентке шағым жазыў керек. Осиповтың жəрдеми менен оны бул жерден тез шақыртып алыў керек. Сонда биз Думадағы шешимимизди иске асырамыз. Өзимиздиң жолымыздағы үлкен тосқынлықтың бирин алып таслаймыз. Шайдаковтың орнына оның ротасының бир адамын атыў керек.

— Мына планың маған унайды – деди Коноплев — Думаның шешими жөнинде Крошилов та, Байжанов та мениң сөзимди териске шығарды. Шайдаковтың ротасына шаң жуқтырғысы келмейди. Бундай жағдайда бизге Осипов жəрдем береди. Дым болмаса Шайдаковтың үстинен қылмыслы мəселе қозғап Ташкентке шақыртамыз. Биз Төрткүлди большевиклерден тазалаўымыз керек. Шайдаковтың ротасынан биреўди пухараны талады деп айыплап атыў мəселеси мениң өзимнен шешиледи.

Үш үлпетлес бир-бирине қарап жымыйды.

6

Төрткүл—Хийўа ханлығы менен Россия империясы арасындағы 1873-жылғы Шəртнамадан кейин Əмиў

дәрьяның оң жағындағы жерлердиң административ — сиясий орайына айналды ҳәм 1876-жылы қала атағын алды.

Бир жағынан Европа тәсиринде, екинши жағынан әййемги Азия тәртибинде жасаған бул қала тез ести, тез толықты.

Азия тәртибинде салынған жайлардың бәри меншик болып, тийкарынан олар қаланың күнбатар ҳәм арқа тәреплерине орналасқан. Пахта заводының үлкен имарагы, былғары ислеп шығаратуғын заводлар Төрткүлге өз айналасындағы қалалардан гөре басқаша түр беретуғын еди. Қалада жергиликли халықлардан басқа руслар, украинлер, татарлар турар еди. Адамлардың аң-сезимлери де заманагөйлиги менен ажыралатуғын еди. Усыларды есапқа алғанда Төрткүлде Хорезм ҳәм Қарақалпақ жеринде бириншн болып совет байрағының желбиреўи ҳәм оның исенимли өмир сүриўи тосаттан болған нәрсе емес. Төрткүл—Әмиў жағасының сиясий орайы, революциялық ҳәрекеттиң пайтахты еди. Революция душпанларының Төрткүлге қарсы қылыш қайраўының себеби мине усында.

Онсегизинши жылдың ноябринде Төрткүл мийнеткешлери Октябрь социалистлик революциясының бир жылға толыў мерекесин сиясий көтериңкилик, салтанатлы жағдайда белгиледи. Сонда көшеге өз байрағын көтерип шыға алмаған солшыл эсерлер, меньшевиклер кешикпей сиясий майданға шығыўы тийис еди. Алда киятырған Саша жол ортасында иркилди.

— Бул не? — деди Саятхан сап дүзеп жүрип киятырған аламаннан көз алмай.

Саша еситпеген болыўы мүмкин, жуўап бермеди.

— Бул бизиң душпанларымыздың демонстрациясы— деди Нурым Саятханға жағдайды түсиндирип.

Соның арасынша шуўлап әлле нәрселерди бақырып айтып киятырған жыйын көше ортасына топлана баслады.

— Жүриң—деди де Саша жыйынға қарап адымлады.

Ол сол жерге келип жеткенде ортада Пилсудский сөйлеп тур еди.

— Биз тарийхый бурылыстың босағасындамыз. Усы бурылыста адасқан набыт болады, адаспай өз жолы менен киятырған сиясий күш мийнеткешлерди өз байрағы астына жыйнайды. Мен бул жерде усы күшиин

тийкарғы бағдарлаўшы сиясий басшысы болған солшыл эсерлер ҳаққында пикир айтпақшыман. Дурыс, басқа да партиялар бар. Олардың бәринен солшыл эсерлерди сыналған басшы деп мойынлаў талапқа муўапық.

Онша алысқа ҳәлек болмай ақ жақындағы тарийхый ўақыяларды алып қарайық. Үш жүз жыл ҳүким сүрген Романовлар тахтан қулатылды. Россияның тағдирине ийе болғандай сиясий басшы керек болды. Сонда Россия эсерлер партиясының ўәкили Керенскийге өз тағдирин исенген жоқпа? Тарийхый раўажланыўымыз усыны талап етти. Әмиў дәрьяның еки жағасына өзиниң үлкен тәсирин тийгизип турған Төрткүлди алсақ та биз усындай тарийхый шынлықты көремиз. Бизиң командуюшиймиз Коноплев қайсы партияның ағзасы? Коноплевтай басшы турғанда биз басқа ҳешкимди командиримиз я басшымыз деп есапламаймыз, билгимиз де келмейди.

Биз большевиклер жөнинде ашық пикир айтқымыз келеди. Большевиклерди басшымыз деп жүргенлер тийкарынан саўатсызлар яки шала саўатлылар. Биз, большевиклерге жолды босат, мәмлекетти басқарыўға еле сизлер таяр емессиз деўимиз зәрүр. Барлық власть тек бир адамның қолына топланыўы керек. Командующий Коноплевгиң айтқаны айтқан, дегени деген болғанда ғана, биз алдымызда турған тарийхый ўазыйпаларды ис жүзине асыра аламыз.

— Ол қандай тарийхый ўазыйпалар, соны ашып айтыңыз? —деп сорады Саша сөйлеўшиниң сөзин бөлгиси келип:

Пилсудский бажырайып қарады да:

— Фельдшермисең, мельдшермисең, наўқасларды емлейбермейсең—бе? —деп қайтарып таслағысы келди.

Саша тартынбады.

— Емлеўдиң түри көп. Соның бири сиздей революциямызға жала жаўып турғанларды емлеў.

Керек жерде мың түрленетуғын Пилсудский дөгеректеп түрғанларға қарап еки қолын аспанға көтерди:

— Мен надурыс сөйледимбе? Революцияға жала жаптымба? Айтыңлар, жолдаслар!

Қара шоқ сақаллы, шляпаларын басып кийген гилең көз әйнеклилер Сашаға алып топылды. Гейбиреўлери түйилген муш көрсетти.

— Пилсудский дурыс айтып тур.

— Бизиң революциямыз даўам етип атыр.

— Фельдшерди берман, бизиң қолымызға бериң.

Бул көтере шаўқым, надурыс сүренди қоллаўшылық Гүлзардың да жүрегине от таслады. Мақтап турған Коноплевтиң жаўызлығын жақында өз көзи менен көрген ол ортаға шыққанын сезбей қалды.

— Тынышлана аласызларма? — деди ол айналасындағы шуўласқанларға. Жыйын тынышланды. — Мен эпиўайы дийхан қызыман. Теңсизликтен биз шаршаған халықпыз. Бизиң үзилген үмитимизди Совет ҳүкимети жалғады. Қайрылып ушыўдан қалған қанатымызға Совет ҳүкимети пэрўаз берди. Совет ҳүкиметиниң қоллаўы арқалы бизиң көзимиз ашылды, өз аспанымызды, өз журтымызды түўел көретуғын болдық. Сол ушын мен Коноплевтай қолын пухараның қанына былғаған адамды мақтағанға қосылмайман. Коноплев бизиң сүренимиздеги адам емес.

Сөздиң ништери жанына батып баратырған Пилсудский Гүлзарды ирикпекши болып еди, ортаға шыққан келиншек оған итибар бермеди. Сөзин даўам етти.

— Мен Коноплевқа исене алмайман. Совет ҳүкиметин дүзиўге, беккемлеўге жан-тэни менен қатнасып жүрген жолдасларды ол жек көреди ...

— Сулыў келиншек — деди усы ўақта Мария Ивановна деген жүзин майда шилтер менен қоршаған үлкен шляпалы ҳаял.

Гүлзар ҳаял даўысына иркилди.

— Не дейсиз?

— Сиз бенен биз ҳаял емеспизбе? Еркеклердиң исине араласып не қыламыз?

Бул ерке ҳаял бир рет емлеўханаға келип „Мени ҳэтте Коноплев тик аяқ үстинде күтип алады“ деген еди. Гүлзар сол менмен ҳаялдың қылўасын еске түсирди.

— Коноплев ҳаққындағы сөз сизге жақпай қалдыма?

Гүлзардың сораўына ернин шығарып ерсилик көрсеткен Мария толқыған көпшиликтиң арасына кирип жоқ болды.

— Гүлзар, ҳа Гүлзар.

Даўыс еситилген жаққа жалт бурылған келиншек Камалды көрди. Қустай қанатланған Гүлзар күлимлеген жигитке жетиўге асықты.

Коноплев пенен Пилсудский өз топарын рухландырыў ушын, большевиклерди ҳәлсиретиў ушын қыйлы-қыйлы сумлықларды ойлап тапты. Сол демонстрация болып өткен күни кеште Коноплев телефон арқалы Ташкенттеги Осипов пенен байланыс жасады.

Ертеңине Шайдаков пенен Крошилов тоқтаўсыз Ташкентке келип жетсин деген қыстаўлы телеграмма келди. Илаж қанша, басларын шайқай-шайқай Төрткүл большевиклериниң белгили еки басшысы кеме менен дәрьяның өрине қарай жүзди.

Кеме өрлеген сайын олар дәрьяның сол жағасында атларын шаўып жүрген гилең мылтықлы адамларды жийирек ушыратты. Гей жерде онлаған атлы дәрьяның тик жарына минип ояқ-буяққа сер салды. Әсте жылжыған кеме менен қатарласып дәрья жағалады. Аспанға мылтықлар атылды.

Мынадай абыржы күнлери Ташкентке барыўды қалемеген еки большевик дәрья жағасының бул көринисинен қаўипленейин деди. Мылтық асынып ийнбай ат шапқан телпеклилердиң Ханжәнеўд нөкерлери екени, олардың бир сумлық баслаўға урынып жүргени анық. Төрткүлди Коноплевтың бийлигине қалдырып кетиў Крошиловқа да, Шайдаковқа да қылмыстай көринди. Бундайда бул екеўиниң бары-жоғын билдирмейтуғын Байжанов әскерлерге ғалле, көликлерге от-шөп жыйнаў ушын Бийбазар жақта жүр еди. Не керек, узақ ойласыўдан кейин Крошилов Төрткүлге қайтты.

Крошиловтың Төрткүлге қайтыўы Коноплев ушын күтилмеген нәрсе болды. Бул рет Иосиф Пилсудскийдиң үйинде жаңа жазылысып, терлей баслағанда мына хабар оған шаншыўдай суўық тийди.

— Биз тағы бир оқты нышанаға тийгизежақ едик, —деди орнынан сөгинип турған Коноплев. — Егер, бул еки большевик жоқта Ханжәнеўд Төрткүлди алса, барлық айыпты екеўиниң мойнына шөгирер едик. Керек десе, билегөре Ташкентке кеткен деўимизге болатуғын еди. Болмады. Крошилов бизиң планымызды шатастырып жиберди. Мырзалар, не ақыл ересиз? Биз аспанға шапшыйтуғын күшли жалын алдында турмыз. Тез жол таппасақ, большевиклер аман қалады, олардың орнына отта биз өртенемиз.

Пилсудский Коноплевка жәрдемлескендей ақыл изледи. Булай ойланды, олай ойланды, қолына жөнли ҳеш нәрсе илинбеди.

— Тағы Мәмлекетлик Думаны шақырсақ қайтеди? Коноплевқа бул пикир жақпай қалды.

— Мәмлекетлик Дума гилең көтере гәптиң уясы. Маған большевиклерди нықпырт ететуғын күш керек.

— Ол күш бар, — деди Павел Мануилов.

— Акимканың отрядыма?

Коноплевтың көрсетпеси бойынша он адам бөлинип шығарылыў керек еди. Оларды қураллаңдырыў Мануиловқа жүкленди. Гәп усы жасырын шөлкемлестирилген гелле кесерлер жөнинде.

— Аўа. Отрядтың барлық адамына өз қалтамнан тап-таза он берданка сатып алып бердим.

Коноплев тынышланайын деди.

— Акимканың адамларын биз қаўипли кисилерди түнде атыўға пайдаланамыз. Бул бир. Тағы не исленеди?

Фельдшер Иванов орнынан турды.

— Жарадар болған большевиклерди ҳәм оларға тилеклеслерди „ғалетсиз емлеўди" өзим иске асыраман.

— Бул планды күтә сақ болып ислеңиз. Қасында ислейтуғынлардың көпшилиги большевиклердиң адамлары.

— Қуп — деп фельдшер бас ийди.

— Онда былай, — Коноплев қалтасындағы гүмис шынжырлы саатына қарап алды. — бүгин еки жерден Аққамыстан ҳәм Бийбазардың тусынан Жәнеўдтиң атлылары Әмиўдиң оң жағасына өтеди. Биз күткен саат басланды деўге болады. Жолдаслар, биз я бар болып өмир сүремиз, яки... аржағын тилге алғым келмейди. Иосиф ҳәммеге толтырып қуй!

Пилсудский арақты бөлди. Коноплев рюмканың биреўин Пилсудскийдиң алдына ысырды.

Узын қара мақпал көйлегине ҳинжи-маржаннан ҳасыл таслар қадаған Мария Ивановна жүз түрли жылўа менен Коноплевтың қасына келип отырды. Ташкенттен қара басы келген Коноплев усы ерке ҳаялдан тост айтыўды өтинди.

Мария Ивановна орнынан турмады.

— Мениң жалғыз ғана тилегим бар. Ол—сизлердиң жеңисиңиз жақын болсын!

Рюмкалар бир-бирине қағыстырылды. Шаққан қозғалғаны рюмканы ишип үлгергенде, шабанлары рюмканы аўызларына апара бергенде есик қағылды.

— Тағы сениң малайың шығар, — деди Коноплев завод ийеси Мануиловқа Нурымды еслетип.

— Сол рабочийдың большевик боларын билгенимде баяғыда ақ, үстине тай пахта қулатқан болар едим — дегенше болған жоқ Нурым есикти ашты.

— Шақырып атырма? — деди ызалы Коноплев.

— Тап сизди шақырып атыр.

— Кете бер, бараман.

— Ҳәзир мениң менен жүресиз.

Нурымның пысықлығына тыржыйып қалған Пилсудский оған арқасын қаратты. Павел Мануилов керисинше оны майда сөз бенен шағып алыўды гөзледи.

— Нуреке, бираз жыл ислес болып едик. Сиз бүгинлери ҳәмелдар болып кетип, биз өзиң қалдырып кеткен заводта жүрмиз. Ушырасып қалған екенбиз, соның ҳүрметине бир жутым ишип жиберсек, рухсат етермедиңиз?

Алдында мойнын қыйсайтып турған Мануиловқа Нурым қырын қарады.

— Биринщиден мазақ еткениңди қайтып көрмейин. Екиншиден мен буржуйлардың арағын ишпеймен!

— Еситтиңлерме? Мен тәрбиялаған рабочий пүткиллей бийикке өрмелеген. Қайтып жерге түсермен деп ойламайды.

— Болды, — деди Нурым — Сениң менен мылжыңласатуғын ўақыт жоқ.

Коноплевтың кийингенин көрген Нурым есикке қарай қозғалды.

## 8

Коноплев Орталық майданға келгенде қызыл таўар жабылған ағаш минберде қара шөгирмели бир адам алақандай қағазды жоқары көтерип сөйлеп тур еди.

— Бизиң ул-қызымызды қан жылатқан сол Канапыл мине мына қағазды жиберипти. Басымызға сонша қайғы салған ҳәким бизлерди бир жапырақ қағаз бенен жубатпақшы болыпты.

„Келтеминарлы түркменлер—деп жазыпты жаңағы үстимизге әскер атландырған Қанапыл — биз сизлерге

булгиншилик салғанның биреўин ататуғын болдық. Екинши биреўин қатты жазалаған един, өз кемшилигин мойынлағаны ушын оны кеширдик. Буннан былай бир нәрсе болса, бизге хабар етиңиз". Бизлердиң көўлимизди алыў ушын-жиберилген хаттың мазмуны, мине усы.

Адамлар ийтермелеп Коноплевты минбердиң қасына апарды.

— Мине, сол капитан! — деди биреў Коноплевты көрсетип.

— Ҳәй, пәдериңе нәлет! — деп сөйлеп турған киси Коноплевтың түрине қарағысы келмеди. — Биз Шайдаковтың әскерлерине рахмет айтамыз. Әне, Шора әскерлери сондай болсын. Көзимиздиң жасын сүртти. Жайлары өртенген дийханларға есик, әйнек, жайбастыратуғын ағаш берди. Шора ҳүкиметин өз ҳүкиметимиз деп санаймыз. Сол ушын Келтеминар дийханлары жиберген отыз батпан ғаллени, мың баў бедени қабыл етиңиз!

Крошилов ортадағы түркмен дийханының қолынан алды, миннетдарлық билдирди. Сөйтти де Коноплевқа тигилди:

— Сиз бизлерди Ташкентке кетти деп Келтеминар ўақыясына ҳешқандай қатнасы жоқ бир қызыл әскерди атқансыз. Тағы қолыңызды қанға былғағансыз. Мийнеткеш адамларды Совет властына қарсы коймақшы болып Келтеминар аўылын бүлдиргенсиз. Жуўап бериңиз!

— Мен бул жерде ҳешкимге жуўап бермеймен. Екиншилей сизди мен шақырмасам, сиз мени шақырмаңыз. Мен Түркстан республикасының әскерий комиссары Осиповтиң буйрығы менен келген командующийман. Сиз соны есте сақлаңыз!

Коноплевтың мына сөзлери турысы менен зәҳәр еди. Ашық душпан ғана бундай сөздиң басына барыўы мүмкин. Бундайға шыдамайтуғын Крошилов Коноплевқа бармақ шошайтты.

— Сиз усы сөзлериңизден ҳеш нәрсе кейин қайтып алмайсызба?

Коноплев өжетлене түсти.

— Айтылған сөз—атылған оқ.

— Сиз соңынан өкинип жүрмеңиз. Биз сизден қалеген сораўымызға қалегенше жуўап ала аламыз— деп

Крошилов жаңа ҳүжимге өте баслағаны, Аққамыстан Бийбазар жақтан Жәнеўдтиң басқыншылары Әмиў дәрьядан өтти деген суўық хабар келди. Гәп-сөз, даў-жәнжел усылай бастырыўлы қалып, ҳәмме баспашыларға қарсы атланды.

## 9

Урыстың да өзине тән нызамы бар. Ол ҳәлсизди женшип таслайды, ал табанлылық ислей билгенниң өмирин бийкарлай алмайды. Адамзатқа урыстың еки түри белгили. Бири-басқыншылық урыс—ол урыс адамлардың ғарезсизлигине қол суғады, қылмыс арбасына минип жазықсызлардың қанын төгеди. Буның ақыбети басқыншының шерменде болыўы менен тамамланады. Екинши түри—өз шаңарағын, өз топырағын, ел-журтын қорғаў ушын жүргизилетуғын урыс. Бунда массалық түрде қаҳарманлық қанат жаяды. Мәртликтиң тулпары бирдей ертлеўли турады. Бул урысты ел-халық қоллайды. Халық қоллаған ис ертели-кеш мақсеттиң бийик шыңына өрлейди.

Урыстың усы еки түри Төрткүлден жигирма бе шақырым жердеги Аққала жағысында жүзлести. Дәрьяның сол жағасынан үсти-үстине мылтық атылды. Бирден елиўлеген қайық оң жағаға қарай жүзди. Қайықларда—баспашылар. Ояқ-буяғы ярым саатта еки мыңдай баспашы Аққала менен Аққамыс аралығын жайлады. Төрткүлдиң ең күншығар шетиндеги бир тоақтерек астындағы тамлардың есигин шоқайлар тебп баслады. Бул жағыста ярым взводқа шамалас қызыле әскерлер посты бар еди. Сонша баспашыны ириккендей оның шамасы болмады. Шегинип атысыў ушын қызыл әскерлер тасқындай басып киятырған душпан күшин шамалы ириккен болды. Ҳал аўҳалды хабарлаў ушын Төрткүлге шабарман жиберди.

Шабарманның қағазы қыстаўлы болса да оны алған әскерий күшлердиң командующийси Коноплев асықпады. Қағазды еки бүклеп қалтасына салды. Әмиўдәрья бөлими бойынша әскерий жағдай жәрияланса да, командующий өз жумысын қадимгише апара берди. Шаққанласыў дегенди билмеди. Есигине қулып урылған қараңғы тамдай Конополевтың бар билгени ишинде.

Өзгергени сол: ол ҳешкимниң сөзине, пикирине қу-

лақ салмады. Биреў мәслаҳат берсе „исин болмасын, өзим билемен“ деп оны қайтарып таслады. Өз буйрығынан басқа нәрсениң бәрин бийкарлай баслады. Әскерий жағдай дағазалан ғаннан кейинги биринши буйрығы арнизондағы барлық ҳәрекет тек командующийдиң грухсаты менен боладыдан ибарат.

Ал, Төрткүлге топылған душпанның алдыңғы топарлары Шорахан аўылларын аралап жүр. Тийкарғы күш сынасатуғын жерге жақынлап қалды. Огород жер деп аталған майданнан душпан мылтықларының сести командующийдиң кабинетине анық еситилди.

Усындай жуўапкерли саатта Коноплев қаладағылардың барлығы Революция клубына жыйналсын ҳәм барлық әскерий, граждан адамлар қарыў-жарақсыз келсин деген буйрық берди. Нөкис ротасының командири телефон арқалы ревком ағзасы, қаладағы большевиклик партия шөлкем басшысы Крошиловқа хабарласты.

— Қарыўсыз келсин деўи қалай? Урыс басланған бул қаўипли саатларда қарыўсыз жүриў мүмкинбе? — деп сорады Бийбазар жақтан жаңа ғана келген Байжанов.

— Мылтықсыз адым атлаўға болмайды. Қарыўларыңызды шинельдиң астына жасырып барың. Камал Үсен улын Нурымның ықтыярлылар дружинасына жибер. Олар да қуралсыз келип жүрмесин. Мен пулеметчиклер командасында боламан. Коноплевтың жыйналысына кешигип барыўым керек. Лийкинин түсинген шығарсаң?

— Түсиндим.

— Сизлер де онша асықпай бара бериң. Жолдасларға қырағы болыўды ескертиң!

Василий Ефимович қаланың арқа-күншығарындағы казармаға келди. Казарма алдына орнатылған пулемет қасында турған дежурный қызыл әскер Крошиловты иркип, иштен өз командири Кузьма Школинди шақырды.

Қайың бойлы арық командир честь берип Крошилов пенен сәлемлести.

— Сизлер командующийдиң буйрығын орынламайсыз ба?

— Бизге орныңыздан қозғалмаң деген буйрық бар.

— Революция клубына келсин демедиме?

— Оннан хабарсызбыз.

— Орныңыздан қозғалмаң дегенди ким айтты?

— Аким Семенчиев.

— Ол сизлерге де келгишлеп жүрме?

— Бурын хабар алмайтуғын еди. Усы ҳәптенин ишинде бес рет келди.

Крошилов еки қолын айқастырып ийегине тиреди.

— Семенчиев пулеметлер бойынша инструктор, жәрдем берейин деп келип жүрген шығар?

— Мен оның жүрисин унатпайман. Келсе Коноплевты мақтайды, большевиклерди тыңлаў шәрт емес дейди.

Крошиловтың ашық сөйлескиси келип турғанын түсинген Кузьма:

— Валилий Ефимович, дурыс, мен еле большевиклик партияның ағзасы емеспен, солай болса да жантәним менен большевик жолдасларға хызмет ислеймен, — деп шын сөзин айтты.

Крошилов жас командирдиң арқасынан қақты.

— Қадирдан Кузьма, большевиклер сизге толық исенеди. Сол ушын туўра сизге киятырман. Ойласатуғын жумыс бар.

— Онда ишкерилейик.

Крошилов ҳәм Кузьма Школин казармаға кирди.

* * *

Қабақлары жаўатуғын булттай түнерген Коноплев жыйналысты басқаратуғын столда бир өзи отыр. Ҳәтте, ол үлпетлеси Пилсудскийди де қасына шақырмады. Сыртқы әйнеклери арқаға қараған клубтың ишине еки жүзге шамалас адам жайғасты. Орынлық жетпегенлер дийўалларды жағалап аяқ үстинде тур.

Коноплев сары мыс қоңыраўды шыңғырлатты.

— Ҳәмме келип болдыма?

— Келдик.

— Ҳәмме усында.

Тумлы тустан есигилген даўысқа қанаат етпеген командующий келген әскерий бөлимлерди бирме-бир тексергиси келди.

— Биринши рота?

— Келдик.

— Екинши рота?

— Бизлердиң көпшилигимиз урыста. Қалада қалғанларымыз келдик.

— Нөкис ротасы?

— Бар — деп жуўап берди Крошилов

— Байжанов барма? — деп командующий клубтын төрине үңилип қарады.

— Мен.

Байжанов орнынан турды.

— Отыр. Ықтиярлы дружина усындама?

— Усында, — деп үш-төрт даўыс қабатласып жуўап берди.

— Нурым Сапаров, неге орныңыздан турмайсыз?

— Мине, турдым.

Командуюший жақтырмаған пишинде оған қарап турды да қолындағы дизимге үңилди.

— Атлы разведчиклер группасы?

— Усында.

Артиллерия батареясы?

— Келдик.

Буннан кейин командующий залдағы ҳәрбир адамға асықпай қарап шықты.

Байжанов Бийбазарда емеспедиң?

— Бугин келдим.

— Ҳә-ә. —Коноплев, негедур ийнин қысты. — Ревкомнан ким бар? Крошилов Коноплевтың сораўына жуўап қайтарды.

— Мен барман.

Коноплев гүжирейген мойнын жоқары көтерместен:

— Отырыңыз, — деди.

Крошилов оның сөзин тыңламай Коноплев отырған жаққа келе берди. Жақынлап қалған етик сестин еситкен командующий бирден бойын тикледи.

— Неге бул жаққа киятырсыз?

Крошилов жоқарыдағы столдың қасына жеткенше үндемеди.

— Мен Әмиў дәрья бөлиминиң әскерий күшлериниң командующийсыман. — қалтырап сөйлеген Коноплев мушы менен столды урды — бул жаққа шыққандай сен кимсең?

Крошилов орнына жайғасып отырды.

— Маған даўыс көтермеңиз. Мен большевиклер шөлкеминиң ўәкилимен.

Коноплев пәсине қайтпады.

— Ҳәзир әскерий жағдайда барлық власть коман-

дующийдиң қолында. Большевикпе, эсерме, партиялар мениң жумысыма араласпайды.

Крошилов мына сөздиң қаншелли зыянлы, революция исине қыянет екенин түсинип орнынан турды.

— Сиз жолдас Лениnниң партиясын билесиз бе? Мойынлайсыз ба?

Коноплев бул сораўға жуўап берсе утылып қалагуғынын сезди де түнерип бир қапталға бурылды.

— Мен әскерий адамман. Сиясат пенен исим жоқ. Коноплев мойнын созып есик жақтағыларға бақырды. — Ўағырлыны тоқтатың!

Адамлар тынышланды. Командующий мурнының ушын қасыды.

— Душпан босағамызда тур. Шорахан жақта өртенген жайлардың түтинлери аспандағы бултларға ушласты. Жаралылардың қалаға келе баслағанын көрген шығарсыз. Аўҳал сынаптай теңселип турған жағдайда, биз пәлендей партияданбыз, ол төлендей шөлкемниң ўәкили деген тартысты тоқтатасыз. Мен революциялық комитеттиң жумысын тоқтатыўға буйрық беремен. Бул, әлбетте, ўақытша, бирақ зәркар илаж. Урыс ўақтында барлық көрсетпе, барлық буйрық бир жерден берилиўи тийис. Кимде ким мениң буйрығымды орынлаўдан бас тартса, билегөре бузса, оның ким болыўына қарамай қатты жазаланыўы нәзерде тутылады Бул факт.

Мен усы ўақытқа шекем сизлердиң пикириңиз бенен санасып келдим. Гейде, айырым жолдаслардың еркелигин көтерип, шақырғанына бардым. Кейислер де еситтим. Түрли анархиялық ҳәрекетти билсем де, кеширип келдим... Әскерий ўақыт буларды көтермейди. Ҳәр жерден ҳәкимшилик ислеў бизиң жеңилиўимизге алып барады Мен усыларды бүгин ашықтан-ашық айтыўға, ескертиўге, талап етиўге тийислимен. Әскерий штаб пахта тазалаў заводының қорғанына көширилди. Мен барлық ўақытта дерлик саўаш жүрип атырған майданда боламан. Бул факт. Федот Шляпин, Аким Семенчиев ҳәм мениң адьютантым Петр Кириллов мениң буйрықларымды роталарға, командаларға жеткериўшилер.

Мен қаладағы ҳәм Первоначальное елатында жасаўшы казаклардан еки сотня дүздим. Биринши сотняның командири Шляпин, өз жумысын атқарыў менен командующийдиң жәрдемшиси есапланады.

Биз душпанды қалаға жақын жибермеймиз. Усыған байланыслы Нөкис ротасы қала дөгерегинде окоп, траншея, бекинис қазыўды тоқтатады. Ҳәзирден баслап рота алдыңғы линияға барсын. Егер, түрли сылтаў, дәлил излесеңиз, алдыңғы линияға барыўдан бас тартсаңыз—Коноплев револьверин көрсетип—мине, жазаңыз. Бул факт.

Байжанов командующийдиң тенденциялы сөзине дәкки бериўди орынлы көрди.

— Сиз батырлықты бул жерде емес, неге алдыңғы линияда көрсетпейсиз? Қаланың айналасын окоплар менен беккемлеўди сиз қалай тоқтат дейсиз...

Коноплев үсти-үстине қоңыраў шыңғырлатты.

— Буйрығымды бийкарламақшы болғаның ушын сизди үш суткаға қамайман. Семенчиев!

— Мен.

— Айдап кет!

Аким Семенчиев әскерий кепкасын маңлайына түсирип, еки жаўынгерди изиме ер деп басын былғағаны, биреў оның бас кийимин есик бетке ылақтырып жиберди. Тарalмаған сары шашы үрпейип кеткен Аким кепкасын ылақтырған қызыл әскерге умтылды. Бирақ, оның жоқары көтерилген мушы ҳаўада иркилип қалды. Нурымның қарыўлы қолы услап алған жерин жаздырмады. Ол Акимди шыйратылған арқандай таўлап таслады. Өз денесин бийлей алмаған Аким тас төселген еденге былш етти.

— Аким қайда? Берман жибериң! —деп Коноплев ҳәкиреңлеп еди, оған биреў:

— Бул адамың өлгенше мәс, —деп жуўап берди.

Коноплев револьверин тағы жоқары көтерип:

— Большевиклерди жоқ етиў керек! Олар бизиң әскерий тәртибимизди бузады. Арамызға иритки салады...

Крошилов орнынан салмақ пенен турды да Коноплевтың револьверин жерге қағып түсирди.

— Отырыңыз!

Коноплев тыңламады. Қойын қалтасынан қурал изледи.

Қоллары дир-дир етип бир қараған жерин қайта-қайта тинтти.

— Сиз отырыңыз! Мен ҳәзир...

Коноплевтың берген белгиси бойынша адьютант

Петр Қириллов есикке жақын барып ысқырып жиберди.

Клуб алдына шаўып келген атлы казаклардың шаўқымы еситилди. Кирип келген қылышлы казакларды Крошилов өзине шақырды.

— Бермаӣ келиң!

Екинши сотняның командири гә Крошиловка, гә Коноплевқа жалтаңлады. Крошиловтың шақырғанына бармаўға болмады.

— Берман шығыңыз!

Сотня командири тартыныңқырап алға жылжыды.

Адым атлаған сайын командуюшийдиң бетине бир қарады.

— Тартынбаңыз!

Крошиловтың әлпайым жолдаслық сөзи кавалеристтиң жүрегине жыллы тийди. Алға нық қадем таслап ол жоқарыға шықты.

— Мүмкин болса, усы жерде турып сиз жолдасларыңызға еки аўыз сөз айтсаңыз?

Крошиловтың бул өтиниши де оған унады. Ол не сөйлесем екен деп ойланғанда Коноплев оған сүзетуғын өгиздей гүжирейди.

— Сен сөйлеў ушын шақырылмадың! — деп оның пәтин қайтарып таслады. Сотня командири Егоров тынық минезли, анаў-мынаў жерде сөйлемейтуғын егеде казак еди. Коноплевтың мына тәкаппырлығы оның намысына тийди. Егоров командующийдиң суп-сур болып өзгерип кеткен жүзине тикленди:

— Сөйлеймен! — деп қарсыласты.

— Сөйлесең, командующийдиң буйрығын орынлаўдан бас тартқан деп усы жерде атаман.

Ол қорықпады.

— Сөйлеп ғана қоймай, мен сизиң гүдикли ҳәрекетлериңди әшкара етемен, — деди ол ҳәм отырғанларға қарап ойланып алды. — Жолдаслар, мен көзим көрген, жүрегим сезген ҳақыйқатлықты сизлерден жасыра алмай ...

Клубтың төр жағындағы шымылдық астынан мылтық атылды. Оқ сотня командириниң ийнин жалап өгип дийўалға қадалды. Залдағылар өрре турып мылтық атқанды еглеўге умтылды. Саша фельдшер Ивановты шымылдық артынан түйип шығарды.

— Неге аттың? — деди Крошилов ҳәм револьверин ал деп Нурымға ым қақты.

— Командующийге қарсы сөйледи... Шыдамады.

Жығылған орнынан зорға турған Аким қайтадан қутырды.

— Мен болсам тек большевиклерди атар едим!

Сотня командири көмекейине тығылып турған сөзлерди ирке алмады.

— Бизиң казакларды Коноплев большевиклерди қамаў ушын шақыртса керек, клубтағы большевиклерде қурал болмайды. Соларды бүгин жолымыздан ылақтырып таслаймыз деп мына Аким көкирегине урып сөйледи. Биз казаклар, дурыс жасаўды, ҳадал нан жеўди сүйемиз. Ҳешкимге зорлық-зомбылық ислегимиз келмейди. Тағы да большевик жолдасларға қастиянлық исленетуғын болса, қолымыздағы қылышымызды большевиклердиң душпанына көтерейик деп келистик.

Коноплев қолындағы мыс қоңыраў менен столды урды.

— Сен бир мәскунемниң сандырақлағанын айтып бизиң басымызды қатырып гурсаң. Сени шақыртқан мен. Бул факт.

Сотня командири Коноплевтың өзи ылайтқан суўдан аман шығып кеткиси келгенин аңғарып, оның сөзин бөлди.

— Сиз бизлерге барлық қурал-жарағыңызды таслап кел дегенсиз!

— Мен ондай буйрық бергеним жоқ.

Коноплев өзине кир жуқтырғысы келмеди.

— Надурыс айтасыз. Сиз қара көкирексиз.

Коноплевтың ҳийле дузағының ушы көрине баслады. Қоллары қалтыраған командующий күтилмеген жерде жыйналысты жабық деп жәриялап, шымылдық артына жасырынбақшы болды.

— Ол қайда қашып баратыр, — деп бақырды Кузьма Школин. Бул биз келдик, жумсаңыз таярмыз деп Крошиловка берилген белгиси еди. Крошилов оған көрип турман дегендей белги берди де көпшиликти тынышландырды.

— Жолдаслар, — деди ол, — ҳәзир жәнжел етип, даў қуўалайтуғын ўақыт емес. Биз Төрткүлди туншықтырсам деп жағамызға қол салған Жәнеўд бандаларына соққы бериўимиз керек. Душпан Совет байрағы желбиреген қаламызға кире алмайды. Биз большевиклер, бул жуўапкерли саатта сизлерди исендирип айта-

мыз. биз ҳешкандай жаў ала алмайтуғын беккем қорғанбыз. Биз Әмиў жағасында бой көтерген жас Совет ҳүкиметин қаҳарманларша қорғаймыз деп ант етемиз!

— Ант етемиз!

— Ант етемиз!

Қудиретли даўыслар әлҳаўаға көтерилди.

## 10

Революция клубынан жулқынып шыққан командующий сол пәтин жаздырмай поэтонға келип отырды. Төрткүлге келгели оның қасынан ҳеш қалып көрмеген адъютант Петр Крилов жалпақ тақтай үстинде гүржийип отырған поэтон айдаўшыға Шорахан дәрўазаға бағдар алыўға тәртип берди.

Күн қатты суўық. Түп деген түпирик жерге түспейди. Ҳә демей мурнының ушы гешир дей қызарған командующий жуўан мойнын жыллы тон ишине тартты. Енди оның аўыз-мурнынан бууда қлаған пуў сол заматы ақ қыраўға айналып, тон жағасына қыс нағыслларын салды.

Төрткүл менен Шорахан аралығында кәнапат жерди алып жатырған сары қумлар алашаңғыт қушағында. Самал күшейген сайын қум тозаңнан қырман атып былағай базарын салды. Атылған мылтық даўысы кем кем анық еситиле баслады.

— Дәрьяның берги жағына өткен душпанның қанша екенин биле алдыңба?

—Соңғы алынған мағлыўматқа қарағанда бес мың атлы.

— Бес мың, бизге қарағанда еки есе көп.

Сөздиң кейнин туйық қалдырған командующий көп жерге шекем үнсиз отырды.

Атыспа жийилене баслаған мәҳәли поэтон Шыбықлы аўылының тусында киятыр еди. Қалың ағашлар арасынан ҳаўалап өсип кеткен ақтереклердиң бириниң басынан Крошилов жерге түсти. „Ҳаў, бул қашан келип үлгерди?" деп ишинен гүңкилдеген командующий иркилиўге мәжбур болды.

— Не хабар бар?

— Хабар сол, Кузьма Школин бир баспашыны услап алыпты. Оның айтыўынша дәрьядан онбир мың атлы өтипти.

Командующий мурнына түсип кеткен көз әйнегин шошаң еттирип қолына алды.

— Бунын бәри өтирик мағлыўмат. Бундай әҳмийетсиз нәрселерди жыйнағаннан гөре баспашылар менен урысыў керек!

Усы сөзлерди бақырып айтқан командующий Шораханның берги аўзындағы Шапанпурыштың үлкен ҳәўлисине қарап зыңғыды.

Шапанпурыштың ҳәўлисиниң күншығарға қараған әйнеклери „Огород жер" деп атанған кең егислик майдан менен шегараласады. Усы майданның Шораханға жақын шетинде гилең геллекленген тут ағашлары өскен. Келгели сол тәрепке қарап турған командующий тут ағашларға жақынлап қалған Крошиловты көрди.

— Адьютант, Нөкис ротасы тут ағашлар арасындама?

— Тап солай, жолдас командующий.

— Шорахан бизиң қолымыздама?

— Биле алмадым.

— Ҳәзир билип келиңиз. Топлар тут ағашлары арасына қарап бес рет пытыралы снаряд атсын!

Алға адымлай берип адьютант гилт тоқтады. „Ол районда бизиң адамлар бар" демекши еди, командующийдиң патлыйып кеткен көзлери „берилген буйрықты орынла" дегендей еди. Өзинен әскерий дәрежеси үлкен адамға қарсы сөйлеўди билмейтуғын адьютант илажсыз берилген буйрықты орынлаўға кетти...

Урыс толқыны Нөкис ротасын тут ағашлары арасынан арна жағасындағы ашық майданға шегиниўге мәжбүр етти. Жаңа позицияға орналасыўдан Крошилов еки қум арасынан снаряд ата баслаған Агаповтың топшылары қасына келди.

— Неге бизиң үстимизге снаряд атылды? — деди Крошилов снарядты санап есапқа алып атырған келте бойлы сары адамға.

— Василий Ефимович, атылған еки снаряд ушын кеширим сорайман.

Агапов социалистлик революцияға садық хызмет ислеп киятырған адам еди. Оның усы жағына қанық Крошилов бир бөлениң командующий Коноплев тәрепинен болғанын аңғарды.

— Буйрық бердиме?

— Аўа. Сол буйрық бойынша еки снаряд атып ойланып қалдық. Буйрықты жеткериўши адьютант Петр

Кириллов та түсинсе керек, атыўды тоқтатқаныма ол күлимсиреди де арқамнан қақты.

— Әкелинген снаряд таўсылып қалыпты деп хабарлайман деди.

Агаповтың ҳадал сөзине қанаатланған Крошилов келте сары адамды қапсыра қушақлады.

— Шораханды душпанға бермеўдиң тағы бир жолы бар - деди ол Агаповқа.

— Айтыңыз?

— Биз арнаны жағалап қайгадан Шораханның қубласынан ишке киремиз. Сиз тек тут ағашлары жақтан келиўи мүмкин баспашылардан бизди сақлаңыз.

— Түсиникли, Василий Ефимович.

Батып баратырған күнниң алакөлеңкесине араласып Кузьма Школин өз жәрдемшиси Ибат пенен алға еңбеклеп кетти. Тап Шораханның қубла алдынан көшениң бир мүйешин қырып ағатуғын арнаның берги жағасына жетип „максим" ниң аўзын арқаға қаратты.

Шораханның тар көшелеринде қылыш көтерип, мылтық атқан баспашылар кишкене қаланың арқа-күнбатарындағы қойымшылыққа жетип кейин бурылды. Жол жөнекей шаўып киятырып мылтықтан оқлар үзди. Тумлы-тусқан қыйқыў салып Шораханды басларына көтерди. Рус ҳәм жергиликли халықтың балалары аралас оқыйтуғын мектептиң жайына от берди. Ийесиз қалған баққал дүканларының қапылары балталанды.

Ағаш көпир аўзында түн жарпы аўып кеткенше урыс даўам етти. Бизиң еки пулеметчиктиң көпирдиң берги аўзын беккем ийелегенин көрип Крошилов өз жаўынгерлерин ҳүжимге баслады. Ур-ралаған жаўынгерлер жуўырып киятырып оқ атып Шораханның берги шетиндеги бир көшени ийеледи.

Крошиловлардың бул жеңисин еситкен Шапанпурыштың ҳәўлисин қоршаған Есжан палўанның взводы алма бағының бийик дийўалына асылды. Түн ишинде ерсили-қарсылы атылған оқлар арасынан жол таўып алға умтылған жаўынгерлер ҳәўлиниң ишки әйнеклери алдына жәмленди. Баспашылар минип түсип жүрген үлкен зәңгини жерге жығып, тар дәлиздеги өлимсиреп жанған фанс бетке жүрди. Тыным таппай жуўырысып жүрген баспашылардың бир бөлеги тар дәлизде Есжанның жаўынгерлери менен ушырасып, усы жерде бир сааттан аслам атыспа болды. Ақырында Есжан

палўанның жаўынгерлери баспашылардың тоғызын қолға түсирди.

Түнде ағаш көпирдиң тесигине артиллеристлердиң бир тобының дигершеги кирип қалып қойған еди. Сол топ атлыларды жолдан ирикти.

— Кузьма, енди атпасаң болмайды! — деди шыдамы таўсылған Камал.

„Максим“ ди баспашылар әжел арбашасы деп қорқатуғын еди. Кузьма көпирдиң арғы аўзын оқ жаңбыры астына алды. Ат үстине ат, қураш үстине қураш қулады. Камал аяқлары серреңлеген атларды, буққышлап, еңбеклеп кейин қашқан душпанды көрип;

— Рахмет, Кузьма, рахмет! — деп жас пулеметчикке тәселле берди. Көпир үстинде топтың қасында еки аг, онлаған баспашы қалды.

Ызғырған самал тағы күшке минди. Күнбатардан төменлеп көшип киятырған бултлардан жапырақ-жапырақ қар жаўды. Баспашылар қайтып көпир аўзына жақынламады.

## 11

Дәрьяның оң жағына өткели үшинши орынға көшип қонған отаўда бүгинги түнди Жәнеўд уйқысыз өткерди. Әлле қашан көшесин гезип жүремен деген Төрткүлдиң ол еле қарасын да жөнли көре алмады.

Аспанды қаплап алған бултлар да Жәнеўдтиң кеўлиндей түнерип тур. Сәл ғана самал селт етсе бултлар силпилеп қояберетуғындай. Сиркеси суў көтермей турған бул зулым усы бултларға усап зәҳәрин шашыўға себеп таппай тур.

Күнине үш мезгил Жәнеўдтиң алдына келип ҳалжағдайды баянлайтуғын Чаррик мине ҳәзир де есик аўзында зиңкийип тур.

Көзлери теренде шуңирейип жатқан Жәнеўд мыңбасыға тикленип қарады:

— Чаррик, мен сени балам Әшиден кем көрмейтуғын едим—Суўық демин алған ғарры жайпарахат сөйлей баслады—Сен мениң арқа сүйер қорғанымсаң. Ашшы, душшыны көптен бирге татысып киятырмыз. Ү-үп десең үпилдириги шығып кететуғын Төрткүлди алалмағаның қалай?

—Чаррик қарсы сөйлемеўди мақул көрди. Бир рет

қарсы сөз айтаман деп Әшийниң өлимнен тас қалғаны мыңбасының есинен ҳеш шығар емес.

— Сизден аярлық хызметим жоқ екенине, хан аға исенгейсиз.

Жәнеўд көтерилип сөйледи.

— Исенемен, исенемен. Бирақ исенгенимнен не пайда? Сонша күннен берли Шораханнан арман өте алмай бир орында жер тепсиниң турсаң.

— Рухсат болса еки аўыз сөзим бар.

— Кеўлиңде барын тартынбай айта бер.

— Мениң мыңбасы болғаным Көкленбалаға батып жүр.

Жәнеўд ашым айырық сөз айтпастан кейин қарады. Сөйлеўге гезек күтип шыпрпынып турған Хожа Қулы шағып ҳәм қазбалап мыңбасының арыз келтиргиси келди:

— Чаррик дәрьяның арғы жағында шер еди, берги жағына өткели жер болса керек.

Чарриктиң үлкен ала көзлеринен ашыў шашырады.

— Шер болсаң атқа мин!

— Минсек минеғоямыз — деп Хожа-Қулы сөзди батырып жиберди.

— Сонша ўақыттан берли атқа минбеген сен, енди жөниңе тур!

Сөздиң кейни патыратқа айналмасын деп Жәнеўд арашаға түсти.

— Меҳманға қатты сөз айтпас болар, — деп Жәнеўд сеңсең сары тонын дурыслап жамылып, жийде ағашы пытырлап жанып турған ошақ басына жақынлады. —Бүгин Төрткүлди алыў керек. Есиңдеме, Хийўаны сен бес жүз атлы менен алдың. Бүгин сениң он мың қылышың Төрткүлге қарсы қайраўлы.

Чаррик көзи менен көрип, жүреги менен сезгенлерин жасырғысы келмеди. Жәнеўдти ҳәзирше алдаған менен соңында шермende болarман деп қорықты.

— Хан аға, он мың атлының көби тумлы-тусқа тарап кетти. Олардың бир бөлеги Қаратаўдың етегиндеги Қалендерхана, Бийбазарда тағы бир топары Гүлдирсинде олжа жыйнап жүр. Мениң қараўымда 3000 нөкер ғана бар.

Хожа-Қулы:

— Ал, Төрткүлдеше? Мылтық услай билетуғын бир жүз сексен еки солдат бар. Олар да бурынғы патша

армиясында хызмет ислеп ығыры шыққанлар. Олардың большевиклерди жақлайтуғыны, жақламайтуғыны белгисиз. Соны да билип қой, Төрткүлде тек жигирма большевик бар. Ал, солшыл эсерлер жүз адамнан асып кетеди. Қалалық Совдеп ҳәм Мәмләкетлик Дума солшыл эсерлердиң қолында. Төрткүлдеги барлық әскерий күшлердиң командующийси Коноплев бизге тилеклес. Ол большевиклердиң бир тапсырмасын он рет үзилиске түсириўге, Закаспий ҳүкиметиниң бир тапсырмасын он рет орынлаўға таяр. Сени усындай адамлар күтип тур. Қаланың дәрўазаларының гилти сениң ықтыярында.

Сөзге шебер Хожа-Қулыға тийисли жуўап табыў қыйын. Сонда да Чаррик тәўекел етти:

— Сени тыңласам, бизлерди ыссы пәтир менен сарымай күтеди де турады. Айтқанларыңның бәри ҳәкисине шығып атырғанынан хабарың жоқпа?

— Мен бийкар сөйлемейтуғын адамман. —Хожа-Қулы қайнаған самаўырындай бурқ етти. — Сизлерди қурал-жарақ пенен тәмийин етемен деп ўәде бердим, оны орынладым. Англия ҳүкимети сизлерди қуўатлайды дедим, Хан аға айтсын, тийисли исеним, қағазларды әкелип бердим. Сизлер менен бирге бараман, Төрткүлдеги большевиклердиң байрағының қулағанын көремен дедим, мине өзлериң менен усы қақаман суўықта бирге жүрмен.

Мына айтыс шийеленисип кеткенликтен Жәнеўд оларға тәўелле айтыўды қойды. Бир жағынан ол Чарриктиң жеги құрттай мийин тескен тынымсыз офицерге усындай сөзлердиң ҳәзир айтылғанын жек көрмеди. Жәнеўд Төрткүлде большевиклик дүзимниң орнағанын қалемесе де, ҳәзирше өзин беккемлеп алғанды, Хийўаны биротала қысымында сығып-сығып услағанды мақул көрер еди. Сәл жерде Англияның түрткишлеўи сәтсиз болып шықса Хийўа ханлығын қолымда услап туралмайманба деп сезикленди. Иште, күтә тереңде жатқан бул сыр менен Чарриктиң Хожа-Қулыға айтып турғаны тамырлас еди. Жәнеўдтиң усы сырынан хабардар Чарриктиң тартынбай сөйлеп турыўында усы мәни бар еди.

Бәлким, бул гегирдеклесиў еле берин басылмас еди, отаўдың есигине усланған ғалы кейин серпилип кетти. Басына байлаған ақшубереги қанға былшыраған

Әшини Ағажан ийшан ишке сүйеп кирди. Жәнеўдтиң аяғының ушына шекем музлап кетти.

— Әши, Әши қалайсаң, балам?

— Басыма оқ тийди.

Басқа сөз айтпастан ол аўыр геўдесин төсекке таслады.

Әшини жатқарып болғаннан кейин Жәнеўд Ағажан ийшаннан жәрдемге әкелген адамларын сорады. Мыңқсыңқ еткен Ағажан адам жөнин келистире алмағанын мойынлады:

— Рухсат етсеңиз Төрткүлге киретуғын жерлерди билип келейин—Ағажан тәрепинен қорққанлықтан айтыла қойған бул сөз Жәнеўдке мақул түсти.

— Сениң еки түйир адамыңнан гөре усы пайдаң абзал.

Қаўипли жумысқа баратуғынын енди сезген Ағажан ийшан ойланды. Жырлыўдың ҳеш исласын таба алмады.

— Сол жумыс дәркар болса, қайтемиз, барып қайтаман.

Ағажан орнынан шүйелип зорға турды.

— Хабарды кешиктирме!

Жәнеўдтиң соңғы сөзин ол отаў есигинен шыға бергенде еситти.

## 12

Айдың жақтысында Байжанов шөлкемлестирип кеткен арбалар Төрткүлге кирип үлгерди. Үстиндеги мәш, жүўери, тары, сарымай, гөш, Бийбавар, Қалендерхана елатларының жас совет ҳүкиметине жиберген саўғасы еди.

Саўға ўақтында келип жетти. Үш күннен берли қатаң урыс жүргизип атырған Қызыл Армияға, ықтыярлылар дружинасына, сондай ақ онсегиз мыңға жақын қаланы паналаған пухараға азық-аўқат дәркар еди.

Василий Ефимович азық-аўқат мәселесинде үлкен шөлкемлестириўшилик жумыс жүргизген ревком ағзасы Байжановқа рахмет айтты.

— Мухаммеджан Байжанович, Қалендерханадан тағы хабар алдырыўымыз керек. Сол жерге Нөкистен арбалар келиўи күтиледи.

— Оннан хабарым бар. Өзим бараалмасам, адам жиберермен.

Уақыт қыстаўлы болғанлықтан Байжанов сол түни Календерханаға Ниязбекти жиберди. Крошилов қаланың арқасындағы қорғаныў линиясына келип Федот Шляпинниң биринши сотнясы топланған районды аралады.

— Ҳүжимге өткимиз келеди, — деди сотняның командири бир қатар пикир алысқаннан кейин.

Крошилов Шляпинниң атлыларының пияда әскерлер қатарында окопта жатқанын, ал атлардың пахта тазалаў заводының шарбағында қаңтарыўлы турғаның еситип усында келген еди.

— Командующий менен сөйлестиңизбе?

— Ол кисиге сөз айтып болмайды. Жумысың болмасын деп қайтарып таслады.

— Коноплевтың ҳәрекети бизиң ойымызға қайшы келе береди.

Крошилов қалтасынан махорка салынған қалташаны алып Федотқа темеки шегиўге мирәт етти. Анда-санда шегетуғын қысқа сары сақаллы, бетинде жуқа шешек дағы бар сотня командири махоркаға қол созды.

— Егер, бизлерди атлы әскер сыпатында пайдаланбаса, казаклар үйлеримизге тарқасамыз деседи.

Шляпин атлы казаклар арасындағы гүңкилдини Төрткүл большевиклериниң басшысынан жасырмады. Дурыс, ол Коноплевты жоқарыдан келген ҳәм әскерий турмысты жақсы биледи деп айрықша сыйлайтуғын еди. Гейде Коноплевқа артықмаш исенип кетип оның надурыс буйрықларын да орынлады. Келтеминар мәселесинде өкинишли ҳалға түсти.

— Сизге исенилген сотня Фильчевтың сотнясы менен салыстырғанда—Крошилов Шляпинге ҳақыйқатлықты айтқысы келди,—сиздеги жолдаслардың көби жай балықшылар, Фильчевтиң сотнясына кәмбағаллар менен бирге шолан ийелери, балық пенен саўда ислеп отырған кулаклар кирип кеткен. Коноплевтың сондай байларға мылтық бериўи пролетар диктатурасының сиясатына туўра келмейди. Кулаклар сол мылтықларды бизге қарсы жумсаўыда мүмкин. Усыларды есапқа алып, биз Коноплевтың ҳәрекетине, қуралланған кулакларға сын көз бенен қараўымыз керек. Атлы әскерлерди өз орнына пайдаланбай окопта қамап қойыў мәселесине келсек мен Коноплев пенен сөйлесип көремен.

— Василий Ефимович, мен қазақларымды усыған турдыраман.

Крошилов сотня командири менен хошласып қум етегиндеги окопларға бетледи.

Федот Шляпин көп күннен берли Крошилов пенен бир сөйлессем деп жүр еди. Әне, усы әрманы иске асқан сотня командири мине, кир көйлекти өз үстинен шешип ылақтырғандай. Келтеминар ўақыясы жөнинде Крошиловтың усы сапар үндемегени де оған унап қалды. „Мениң айыплы емес екенимди билген екен" деп Шляпин баладай қуўанды, ҳәм „буннан былай Коноплевтиң дузағына илинбеймен" деген шешимге келди.

Ол өз қуўанышын жолдасларына жеткергиси келип еки-үш атлағаны бурқ еткен шаңды көрди.

— Василий Ефимович, көрип турсыз ба? — деп ол ҳәмелениң дыққатын көбейип баратырған шаңға аўдарды.

Крошилов қумлардың панасы менен күнбатарға жуўырды. Баспашылардың елиў-алпыстай атлысы қумлар панасындағы кең тақырды ийелеўге нийетленди. Бул тақырлық биринши ҳәм үшинши роталардың аралығы. Усы саңлақтан өткендей болса, душпан қалаға пүткиллей жақынлайды. Бийик қорғанның түбине жетеди. Төрткүлди қорғаўшылардың линиясы екиге бөлинеди. Жуўырып киятырып усыларды ойлап үлгерген Крошилов үшинши ротаның шетки окопларының бирине жетти.

— Есжан қайда?

Оған Камал онлаған жаўынгерди изине ертип алға еңбеклеп баратырған взвод командирин көрсетти. Жас командирдиң ҳәзирги жағдайға дурыс шешим тапқанын көрген Крошилов өзи де усылай ислеўди мақул тапты. Бес қызыл әскерди еки жүз метрдей алға жиберди. Камал менен тағы еки жигитти қасына алып өзи биринши рота жақтағы қапталға шықты. Атлы баспашылар қанша қылыш сермесе де, мылтық атса да, өжетленип қыйқыў салса да, усы үш бөлек жаўынгердиң тусларында сүринди, жығылды ҳәм иркилди.

Тамағы жыртылғанша бақырған баспашылар ҳәйпәйге қарамай алға умтылды. Киминиң басындағы телпеги ушса да, киминиң астындағы аты жығылса да, артқа мойын бурмады. Көзлери шырадай жанған, гә мылтық атып, гә қылыш сермеген атлылар тек алға умтылды. Кейин шегинбеди. Атылған мылтықлардың үстине дөнип бара берди. Еки орта шаң, түтин астын-

да. Атлардың пәтли дойнақлары қумларды, топырақларды аспанға зыңғытты. Оқтан сескенип киснеген атлар алға шабыўдан тайсалып тумлы-тусқа алып қашты. Атлар атларға соғысты.

Усы ала сапыранның ўақтында Камал мылтық атып атырған Крошиловтың қасына келип, бир нәрсе айтпақшы болғаны, бир баспашы ат үстинен пәки тийген мурттай ушты. Көзлери елерип кеткен қарабайыр бесалты атлады да тоқтады. Крошилов атқан оғының нәтийжесин көрип қасына келген Камалға бурылғаны, жаўынгер жигитти көре алмады. „Бул қалай" дегенше болған жоқ, ол қолына еки қылыш услап қыйқыў салған Камалды жаңағы қарабайыр үстинде көрди. Самалдан тез, жылдырымнан шаққан жигит торы атлы баспашының изин қуўсырып барып қалды. Торы атлы аттың жалынан қушақлап жалаңлаған қылыштан буғып бағып еди, изине түскен жигит ийтелгини илетуғын суңқардай тықсырып келеберди. Баспашы сөйтип кият ырып бирден артына бурылды ҳәм мылтықтан оқ үзди. Гөзлеўге пурсаты болмағанлықтан атылған оқ Камалға тиймеди. Соның арасынша баспашы мылтықтың екинши оғын алға сүрип үлгергени көз алдында қылыш жалт етти. Қылыштың суғынан, әжел қорқынышынан өзин алдырып алған баспашы тас төбеден шүйилип түсти. Ат кейин серпилип ойнақшыды ҳәм төрт туяқтың бири жерде жатқан телпеклиниң аўзын басып кетти. Аўзы даладай қан болған баспашы орнынан тура берип қайта жығылды.

Баспашылардың ҳүжими тағы сәтсизликке ушырады.

## 13

Төрткүлдиң тағдири Әмиўдәрья жағасында жасаўшы ҳәр бир адамның тағдири менен ушласып атырғандай еди. Душпан бул қалаға қара күнлер тилесе, совет пухарасы оның таянышы болғысы келди. Залым Жәнеўдтиң басқыншыларына соққы берип атырған қаҳарман Төрткүлден жәрдемин аямады.

Жигирма жетинши ноябрьде Саманбайдағы Үсен сейистиң аўылы күтә ерте оянды, Таўықлар жаңа шақыра баслағанда он еки арба аўыл кеңестиң кеңсесиниң алдында турды. Биринши арбаға Хангелди аға, екинши

арбаға Наўрызбай отырды. Кейинги еки арбаға Дийханбай менен Садық ийелик етти.

— Жигитлер қозғаламызба? —деди жолдасларының таяр болғанын көрген Хангелди аға.

— Қозғалдық.

— Шү-ў, жаныўар!

Шыйқылдасқан арбалар күншығарға қарап жүрди, жаңа мектептиң тусынан өтип нәрўан торaңғыллар арасына кирди. Язмураттың жыңғыл қорасы көринди. Алда киятырған Хангелди аға сол қораның берги алдында турған төрт кемпирге қайта-қайта қарады. Әўели өзиниң кемпири Бийбижанды, қарындасы Наржанды, таяққа сүйенген Нурбийкени, Бағдагүлди таныды. Кемпирлер ҳәм ҳаяллар Таўшанның үйине жыйналып еки күннен берли тары қуўырып, сөк түйген еди. Арбалардың жақынлап қалғанын көрген ҳаяллар қалташаларды арқалап жол шетине шыға баслады. Ўағырласқан ҳаяллар арасында „болың, болағойың" деген Айжанның қошемеглеўи көбирек еситилиўде.

Алдыңғы өгиз арба қораға жетпей ақ тоқтады. Айдынлы жаўлығының бир шетин тислеген Наржан еки қалташа толы сөкти Хангелдиге узатты.

Нурбийке қарманып жүрип алдыңғы арбаның дигиршигинен услады. Бир нәрсе айтпақшы. Бирақ тамағы бүлкилдеп, басы қалтырады. Даўысы шықпады. Ҳаплығып, буўлығып изли-изинен үш қарын қуўырдақты арбаға салды.

— Хангелди — деди ол ҳәм жеңиниң ушы менен көзиниң жасын сүртти —бир қозымды сойып Төрткүлге жиберип атырман. Мениң аманатымды баспашы залымларды ким көп өлтирсе, соған бер!

Хангелди аға баслаған өгиз арбалар кебирлик майданнан өтип Нөкис гарнизонына баратуғын.жолға шыққаны, Әмиўдәрья жақтан бирден тарса-тарс бола қалды. Арбакешлердиң алдында ыраштай созылып жатқан бийиклик бар еди, сонлықтан атыспа жақын жерден еситилсе де дәрья жақта кимлер бары көринбеди. Әлле қандай күнлерге гезлесемиз деп қус мылтық, олжадан түсирген берданка алып шыққан жолаўшылар арбаларынан түсти, жуўас өгизлерди жол үстинде қалдырып жағаға қарай жүрди. Атыспа күшейип кетти. Ызылдасқан оқлар арбалар үстинен өтип қарабарақлы шорлаққа қарап ушты.

— Баспашылар! — деди дәрья жағасына биринши болып жеткен Дийханбай ҳәм дизерлеп отырып муз үстинде қашып баратырған қара қурашлылардың биреўин гөзледи.

— Бәри бир усы баспашыны атаман — деп гижинди Дийханбай. Мылтық гүрп етти. Баспашының қурашы ушып түсти.

— Ендиги оқларды Төрткүлди қамапатырған баспашыларды атыўға сақлайман — деди Дийханбай.

Әмиўдиң берги жағасына Нөкис гарнизонының бир взводы ҳәм Хожелиден келип жеткен Бозай, Мурат, баслаған рабочийлардың ықтыярлы отряды жыйналды.

— Сизлер жолдан қалмаң —деди Бозай—Төрткүлди қорғаўшы жолдасларға бул жақтағы аўҳалды айтып барыңлар, бизлер Хожели, Нөкис жақты бир де баспашыға бастырмаймыз.

— Биз Хожелидеги пахта тазалайтуғын заводты өз қолымызға алдық. Заводтың бурынғы ийеси Арам Арекелян басын алып қашты. Қайда кеткенин билмеймиз. Бизлерден Төрткүлди қорғапатырған қаҳарманларға сәлем тапсырыңыз! Егер, туўысқан Төрткүлге дәркар болсақ, хабар етсин, биз бәримиз жәрдемге барамыз!

Арбалар күншығарға қарап сап тартып жолға рәўан болды.

* * *

Түлкиниң жийени, қасқырдың күшиги аталған Арам Арекелян сол қашқаннан Қаратаўдың берги түбиндеги Қызылүйге жетип үҳ деген еди. Дәрьяның аржағындағы Хожели, ондағы пахта завод алыслаған сайын алтын дастанған бул байдың көзинен бир-бир ушты, оған қайтып келмейтуғын сағымдай елеследи. Ишине уў қуйылып, жүзине қайғының сары запыраны урды. Отырса берекети болмады, жатса уйықлай алмай дөңбекший берди.

Қызылүйдегилер оны қадимги көп жолаўшының бири деп билди. Үстиндеги жупыны кийимине қарап талап излеп жүрген кәмбағал деп ойлады. Гөне шапанның ишинде ысқырған жылан жатырғанын сезген жан болмады. Тек шәңгил қабақтай узынмойынлы календер „усы гөне шапанда гәп бар“ деп ишинен сумлықтың қатығын уйытып отыр. Пайытын таўып ол шы-

гымкешке шылым отлатты ҳәм шылымның ғурқыраған сестин қайта-қайта тәкирарлап, мурнынан ашшы түтин шығарды. Ашшы түтинди қайтадан ийискеп, өзинше бир рәҳәтке батқандай, көзлери сүзилди, басы былғаңлады. Азғана пәйикке қашып, шылымды қайтадан қорылдатып ишине тартты.

— Бул нәшени шығарғанлардың қулы болайын! — деп ол қолындағы шылымды дизесиниң үстине қойды, Көзлери сүзилип шулғып отырғанда еле түтини өше коймаған шылым оның кеўил гилти болып оңға, солға теңселди. Календер йошқан сайын гөне шапанлының жанына от түсти. Гөне шапанлы бир-еки рет шылымды сорамақшы болып оқланып турды да, қой сырын билмеген биреўдиң отлатқан шылымына жарнақ болмайын деди. Ақыры шыдамады, ебетейсиз былғаңлаған шылымды көргенде өзин ирке алмады. Шылымның отын өширмей оған қалтасынан темеки алып салғанын сезбей қалды. Ийретилген жиңишке түтин қайтадан жоқары көтерилгенде Арам Арекелян шылымның қамыс найына еңкейди. Еки көзин тастай жумып шылымға кенедей жабысты. Изли-изинен ғурқыратып ишине түтинди тарта берди, тарта берди. Мурнының ушынан шып-шып тер шығып, исип кеткен шеке тамырлары өз қалпине келди. Шылымның қумарына бийхуш болған Арекелян өзиниң гезенделик ҳалын умытып, нәше қайығында тербелди. Мумдай жибип, мәлҳамдай ериди. Қолынан шылымның ысырылып түсип баратырғанын аңғармады.

Календер гөне шапанлының тегин адам емеслигин билди. „Кел енди Шаммы ағаға хабарлайын" деп зып берди. Бул белгили жол тосар қарақшы, баў кесер уры Шаммыкәлдиң оң қолы Сапармурат еди.

Жәнеўдтиң нөкерлери Төрткүлге атланғанда Шаммыкәл өз қарақшыларын пухараны талаўға баслап шыққан еди. Ешейинде шаң көрмей шаўқымды күсейтуғын қарақшының жолы болып қалды. Жәнеуд нөкерлери менен қызыл әскерлер дүгискен күнлери Шаммыкәл өзин күтә еркин сезди. Тә—әк дейтуғын ҳешкимниң жоқлығынан пайдаланып қалыўды ойлады. Күн демеди, түн демеди елди бүлдирип, жолаўшыларды тонады. Талайлардың шаңарағына қан қуйды. Сүриўсүриў малды, қоржын-қоржын дүньяны Булдымсазға жөнелтти. Қылышы гелле кесип, шоқайының излеринде

қан уйысты. Сол залым Қызылүйден онша қашық емес тоғай арасындағы бажбанханада Сапармураттың жолына қарап отыр еди.

— Не таптың, бегим?

Шаммыкәл Сапармураттың бир нәтийжели хабарменен келгенин сезди.

— Қызылүйге тез жетейик, сәрдар.

— Бийкарға ҳәлек болмаймызба?

— Жақ, сәрдар. Мен Хожелиде заводы бар байды ушыраттым. Гөне шапан кийип өзин сездирмей отырды. „Ҳәй, сол адам аў деп гүдиклендим. Ойыма оның Қазақбай саллақтың үйинде шылым шеккени түсип кетти. Шылымды отлап, түтинди бурқыратып оның қумарын қозғадым. Шылым десе өзин умытатуғын сол киси болса шыдап отыра алмас дедим. Бәри ойлағанымдай болып шықты.

Шаммыкәл қолындағы узын қамшыны бир былғады.

— Кеттик!

Шылым шеккен ўақытта тырнақтай тирйек таслап жиберген Арам Арекелян Қызылүйди қаўипсиз билди. Онлаған жолаўшының бири болып усы жерде түнеп шыққанды дурыс көрди. Арасын үзбей үш шайнек шай ишти. Былаўға түскен адамдай балқыды. Бууўынлары босасып, териси жайылды. Пууўы бурқыраған кесени қолына услап отырып татлы қыялдың бағына етти ... ың ыял сабағ ... төрт лди ш и е ... ы өз н е ... и еси е ... ило а а ...
... енен ақыл ... ер она а ...
алык ... ен н ...
... де ... да е ...

— Жегиленбе, сен билип иследиң, кийимимди бүлдирдиң!

Сапармурат жоқ жерден шаң шығарғысы келип гөне шапанлының қасына барды.

— Қудай урсын билмедим.

Сапармураттың танаўлары исип кетти.

— Өзиң болса арменинсең, қудайды тилиңе басасаң, усы отырған жериңде нан етейин бе?

Шапанлының қолындағы пышақты көрип Арам сүмирейип орнынан турды

— Сизге не болды? Сизге не болды?

— Ҳәй динсиз, сен неге қудайдың исмин ыласлайсаң? Аллатааланы мазақлайсаң? Тилиңди кесип алайынба?

— Мен де өзиңиздей қуданың қулыман.

Шекпенли пышақты Арамның тамағына тақады.

— Шалып таслайын ба? Қаныңды суўдай ағызайынба?

Арам қатты ҳаўлықты.

— Ағайин, мени қыйнама, мен де өзиңдей ғарыппен. Аўрыў әкемди көрейин деп Төрткүлге баратырман.

— Неге Хожелиден киятырғаныңды айтпадың? Қазақбай Саллақтың үйинде бирге болғанымызды есиңе түсирмедиң?

Арам өзиниң бир бәлеге шатылғанын билди. „Қазақбай Саллақтың үйинде болған болса, Қошмамедтиң адамы“ деп ойлап үлгерди.

— Сиз Қошмамедтиң нөкерисиз бе?

Сапармурат кейин шегинди. Пышақты қақшып ойнады.

— Мен Қошмамедтиң де дузын иштим Желден жүйрик, дүбелейден күшли Шаммы сәрдардың оң қолыман. Енди билдиң бе?

— Бәрекелла! Бәрекелла!

Арам усы сөзди қайталай берди.

– Сен Хожелидеги пахта заводтың ийесисең. Ширинген байсаң! — Сапармурат Арамның гөне шапанын жағадан услап тартып қалды. Шапанның жағасы қақ айрылды.

— Бүгинлери заводтан да, байлықтан да журдай болдым. Бәрин большевиклер алып қойды. Өзимди қуўып жиберди. Мынаў шапанды бир мусырман берди.

Сапармурат шапалақ пенен Арекелянның аўзына берип жиберди.

— Өтирик сөйлейсең заңғар!

Арамның тобарсыған түрик ериnлери қанға боялды.

— Қор болып қаңғып жүргенимде мен ғарипке азап берме! Қудайды ойла!

Арекелянның ашшы даўысынан қорққан шайханадағы жолаўшылар пышықтан қашқан тышқандай қуўысқолтыққа тығылды. Кең бөлмеде тек Арам менен Сапармурат қалды

— Шешин! — деди Самармурат. Пышақтың ушы Арамның көзлерине шаншылыўға сәл қалды.

— Аға, маған тийме! Қудайым...

Зилдей муш Арамның жүнли көкирегин ойып кетейин деди.

Шаммыкәл ҳәм онбеслеген қарыў-жарақлы баспашы кирип келди. Муш жумсаған баспашының жалғыз емеслигин шамалаған Арекелян түлкитай тылтыйған Шаммыкәлди бирден таныды. Жүреги суў — уў етти.

— Ассалаўма әлейкум, Шаммы аға.

Завод ийеси жерге ийилди. Шаммыкәл сақ түлкинин қақпанға илингенин көрип ғоддаслап кетти.

— Бегим, хызметиңе қайылман.

Ашыўлы Сапармурат сол турған жерде өзгерип еки қолын көкирегине алды.

— Сиздей сәрдардан аяйтуғын жаным жоқ.

Шаммыкәлдиң дыққатына сазаўар болмаған Арам өзиниң үмитсиз ҳалына сүйеў таппады. Жалғаңлап қараған менен Шаммы кәлден жақсылық күтип болмайтуғынына түсинди. „Япырмай, алтынымнан айрылатуғын болдым“ деп қайғырды.

— Бул киси менен сөйлестиңбе? — деди Шаммыкәл Сапармуратқа.

— Енди сөйлесемен.

Қарақшылардың тилинде бул тинтип көремен дегени еди. Еки-үш баспашы Арам Арекелянның тумсығына таслап жиберди. Биреўлери арқасынан тепти. Жерге жалп етип жығылған Арамды аяғынан сүйреп Қызыл үйдиң көп бөлмесиниң бирине оңашаға алып кетти.

Шаммыкәл қосшыларына шылым отлатып, ашшы түтинге қаңғанша Арам да таяқтан өз сыбағасын жеди. Қабақлары гүп болып искен завод ийеси қайгадан Шаммыкәлдиң алдына әкелинди.

— Қалай, жуўасыдыңба?

Шаммыкәлдиң алдына кишкене қалташа қойылды.

— Табылғаны усы.

Неге сораўға жуўап бермейсең дегендей Сапармурат қалтырап турған Арамды шынтағы менен түртти.

— Аяқ-қолым муз-кесек болды. Суўық өкпемди бүрип баратыр ..Кийимлеримди бердириңиз? Қулап кетейин деп турман.

— Кийимин бериң!

Арекелянның ийеги дирилдеп тиси тисине қағысты. Зорға дегенде өз қаддине келди

— Алтынның болғаныма?

Арекелянның иши муздай болды.

Шаммыкәл есикке шекем адымлап барды да ғырра артына бурылды

— Хәй, саған жан керекпе, жоқ па?

Арекелян қорқып кетти.

— Шамммы аға, жалғыз жаным ушын себил болып жүрмен.

— Олай болса жанынды алтынға сатып ал.

— Алтынымның бары сол. Болмаса...

Шаммыкәл тағы көзин сығырайтты.

— Бары сол болса жаның қадирсиз екенда. Мен қәдирсиз жанды шыбындай женшип таслайман. — Шаммыкәл тағы есикке қарап жүрди. Арекелянға ойланғандай ўақыт берди. — Жасырған алтының болса есиңе түсир.

Сапармурат Арекелянды аяғы менен түртти.

— Басыңды жулып алса жасырған алтының ийессиз қалады.

Сөйлеўге шамасы келмеген Арекелян гә Шаммықәлге, гә Сапармуратқа жалтаңлады. Орнынан турмақшы болып еди, өзин бийлей алмай жерге қайта отырды. Қалтыраған қоллары дизкийимине жақынлады. Уялыў, тартыныўды умытып жуўан санға байлап қойған бир шүберекти шешип алды.

— Басқа болса буйырмасын.

Бир қысым алтын жүзик, алтын сырғалар Шаммыкәлдиң алдына ысырылды. Ғарры қарақшы шүбереги менен қоса көздиң отын алған жүзик, сырғаларды қойынына тықты.

Арекелян өзиндей мийримсиз Шаммыкәлдин қолынан өлетуғын еди. Оның буннан былайғы жүримине Нөкистен киятырған арбакешлер себепкер болды.

— Сәрдар, болар емес көп арбалы келип қалды — деди Сапармурат тынышсызланған пишинде.

— Кетиўге үлгеремизбе?

— Үлгеремиз.

— Онда ким болса сол болсын, биз атыспаймыз.

Демде Шаммыкәл өз адамларын изине ертип зымзыя болды.

Арадан еки кесе шай ишимдей ўақыт өтип Қызылүйде тығылып жатқанлар терис әйўанлы дәлизге жыйналды. Арқадағы екинши есиктен мылтық асынған Үсен ақсақал, Хангелди аға, Наўрызбай сәлем берип кирип келди.

Бар алтынынан айырылып қара басы далада қалған Арам Арекелян тентиреклеп есикке қарай жүрди. Өзин өзи дурыслы бийлей алмай, оның көзлерине жулдыз жетеў, ай алтаў болып елеследи.

* * *

Пухара жиберген аманатты Төрткүлге жеткериўге асыққан арбалар Шоқай тоғайдың тусында баспашылар менен бир саатқа шамалас атысқан еди. Сол қаңғыған көп баспашының тағы бир топары Қаратаўға көтериле бергенде арбаларға гезлести. Жети-сегиз атлы үсти-үстине мылтық атып, қыйқуўлап келе берди. Алда киятырған Үсен ақсақал Хангелди аға төменге жол жаққа түс деп белги берип үлгерди. Арбалар егленбестен сайға түсти.

Үсен ақсақал атын қамшылап бир бийик шығарлықтан жоқары көтерилди. Шылпықтың ғырра күншығар түбинен таўдың жазық алабына шыққанда:—Үс–е—ен аға! — деп шақырды биреў.

Ақсақал қулақшынын жоқары көтерген адамды көрди. Жаңағы жалғыз атлының қасына тағы үш атлы қосылды. Бир топар мылтықлы пиядалар бой көрсетти. Үсен ақсақал жолаўшыларды таный алмады. Соның арасынша Хангелди басқарған арбалар ойдан мыйдай тегис далаға шықты.

— Мен Язмуратпан, Язмуратпан деп атлы даўысының барынша бақырды ҳәм атының басын арбалар киятырған жаққа бурды.

Усылайынша Қыпшақ бекинисинен хабар алып Төрткүлге киятырған бизиң жаўынгерлер Үсен ақса-

қал баслаған арбалыларға гезлести. Буннан кейинги олардың жолы бираз қәўипсизирек болып. күнбатыўға шамаласқанда таўдан Календерханаға қарай қулады. Бул жерде жигирмалаған арба Ниязбектиң басшылығында Төрткүлге жүриўге таяр тур еди.

Биринши декабрь күни таң алдында усы арбалар баспашылардың қарсылығын жеңип Төрткүлдиң Шаббаз дәрўазасынан қалаға кирди.

## 14

Өлген адам Первоначальноедеги белгили кулак ҳәм Коноплевқа тәбия киси еди. Өз ағасын өзи атып алған Акимди Коноплев, Пилсудский, Мануилов, Иванов ортаға алып жүндей түткиледи. Көзиң жоқ па? Өзиңниң достың менен душпаныңды айыра алмасаң неге иштиң? — деген сыяқлы тергеўли сөзлерди тыңлаған мәскүнем жуўап таппай ернин тислей берди.

— Өлгенди жерлеў керек, — деди Коноплев.

— Кешиктирмей жерлемесек өли бузылатуғын түри бар деп фельдшер Иванов Коноплевты қоллады.

— Викентий Николаевич, менде бир идея бар!

Коноплев гейде Пилсудскийдиң дурыс кеңес таўып беретуғынын билетуғын еди.

— Ол қандай идея?

— Биз бул өлини үлкен иззет-ҳүрмет пенен жерлейик, Ширкеўдиң барлық қоңыраўларын қатты-қатты жаңғыртып қағайық, қайғылы музыка шертип, қаланың орталық көшесинен сап дүзип өтейик. Биз қадирли жолдасымызды қойымшылыққа апаратырғанымызда ширкеў қоңыраўларының ҳаўазы ҳеш тынбаўы керек. Усылай ислесек изимизге көп адам ереди. Болып атырған урыстан адамлардың ой-дыққатын бөлемиз. Қаланың бир қатар басшылары өлини жерлеў менен бәнт болған ўақытта тынбай жаңғырған қоңыраўлар өз адамларымызға берилген ўәдели белги болады. Сонда бизиң бул исимиз надурыс деп есапланбайды. Өзимиздиң граждanлық ҳәм жаўынгерлик миннетимизди атқарып урыста өлген адамға ҳүрмет көрсеткен боламыз. Жәнеўд болса берилген белгиге қарап ҳәрекет етсин.

Аўзы аўзына жуқпайтуғын Пилсудскийдиң усы қызыл тилин Коноплев айрықша баҳалайтуғын еди. Ол кеўлиндегини таўып сөйлеген сайын командующий

қаланың шешенине кулимсиреп қоятуғын еди. Бул сапары да оның тапқырлығына кеўли толды. Күтә кеўилленген ўақытта ғана қалтасынан шығаратуғын төрт мүйешли папирос қутысын қолына алып, жылтыр бас, зоң мурын Пилсудскийге усынды.

— Шегиңиз!

— Қайта-қайта миннетдарман, — деп жиңишке еки бармағының арасына қысып бир папирос алды. Ол дәслеп Коноплевтың, кейнинен өзиниң папиросын тутандырды. Пилсудскийдиң усындай әдетин ишинен жек көретуғын гүппан Мануилов унатпай терис бурылды. Ал, тамақсаў Ивановтың еси-дәрти столдағы дузланған тыран шабақ пенен еле ишилмеген арақта. Есиктиң берги аўзында отырған Аким өз-өзинен әлле кимлерди тынбай сөгип отыр.

— Тағы азғана ишейик!

Усы сөз Коноплевтың аўзынан шығар-шықпастан рюмкаларға арақ қуйып үлгерген Иванов еки рюмканы Коноплев пенен Пилсудскийге усынды.

Аким қайта-қайта араққа қарап телмирип отырғанда командующий рюмканы жоқары көтерген еди;

— Топтай домаланған узын сақаллы түркмен ийшанынан биз Жәнеўдке хабар жибердик. Ширкеў қоңыраўлары қағылған ўақытта Чарриктиң атлылары қаланың күн шығарынан топылады

Пилсудскийдиң мойыны бир қарыстай созылып кетти. Оның бир нәрсе айтажағын сезген Коноплев өз сөзин бөлди.

— Ол жақта Шайдаковтың ротасы бар емеспе?

— Ол ротаны Шорахан дәрўаза жаққа кешириўге буйрық бердим Ротаға Грошиловтың өзин ўақытша командир етип белгиледим Ол усы саўашта я өледи, я мен очы атаман.

— Мен, Викентий Николаевич, алтыннан зият сизин ақыллы басыңыз ушын ишемен!

Екеўи бирден рюмкаларын босатып, мине дым қалдырмай иштим деп арақ ыдысларын төмен қарап төңкерди. Олар қашан ишип болар екен деп бир шетиректе күтип турған Иванов босаған рюмкаларды тез алып орынларына қойды.

— Мен не? — деп бақырып жиберди дыққаттан шетте қалып баратырған Аким, — маған да арақ қуйың!

— Сен мәссең, ишиўге болмайды.

Аким қолын силкип жибергенде оның бармақлары фельдшердиң мурнына тийип кетти. „Өлсе, қум қапсын" деп ишинен сөгинген Иванов оған рюмканы шүмпилдетип арақ қуйып берди. Аким арақты егленбей қағып салып көзлерин тастай жумды.

— Ширкеўге кеттик.

Бөлмеде бир өзи қалып баратырған Аким олардың изин ала сыртқа шықты...

* * *

Пахта завод алдына келип тоқтаған арбалардың азық-аўқатын қабыллаўға қатнасқан Василий Крошиловтың қулағына изли-изинен жаңлаған қоңыраў сести келди. Қаланың төрт тәрепине анық еситилген қоңыраўлар сести әлле қандай қаўетерден дерек бергендей.

— Бул не? — деди Дийханбай қалталарды арбадан түсирип атырып.

— Бул ешейин ширкеў қоңыраўы емес — деп Крошилов шинелиниң илгеклерин илдире баслады. — Мухаммеджан Байжанович жүр, хабар алайық.

Крошилов пенен Байжанов еки көшениң түйискен жериндеги қызыл тас жайдан айнала бергени ентигип асығып киятырған Федот Шляпинге гезлести.

— Сизлерди излеп киятырман.

Бундай ҳаўлығып сөйлемейтуғын Шляпинниң даўысында тынышсызланыў бар еди.

— Ширкеўдиң қоңыраўлары неге тынымсыз қағылып атыр?

Крошиловтың болыпатырған ўақыядан бийхабар екенин билген Шляпин истиң мән-жайын қысқа баянлады.

—Кулактың өлимин салтанатлы түрде белгилейжақ. Командующий Нөкис ротасын қыстаўлы түрде Шорахан дәрўаза жаққа көшириўге буйрық берген. Қаланың күншығардағы қорғаныў линиясы ийесиз қалды дерлик.

Мына хабарды еситип Крошилов, Байжанов гилт тоқтады. Жаўжағадан алып турған бундай саатта шешиўши участкадан жаўынгер ротаны алыў қыянеттиң барып турған басы еди. Түри-түси өзгерип кеткен Крошилов:

— Мухаммеджан Байжанович, Федот Иллерианович, сизлер заводқа барып Нурымды тауып алың, онын ықтиярлылар отрядын күншығардағы линияға тез жет кериң. Мен сол жақта боламан.

## 15

Крошилов күншығардағы линияның ашық қалғанын көрип жоқары қарап үсти-үстине мылтық атты. Окопган окопқа өтти. Қатнасық жоллардан атлады.

= Ҳ—ә—әй бул кәрада тири жан барма? — деп дауыслады ол. Ески қорғанның панасынан Петр Криллов бой көрсетти.

— Ҳе — е сизбе? Нөкис ротасы неге бул жерден көширилди?

— Мен командуюшийдиң адьютантыман. Оның буйрығы бойынша Нөкис ротасын шеп жаққа бир километрдей жерге көширдим.

— Бул жерди кимлер қорғайды?

— Командующийдиң буйрығы бойынша бул участкаға үшинши категориялы жауынгерлер келеди.

Үшинши категориялы жауынгерлер деп гилең ғарры, майып, бала-шағаларды атайтуғын еди.

— Усындай ең қауипли участканы соларға исенемизбе?

— Командующий солай буйырды.

— Баспашылар.

Крошилов та, Кирилов та қорған дийуалын паналады. Шауып киятырған атлардың алды қорғанның усы жақтағы жалғыз саңлағына—қалаға кирип шығатуғын қапысыз дәрўазаға бағыт алып шаңғытып келе берди. Олардың бақырысына атлардың киснегенлери, биреўлердиң сөгингенлери қосылды. Бизиң еки жауынгер душпаннан сескенбеди. Өзлериниң перзентлик миннетин ақырына шекем ақлауға тақ тур. Крошилов үстиндеги сур шинельди шешип бир қапталға ылақтырды. Гә мылтықтан, гә наганнан оқлар үзди. Петр Криллов та мәрт жигит еди, бир де оғы зая кетпестен гә баспашыны, гә, оның атын қулатты. Қарсыласыўшы адамның онша көп емеслигин билген баспашылар ҳүжимди кем-кем гүжите берди. Ҳәтте, баспашылар тәрептен биреў: „Молла Қақаның атлылары Төрткүлге кирди" деп жар салды.

Шынында да баспашылардың бул ретки умтылыўы

пәтли еди. Жел бергенге елерип кететуғын Шаўдыр онлаған атлыны изине ертип дәслеп қорғанның бийик дийўалы тәрепке, кейин дийўалды жағалап дәрўазаға қарай шапты. Бир ат жығылды, еки ат оққа ушты. Шаўдыр олардың ҳешбирине бурылмады, қалаға биринши болып кириўдиң талабында болды. Крошилов пенен Криллов—еки адам сонша атлыға не ислейди? Өз өликлерин атқа бастырған баспашылардың бир топары Шаўдырдың қыйқыўына елерип дәрўазаға дым жақын келип қалды.

Нурым баслаған ықтыярлылар күншығардағы линияға өз ўақтында жетип үлгерди. Еки атлы баспашының қорған ишиндеги шийе, алма ағашларын аралап шаўып жүргенин көрген Байжанов дәрҳал бир топар жаўынгерди бөлип алды.

— Мыналарды жоқ етейин — деп еки атлы баспашының алдынан қарсы жуўырды.

Байжанов болип алған жаўынгерлердиң топарында ҳәзир келип қосылған Дийханбай менен Садық та бар еди. Арбаларын жолдасларына тапсырып саўаш болып атырған жаққа асыққан бул екеўин көрип қалған Байжанов:

— Сизлер не ислеп жүрсиз? — деп сорады.

Дийханбай не дерин билмей албырады.

— Жақсы, саған саўашқа қатнасыўға рухсат, ал, анаў жас өспирим ҳәзир арбалардың қасына қайтсын.

Иләж қанша Садық сол орында тоқтап қалды.

— Бәри бир мен де баспашыларды атаман — деп ренжиген Садық қус мылтығын ийнине салып кейин қарап жүрди.

Ықтыярлылар қорғанның дәрўазасын қолларында беккем услады. Жаңағы еки атлыдан басқа бир де баспашыны ишке киргизбей, қатаң саўаш жүргизди. Усы жерде душпан менен айқаста бизиң онбир адам қазаланды. Нурымның ийнине изли-изинен еки оқ қадалды. Крошиловтың ийеги қызыл қанға боялды. Петр Криллов балтырына тийген оқтан ақсаңлап аяғын қыйналып басты.

Еки атлы баспашының биреўин атып түсирип, екиншисин қолға түсире алмаған Байжанов сол пәти менен дәрўаза аўзындағы саўашқа араласты.

Баспашылар бир сааттың ишинде бес мәртебе ҳүжимге өтти. Жүзлеген атлы қылыш былғап, қыйқыў

салды, өжетленди. Атлардың дүбиринен жер солқылдады, таслар тозаңға айналды. Қылышқа қылыш айқасты. Атлы пияданы, пияда атлыны атты. Қан мойыннан билекке, ерден тоқымға, қылыштан кийимниң жағасына сорғалады.

— Жолдаслар, революцияның байрағы тигилген Төрткүлди душпанға бермеймиз? — деп усы қыйын минутта Крошилов панадан суўырылып шықты. Екинши жерден Нурым ортаға умтылды. Бул екеўиниң изинше гилең батырлар, гилең дәў жүреклер душпан үстине атылды. Қызыллар менен баспашылар қалай болса солай араласып кетти. Мылтықлар атылды, қылышлар сермелди. Оқлар ысқырды. Баспашылардың бир қаншасы аттан қулады. Ықтиярлылардан да жерге жығылған аз емес. Дийханбай бир баспашыны жағадан алды. Мылтық та, муш та жумсалып атыр. Ийесиз қалған атлар саўаш арасынан жырылып қашты. Ататуғын оғы таўсылған Крошилов тебискен атлардың арасынан буғып өтип жерде жатқан бесатарға қол созды. Мылтықты алып оқлағанша душпан мылтығының қундағы оған сәл тиймей қалды. Крошилов шаққанлық пенен буқты да душпан атының баўыры астынан өтти ҳәм бир адым кейин шегинип баспашыны гөзледи. Ат үстиндеги қузғын төмен қарап ома қазан атты.

Саўаштың қатты шийеленискенин көрген Көклен бала жәрдем сорап арқаға қол былғады. Тағы елиў атлыны алға баслаған Чаррик жәрдемге асықты.

Чарриктиң артынан төбеге шығып турған еки адам көринди. Олар өз ҳалын билмей таўды топтай тебемен деген Жәнеўд пенен оның қарақулағындай қасынан қалмайтуғын Хожа-Қулы хан еди. Оларға дәрўаза аўзында өрли-қырлы жуўырысқан қызыллар ада болмас қудиретли күш болып көринди.

— Әши, қане, сен атлан—деди жинлидей еки ийнине аўыз салыўға аз қалып турған Жәнеўд.

— Тез бар. — деп Хожа-Қулы бурынғыша ҳәмир етип сөйлемекши еди, бул рет оның ҳәмири өтиништей дәрмансыз болып еситилди. Сонда да оның ҳәр бир сөзин көзине қадалған тикендей көрген Әшихан тыржыйып бир қарады да төбеден төменге түсти. Жәнеўд өз сақалын қалай қысымлағанын ҳәм ҳәр сапары оның неше түйирин жулып алғанын сезбеди.

— Бизлер де атқа минейик — деди усы аўыр ойлардың шырмаўынан қутыламанба деп үмитленген Жәнеўд.

Басқа ўақытта бул такаппыр ғаррының өз бетинше айтқан шешимин Хожа-Қулы кемситиў деп санаған болар еди, әттең барлық сөз барлық ис керисине кетип турған бул минутта оның үндемей атқа миниўден басқа илажы қалмады. Төбеден түсип киятырып ол „атқа мингенде қайда барамыз?" деп ойланды ҳәм бул алжыған жасарын жасады „өлип кетсе де ол ўақ демес, ал жаңа қаддимди тиклегенде мен усының изине ерип саўашқа түсеменбе? Оққа ушып өлеменбе?" деп өз-өзинен түрли қыялдың ырғағында теңселди. Жәнеўд тоң мойын, жөнге жүрмейтуғын офицерди изине ериткенине әлле қандай болып ғоддаслады.

Душпан соңғы күш, соңғы үмитин тәўекел тәрезисине салған ўақытта дәрўаза аўзындағы бизиң батырлардың қасына буннан онлаған күн бурын Шайдаков пенен Ташкентке кеткен кемеши Досжан келди. Бир қолында мылтығы, екинши қолында жол қапшығы бар. Ол өткен жылы Мойнақтан кемеменен киятырып Саманбайдағы Усен сейис аўылында қонып кеткен еди.

— Ағайинлер, мен сизлерге қуўанышлы хабар әкелдим. — деп жар салды. Қатаң саўаштын ийриминде душпан менен алысып жүрген қаланы қорғаўшылардың кими оны тыңлады, кими тынлай алмады. Сондада ол көкиреги толы қуўанышты жолдасларына жеткериўге тийисли еди. — Биз Төрткүлге Жәнеўд бандаларының топылғанын еситип Ташкентке бармай Чарджоўдан кейин қайтыўға уйғардық. Жолдас Шайдаков қаламызды қорғаўға бир пароход әскер, қурал-жарақ жиберди. Еле дурыслы қата қоймаған дәрьяның жоқарғы жағынан пароход Төрткүлге жақынлап қалды.

Бул Төрткүлди қорғаўшылар ушын күтә керек ҳәм өз ўақтында келип жеткен хабар еди.

Саўашқа қатнаса алмағанына қапа болып собырайып жүрип киятырған Садық бийик қорған түбиндеги путалардың тысырлап кеткенин еситип тоқтады „Баспашы буғып жатырмекен?" деген ой сап ете қалды. Өйткени ол қорғанның ишине еки баспашының киргенинен хабардар еди. „Баспашы болса қайтемен? Қолымдағы

қус мылтықтан ол сескенеме?“ деп тынышсызланған Садық неде болса путаларға жақын барайын деди.

— Ҳә—әй—деди ол қус мылтығын атыўға таярлап—мен сени көрип турман. Берман шық.

Садық тағы еки атлады.

— Үшке шекем ескертемен. Соған шекем шықпасаң, өз обалың өзиңе. Бир... еки... Ҳәй, әне малақайың көринип атыр.

Пута менен шөплердиң қалың жеринде жатқан Таған еди Үстине келип қалған адамның даўысын еситип ол тыныш жата алмады. Шөплердиң арасынан мылтық гезенип турған адамға қарады. Сөйтти де ол: „астапыралла, астапыралла.“ деп жағасын услады. „қайда барсам да усы баладан қутылмадым ғой“ Алжасып жүрмейин деп Таған тағы жақын жерде турған мылтықлы балаға қарады „Тап өзи. Ийшанкаланың түбинде гезлесип қалғанымда еплеп сыр бермей қутылып кетип едим. Енди бул баладан қалай қутыламан?“

Соның арасынша Садық шөплерди еки жаққа айырып алға жүрди. Қолайсыз жағдайда қалып қойған Таған сол орында қозғалмай жата бериўдиң есабын таппады.

— Мен ағамды излеп жүрмен — деди шөп арасынан бойын көрсеткен орта бойлы жас өспирим.

— Ағаңды излесең неге жасырындың?

— Сеннен жасырындым

Садық алдында басын жоқары көтермей турған бийтанысқа суқланып қарады.

— Сен Таған емессең бе? Мен сени таныдым.

Таған басын ийзеди.

— Мен де сени танып турман. Сен Садықсаң.

Таған шәплердиң арасынан шығып Садықтың қасына келди.

— Әкем Шаўдырды билесең ғой?

— Билемен.

— Соны излеп жүрмен.

— Ол қаланың ишинде неғып жүр?

— Еки атлы болып қалаға кирип еди. Ер-турманы аўып баўрына түскен аты қашып барды. Өзи жоқ, Бираз үндемей тырнағын шуқылап турған Таған көзине жас алды. — Соны излеп жүрмен, өлип қалдыма деп қорқаман.

Еки жас өспирим бир түп тут ағашының түбинде

турып алыстағы Қаражынғылдағы аўылды, пытырап жайылып жүрген түйелерди, Шаўдырдың шопан баланы ат алдына салып қуўып урғанларын еслерине түсирди. Сонда Таганның Садыққа бир муш урғаны тап усы минутта дик ете қалды.

— Қорықпай ақ ғой Таған — деди Садық Таганның қысылып турғанын сезип. — Мен саған жаманлық етпеймен

— Шынба?

Таганның көзлери жайнап кетти.

— Бул жерде мениң үйим жоқ, болмаса мен сени үйиме апарар едим.

Таған мына сөзлерге ырза болды.

— Мен де шынымды айтсам, мен тек әкемди излеп жүргеним жоқ, большойлар тәрепине өтежақпан, Большойбеклердиң жақсы адамлар екенин өз көзим менен көрдим. Олардың Шайдаков деген бир командири мени өлтирмей үйиме қайтарып жиберди. Мен сол командирди көреаламан ба?

Олар қаланың екинши жағына қарай енди жүрмекши болғанда диййаллары гидиман кесек болып қулап жатқан гөне тамнан биреўдиң:

— Тоқтаң, — деген сести шықты.

Бет — аўызы гүп болып исип кеткен мылтықлы биреў Садық пенен Таганға жақынлап келе берди. Аяғын сылтып басыўына қарап Таған киятырғанның әкеси екенин таныды.

— Аға, сен тиримисен.

— Тирimен—Шаўдыр мылтығының қулағын қайырды—Таған, былайырақ тур.

— Таған әкесиниң жаман нийетин билди де Садықтың алдына қалқан болды.

— Жақ, ағажан, бул баланы аттырмайман. •

— Атаман.

— Ағажан, мени большевиклердиң өлтирмегенин умыттың ба? Исен маған, Большойлар ҳеш кимге жаманлық ойламайтуғын адамлар. Сениң менен мени алдап изине ерткен молла Қақадан да, қан кешкен Көклен баладан да, пүткил түркменниң алқымына жезгырнағын салған Жәнеўд ақылсыздан да усы большевиклер мың мәртебе күшли. Большойларды ҳешким жеңе алмайды. Ағажан, Жүр, большойлар-

ға барайық, кеширим сорасақ, олар бизлерге тиймейди. Қараңғы үйге де салмайды.

Усы ўақта олардың үстине өз-ара сөйлесип қыятырған үш адам келип қалды. Олар — Үсен ақсақал, Хангелди, Наўрызбайлар еди. Хангелди аўылласларын танып, тезирек жүрип майда тут ағашлары арасындағы салмадан атлады. Шаўдыр қашыўға үлгермей, сол орында қозғалмай тура берди. Хангелди аға жақын келгенде Шаўдыр басын төмен салды. Оның айыплыман деп турғанын көрген Хангелди баспашынын қолынан мылтығын алды. Душпан қолында адамларға қайғы менен әжел әкелетуғын түси суўық қуралға ол азғана қарап турды.

— Сениң көкирегинди соқыр етип жүрген усы мылтық. Мениң ақылымды алсаң, сен усы басқыншылық жолдан ўаз кеш!

Хангелди мылтықты Наўрызбайға узатты. Шаўдыр мылтығын кимге бергенин көз астынан қарап тур еди.

— Ол кисиге менин мылтығымның не дәркарлығы бар?

— Бул мылтықтың оған да кереги жоқ.

— Баспашылар жоқ болса, адамға атылатуғын мылтықты мен алды-менен отқа жағар едим, — деди Наўрызбай ҳәм баспашының басына аяғына тигилип қарады. — Сен бизге қарсы оқ аттыңба?

Шаўдыр жуўап бермеди.

— Аға, — деди Таған Наўрызбайға, — бул киси мениң әкем, биз сизлердиң тәрепиңизге өтемиз. Бизлердиң кәмбағал адам екенимизди мына Хангелди атам биледи. Биз сизлерге билмей қарсы болдық. Енди олай ислемеймиз.

Баланың сөзлери Наўрызбайдың жүрегине жыллы тийди.

— Биз кәмбағалларға қолымыздың ушын беремиз. Ақсақал, дурыс айттым ба?

— Дурыс — деп душпан мылтығын қолына алған Үсен ақсақал оның оқ жолына үңилди. Мылтықтың маркасына сер салды. Сөйтти де мылтықтың маркасын бармағы менен басып Шаўдырдың қарсы алдына келди. — Мына белгини көрдиңбе? Бул Англия деген елдиң байларына дерек мылтық. Олар усындай мылтық пенен сени маған қарсы жиберген. Сен мени атқан соң

мен қарап тураман ба? Мен сени гөзлеймен. Бир уимизди биреўимиз өлтиргенде Англиядағы байлардың неси кетеди? Усы мылтық пенен сен мени өлтирсең, ертеңине қайымын тапса ол байлар сени усы мылтықтан атады Ҳийлекерлик пенен, сен менен мен туўылған жерге хожайин болыўды, сениң, мениң бахтымды тартып алыўды әрман етеди. Түсиндиңбе?

Шаўдыр түсиндим деп бас ийзеди.

Усылай бираз сөйлесиў менен олар қаланың орайына қарай кетти.

Кемеши Досжан жеткерген хабар рас болып шықты, Ертеңине 3-декабрь күни таң сарғайып атып киятырғанда Төрткүлдиң күншығарынан пароход гудеги еситилди.

— Досларым, әне еситтиңлерме, Шайдаков жиберген пароход гудок берипатыр! Еситтиңлерме? — деп Досжан бийик пақсаға минип малақайын аспанға зыңғытты.

— Пароход!

— Чарджоўдан бизин әскерлер келди!

— Шайдаковтың жәрдеми келди!

Усы қуўанышлы хабар Төрткүлди қорғаўшыларға жылдырымдай тез тарады. Кимди көрсең усы хабарды жеткериўши болып асығып баратыр яки асығып киятыр. Өз тағдириниң сынақ шаяпылынан өтерин өтпесин биле алмай сергиздан болып турған қаладағы сонша пухара жуўырысып дәрья жағасына келди. Бийик тамлардың басына минип Әмиўдәрьяның өр жағына көз жуўыртты. Гудок сести еситилген сайын олар өз үмитлерин қайта тапқандай. Көшеде, қорған әтирапында ушырасқанлар бирин-бири таныған танымағанына қарамай аға-инидей, апа-сиңлидей қушақлады. Адамлардың үлкен қуўанышында жүзлери жайнаған балалар алақайлап өрден ыққа жуўырысты.

Пароход гудогин ҳәрким өз минбериниң мәпинен түсиндириўге асықты. Коноплев ҳәм оның дөгереги, пароходтың қайсысы гудок шалмайды? Алаң болмай, жолдасларымызды жерлеймиз дести. Коноплевтың мәсләҳәти бойынша Пилсудский церковь алдындағы алаңға көтерилип: „киятырған пароходты Чарджоўдан Шайдаков жиберген. Ол бизиң қурал-жарағымызды Чарджоўға алдырыў ушын пароход жиберген“ деп жала жапты.

Пароход гудогин еситип Жәнеўдтиң жүреги суўла-

ды. Ол өз ойын сыртқа шығармаса да, усы Чарджоў жәрдемге келер деп қорқар еди. Төрткүл менен Чарджоў бир-бирине жәрдемлескенде оларды жеңиў мүмкин емес деп ойлайтуғын еди. Сол ушын да ол Төрткүлге топылысты Әмиў дәрья абыржы бола баслаған күнлерде баслады. Қысқа ўақытта Төрткүлди басып алсам Чарджоўдан жәрдем келиўге үлгермейди, оның үстине дәрья тез күнде қатып қалса пароход қаўетерли алыс сапарға шықпайды деп есаплаған еди. Есабы болмай шыққан Жәнеўд пароход гудоги күшейе берген сайын, өзин түпсиз тыңғуйыққа түсип баратырғандай билди. Ол Хожа-Қулыға,Хож-ақулы Жәнеўдке ҳешнәрсе айтпастан жол түйиншигин жасырып түйе баслады. Лаўлап турған жалынға урынып қанатынан айрылған гүбелектей ҳәлсиреген Чаррик Төрткүлди алалмайман, мени атсаң да, шапсаң да ўақ демеймен деп айтыўға келген мыңбасы еки атлының ақ отаўды таслап қашып баратырғанын көрди. Хан аға деп ол изинен бақырмақшы еди, тағы „қой, мен де басымның аманлығын ойлайын“ деген сумлыққа қашты. Чаррик атының басын қайтып Төрткүлге бурмасқа шәрт айтты ҳәм таўлап-таўлап атына қамшы урды да қумның үсти менен Әмиўге қарап төтеледи.

Бир майданда серпилип ушқан қара торғайдай он мың атлы баспашы лаппа өкше көтерди.

Әмиў дәрьяның арғы жағасында бир қыяда үш атлы турды. Олар Жәнеўдтиң бул атланысына қосылмай өзлерин шетирек услаған Қошмамед, Яқшыгелди ҳәм Ғуламалы еди. Еки күнде Төрткүлдиң күлин көкке ушыраман деп атланған Жәнеўдтиң иркилиўин сәтсизликке жорып олар алжығанның қашқанын көриўге, сықақ етип күлиўге таяр еди. Бул үшеўи Жәнеўдтиң мат болғанын көрди. Енди, төримизде емин-еркин көсилип уйықлаймыз деп өз мәканларына қайтты.

Қашып киятырған Жәнеўд қалай болса да Аққала жағысына жетиўди гөзледи. Усы жерде дәрьяның сууы еле қатпаған шығар деп ойлады ҳәм Төрткүлден аўлағырақ кетиўди әрман етти. Өзи баслап келген он мың атлы жөнинде ойлаўға шамасы келмеди. Ол аңшыдан шоршынған дүздиң үркек қоянына мегзеди. Ол қыраннан из таслап қашқан қызыл түлкиниң тағдирине дуўшакер болды. Ол неше урысқа түсип бүгингидей шермендешиликке жолықпаған еди. Артына қара-

май қашқан сайын еңсесине қайғы минди, бели бүкирейди, жүрегине қайғы тебени қадалды.

Тыныш елге қылыш сермеген қузғын қашып киятыр. Оның изинен қуўып ўйтқыған декабрьдиң суўық самалы оған нәлет айтқандай ашыўлы ысқырады. Қашып киятырған Жәнеўд сықылсыз ҳүрейге усады. Ар-намыстан журдай болған жинлиге усады. Оны пухараның жазықсыз төгилген көз жаслары қуўып киятырғандай. Халықтың ғарғысы өкшесин басып киятырғандай.

Усылай тынбай қашқан Жәнеўд ҳәм Хожа-Қулы Әмиў дәрьяның арғы жағына өтип „үўх" деди.

Сәрдарлары қашқанда мыңбасы, жүзбасыларға не турыс? Олар да дәрьядан еплеп өтип қалыўды гөзледи. Душпан басына шермендешиликтиң таслары жаўды. Қаша-қашқа нәўбет жетти.

Қашып баратырған баспашылардың кими оққа ушты. Кими қылыштың қаҳәрине жолықты. Сырық пенен бақан жеди. Гейбиреўлери бир пәтте жантақтай темиржабалардың ушына илинди. Қашқан баспашылардың изинен гә Крошиловтың ротасы, гә Нурым басқарған рабочийлардың ықтыярлы отряды қуўды. Гей жерде бизиң батыр пулеметчиклер топар-топар басқыншыларды оқ жаңбыры астына алды. Гә Федот Шляпинниң атлылары сермеген қылышлар душпанның зәрресин ушырды.

* * *

Өз топарынан бөлинип қашқан жалғыз атлы баспашы дәрья жағасындағы жекке торанғылға бағдар алды. Сол торанғылға аман-есен жетсем арғы жағын маңлайымнан көрермен деп киятырған ол арқаға бурылып қараған сайын астындағы атты аямай қамшылады. Ат гә ор қояндай ырғыды, гә кийиктей зымырады.

Күн бир қыйлы суўық еди. Бир есе ыққа, бир есе өрге уйтқыған қарлы үргин даланың ызғарлы суўық самалын пәнжелеп баспашының бетине урды. Сақал муртына аппақ муз болып жабысты. Сонда да изде-қуўып киятырған қызыллардан араны айырып кетиўге тырысты. Бас демей, көз демей атқа қамшы былғады.

Қашып киятырып ол өз басына түскен тағдирдиң қара күнлери ҳаққында ойлады. Бир ўақытта ортаң

қолдай үш туўысқан еди. Бир инисиниң басын қойнындағы ҳаял шапты. Екинши иниси болса Төрткүлдиң түбиндеги қумда аттан ушып түсти. Мине, адамлардың жазықсыз қанын төгип, талай шаңараққа қан қуйған залым жалғыз қуў бас болып қалды. Нәрўан жуп шақасы сынған дараққа усады. Қос қанатынан айрылған қырғыйға усады. Енди оған усы жалғыз қуў басты қутқарыў қаўип. Изде қыйқыўласып қуўып киятырған қызыллар алдында ол өзин мисли бир қашып баратырған жүзи қара қарақшыдай көрди.

Бир жағынан қорқыныш ургини, екинши жағынан декабрьдиң алабурқасыны алдында қаңбақтай домалаған баспашы майда урықлы ойдан ашық далаға көтерилгенде изде қарайған еки ноқатты көрди. Өкпеси алқымына тығылған жаўызға еки ноқат дәслеп еки путадай көринсе де, бара-бара еки атлының қуўып киятырғаны анық болды. Баспашының алды-артын қара думан қаплағандай, көзлери гүңгирт тартты. „Шыны менен қолға түсеменбе?" деп баспашы түрли қыялға дөнди. Гә аттан өзин тасламақшы болды. Оған жүреги даўамады. Гә артқа бурылып тура қалып атыспақшы болды, оған да тәўекел ете алмады. Атты қамшылап тырқырап қаша берди, қаша берди.

Қашып киятырған Қақа молла. Қуўып киятырған еки атлы Үсен ақсақал менен оның баласы Камал. Жалғыз атлының тырқырап қашыўында, еки атлының тықсырып қуўыўында тағдирдиң өзи шығарған ҳүким бар сияқлы. Жалғыз атлы өзинин барлық залымлығы ушын шерменделик ҳалға түсти.

Қанша ҳәрекет етсе де Қақа молла қутыла алмады. „Мерекемди бузған бәдбақ, тоқта!", „Елимди бүлдирген арсыз қашып қутыла алмайсаң! деген қаҳәрли сөзлер оның өрисин тарылтты. Баспашыға ат тасбақадай тырбаңлап киятырғандай. Ҳәмме нәрсе оған жаўызлығын көрсетип терис қарап турғандай. Өмирде үмитсизлик дегенниң не екенин душпан усы демлерде ғана түсинди. Силтеген қамшысы енди өзине тийип кететуғындай. Усы қорқыныш ургининде ол бир гөне жаптың жасқасынан өтип шоқат қумларға гезлести. Сонда да оған астындағы ат кейин қарап шаўып баратырғандай. Баспашы ышқынып бир бақырды да өзин қум баўрайына таслады. „Қурыдым! Қурыдым!" деп қояншығы тутқан аўрыўдай аўзынан көбик шашты. Ақыл-

естен жуда бола баслаған Қақа молла еки қоллап өз сақалын жулды.

Үсен ақсақал баспашыларды еликтирип изине ерткен усы сур қасқыр менен бир жүзлессем деп жүрген еди. Сол тилегине жеткенде оның аяқ астында буралқы ийттей қыйпаңлаған жаўыз бир есе өкирип жылап еки қоллап бетин басты, бир есе жер қушақлап ўаҳаҳалап күлди. Күлип-күлип дым билмеген адамдай орнынан өрре турды ҳәм ыңырсып түсиниксиз бир нәрселерди қосық етип айта баслады.

Шыныменен усы ҳалға түскенбе, яки жуўҳалығыма деп ойланған жас жаўынгер әкесине қарады. Әкеси үндемей қолындағы қылышын қынабына салды.

— Не қыламыз? — деп сорады Камал бул ўақытта шәплердиң басын аўзына салып шайнап жүрген баспашыны көрсетип.

— Еки қолын қайырып байлап аттың артына терис мингиз—деди Үсен сейис ҳәм Әмиў дәрьяға қарай пытырап қашып баратырған баспашыларға сер саллы.

Гә Крошиловтың қыранлары, гә Нурымның жигитлери, гә Есжан палўанның батырлары у — р — ра — алап душпанның күлин көкке суўырды. Өзлерин ат-патыменен дәрьяға таслаған неше желиккен баспашылар сең астына кетип ғарық болды.

Усы ўақыяның гүўасы анамыз Әмиў өз перзентлериниң қаҳарманлығына ырза болып ҳағлады, тынбай толқыды. Өз күшин перзентлериниң күшине қосып дәрья жеңис сазын, қаҳарманлық симфониясын шертти. Өз тағдири қудиретли халықтың қолында екенин көрип анамыз Әмиў жеңимпазлар үлкесине дарқан өмир бағышлады. Елге, жерге мәңгилик бахыт келгенин жәрия етип жаңа өмирге ҳаўаз қосты. Гә жуўасып айдынларға айналған, гә бурқасынлап көбик шашқан Әмиў ағыслары үлкемизге келген уллы өзгеристиң айнасы еди Әмиў ағыслары — жаңа заман төрине қарап ҳағлады.

# ЭПИЛОГ

...Көзлери жаўтаңлаған еки кийик жай парахат асықпай адымлап дәрьяға қарай жүрип киятыр. Қулақлары селтең-селтең етип, сулыў мойынлары алға созылар болса, Әмиў жағасының гөззаллығы усы еки жаныўардың әтирапына топланып атырғандай сезиледи. Усы еки кийик биз туўылған үлкениң қадди-қәўметине куп жарасып, саўлатын толықтырғандай. Еки кийик қумларымды гезип, кең жазық далаларымды аралап тыныш өмирди тәрийиплеп жүрген жанлы символға усады. Олардың сарғыш жипек реңки биз жайлаған Қызылқумның сары алтын саўлатынан суўғарылғандай. Туяқлары сылт-сылт етип жүрген сайын еки кийик биз туўылған ана топыраққа садықпан, жаҳанға даңқы түскен анамыз Әмиў дәрьяға перзентпен дегендей.

Еки кийиктиң жайлаўы — усы Әмиў дәрья жағасы. Олар Әмиў сүйриклерин сайлап жеп, усы жағада өзлерине пана тапты. Әмиў жайлаўларында емин-еркин өмир сүрди. Усы уллы дәрья олардың өмир арқаўы бола билди. Олар Әмиўдиң сәўир самалына төслерин керип жуўсанлы сайларға асықты. Сексеўиллердиң жапырақларынан жеп, Әмиў суўын қанып-қанып ишти. Еки кийик өз өмирин Әмиў менен мазмунлы дегендей еди.

Еки кийик бир ўақытта қуралай — ылақ еди ҳәм ҳәрқайсысы өз бетинше жасар еди. Әмиў жағасының соқпағы оларды бир-бирине гезлестирди. Олар жуп болып жарасты, селтеңсиз өмир қушағында жасады. Жуп болып жүрсе адаспайтуғынына, тарықпайтуғынына кәмил исенди. Жуп болып жүрсе шаршамады, ҳаўлықпады, қузғын жыртқышқа алдырмады. Ал, олардың тийкарғы таўсылмас күши қайда барса да, қайда жүрсе де анамыз Әмиў дәрья болды.

Мине, сөкли жантақлардың басларын шалған, ширели шөп сайлаған еки кийик асықпай тағы Әмиў жағасына киятыр. Сизлерге тыныш өмир, кең жайлаў, жаныўарлар! Сизлерге Әмиўдиң еки жағасы паянлы болсын, кийиклер!

---

5-ноябрь 1967.—
15-январь 1974. Нөкис.

## МАЗМУНЫ


Пролог . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Биринши бөлим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Екинши бөлим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Үшинши бөлим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 127
Төртинши бөлим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 196
Бесинш бөлим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 211
Эпилог . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 277

*На каракалпакском языке*

Кармыс Досанов

# БУРЛИТ АМУ — РЕКА

Роман

*Издательство „Каракалпакстан“ Нукус“ — 1977*

Редактор *Б. Каипназаров*
Художник *И. Алибеков*
Тех редактор *К. Бекниязов*
Корректор. *Б Файзуллаева*

ИБ № 43

Териўге берилген ўақты 7/XII-1976-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 2?/IV 1977 Қағаз форматы $84\times108^{1}/$ , Көлеми 8,75 баспа табақ. 14,79 шәртли баспа табақ. 15,05. есап баспа табақ. РК № 30046. Тиражы 7000 Баҳасы 1 м 04 т.

Самарқанд областьлық баспа. полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В Морозов атындағы баспаханасында терилди ҳәм басылды.
Зак. № 40 1977.